झीसी–सूक्ष्म जलकण ।
झुकनी–तन्द्राहेतुक झुकब ।
झुकब–क्रि० नम्र होएब ।
झुकाह–एक भाग झुकल, एकभगाह ।
झुझुआएब–क्रि० झुझु+अब–अल्पता हेतुक असन्तोष ।
झुझुआन–अल्प होएबाक हेतु असन्तोषास्पद (अन्नादि) ।
झुटका } –फूटल माटिक बासनक
झुटकी } बहुत छोट खण्ड ।
झुट्टी–धानक सीसक जूटी ।
झुड्डर–झखार, अतिवृद्ध ।
झुण्ड–प्राणीक समूह ।
झुत्थर–झखार, अतिवृद्ध ।
झुनकी–ठेँगाक वाद्य ।
झुनखुना–शाकविशेष ।
झुनझुना–झुनझुन बजनिहार नेनाक खेलओना ।
झुनझुनी–चिरभाराक्रान्तिप्रयुक्त शोणित-सञ्चारक अल्पतासँ क्षणिक वेदना विशेष ।
झुनझुनी भरब–क्रि० पूर्वोक्त वेदनासँ युक्त होएब ।
झुमक–झुम्मक, कानक भूषणविशेष ।
झुमका–ओड़हुल फूलक प्रभेद ।
झुमकी–छोट झुमक ।
झुमरि–अनेकनर्तकसम्पाद्य नृत्यविशेष १। गीतविशेष २ ।
झुम्मक–झुमक, कानक भूषणविशेष ।
झुरकुटिआ–कदलीफलक एक प्रभेद ।
झुरमुठ } –जोरसँ परस्पर पकड़ब ।
झुरमुठि }
झुलब–क्रि० आन्दोलन ।
झुल्ला–स्त्रीक स्यूत वस्त्रविशेष ।
झूकब–क्रि० झूक्+अब–एक दिस नीच होएब १ । नम्र होएब २ ।
झूटब–क्रि० झुट्+अब–जोरसँ आक्रमण ।
झूर–कड़ा कए तरल (तरकारी आदि) ।
झूला–हाथीक उपरक दुहु दिस नमरल कपड़ा ।
झूलन–भगवानक झुलबाक शृङ्गार १। जे हाथी सतत झुलैत रहए २। झुलबा कालक गीत ३ ।
झूलब–क्रि० झुल्+अब–आन्दोलन ।
झोँक–कोठाक बाहरक छदि १ । जोर, आघात २ ।
झोँकब–क्रि० अधिक विनियोग ।
झोँका–भूताद्यपसारणार्थ अधिक धूप ।
झोँकारा–अधिक विनियोग ।
झोँकाह–उ० हठात् क्रियाक आवेगबाला (व्यक्ति) ।
झोँकी–हठात् क्रियाक आवेग ।
झोखरब–क्रि० वार्द्धक्यप्रयुक्त देहक ह्रास।
झोँझ–अप्रवेश्य मध्यमे अदृश्य जङ्गल ।
झोँट–बढ़ल समस्त माथक केशपुञ्ज ।
झोटकी–झोँट ।
झोटहा–स्त्रीगण ।
झोँटाझोँटी–परस्पर झोट पकड़ब ।
झोर–तीमनक एक प्रभेद १ । तीमनक जल २ ।
झोरगर–अधिक झोरसँ युक्त (तीमन) ।
झोरब–क्रि० मृगादिक वनमे अन्वेषण ।
झोरा (ड़ा)–वस्तु रखबाक स्यूत वस्त्रविशेष ।

झोराएब–ना० झोरसँ युक्त करब ।
झोरी–छोट झोरा ।
झोल–चार आदिमे लागल धूमादिकृत विकार ।
झोलब–क्रि० शुष्क चूर्णकेँ वस्त्रपूत करब ।
झोलरतू–झोलसँ मलिन ।
झोलराह–नीच भेल (खाट आदि) ।
झोली–झोलक विकार ।
झौआ–वृक्षविशेष १। जम्बीरविशेष २ ।
झौसब –अत्यल्पतैलादिसँ धूआँ
झौँसब बहकाए व्यञ्जन रान्हब ।

ञ

ञहाँ } –अहाँ, भवान् सं० ।
ञेहाँ }

ट

टउआएब–क्रि० टउ+अब–अनाथ भए इतस्ततः घूमब ।
टक–एकतान दृष्टि ।
टकगर–अधिक रुपैआबाला ।
टकटक करब–क्रि० अत्यन्त दुर्बल होएब ।
टकटक ताकब–क्रि० तक्+अब–एकतान दृष्टिसँ ताकब ।
टकटकी–एकतान दृष्टि ।
टकटकी लागब–क्रि० लग्+अब–दृष्टि एकतान होएब ।
टकटोरब–क्रि० नहि देखैत हाथसँ ताकब ।
टकटोरिआ–नहि देखैत भूमिमे वारंवार हाथ राखब ।
टकटोरिआ देब–क्रि० द्+अब–नहि देखैत भूमिमे अनेकधा हस्तारोपण।
टकबेल–मल्लीपुष्पक एक प्रभेद ।
टक लागब–क्रि० लग्+अब–एकतान दृष्टि रहब ।
टकसाल–रुपैआक निर्माणस्थान ।
टकुआ–टाकु, तर्कु ।
टकुआ तान–टकुआजेकाँ सोझ ।
टकुरी–सूत कटबाक छोट यन्त्रविशेष ।
टकुरी काटब–क्रि० कट्+अब–टकुरीद्वारा सूतक निर्माण करब ।
टकोरा–आमक बहुत बच्चा फल ।
टक्कर–हिं० आघात ।
टगब–क्रि० आबल्यनिद्रादिप्रयुक्त झुकब।
टग हानब–क्रि० हन्+अब–आबल्यसँ झुकैत चलब ।
टघड़ब } –क्रि० स्रवण ।
टघरब }
टघाड़ (र)–स्रवण ।
टघाड़ (र) ब–क्रि० स्रुत करब ।
टङ्गर } –पैष पाएरबाला,
टङ्गर } अधिक चलनिहार ।
टटउ–टाटबाला (घर) ।
टटकबाह–कर्षणाद्युत्तर बीजवपनादिये विरामाभाव ।
टटका–तात्कालिक, अपर्युषित (जल आदि) ।
टटबन्हा–टाट बन्हबाक (जौड़) १। टाट बन्हनिहार (जन) २ ।
टटमजार–वैनट्य ।
टटहा–कागतक एक प्रभेद ।
टटाएब–क्रि० टट्+अब–सोहारी आदि शुल्क भए कठोर होएब ।

टटैनी–शिराक वेदनाविशेष ।
टटौ–टाटक (घर) ।
टट्टू–छण्ठा घोड़ा ।
टण्टघण्ट–देखौआ पूजाक घड़ी-घाँटी ।
टनक–कान ओ माथक वेदना ।
टनकब–क्रि० कान वा माथ दुखाएब ।
टनकी–पक्षिविशेष ।
टनटनाएब–क्रि० टनट्न+अब-टनटन शब्द करब १ । रुग्ण अवस्थासँ किछु उत्थानावस्था पाएब २ ।
टन दए–अ० टन शब्द कए ।
टप–आवरणविशेष ।
टपकब–क्रि० अनवसरमे आगमन (निन्दामे) १ । स्वयं पक्क भए आम्रादिक पतन २ ।
टपटप करब } –क्रि० अप्रस्तुत
टपटप बाजब } अनधिकार अनेकधा बाजब ।
टपब–क्रि० गहीड़ आदिक लङ्घन ।
टप्पाटोइआ देब–क्रि० द्+अब-अन्हारमे हाथ भूमिपर देने चलब वा कोनो वस्तुक अन्वेषण करब ।
टप्पू–टापू, उपद्वीप ।
टभकब–क्रि० पाकिकेँ फल आदिक स्वत: खसब ।
टभका–माछ बझएबाक वंशनिर्मित यन्त्रविशेष ।
टभकी–छोट टमका ।
टमटम–एक घोड़ाबाला एक्कासँ पैघ रथ।
टरकारब–क्रि० टरकार्+अब-किछु कहि टारब ।
टरब–व्याजपूर्वक चल जाएब ।
टरुआएब–क्रि० टरु+अब-आबल्यसँ झुकब ।
टर्राएब–क्रि० टर्+अब-वृथा इतस्तत: घुमब ।
टलहा–द्रव्यान्तरमिश्रित रूप ।
टलिआएब–ना० टाल + अब - टाल लगाएब।
टहल–परिचर्या ।
टहल-टिकोरा–परिचर्याप्रभृति ।
टहलनी–स्त्री० परिचर्याकर्त्री ।
टहलब–क्रि० देहस्वास्थ्य हेतुक मन्दमन्द चलब, बूलब ।
टहलू–पुं० परिचारक पुरुष ।
टहुकी–वंशरचित माछ मारबाक साधनविशेष ।
टाँक–सोन प्रभृतिक जोड़ करबाक हेतु निर्मित मिश्रित धातु १। टाँकब २।
टाँकब–क्रि० टँक्+अब-दूर दूर कए सीअब ।
टाका–रुपैया ।
टाँकी–उपदंश, रोगविशेष ।
टाकु–तर्कु, छिद्र करबाक साधनविशेष ।
टाँग–पाएर ।
टाँगब–क्रि० टँग्+अब-उपरका आश्रयमे लटकाएब ।
टाँघन–पैघ घोड़ा ।
टाँघर–चव्य, ओषधिविशेष ।
टाङ–टाँग, पाएर ।
टाङब–क्रि० टङ्+अब-टाँगब, उपरका आधारमे लटकाय संबद्ध करब ।
टाट–तृणादिनिर्मित गृहादिक आवरण ।
टाँट–शुष्कताप्रयुक्त कर्षणायोग्य (क्षेत्र) ।

टाटक–इन्द्रजाल ।
टाटफरक–टाटप्रभृति ।
टाँटि–क्षुपविशेष ।
टाड़–बाँहिक आभूषणविशेष ।
टाड़ा–तैल घृत रखबाक, माटिक पैघ घटाकार पात्र ।
टाड़ी–छोट टाड़ा ।
टापि–माछ मारबाक वंशरचित साधन-विशेष ।
टापू–द्वीप ।
टाभ–नेबोक प्रभेद ।
टारब–क्रि० टार्+अब-हटाएब ।
टारमटोर–किछु-किछु कहि कालक्षपण ।
टाल–जलसँ बँचबाक हेतु सुसज्जित तृणपुञ्ज १ । समूह २ ।
टाल ठोकब–क्रि० बाँहिपर करतलध्वनि।
टाल मारब–क्रि० मार्+अब-वञ्चना करब।
टिकटिकाएब–क्रि० टिकटिक्+अब-क्षीणतावस्थासँ किछु नीक स्थिति प्राप्त करब ।
टिकटिकिआ–गिरगिट ।
टिकरी–मिष्टान्नविशेष १। छोट रोटी २ ।
टिकुला–बिना कोइलीक आम ।
टिकुलिआ बीड़ी–ताम्बूलविशेष ।
टिकुलि(ल)हारनी–स्त्री० टिकुली बेचनिहार जातिक स्त्री ।
टिकुलि(ल)हारा–पुं० टिकुली बेचनिहार जातिविशेष ।
टिकुली–कपारमें सटबाक नाना रूपक स्त्रीक अलङ्करण १ । चित्रपतङ्ग, कीटविशेष २ ।
टिक्री–टिकरी, मिष्टान्नविशेष १ । छोट रोटी २ ।
टिङ्ङा–क्रोड़ ।
टिटकारब–क्रि० टिटकार्+अब-प्रतारणा-बुध्या उत्साहक कथा कहब ।
टिटकारी–प्रतारणाबुध्या उत्साहक वचन ।
टिटही } –टिट्टिभ, पक्षिविशेष ।
टिटिही }
टिण्डीबोह–शलभसमूह, क्षुद्रपक्षिगण ।
टिपका–क्वचित् - क्वचित् प्रवृत्त (महामार्यादि) ।
टिपकारी–कोठा आदिमे मसालासँ पजेबाक छिद्रपूरण ।
टिपब–वाचा सहायता करब ।
टिपोट–संक्षिप्त जन्मकालादिक लेख ।
टिपौटी–असम्यक् नियोग ।
टिप्पा–कौड़ीक एक प्रकारक खेड़ि ।
टिप्पी–स्मरणार्थ गणनाक रेखा ।
टीक–शिखा ।
टीका–सं० व्याख्या ।
टीन–वि० धातुविशेष १ । लौहरचित तेल आदिक पात्रविशेष २ ।
टीप–टीपब १ । बोतलमे तेल ढ़ारबाक सच्छिद्र पात्रविशेष २ । कौड़ीक एक खेड़ि ३ ।
टीपनि–जन्मपत्री ।
टीपब–क्रि० टिप्+अब-क्रीड़ा प्रभृतिमे अनका विचार देब ।
टुअर–माए-बापसँ हीन (नेना) ।
टुक–सुपारीक खण्ड ।
टुकड़ा–खण्ड ।
टुकड़ी–छोट खण्ड ।

टुकना–दालि रन्हबाक पैघ पात्रविशेष।
टुकनी–छोट जलपानपात्र ।
टुघड़(र)ब–क्रि० नेनाक प्रारम्भिक अल्प-अल्प चलब ।
टुटब–क्रि० भग्न होएब १ । अनेकाक्रमण २ ।
टुट्टा–टूटल, भग्न (तण्डुलादि) ।
टुट्टी–क्रयविक्रयव्यापारमे हानि ।
टुट्टी लागब–क्रि० लग्+अब-क्रयविक्रयव्यवहारमे हानि पहुँचब।
टुड़नी–वृक्षादिक अग्रभाग ।
टुनमुन–छोट गोल (लोटा आदि) ।
टुमटाम–छोटछीन गहना ।
टुसकाएब–क्रि० टुसकब्+अब-अनुचित क्रियामे प्रवृत्ति कराएब ।
टुस्सा–शाखाग्रसँ चलल अङ्कुर ।
टूअर–टुअर, मातृपितृहीन (शिशु) ।
टूक–खण्ड ।
टूट–क्रयविक्रयव्यापारमे हानि ।
टूटफाँट–देहक अधिक दुखाएब ।
टूटब–क्रि० टुट् + अब-भग्न होएब ।
टेक–अवलम्बन १ । गौरव; मर्यादा २ ।
टेकना–अवलम्बनवस्तु ।
टेकब–क्रि० अवलम्बन देब १ । अदृढ़ बन्धन २ ।
टेका–छोट सरल रेखा ।
टेकुना–खाद्य कन्दविशेष ।
टेँगार–मत्स्यविशेष ।
टेँगारी–छोट कुठार ।
टेङरा–मत्स्यविशेष ।
टेङारी–छोट कुठार ।
टेँट चलब–क्रि० पातर दस्त होएब (निन्दामे) ।
टेटर–चोट लगने वा आने प्रकारेँ उत्पन्न देहक उन्नत मांसपिण्ड ।
टेँटाह–अप्रिय अप्रस्तुत बजनिहार ।
टेँटिआ–सूगाक एक प्रभेद ।
टेढ़–वक्र ।
टेढ़का–वक्रप्रभेदक (खाम्हआदि) ।
टेढ़बकुली–अत्यन्त टेढ़ ।
टेढ़िआ मालभोग–धान्यविशेष ।
टेढ़ी–वक्रता ।
टेबब–क्रि० अन्वेषण कए पसिन्द करब।
टेम–दीपशिखा ।
टेमब–क्रि० टाट आदिमे बातीकेँ सोझ रहबाक हेतु ठाढ़ बातीक सङ्ग बन्धन देब ।
टेमी–वर्तिका, बाती, दीपक साधनविशेष।
टेर–आनन्दमे मग्न ।
टेरब–क्रि० आनन्दपूर्वक वंशी बजाएब १ । कथा स्वीकार करब २ ।
टेरुआ–सुतरी बँटबाक यन्त्रविशेष ।
टेल्ह–छोट नेना ।
टेल्हबाटेल्हबी–क्रीड़ाविशेष ।
टेसु / **टेसू** –फलविशेष ।
टोइआ–घरक सर्वोच्च उपर भाग ।
टोइआ करब / **टोइआ देब** –क्रि० - बिनु देखने स्पर्शसँ वस्तुक अन्वेषण करब ।
टोक–टोकब ।
टोकनि–ढेप फोड़ब ।
टोकब–क्रि० मध्यहिमे प्रश्न कय देब, अकस्मात् पूछब ।
टोँगब / **टोङब** –क्रि० वंशादिकेँ अनेक खण्ड कए काटब ।

टोटल–वि० मोट संकलन ।
टोटा–फोँक दण्डाकार वस्तु ।
टोंटिआ–जल बहबाक अन्तिम खपरा ।
टोटी–हथहड़प्रभृतिक सच्छिद्र जल-निःसरणाङ्ग १ । ओल ओ कड़हरक उच्च अङ्ग २ ।
टोन–लकड़ी वंशादिक खण्ड ।
टोनब–क्रि० लकड़ी वंशादिक खण्ड काटब ।
टोना–रोगादिक शामक वा उत्पादक मन्त्ररहित क्रिया ।
टोनाटापर–टोनाप्रभृति क्रिया ।
टोनाह–अल्प बलेँ भङ्ग होएबाक योग्य।
टोनी–लकड़ी आदिक खण्ड ।
टोंप–गोरण्डीयक शिरोभूषण ।
टोपटहंकार–डीलडाल, आडम्बर ।
टोपड़ / **टोपर** –अङ्ग गरम रखबाक हेतु मोट तूरयुक्त नूआ १ । बखारीक गोलाकार ओ बीचमे ऊँच चार २ ।
टोपी–माथ झपबाक स्यूत वस्त्रविशेष ।
टोल–गामक एकदेश ।
टोलबैआ–टोलक वासी ।
टोलाटोली–अ० गामक प्रत्येक भाग ।
टोली–छोट टोल ।
टोह–पता, अनुसन्धान ।
टोहिआएब–क्रि० टोहि + अब-पता लगाएब ।
टौआएब–क्रि० टौ + अब-अनाथ भए इतस्ततः घूमब ।

ठ

ठक–वञ्चक ।
ठकठक करब–क्रि० जाड़ेँ दाँतक शब्द करब ।
ठकठकाएब–क्रि० ठकठक्+अब्+अब-भूमिमे ठेँगा आदिक आघातसँ ठकठक शब्द करब ।
ठकठकिआ–ठकठक शब्द कए माछ मारनिहार (मलाह) ।
ठकठेना–ठकब, वञ्चना ।
ठकदरुआ–गारि पढ़बाक योग्य सम्बन्धिक (श्यालादि) ।
ठकपन / **ठकपना** / **ठकपनी** –ठकक क्रिया, वञ्चना ।
ठकबिदुरी लागब–क्रि० लग्+अब-आत्याश्चर्य लागब, आश्चर्येँ अवाक् रहब ।
ठकुआ–कृतान्न पकमानविशेष ।
ठक्कर–टक्कर, जोरसँ परस्पर आघात ।
ठट्ठर–शरीर, शरीरपञ्जर ।
ठठरी–टाँगिकेँ पुस्तकादि रखबाक साधनविशेष ।
ठठेर / **ठठेरि** –उ० बर्तनक व्यापारी जातिविशेष । स्त्री० ठठेरिनी
ठड़र–ठरड़, निद्रामे जायमान नासाशब्द ।
ठड़र पारब–क्रि० पार्+अब-निद्रामे नाकसँ शब्द करब ।
ठढ़का–एक प्रकारक ठाढ़ वस्तु ।
ठढ़कानर–अपेक्षितापेक्षया उच्च कानर ।
ठढ़बत्ता–टाटमे देल ठाढ़ बाती ।
ठढ़भगबा–भगबाजेकाँ पहिरल पैघ वस्त्र।
ठढ़िआ–एक प्रकारक साग ।
ठण्ढा–शीत ।

ठण्ढाठण्ढी–अ० केवल ठण्ढा समय ।
ठनक–शुष्क निहाल भूमि १। मेघध्वनि २।
ठनकब–क्रि० मेघध्वनि ।
ठनका–विद्युत्, वज्र ।
ठमाएब–ना० ठमब् + अब - अमुक-स्थानस्थित्वेन बुझब ।
ठरड़–ठड़र, निद्रामे नाकक शब्द ।
ठरब–क्रि० शीत होएब ।
ठर ठेकान–स्थितिस्थानादि ।
ठस–सुदृढ़ ।
ठहक–ग्रामरक्षकक किंवा अनको स्वसूचक शब्द ।
ठहक्का–उच्चैः शब्दपूर्वक हास्य ।
ठहक्का मारब–क्रि० मार्+अब-उच्चैः शब्दपूर्वक हँसब ।
ठहरब–क्रि० हि० थम्हब, स्थिति ।
ठहराओ–ठहरब, स्थिति ।
ठहाका–ठहक्का ।
ठहाठही–अतिप्रकाश (इजोरिया) ।
ठही–श्रम ।
ठहुरी–काटल छोट शाखा ।
ठाइँपठाइँ–अ० आगाँमे लगले ।
ठाँओ–स्थान १ । स्थानमे लेपन २ ।
ठाकुर–ब्राह्मण, सोनार, कमार ओ नौआक उपाधि ।
ठाठ–गृहाच्छादनक ठट्ठर १। आडम्बर २।
ठाँठ–बहिला (माल) ।
ठाठब–क्रि० ठट्+अब-ठाठ बान्हब ।
ठाठबाट–परिच्छदादि बाह्य समग्री १। आडम्बर २ ।
ठाढ़–उत्थित, स्थित, खड़ा हि० ।
ठाढ़ि लाल–पचेसीमे पूरे दस वा पचीसमे उठल (गोटी) ।
ठानब–क्रि० ठन्+अब-अधिक वा पैघ कार्यक प्रारम्भ ।
ठाम–स्थान ।
ठामठिम–अ० कोनो-कोनो स्थानमे ।
ठार–शैत्य, ओस ।
ठारब–कि० ठार् + अब-शैत्ययुक्त करब ।
ठारि–शाखा ।
ठाँहिपठाँहि–अ० आगाँमे लगले ।
ठिकादार / **ठिकेदार** –ठीका लेनिहार ।
ठिकौती–ठीका ।
ठिठुरब–क्रि० शैत्यसँ अङ्ग सङ्कुचित होएब ।
ठीक–दुरुस्त, प्रस्तुत, शुद्ध १। ठीकब २।
ठीकब–क्रि० ठिक्+अब-सकलन ।
ठीका / **ठीकापट्टा** –नियत आदेयपर कार्यभार ।
ठुट्ठ–शाखाशून्य (वृक्ष) ।
ठुट्टा–प्रादेश, प्रसृताङ्गुष्ठतर्जनी-प्रमाण १। ठुट्ठप्रभेदक (वृक्षादि) २ ।
ठुड़री–अत्यन्त काँच (लताम) १। तामाक प्राचीन कञ्चा २ ।
ठुनकब–क्रि० क्रन्दनविशेष ।
ठुनका–बद्धमुष्टिक अङ्गुष्ठसँ आघात ।
ठुनकाएब–ना० ठुनका+अब्+अब-ठुनका मारब ।
ठुनका मारब–क्रि० मार् + अब-बद्धमुष्टिक अङ्गुष्टसँ आघात ।
ठुमुक्का–ठुनका ।
ठुमुक्का मारब–क्रि० ठुनका मारब ।
ठुसब–क्रि० बलपूर्वक अन्तःप्रवेशन ।
ठुसुआ–जकरा मध्यमे मसाला ठुसल हो से (मेरिचाइ) ।

ठेक–ठेकना, अवलम्बन (इष्टकादि) १। अवधि २ ।
ठेकनगर–अवगतस्थानक (वस्तु) ।
ठेकना–झुकबाक प्रतिबन्धक अवलम्बन, अड़ानी ।
ठेकब–क्रि० उपरका स्थिर वस्तुक माथमे संयोग ।
ठेकर–निरोधोत्तरो नहि हटनिहार १ । माथक ठेस २ ।
ठेकान–पता १ । अनुसन्धान २ ।
ठेकाना–पता ।
ठेँगा–यष्टिका, दण्ड ।
ठेँगी–लघु जलौका ।
ठेँघुन–जाँघ ओ छाबाक जोड़ ।
ठेँघुनिआ–ठेँघुनसँ गमन ।
ठेँघुनिआ देब–क्रि० ठेँघुनसँ चलब ।
ठेङ्ग–हस्तधार्य दण्ड ।
ठेङ्गी–लघु जलौका ।
ठेँठ–निकृष्ट १। वन्ध्या (गाए आदि) २ ।
ठेँठपन–निघृष्टता, नीचता ।
ठेँठा / **ठेँठी** –बहुत खिआएल (कोदारि हर आदि) ।
ठेलगाड़ी–ठेलबसँ चलनिहार गाड़ी ।
ठेलब–क्रि० पाछाँसँ पकड़ि आगाँ चलाएब ।
ठेला–अङ्गमे घर्षण सँ दृढ़ भेल मांस, किण।
ठेस–पाएरमे चलबा काल स्थिर वस्तुक आघात ।
ठेसगर–ढीठ, निर्भीक ।
ठेसब / **ठेस लागब** –क्रि० चलबा काल पाएरमे आहत होएब ।
ठेसी–निर्भीकता, प्रौढ़ता (निन्दामे) ।
ठेहुन–जाँघ ओ छाबाक जोड़ ।
ठेहुनिआ–ठेहुनसँ गमन ।
ठेहुनिआ देब–क्रि० ठेहुनसँ गमन करब।
ठोक–उपरसँ आघात ।
ठोकब–क्रि० उपरसँ आघात ।
ठोकर–सम्मुखसँ आघात ।
ठोकरा–उखरिमे अन्न उसकएबाक खोभीयुक्त दण्ड १ । तृणविशेष २ ।
ठोँठ–ग्रीवाक अगिला भाग १। गलरन्ध्र २ ।
ठोँठ लागब–क्रि० स्वरबन्ध होएब ।
ठोँठिआएब–ना० ठोँठिअब्+अब-ठोठँपर हाथ दए बैलाएब ।
ठोप–बिन्दु ।
ठोर–ओष्ठ ।
ठोर बिजुकब–क्रि० ओष्ठ विवृत होएब, कनबाक पूर्वरूप ।
ठोरबिदुरा–विवृत ओष्ठबाला ।
ठोराह–उ० उचित कथा अवश्य बाजि देनिहार । स्त्री० ठोराहि ।
ठोस–दृढ़ ।

ड

डकब–क्रि० उत्कट गन्धप्रकाशन ।
डकरा–विषविशेष ।
डकहा–मालक सांसर्गिक रोगविशेष, मालक महामारी ।
डकैती–डाकूक क्रिया, जान मारि वस्तु लए लेब ।
डगड़ (र)–मालक जएबाक रास्ता १। एक प्रकारक ढोल २ ।
डगडगी–माटिक गङ्गाजली ।
डगमग–डोलमाल, आन्दोलित ।

डगमगाएब–क्रि० डगमग्+अब–नौका आदिक आन्दोलन, डोलब ।

डगमगाह–आन्दोलनशील (नौका प्रभृति) ।

डगमगी–आन्दोलन ।

डगर (ड़)–मालक गमनमार्ग १ । पर्वमे ढोलक प्रत्यङ्गणवादन २ ।

डगरना–मचानक भारसह डंटा १। अग्रभागसँ निचला ठारि २ ।

डगरी (ड़ी)–छोट सूप ।

डगहर (ड़), **डघड़**, **डधर** –मालक चलबासँ बनल रास्ता ।

डघड़ब–क्रि० मालक गमन ।

डङ्का–युद्धक वाद्यविशेष ।

डटकी, **डँटकी** –डण्टी, नाल, वृन्त ।

डँटगर–कड़ा रान्हल (भात) १ । डाँटसँ युक्त २ ।

डटब–क्रि० सम्मुख सन्नद्ध होएब ।

डँड़कट्टा–डणकट्टा १ । डाँड़क व्रण-विशेष ।

डँड़िआ–डणिआ, स्त्रीक स्यूत परिधानवस्त्रविशेष ।

डँड़ेर–डणेर, बिचला धर ।

डणकट्टा–डँड़कट्टा, डाँड़कव्रणविशेष।

डणिआ–डँड़िआ, स्त्रीक स्यूत परिधान-वस्त्रविशेष ।

डणेर–डँड़ेर, बिचला धर ।

डण्टा–दण्ड, छोट लाठी ।

डण्टी–डँटकी, नाल, वृन्त ।

डनिपन–डानिक क्रिया ।

डपउ–डपौ, कदलीबल्कल ।

डपटब–क्रि० तर्जन, जोरसँ दबाड़ब ।

डपोड़सङ्ख–बहुत कहि किछुओ नहि देनिहार (निन्दामे) ।

डपौ–शुष्क कदलीक बल्कल ।

डफरा–वाद्यविशेष ।

डबरा–पल्बल, खत्ता ।

डबरी–छोट डबरा ।

डब्बू–तीमन परसबाक पात्रविशेष ।

डमखोड़–अशुत्क कदलीबल्कल ।

डमरू–वाद्यविशेष । सं० डमरु ।

डमाडोल–अति कम्पित ।

डम्फ, **डम्फा** –वाद्यविशेष, डफ ।

उम्भा, **डम्हा** –परिणामक पूर्वरूपापन्न (फल) ।

डर–भय, दर सं० ।

डरपोंक–भयशील (निन्दामे) ।

डरबुक–भयशील ।

डराएब–क्रि० डर्+अब–डेराएब, भीत होएब ।

डल–अनुचित आनक क्रिया, एकर केवल देख धातुक योगमे प्रयोग, 'देखू हिनक डल' ।

डसब–क्रि० दंशन ।

डहकन–गारि देबाक योग्य सम्बन्धिकक प्रति गारि १। गीबतबद्ध गारि २ ।

डहकनुआ–गारि देबा योग्य सम्बन्धिक ।

डहरगेन–अगण्य ।

डहरा–सुगरक बच्चा ।

डाइनि–स्त्री० डाकिनी, मारणादि क्रिया कएनिहाररि ।

डाक–मारणपूर्वक धन हरण, डाकूक क्रिया ।

डाकनि–कान लग जोरसँ पढ़बाक सर्पविषहारक मन्त्र ।

डाकनि देब–क्रि० कान लग जोरसँ मन्त्र पढ़ब ।

डाका–दस्युकर्म, डाक, मारणादिपूर्वक बलात् धनहरण ।

डाकू–दस्तु, जागलक बलात् धन-हरणकर्त्ता ।

डाकू सफिआरा–दस्युप्रभृति ।

डाँग–डाङ, दण्ड, ठेँगा ।

डाँगर–डाङर, वाद्यविशेष, एकतारा ।

डाङ–डाँग, दण्ड, डण्टा, ठेँगा ।

डाङर–नाल १ । वाद्याविशेष २ ।

डाँटब–क्रि० डँट्+अब–क्रोधपूर्वक वाचा विरोध दबाड़ब, गञ्जन करब ।

डाँटी–डँटकी, नाल ।

डाँड़–कटि, शरीरक मध्यप्रदेश ।

डाँड़ब–क्रि० डँड्+अब–दण्डन ।

डाँड़ि–रेखा ।

डाढ़ी–दूध औँटलापर पात्रमे सक्कत भए बैसल दुग्धविकार ।

डाण–डाँड़, कटि ।

डाणब–क्रि० डण्+अब–डाँड़ब, दण्डन ।

डाबर–स्नानादिक अयोग्य जलाशय, पैघ पल्बल ।

डाबा–माटिक पात्रविशेष ।

डाभ–दर्भ, तृणविशेष १ । काँच नारिकेर २ ।

डाभी–दर्भ, तृणविशेष ।

डामरु–डमरू, वाद्यविशेष ।

डाम्ह–डम्भा, पकबाक पूर्वरूपापन्न (फल)।

डारि–शाखा ।

डालना–कदीमा प्रभृति अनेक फलसँ सिद्ध तीमन ।

डाला–वंशरचित वितत पात्रविशेष ।

डाली–छोट डाला ।

डाँस–दँश, माँछीसँ पैघ तत्तुल्य पतङ्गविशेष ।

डाँसब–क्रि० डस्+अब–दंशन, सर्पादिक काटब ।

डाह–दाह १ । असूया, ईर्ष्या २ ।

डाहब–क्रि० डाह्+अब–दहन, जराएब ।

डिगिस, **डिग्गिस** –काष्ठमजूषाविशेष ।

डिठौरी–दृष्टिदोषसँ जात व्रण ।

डिँड़िआएब–क्रि० डिँड़ि+अब–गाए प्रभृतिक शब्द करब ।

डिबिआ–बन्द कए रखबाक छोट पात्रविशेष ।

डिम्हा, **डिम्हा** –कनीनिका, आखिक कृष्णगोलक ।

डिहबार–डीहक अधिपति, ग्राम-देवता।

डिहार–प्राचीन डीह ।

डिहुली–छोट डीह ।

डीक–अधिक अँटकल (जलादि) ।

डीक लागब–क्रि० लग्+अब–अधिक जलादिक अँटकब ।

डील–मोट देह ।

डीलडोल–आडम्बर ।

डीलाडीली–जीवनपर्यन्त ।

डीह–वासभूमि ।

डीही–डीहबाला १। ओहि डीहक प्राचीन वासी २ ।

डुग्गी–वाद्यविशेष ।
डुबकुनिआ–पानिमे निमग्न चलब ।
डुबकुनिआ मारब–क्रि० मार्+अब-पानिमे डूबिकेँ तरहितर हेलन करब ।
डुबब–क्रि० निमज्जन ।
डुबाब–जलीय पक्षिविशेष ।
डुब्बा–पानिमे मुइल ।
डुब्बी–डुबब, निमज्जन ।
डुब्बी मारब–क्रि० मार्+अब-पानिमे डूबिकेँ हेलब ।
डुम्मरि–उदुम्बर, वृक्षविशेष ।
डूब–निमज्जन ।
डूबब–क्रि० डुब्+अब-निमज्जन ।
डूम–डूब, निमज्जन ।
डूमब–क्रि० डुम्+अब-निमज्जन ।
डेउढ़ी–धनिकक निवासालय ।
डेओढ़–अर्धविषम ।
डेओढ़ा–आधा अधिक, डेढ़ बर ।
डेओढ़ी–ड्योढ़ी, धनिकक निवासालय ।
डेग–अग्रिम भूमिमे पादारोपण, चलबामे पादन्यास ।
डेगची–तण्डुलपाकपात्रविशेष ।
डेगाडेगी–अ० क्रमशः डेग बढ़बैत ।
डेगार–झट-झट डेग देनिहार, तेज चलनिहार ।
डेँगाएब–क्रि० डेँगब्+अब-डाँगसँ मारब।
डेँगी–छोट नौका ।
डेङाएब–क्रि० डेङब्+अब-डाँगसँ मारब।
डेङी–छोट नौका ।
डेढ़–आधा अधिक (रुपैआ, सेर, मन आदि) ।
डेढ़ बर–कोनो वस्तुक परिमाणसँ तकर आधा अधिक परिमाण बाला (वस्तु) ।
डेढ़बा–मत्स्यविशेष ।
डेढ़हत्थी–डेढ़ हाथक (अर्थात् छोट) लाठी ।
डेन–मणिबन्धक उपरका अङ्ग ।
डेँफ–तृणशूक ।
डेर–वक्रवीक्षणस्वभावक (आँखि) १। तादृश अक्षियुत २ ।
डेरा–आवास ।
डेराएब–क्रि० डेर्+अब-डराएब, भीत होएब ।
डेरादार–मनसिआसँ आन पाकालयमे नियुक्त ।
डेली–माछ रखबाक पात्रविशेष ।
डोक–स्वरभङ्ग ।
डोक लागब–क्रि० स्वरभङ्ग प्राप्ति ।
डोकहर–पक्षिविशेष ।
डोका–क्षुद्र शङ्ख ।
डोँड़ा / **डोणा** –अधिक लम्बा गँहीड खेत (मृत नदी पश्चात् डोँड़ा भय जाइछ) ।
डोभ–तृणविशेष ।
डोम–उ० चाण्डाल जातिविशेष । स्त्री० डोमिनि ।
डोमउ–डोमक बनाओल (बंशपात्र) ।
डोमनी–हथकल पैसएबाक केबाड़क यन्त्र १ । नृत्यविशेष २ ।
डोमरा–(डोम, अनादर मे) ।
डोमिनी–स्त्री० डोम जातिक स्त्री ।
डोरा–सूत्र, ताग ।

डोरि–अरघनी, वस्त्र टँगबाक लटकाओल डोरी वा बाँस १ । खोपा बन्हबाक डोरी २ । गमनसौकर्य ३ ।
डोरिआ–अनेक सरल रेखासँ युक्त (वस्त्र) ।
डोरिआएब–क्रि० सक्रमतासम्पादन ।
डोरिगर–गमनागमनमे सुकर ।
डोरी–साबय, सन प्रभृतिक बाँटल रज्जु ।
डोल–भूषणविशेष १ । पानि भरबाक पात्रविशेष २ ।
डोलब–क्रि० कम्पन ।
डोलमाल–कम्पित ।
डोली–दोली, शिबिका ।
ड्योढ़–डेओढ़ ।
ड्योढ़ा–आधा अधिक ।
ड्योढ़िआ–ड्योढ़ि क्रमक (टाट-आदि।)
ड्यौढ़ी–अन्तःपुर १ । नृपालय २ ।

ढ

ढक–स्वर्णादि तौलबामे रुपैआ अठन्नी प्रभृतिक प्रतिनिधि परिमाण ।
ढकढक करब–क्रि० वस्तुक संचालनसँ तदभ्यन्तरस्थ वस्तुक ढकढक शब्द करब ।
ढकढकाएब–क्रि० ढकढक् + अब-ढकढक करब ।
ढकढोरब–क्रि० उठाए-बैसाए हड़बड़ाए नाना वस्तु देखब (निन्दामे) ।
ढकढोल–पैघ (निन्दामे) ।
ढकना–सरबासँ पैघ तादृश मृत्पात्र ।
ढकब–क्रि० मिथ्या आत्मप्रशंसा करब ।
ढक्का–सं० डफरा ।
ढङ्गर–चातुर्य, प्रकार, गहड़ि ।
ढङ्ग–उ० चतुर, अधिक गहड़ि बाला ।
ढट्ठा–ढाठ, अवरोधक १ । डाँड़मे आधा बान्हल धोती २ ।
ढट्ठा मारब–क्रि० मार्+अब-आधा पहिरि आधा धोती डाँड़मे बान्हब।
ढठिआएब–ना० ढाठसँ अवरोधन १। ढाठी लागब (ढठिआइत अछि)२। ढाठी लगाएब (ढकिअबैत अछि) ३ ।
ढड़रा ओदरब–क्रि० दाहादिसँ चमड़ा ओदरब ।
ढनढनाएब–क्रि० ढनढन्+अब-ढनढन शब्द करब, मेघध्वनि ।
ढनमन–अयथावत् स्थित (बासन आदि)।
ढनमनाएब–क्रि० ढनमन् + अब-अयथोचित स्थित होएब ।
ढनमनाह–अयथावत् रहनिहार (घैल आदि) ।
ढनमनी लागब–क्रि० लग्+अब-वारंवार ढनमनाएब ।
ढबक–अधिक मोसिक पतन ।
ढबकब–क्रि० अधिक मोसि खसब ।
ढबकाह–अधिक लप (भूमि) ।
ढरक–क्रमिक नीच (भूमि) ।
ढरकब–क्रि० टघड़ब ।
ढरकाह–अधिकप्लव (भूमि) ।
ढरब–क्रि० जलादि द्रव वस्तुक पात्रद्वारा भूपतन १ । शीतला व्रणक अनुकूल होएब २ ।
ढरुआ–ढारिकेँ बनाओल (लोहिआ प्रभृति) ।
ढलइ / **ढलै** –मत्स्यविशेष ।

ढहनाएब–क्रि० ढहन्+अब–अयथोचित स्थितिक होएब ।
ढहब–क्रि० माटिप्रभृति फाटिकेँ उपरसँ खसब ।
ढहलेल–बूड़ि, मूड़ ।
ढाक–ढक्का, वाद्यविशेष ।
ढाकन–ढकना, मृत्पात्रविशेष ।
ढाकी–पैघ छिट्टा, धान्यादि उद्वहनार्थ वंशनिर्मित पात्रविशेष ।
ढाठ–मालक अवरोधक वंशादि ।
ढाठब–क्रि० ढठ्+अब–ढाठसँ अवरोधन।
ढाठी–रीति ।
ढाढ़–धान्यादि रखबाक वंशरचित बृहदाकार पात्र ।
ढाढ़स / **ढाँढ़स** –धैर्य ।
ढाबा–फुटएबाक भेद ।
ढाबा लगाएब–क्रि० लगब्+अब–परस्पर विरोधक उत्पादन ।
ढाबुस–पैघ पीरा (बेँग) ।
ढार–उतार, प्लव ।
ढारब–क्रि० ढार्+अब–द्रव वस्तु (जलादि) तथा अन्नादिक पात्र द्वारा अध:पातन ।
ढाल–तरवारिक निरोधक गेँड़ाक चाम ।
ढाहब–क्रि० क्रमिक उपरसँ तोड़िकेँ खसाएब ।
ढाही–माथमे परस्पर आघात ।
ढाही लड़ब–क्रि० माथसँ परस्पर आघात करब (भेणा आदिक) ।
ढिकुरी–छोट मृत्खण्ड ।
ढिठपन–निर्भयता, प्रौढ़ता ।
ढिठाइ–हि० निर्भयता ।
ढिठिआएब–ना० ढीठ+अब–ढीठ (प्रौढ़) होएब ।
ढिँड़री–स्त्री० जारपुरुषसँ गर्भवती ।
ढिढ़मदरा–केवल पेट भरनिहार (निन्दामे)।
ढिढुका–बीचमे उच्च भूमि ।
ढिढुकाह–मध्यमे उच्च भूमिसँ युक्त (खेत आदि) ।
ढिढुकी–बीचमे उच्च माटि ।
ढिलढिल–शिथिल, संलग्न नहि होएनिहार (औँठी-प्रभृति) ।
ढिलढिलाह–कनेक ढिलढिल ।
ढिली / **ढिल्ली** –शिथिलता, मन्दता ।
ढीठ–निर्भय ।
ढीँढ़–जारपुरुषसँ सगर्भ पेट ।
ढील–शिथिल १। संलग्न नहि भेल (औँठी आदि) २। यूका, केशकीटविशेष ३ ।
ढुकब / **ढूकब** –क्रि० ढुक्+अब–हठात् प्रवेश करब ।
ढेउआ–पैसा, पण, पाइ ।
ढेउआही–एक ढेउआ प्रमाणक बटिखारा ।
ढेकरब–क्रि० उद्गार, कण्ठमार्गे वायुनि:सरणशब्द करब ।
ढेका–पाछाँ दिस खोँसबाक वस्त्रक प्रान्त ।
ढेकार–उद्गार ।
ढेकी–धान कुटबाक यन्त्रविशेष १। अखण्ड (हरदिप्रभृति) २ ।
ढेकुल–करीन आदिमे बाँसक जड़िमे बान्हल स्थूल वस्तु १ । ढेकीमे समीबाला अङ्ग २ ।

ढेँग / **ढेङ** –छोट तथा मोट लकड़ी ।
ढेँढ़–ढीँढ़सँ जनमल, जारल ।
ढेढ़बा–नढ़चेतन ।
ढेप–मृत्तिकाखण्ड ।
ढेपचेप–छोटपैघ सभ प्रकारक ढेप ।
ढेपाओज–वारंवार ढेप फेँकब ।
ढेबा–भेदबुद्धि ।
ढेबा लगाएब–क्रि० लगब् + अब–भेदबुद्धिक उत्पादन ।
ढेबाहि–वारंवार प्रवृत्ति ।
ढेबाहि लागब–क्रि० वारंवार एक कार्यक प्रवृत्ति होएब ।
ढेर–राशि, पुञ्ज १। राशीभूत, पुञ्जीभूत २ ।
ढेलमासु–जोरसँ ढेप फेकबाक रज्जुयन्त्र ।
ढेला–हि० ढेप ।
ढेँसब–क्रि० मालक उकासी करब ।
ढेसरि / **ढेसरी** –मड़ुआप्रभृतिक सीस ।
ढेहा–आघात, वेगापन्नक संयोग ।
ढेहिआएब–क्रि० ढेहि+अब–विना हेतुक इतस्तत: करब (निन्दामे) ।
ढोँग–विशाल छोट काठक खण्ड ।
ढोँगा–पैघ बूड़ि, महामूढ़ ।
ढोङ–विशाल छोट काष्ठखण्ड ।
ढोङा–पैघ बूड़ि, महामूढ ।
ढोँढ़–सर्पविशेष, डुण्डुभ १। पैघ ढोँढ़ी २।
ढोँढी–नाभी ।
ढोल–पटह, वाद्यविशेष ।
ढोलक–मृदङ्गाकार वाद्यविशेष ।
ढोलकी–खजुरी, वाद्यविशेष ।
ढोलढाक–पटह, ढक्का, प्रभृति ।
ढोलहो–मुनादी, ढोल बजाए वार्ता देब ।
ढोलिआ–ढोल बजओनिहार ।
ढोली–दू सए पातक पानक मूठि ।
ढोही–बुड़िबक (निन्दामे) ।
ढौर–पिठारक लेप ।
ढौरब–क्रि० पिठारसँ लेपन ।

त

त–अ० स्वीकार, एहिमे अकार गुरूच्चारण ।
तँ–अ० विशेष, तु सं० १ । तखन, तदा सं० २ ।
तइओ–अ० तथापि ।
तकड़ार–वि० विवाद, झगड़ा, विरोध ।
तकड़ारी–वि० विवादग्रस्त ।
तकथपोस / **तकथपोस्त** –वि० काठक खाट ।
तकथा–सिन्धुक आदि बनएबा योग्य पातर ओ चाकर कए चीरल काठ, पट्टा ।
तकथी–छोट तकथा, फलक ।
तकलीफ–वि० क्लेश ।
तकेआ–उपधान, गेड़ुआ ।
तक्र–सं० जीरलवणयुक्त मथल दही ।
तखन–अ० ताहि क्षणमे, तदुत्तर ।
तखनुक / **तखनुका** –ताहि कालक ।
तगड़–तगर, पुष्पविशेष ।
तगबा–सर्वविशेष ।
तगर–सं० पुष्पविशेष, तगड़ ।
तगादा / **तगेदा** –वि० आदेयक माँग ।

तग्गी–माछ मारबाक यन्त्रविशेष ।

तङ } –वि० दिक्क, व्याकुल ।
तङ्ग }

तच्छ–वायुसँ फूलल सक्कत (पेट) ।

तज–त्वक्, ओषधिविशेष ।

तड़क–चारक आधारभूत लकड़ी ।

तड़कब–क्रि० शब्द करब ।

तड़का–कानक भूषणविशेष ।

तड़की–कानक भूषणविशेष, छोट तड़का।

तड़ख–तड़क, चारक आधारभूत काष्ठ ।

तड़(र)गर–कड़ा ।

तड़(र)पब–क्रि० फानब ।

तड़फड़–अ० शीघ्र ।

तड़फड़ी–शीघ्रता ।

तड़िपत–तालीपत्र, बजरबट्टूक पात ।

तड़ेरा–बनसीक डोरीमे बान्हल कोढ़िला आदि ।

ततए–अ० ताहि ठाम ।

ततखनात–अ० तत्क्षणात्, ताही क्षणमे ।

ततनी } –ताहि अल्प परिमाणक ।
ततने }

ततबा–ताहि प्रमाणक ।

ततमत–तारतम्य ।

ततमताएब–क्रि० ततमत्+अब–तारतम्य करब ।

ततमताह } –तारतम्य कएनिहार ।
ततमतिआ }

ततमा–जातिविशेष ।

तत मारि मारब–क्रि० ततेक मारब ।

ततमिनी– स्त्री० ततमा जातिक स्त्री० ।

ततय (ए)–अ० तत्र, ताहि ठाम ।

ततहि–अ० ताही ठाम, तत्रैव सं० ।

ततहु–अ० ताहू ठाम, तत्रापि सं०।

ततारब–क्रि० ततार्+अब–बड़क दूधप्रभृति लसिगर वस्तु बेमाए आदिमे दए आगिक ताओ देब ।

तती काल–ततेक काल ।

तती खन–ततेक क्षण ।

ततेक–ताहि परिमाणक ।

तत्पर–सं० उद्युक्त, सावधान ।

ततन–पीजु आदिक पूर्णतासँ वेदना-विशेष ।

ततनाएब–क्रि० ततन्+अब–पूर्वोक्त वेदनाविशेषयुक्त होएब ।

ततनी–पूर्वोक्त वेदना ।

तन्द्रा–आलस्यादिवश आँखि किछु ताकब ओ किछु मुनब, आँखिक सर्वथा मुद्रणक अभाव ।

तपत–तप्त, उष्ण ।

तपसी–तापसि ।

तब–रोटी पकएबाक लौहपात्रविशेष ।

तबक–पान आदिमे उपरसँ सटबाक वस्तुविशेष ।

तबब–क्रि० तप्त होएब ।

तबला–वाद्यविशेष ।

तबालची } –तबला बजओनिहार ।
तबाल्ची }

तबाह–वि० व्याकुल ।

तमकुलाइनि } –तमाकूक गन्ध १।
तमकुलानि } तमाकूक गन्धसँ युक्त २।

तमकुलाह–तमाकूक सम्पर्की (गूआ आदि) ।

तमधैल–ताम्रघट १ द्रव्यक घैल २ ।

तमतम करब–क्रि० क्रोधाकुल होएब ।

तमनी–तामनि, तामब, कोदारिसँ क्षेत्रमृत्तिकोघट्टन ।

तमसगीर–तमासा देखनिहार ।

तमसाएब–ना० तामस + अब–तामस (क्रोध)सँ युक्त होएब ।

तमसाह–उ० क्रोधी । स्त्री० तमसाहि ।

तमाकू } –तमाखु, खैनी ।
तमाकूल }

तमासा–नृत्याद्युत्सव १। अद्भुत दृश्य २ ।

तमोलि–उ० पानक व्यवसायी जातिविशेष।

तमोलिनि–स्त्री० तमोलि जातिक स्त्री ।

तमौर–सितार प्रभृतिक तुम्बा ।

तम्बू–उपकार्या, पटगृहविशेष ।

तर–तल, अभ्यन्तर १ । वृक्षादि आच्छादक वस्तुक नीच देश २ ।

तरउपरा–डाँड़क नीचाँ उपर दुहूमे पहिरल स्त्रीसम्बन्धी (वस्त्र) ।

तरक–अत्युष १ । तर्क २ ।

तरकट–तरमे जमल घृतादिक विकार ।

तरका–तरमे स्थित ।

तरकारी–व्यञ्जन ।

तरक्की–वि० उन्नति ।

तरख–चारक आधारभूत काष्ठविशेष ।

तरखाएब–क्रि० तरख्+अब–किञ्चित् शुष्क होएब ।

तर(ड़)गर–कड़ा (खड़ आदि) ।

तरङ– तरङ्ग १ । आवेग २ ।

तरङब–क्रि० शुष्कतासँ खेत जोतबा योग्य नहि रहब ।

तरङ्ग–सं० ऊर्मि १ । आवेग २ ।

तरहुत–वि० चिन्ता ।

तरपट–बीच, तारतम्य, अन्तर ।

तरफ–वि० दिश ।

तरब–क्रि० तैल वा घृतमे व्यञ्जनक पाक ।

तर-बतर–अ०वि० समग्र देहमे अधिक (घाम चलब) ।

तरबा–चरणतल ।

तरबातारू–तरबा रगड़ब प्रभृति निखिल परिचर्या ।

तरबोरा–पश्चिम दिशाक इन्द्रधनुष ।

तरल–तैलादिपक्व (व्यञ्जन) ।

तरहत्थी–हस्ततल ।

तरहरा–कृत्रिम खाधि, धरतीक तर देने जयबाक कृत्रिम अवकाश ।

तरहा–घोड़ाक गद्दी १ । गद्दीँड़ रहबाक स्थान २ ।

तराउपर } –उ० तर उपर कए
तराउपरी } राखल ।

तराए–कट, बिछाओन, तालपत्रक पटिआ।

तराजू–तुला ।

तराटक } –त्राटक, आँखिक
तराटक्क } चिरकालिक एकाग्रता ।

तराय–कट, बिछाओन, तालपत्रक पटिआ।

तरास–अधिक पिआस ।

तरासब–क्रि० तरास्+अब–उपरसँ काटब ।

तरी–वृक्षतल १ । वृक्षतलक उपजा २ ।

तरुआ–तरल (तरकारी) ।

तरुआरि–करवाल, खड्ग, अस्त्रविशेष।

तरेगन–तारा ।

तरेड़ा–बनसीक डोरीमे बान्हल कोढ़िला आदि ।

तरैआ–बानिक प्रभेद, तराएतुल्य (बानि)।

तरोटा–पौतीप्रभृति पात्रक तरका खप्पा ।

तर्क–सं० अनुमान ।

तलबी–वि० आह्वान ।
तलास–वि० अन्वेषण ।
तलासब–वि० क्रि० तलास्+अब–अन्वेषण करब ।
तली–वस्तुक तल, अधस्तल ।
तल्ला } –जूताक निचला भाग १ । **तल्ली** } अधस्तल २ ।
तसबीर–वि० चित्र ।
तसमइ } –पायस, खीर, क्षीर । **तसमै** }
तसर–रेशमक प्रभेद ।
तसला–पाकपात्रविशेष ।
तसली–छोट तसला ।
तह–मोड़ब, आवृत्ति ।
तहदर्ज–वि० प्रथम चौपेतल, परम नवीन (वस्त्रादि) ।
तहसनहस–वि० छिन्न-भिन्न ।
तहसील–वि० ओसूल ।
तहसीलदार–वि० माल ओसूल करबामे नियुक्त ।
तहाँ–अ० ताहि ठाम ।
तहिआ–अ० ताहि समयमे ।
तहिना–अ० ताही प्रकारेँ ।
तहुना–अ० ताहू प्रकारेँ ।
ता–अ० तावत् ।
ताइ–दही पौरबाक वंशपात्र ।
ताओ–ताप, ज्वाला १ । अच्छिन्न एक कागत २ ।
ताक–समयक आनुकूल्य १। अन्वेषण २ ।
ताकति–वि० शक्ति, बल ।
ताकब–क्रि० तक्+अब–अवलोकन १ । अन्वेषण २ ।
ताक-हेर } –खोजपुछारी, निरीक्षण । **ताकाहेरी** }
ताकूति–रक्षा ।
ताकूती–तत्परता ।
ताख–चक्का ।
ताखी–ताज, एक प्रकारक टोपी ।
ताग–सूत्र, डोरा ।
तागब–क्रि० तग्+अब–दूर दूर कए सिअब ।
ताँगा } –बड़दसँ रहित शकट, गाड़ी । **ताङ्गा** }
ताज–क्रि० शिरोधार्य वस्त्रविशेष १। राजमुकुट २ ।
ताड़–तात्कालिक आवश्यकता ।
तातकाल–अ० तत्काल, सम्प्रति १ । ताहि काल २ ।
ताँति–चामक तन्तु ।
तात्पर्य–सं० अभिप्राय ।
तान–गीत गएबामे शब्दविशेष १। तानब २।
तानपूरा–वाद्यविशेष ।
तानब–क्रि० तन्+अब–जोरसँ पसारि बान्हब [तम्बू तानल अछि] ।
तानी–वस्त्रनिर्म्माणक नामानामी सूत १। एक यज्ञोपवीत २ ।
तापसि–महादेवक पण्डा, ब्राह्मणजातिविशेष ।
तावत्–अ०सं० ता धरि ।
ताबेदार–वि० नोकरी, हुकुम मानब ।
ताम–ताम्र, धातुविशेष ।
तामदान–नरवाह्य वाहनविशेष ।
तामब–तम्+अब–कोदारिसँ माटि काटि केँ उनटाएब ।

तामस–क्रोध ।
तामा–चूड़ा चाउर नपबाक काष्ठक पात्रविशेष ।
तामा मानब–क्रि० आज्ञाक अङ्गीकार ।
तामि–कालज्ञानार्थ यन्त्रविशेष ।
ताम्बूल–सं० लगाओल पान १ । वि० तारतम्य २ ।
तार–द्रव्यक तन्तु १ । तालवृक्ष २ ।
तारकून } –काँच तालफल । **तारकूल** }
तारतम्य–सं० कर्तव्याकर्तव्य-विचार १ । अन्तर, वैषम्य २ ।
तारब–क्रि० भिजल धानकेँ किञ्चित् भुजब ।
तारभूज–लताफलविशेष ।
तारमताड़ } –अ० अविरामेण बारबार । **तारमतार** }
तारमूली–औषधिविशेष ।
तारा–सं० नक्षत्र, तरेगन ।
तारी–तालमद्य ।
तारु–तालु ।
ताल–हास्यास्पद चेष्टा १। सं० तान २।
ताल ठोकब–क्रि० बाँहि पर करतलध्वनि करब ।
तालमखाना–ओषधिविशेष ।
तालमिसरी–बनाओल एक प्रकारक मिसरी ।
ताला–यन्त्रिका, बन्द करबाक यन्त्र ।
ताली–हास्यास्पद नाना चेष्टा कएनिहार ।
ताली देब–क्रि० आनकेँ उद्देश कए करतलध्वनि करब ।
तालीसपत्र–सं० ओषधिविशेष ।
तालुक–वि० अधीन ।
तालुका–वि० जमीन्दारी टुकड़ा ।
तास–खेलएबाक ५२ गोट मोट कागतक पत्र ।
तासा–भेरी, वाद्यविशेष ।
तिअ–स्त्री० स्त्री ।
तिउरा–पुष्पविशेष ।
तिखुर–आँटाक प्रभेद ।
तिग्गी–तास आदिक तेसर फर्द ।
तितपड़ली–तिक्तपटोली, लताफलविशेष।
तितपरली–लताफलविशेष ।
तितब–क्रि० भीजब, जलादिसँ सार्द्र होएब ।
तितरिम–वृक्षविशेष ।
तिरि } –तित्तिर, पक्षिविशेष । **तितीर** } **तित्तिर** }
तितुआ–तृणविशेष ।
तिनकनमाही–तीन कनमाक (बहिखारा वा नपना) ।
तिनखण्डी–भूषणविशेष ।
तिनपइ } –तीन पाओक बटिखारा वा नपना । **तिनपै** }
तिरछाह–तिर्यक्, असरल ।
तिरछी–वक्र ।
तिरछी काटब–क्रि० असरल मार्गेँ जाएब ।
तिरतीआ–तृतीय तिथि ।
तिरपन्न–त्रिपञ्चाशत्, ५३, संख्याविशेष।
तिरमिराएब–क्रि० तिरमिर्+अब–आबल्यसँ बहुधा झुकब ।
तिरमुहानी–तीन मार्गक सन्धिस्थल ।

तिरसट्ठि–त्रिषष्ठि, ६३ ।
तिरसट्ठिम–तिरसट्ठिक पूरण, त्रिषष्ठितम ।
तिरहुता–मिथिलाक अक्षर ।
तिरहुताम–मैथिलोचित (वेषादि) ।
तिरहुति–तीरभुक्ति, मिथिला ।
तिरहुतिआ–तिरहुतिमे भेल १ । तिरहुतिवासी २ ।
तिराएब–क्रि० तिर्+अब-तैआर कएला पर धान आदिक मोन पूरब ।
तिरान्नबे–त्रयोनवति, ९३ ।
तिरान्नबेम–तिरान्नबेक पूरण, त्रिनवतितम ।
तिरान्नब्बे–त्रयोनवति, ९३ ।
तिरान्नब्बेम–तिरान्नब्बेक पूरण, त्रिनवतितम।
तिल–सं० अन्नविशेष ।
तिलक–सं० कपारक चानन ।
तिलका–वृक्षविशेष ।
तिलकोड़–लताविशेष, बिम्बफल ।
तिलठी–तिलयुक्त मिष्टान्नविशेष ।
तिलबा–तिलक मिष्टान्नविशेष १ । तिलक, देहमे तिलाकार बिन्दु २ ।
तिलरी–कण्ठक भूषणविशेष ।
तिलाठी–तिलक डाँट ।
तिलासँकराँति / **तिलासंक्रान्ति** –मकर-संक्रान्ति ।
तिलौरी–तिलमय बटी, व्यञ्जनविशेष ।
तिसिऔटा–तीसीक सनसँ बीनल ।
तिसिऔरी–तीसीक वटी, व्यञ्जनविशेष ।
तीअ–तृतीया तिथि ।
तीअर–जातिविशेष ।
तीआ–तास आदिक तेसर फर्द ।
तीख–तीक्ष्ण ।
तीत–तिक्त ।
तीतब–क्रि० तित्+अब-जलादिसँ आर्द्र होएब, भीजब ।
तीन / **तीनि** –त्रिसंख्यक, ३ ।
तीमन–तेमन, झोर ।
तीर–बाण १ । सं० तट २ ।
तीरब–क्रि० पकड़िकेँ घैँचब ।
तीरा–पुष्पविशेष ।
तीसी–अतसी सं० ।
तुअब–क्रि० तु+अब-बेलसि भए फलादिक पतन १ । नक्षत्रक प्रवेशदिनमे किञ्चित् जलबिन्दु पतन २ ।
तुतिआ–तुत्थ ।
तुनब–क्रि० चुटकीसँ तूरक विश्लेषण ।
तुन्न–फुलल ।
तुफान–वि० पैघ बिहारि, भारी उपद्रव ।
तुमब–क्रि० तूरक विशकलन करब ।
तुम्बा–सुखाएल सजमनिक ठट्ठर ।
तुम्बी–सं० छोट तुम्बा १ । रक्तमोक्षणक यन्त्रविशेष २ ।
तुम्मा–तुम्बा ।
तुम्मी–तुम्बी ।
तुरकान–तासक क्रीड़ाविशेष ।
तुरन्त–लग्ले ।
तुरफान–चीनी बनएबाक यन्त्रविशेष ।
तुरभरा–जाहिमे तूर भरल रहए से (दोहरि) ।
तुरमारि–समयपर नहि बाहनिहारि, दोसरा-तेसरा वर्षमे गर्भ लेनिहारि (माल)।
तुरहा–जातिविशेष ।

तुरही–वाद्यविशेष ।
तुराइ–अधिक तूर देल ओढ़ना ।
तुरुक–तुरुष्क, तुर्कदेशोद्भव, म्लेच्छ ।
तुरोड़ा / **तुरोरा** –नेनाक हेतु तूरबाला छोट गद्दी ।
तुल–सम १ । तैआर २ ।
तुलना–सं० सादृश्य, उपमा ।
तुलब–क्रि० संनद्ध होएब ।
तुलबुलिआ–चञ्चल (बालिका) ।
तुलसी–सं० क्षुपविशेष ।
तुसारी–माधक कुमारिकाक एक पाबनि ।
तूअब–क्रि० तु+अब-बेलसि भए फलादिक पतन १ । नक्षत्रक प्रवेशदिनमे चिञ्चित् जलबिन्दुपतन २ ।
तूँति–फलविशेष ।
तूँती–पक्षिविशेष ।
तूनब–क्रि० तुन्+अब-चुटकीसँ तूरक विश्लेषण करब ।
तूनि–वृक्षविशेष ।
तूमब–क्रि० तुम्+अब-तूरक विश्लेषण ।
तूर–तूल, कपास ।
तूल–सज्ज, प्रस्तुत ।
तृणकुङ्कुमा–ओषधिविशेष ।
तृतीया–सं० तेसर तिथि ।
तेँ–अ० तस्मात्, ताहि हेतु ।
तेआगब–क्रि० तेआग्+अब-त्यागब, छोड़ब ।
तेकठ–संश्लिष्ट तीन काठ १ । असरल कार्य २ ।
तेकठी–तीन काठी वा बाँसकेँ जोड़ि बनाओल आधार ।
तेकमिआ–तीन तीक्ष्णाग्र कामिबाला अस्त्र।
तेकुसा–तीन कुशसँ बनाओल ।
तेखार–तीन बेर जोतल ।
तेखारब–क्रि० तेखार्+अब-तेसर बेर जोतब ।
तेगा–अस्त्रविशेष ।
तेगाड़–तीन गाड़ (पटएबामे) ।
तेगुन–त्रिवृत्त, त्रिगुण ।
तेगुनाएब–ना० तेगुन+अब-त्रिगुणीकरण।
तेघारब–क्रि० तेघार्+अब-वारंवार पूछब।
तेज–वि० तीव्र १ । तीक्ष्णबुद्धि २ ।
तेजपात–पत्र सं० ।
तेजब–क्रि० त्यागब ।
तेजबल–ओषधिविशेष ।
तेजाब–वि० गन्धकादिक सारांश तीक्ष्ण द्रव ।
तेजी–वि० तीव्रता ।
तेठठ–तीन ठाम निवासगृह ।
तेड़ारि–पक्षिविशेष ।
तेतर–पचेसीमे तीन खुदरेँ लाल होएबा योग्य (गोटी) १ । तीन कन्याक उत्पत्तिक अनन्तर उत्पन्न (बालक) २ ।
तेतरि–तिन्तिड़ी, वृक्षविशेष ।
तेतलिआ–बएलगाड़ीक एक अङ्ग ।
तेतार–तृणविशेष ।
तेताल–तीन तालबाला (राग) ।
तेँतालिसम–त्रिचत्वारिंशत्तम, तेँतालीसक पूरण ।
तेँतालीस–त्रिचत्वारिंशत् ४३ ।
तेँतिस–त्रयस्त्रिंशत्, ३३ ।
तेँतिसम–त्रयस्त्रिंशत्तम, तेँतिसक पूरण ।
तेधरिया / **तेधारा** –तीन धारीबाला (पसीझ) ।

तेना–अ० ताहि प्रकारें ।
तेनु–तिन्दुफल ।
तेनुआ–व्याघ्रविशेष ।
तेपखा } –तीन पक्षमे होएनिहार
तेपखिआ } (गम्हड़ी) ।
तेपतिआ–शाकविशेष ।
तेपहर–तृतीय प्रहर ।
तेपाइ–वस्तुजात रखबाक चारि पादसँ युक्त तकथा (एहिमे तीनिक बोधक 'ते' पद प्रयोगक मूल विचारणीय)।
तेबट्टी–तीन दिश जएबाक मार्ग ।
तेबर–त्रिवृत्त, त्रिगुण ।
तेबरखा–तीन वर्षक (गृहादि) ।
तेबासि–तीन दिनक पर्युषित (भात आदि) ।
तेभाग–तीन भाग १। त्रिकोण (क्षेत्रादि) २।
तेमहर–अ० ताहि दिस ।
तेमहल } –तीन महलबाला,
तेमहला } त्रिभूम (प्रासाद) ।
तेमसिआ–त्रैमासिक (शिशु) ।
तेरह–त्रयोदश, १३ ।
तेरहम–तेरहक पूरण ।
तेरहम चास–सर्वविरुद्ध बात (निन्दामे)।
तेरहा–दशाहाशौचोत्तरक (श्राद्ध) ।
तेरोदसी–त्रयोदशी तिथि ।
तेल–तैल ।
तेलगर–अधिक तेलसँ युक्त ।
तेलचट्ट–अधिक मैल ।
तेलबासा–तेल रखबाक चोँगी ।
तेलहन–तेल देनिहार अन्न (सरिसओ प्रभृति) ।
तेलही–तेलमे पक्व (सोहारी आदि) ।
तेलारि–तृणविशेष ।
तेलाह–तैलसम्पर्की (तण्डुलादि) ।
तेलि–उ० तेलक व्यवसायी जातिविशेष, तैलिक । स्त्री० तेलिनि ।
तेलिआ–सर्पविशेष १ । अनादरणीय तेलि २ ।
तेलिआरी–तेलिक आलय ।
तेलिआह–तेलिवत् मलिनवस्त्रा दिधारी ।
तेलिनि–स्त्री० तेलि जातिक स्त्री ।
तेलिबभना–तेलिकेँ पुजओनिहार ब्राह्मण।
तेसज्झा–तीनि व्यक्तिक साझी ।
तेसर–तृतीय ।
तेसरी–तृतीय (हिस्सा) ।
तेसरुकाँ–अ० तेसर वर्षमे ।
तेहड़ा–तेहरा, पैघ कोड़ल तीन थुमहाक चूल्हि ।
तेहत्तरि–त्रिसप्तति, ७३ ।
तेहत्तरिम–त्रिसप्ततितम, तेहत्तरिक पूरण।
तेहन–तादृश ।
तेहरा–पैघ कोड़ल तीन थुमहाक चूल्हि ।
तेहराएब–क्रि० तेहर्+अब–तृतीयावर्त्तन ।
तेहल्ला–उदासीन, तटस्थ ।
तेहाइ–तृतीयांश ।
तेआर–वि० दुरुस्त, सज्ज, प्रस्तुत ।
तैआरी–वि० ओरिआओन, दुरुस्ती, सम्पन्नता ।
तैओ–अ० तथापि ।
तैस–त्रयोविंशति, २३ ।
तैसम–त्रयोविंशतितम, तैसक पूरण ।
तोँ } –अनादरणीय सम्बोध्य,
तोहेँ } त्वम् सं० ।
तोकार–अनुचित व्यक्तिमे तोँ शब्दक प्रयोग

तोड़–झोँक १ । खेप २ ।
तोड़ब क्रि० त्रोटन, खण्डशः करब १ । गाछसँ पुष्पादिक चयन २ ।
तोड़ा–रुपैया रखबाक जाली, थैली ।
तोड़ी–रक्तसर्षप ।
तोतराएब–क्रि० तोतर्+अब–वर्णकेँ दोहराए–तेहराए सेहराए बाजब ।
तोतराह–वर्णकेँ दोहराए–तेहराए बजनिहार।
तोनी–संयुक्त तर्जनी ओ अंगुष्ठाग्र, चुटकी।
तोप–बृहत् भुशुण्डी, अस्त्रविशेष ।
तोपब–क्रि० झाँपब ।
तोला–हि० दश मासा, परिमाणविशेष ।
तोसक–सुतबाक गद्दी ।
तोसखाना–वि० कोष ।
तौनी–उत्तरीय वस्त्र, प्रावार ।
तौल–तोलन, तुलासँ सम्मितकरण ।
तौलब–क्रि० तराजू आदिसँ परिमाणज्ञान करब ।
तौला–माटिक पैघ पाकपात्र ।
तौलिआ–हि० एक प्रकारक अँगपोछा ।
त्याग–सं० छोड़ब ।
त्यागब–क्रि० त्याग्+अब–छोड़ब ।
त्रयोदशी–सं० तेरहम तिथि ।
त्रिदोष–सं० सन्निपात (ज्वर) ।
त्रिफला–सं० अओरा, हड़ीर, बहेड़ ।
त्रुटि–सं० हीनता, दोष, छूटब ।
त्रेटह–उत्पटाङ कार्यकर्त्ता ।
त्रोटि–विश्राम (बाजब आदिमे) ।
त्वचा–सं० त्वक् ।
त्वञ्चाहञ्च–सं० वाचा कलहविशेष ।

थ

थउआ थौआ, संचूर्णित ।
थकथकाएब क्रि० थकथक्+अब स्तब्ध होएब ।
थकनी–परिश्रमजन्य वेदनाविशेष ।
थकरनी–केशमार्जनी, केश थकरबाक साधन, बद्ध कामिसमूह ।
थकरब–क्रि० केशक सम्मार्जन ।
थकुचब–क्रि० चूर्णन, चोटसँ शिथिलावयव करब ।
थकुचा–थकुचल, चोटसँ शिथिलावयवी–कृत।
थन–स्तन, स्त्रीक पयोधर ।
थनैल–नारीक स्तनमे दुग्धाधिक्यप्रयुक्त भेनिहार रोगविशेष ।
थपड़ाएब–ना० थपड़ब्+अब–थापड़सँ मारब ।
थपड़ी–करतलध्वनि, ताली ।
थपुआ–चापट कोर मोड़ल (खपड़ा) ।
थम्भ } –कदलीकाण्ड, स्तम्भसदृश
थम्ह } कदलीवृक्षाङ्ग ।
थम्हगर–थम्हि सकनिहार, भारसह, दृढ़।
थम्हब–क्रि० स्थित रहब, रुकब, ठहरना हि० ।
थर–पैघ माछक बच्चा ।
थरथर–सकम्प ।
थरथराएब–क्रि० थरथर्+अब–कापब, कम्पन ।
थरथरी–कम्प ।
थरि–माल बन्हबाक स्थान ।
थल–स्थल ।
थलकमल–स्थलकमल, कमलसन पुष्पविशेष ।

थलगर–अधिक थालसँ युक्त ।
थलथल–भितर जलमयताप्रयुक्त पाएरसँ दबि गेनिहार (भूमि) ।
थलाह–थालसँ युक्त ।
थलिआएब–ना० थलिअब्+अब–थाला (आलवाल) सँ युक्त करब ।
थाक–ढेरी, समूह ।
थाकनि–थकनी, श्रान्ति ।
थाकब–क्रि० थक्+अब–परिश्रान्त होएब ।
थाकर–धान्यविशेष ।
थान–कपड़ाक परिमाणविशेष १। देवादिक स्थान २ ।
थाना–राजकीय पदातिक स्थान ।
थाप–व्यवस्था १। निर्भरता स्थान २ ।
थापड़–चपेटा, ताड़नोद्यत करतल ।
थापना–स्थापन (देवादिक) ।
थापब–क्रि० थप्+अब–स्थापित करब ।
थापा–स्थासक, सम्पूर्ण करतललग्न पिष्टातक कुङ्कमादिक चिह्न ।
थापी–चाकर मुङरी ।
थार–पैघ थारी ।
थारी–भोजन करबाक कांस्यादिपात्र ।
थारू–जातिविशेष ।
थाल–कर्दम, कीच ।
थाल-खीच–कर्दमादि ।
थाला–आलवाल १। पुष्पादिक बीजवपन २। लगबाक हेतु वृक्षक गाड़ल खुट्टी ३ ।
थाह–तलस्पर्शयोग्य (जलाशय) ।
थाह पाएब–क्रि० पब्+अब–तलस्पर्श करब ।
थाहब–क्रि० थाह्+अब तलस्पर्शयोग्यताक परीक्षा करब ।
थिति–अवस्था, स्थिति १। सम्पत्ति २ ।
थितिगर–विभवशाली ।
थिर–स्थिर ।
थिराएब–क्रि० थिर्+अब - मालक आर्तवप्राप्ति ।
थीर–स्थिर ।
थुकरब–क्रि० थूत्करण, मुखस्थ वस्तुक वेगपूर्वक उद्गिरण ।
थुकहा–तृणविशेष ।
थुक्कम-थुक्का / **थुक्कम-फड़ैती** –निघृष्ट कलह ।
थुथनाएब–ना० थुथनब्+अब–थुथूनसँ आघात देब ।
थुथुन / **थुथून** –पशुक मुखाग्रभाग ।
थुमहा–कृत्रिम मृत्पिण्डविशेष ।
थुलथुल–अधिक स्थूल ।
थूक–मुखोत्पन्न जल ।
थूकब–क्रि० थुक्+अब–थूक फेकब ।
थूरब–क्रि० थुर्+अब–स्थूलयष्टिमुखसँ चूरब ।
थेथर–दुर्निवार अनेक निवारणहु नहि माननिहार (निन्दामे) ।
थेथरिऔ देब–क्रि० निराकरणहु वारंवार याचनादि ।
थेहगर–अक्षमताशून्य ।
थैली–रुपैआप्रभृति रखबाक जाली ।
थोड़–अल्प ।
थोड़बए–अ० अल्पे ।
थोड़बओ–अ० अल्पो ।

थोड़ेक–अल्प ।
थोथरब–क्रि० उत्पीड़नजनक दुलार करब १। तीक्ष्ण अग्रक मूर्च्छित होएब २ । मूर्च्छित करब ३ ।
थोप-थाप लगाएब–क्रि० लगब्+अब–कोनहुना कलहादिक तात्कालिक निवृत्ति करब ।
थोपब–क्रि० कार्य समर्पित करब १। आच्छादित करब २ ।
थोपी–फुदनाबाला खोपाक डोरि ।
थोपी ममरखा–पानिक कातमे होनिहार चौपतिआक जड़ि, ममरखाक प्रभेद ।
थोभ–स्तोभ, समता, जलक गतिनिवृत्ति।
थोभ लागब–क्रि० लग् + अब–जलद्वयसमताप्रयुक्त प्रवाहहीन होएब ।
थोम-थाम लगाएब–क्रि० थोप-थाप लगाएब, कलहादिक तात्कालिक कथंचित् शान्ति करब ।
थोर–थोड़, अल्प ।
थौआ–थउआ, संचूर्णित ।
थौका–फलविशेष ।

द

दए–अ० दय, प्रसङ्गे, मादए ।
दओन–करीनक कृत्रिम पनिबह ।
दओना–पुष्पविशेष ।
दओनाकदम्ब–कदम्बपुष्पविशेष ।
दक–तेजाब आदि तीव्र वस्तुक दाप ।
दकचब–क्रि० अनेक ठाम छओ देब १। वृथा लिखब २ ।
दक्षिण–सं० अवाची दिश ।
दक्षिणा–सं० कर्मप्रतिष्ठार्थ उत्सृष्ट ।
दक्षिणी अड़ाँची–गुजराती एला, छोटी लाँयची हि० ।
दक्षिणी सुपारी–पूगीविशेष ।
दगदग–हृदयक कम्प ।
दगदगाएब–क्रि० दगदग्+अब–छातीक कम्पन ।
दगदगी–हृदयकम्प ।
दगध–दग्ध ।
दगधब–क्रि० व्याकुलीभाव ।
दगधल–व्याकुल (मन आदि) ।
दगनी–बाछा दगबाक लौहनिर्मित अङ्कुश ।
दग्ध–सं० जरल ।
दङ्ग–वि० दिक्क, चिन्ताऽकुल ।
दच्छिन–दक्षिण दिक् १। दक्षिण देश २ ।
दच्छिन भर–दक्षिण दिशा ।
दछिनबरिआ–दक्षिणदिगवस्थित प्रभेदक (गृहक्षेत्रादि) ।
दछिनबारि–दक्षिण दिशामे स्थित (गृहादि)।
दछिनहा–दक्षिणदेशभव (अनादरमे) ।
दछिना–दक्षिणा ।
दछिनाहा–दछिनहा ।
दछिनाहुत–समीप दक्षिणस्थित ।
दछिनी अँडाची–उपकुञ्चिका, एला, छोटकी अँड़ाची ।
दड़रब–क्रि० चकरीसँ दलिहनकेँ विदलित करब ।
दड़ारि–दीर्घ फाट ।
दड़िमी–धान्यविशेष १। कोषरहित आमक (आमिल) २ ।
दण्ड–सं० सजाए १। ठेँगा २। व्यायामविशेष

३ । कालक परिमाणविशेष, २४ मिनट ४ ।

दण्डताल–वद्यविशेष ।

दण्डपरनाम } –दण्डवत् पतनपूर्वक
दण्डप्रणाम } प्रणाम ।

दण्डपरनाम देब } –क्रि० घरसँ आरम्भ
दण्डप्रणाम देब } कए देवालयपर्यन्त बराबरि दण्डप्रणाम करैत जाएब ।

दण्डी–तराजूक दण्ड १ । सं० संन्यासी २।

दण्डीतराजू–तारात्रितयविशेष ।

दँतकड़रि–दाँत कड़कड़ओनिहार ।

दँतखिसोट–बहुत पातर असन्नद्ध (कपड़ा)।

दँतगर–उ० बलिष्ठ दाँतसँ युक्त ।

दँतबेथा–दन्तव्यथा, दाँतक दर्द ।

दँतमनि–दन्तधावन, दन्तकाष्ठ ।

दँतमनि करब–क्रि० दन्तमार्जन, दँतमनिसँ दाँत साफ करब ।

दँतारि–दन्तव्यथा, दाँतक दर्द ।

दँतिआएब–ना० दँति+अब-दैन्यसँ दाँत देखाएब ।

दँतुल–दन्तुल, पैघ दाँतबाला (मनुष्य) ।

दँतुलाह–उ० किञ्चित् दन्तुल ।

ददरी–डाहल शुक्तिकादि ।

दन–जलमार्ग, दओन १ । अ० विशेषरूपेँ अज्ञायमान, चित् सं० कश्चित् [यथा केदन, ककरादन, कोनादन]।

दनदनाएब–क्रि० दनदन्+अब-दनदन शब्द करब १। सस्फूर्ति रहब २ ।

दनफन–रगड़-झगड़ ।

दनादन–बन्दूक आदि शस्त्रध्वनिक अनुकरण १ । अ० झटझट २ ।

दनासी–कचिआ हाँसूक दाँत ।

दनूफ–द्रोणपुष्प ।

दनौरी–पोस्ता दानाक वटी, व्यञ्जनविशेष।

दन्तकथा–पुस्तकमे अलिखित कथानक ।

दन्तभर–स्वारस्य ।

दन्तार–पु० दाँतबाला (हाथी) ।

दन्ति–कौड़ीक सोड़हम अंश ।

दपटब–क्रि० दबाड़ब, वाचा तर्जन ।

दपाएब–क्रि० दपब्+अब-अपहरणक हेतु मन करब १ । दर्प करब २ ।

दफदर–वि० बहीआदिक मोटा ।

दफदरी–दफदर बनओनिहार वा रखनिहार।

दफादार } –वि० कोतबाल सभक
दफेदार } सरदार ।

दबओट–दाब, दबाएब, प्रतिरोध ।

दबकब–क्रि० प्रच्छन्न होएब १ । सङ्कुचित होएब २ ।

दबब–क्रि० नीच होएब, हारब, न्यून होएब १ । प्रच्छन्न होएब २ ।

दबाओट–प्रतिरोध ।

दबाड़–वाक्तर्जन ।

दबाड़ब–क्रि० दबाड़+अब-वाचा गञ्जन करब ।

दबिला–बाँस काठ कटबाक काता, अस्त्रविशेष ।

दम–वि० शक्ति, बल १। प्राण, श्वास २।

दमक–दमस, शब्दविशेष ।

दमकब–क्रि० दमसब, मेघादिक शब्द ।

दमन्ढ़ढ़ू } –दाम टुटि गेलापर नहि
दमकढ़ू } बिकाएल (माल) ।

दमकल } –पानि पटएबाक
दमकला } यन्त्रविशेष ।
दमकाला }

दमगर–अधिक दामक, मूल्यवान् १ । अधिक दम्मक, बलवान् २ । अधिक भारी ३ ।

दमड़ी–कञ्चाक चतुर्थांश ।

दमस–मेघ आदिक शब्द ।

दमसब–क्रि० मेघादिक शब्द करब ।

दमाइनि–खाद्य कन्दविशेष ।

दमाएब–ना० दमब्+अब-दाम लगाएब, मूल्यनिर्णय करब ।

दमपोख्त–वि० एक प्रकारक तीमन ।

दम्पोसिआ–दाम कए पोसबाक हेतु देल (माल) ।

दय–अ० हेतु, प्रसङ्ग [यथा राम दय कहल, अर्थात् रामक प्रसङ्ग कहल] ।

दया–सं० कृपा ।

दयाद–देआद, दायाद सं० ।

दयादिनी–स्त्री० स्वामीक भ्राताक पत्नी ।

दर–भाओ, विक्रयमूल्य ।

दरक–विदीर्णता, फाट ।

दरकब–क्रि० विदीर्ण होएब ।

दरखास्त–वि० निवेदनपत्र ।

दरजिआही–दरजीक टोल ।

दरजी–वस्त्र सिउनिहार म्लेच्छ जातिविशेष ।

दरड़ब–क्रि० दलिहनकेँ चकरीसँ विदलित करब ।

दर-दरबार–खुसामदीप्रभृति ।

दर-दरमाहा–मासिकवेतनप्रभृति ।

दरदराएब–क्रि० दरदरब्+अब-दरदर-शब्दपूर्वक भक्षण । [यथा माल नार दरदरबैत अछि]

दरब–द्रव्य, कांस्यादि धातु ।

दरबाजा–वि० घरक अग्रिम सहन ।

दरबार–वि० सुसज्जित स्थानमे राजदर्शन, राजसभा ।

दरबारी–वि० राजानुग्रहपात्र, अधिक काल राजाक समीप गेनिहार ।

दरमाहा–वि० मासिक वेतन ।

दरस–दर्शन १ । धान्यविशेष २ ।

दरसनी–दर्शनोत्तर देय फलद्रव्यादि ।

दरसा–मत्स्यविशेष ।

दरसूदि–वि० सूदिक सूदि ।

दरही–मत्स्यविशेष ।

दराड़ि–भूतलक स्फोट ।

दराध–सर्पविशेष ।

दराधिनी–एक जड़ी, मूर्वा सं० जकर गुणसँ मौर्वी बनेत अछि ।

दरिआओ–वि० पैघ गर्त्त ।

दरिद्र–सं० निःस्व, गरीब ।

दरी–सतरञ्जी, आस्तरणविशेष ।

दरेराह–वि० सकलसाधारण रास्ता, जाहि देने अधिककाल लोक चलैत हो।

दरोगा–एक राजकर्मचारी १ । कार्य करएबामे नियुक्त २ ।

दर्प–सं० गर्व ।

दर्शन–सं० देखब ।

दर्शनी–दर्शनोत्तर चढ़ौआ ।

दल–झुण्ड १ । तुलसीक पात २ । बाँसक गादि ३ ।

दलकब–क्रि० डोलब, उपरनीचाँ कम्पन।

दलगर–अधिक गादिसँ युक्त (बांस)।
दलदल–पादादिक आघातसँ नीचाँ-उपर होएनिहार (भूमि)।
दलदलाएब–क्रि० दलदल्+अब-पादादिक आघातसँ डोलब।
दलदली–पादादिक आघातसँ डोलब।
दलपर्दा–वि० वस्त्रक आवरण १। धोखा देब २।
दलमल–आन्दोलित।
दलमलाएब–क्रि० दलमल्+अब-दलदलाएब।
दलमलित–आन्दोलित।
दलमली–आन्दोलन।
दलान–वि० चतुःशालसँ वहिर्भूत बैसबाक घर, बहरघरा।
दलाल–वि० क्रयविक्रय करओनिहार तदुपजीवी।
दलाली–दलालक क्रिया वा वेतन।
दलिपिट्ठी–कृतान्नविशेष।
दलिपुरी–दालिक फूँटिदए बनाओल पूरी।
दलिभिस्त–मिष्टान्नविशेष।
दलिसगा–दालि ओ साग एकत्र रान्हल।
दलिहन–दालिबाला अन्न (राहड़ि आदि)।
दल्लू–बानरक सरदार, बानरी सेनाक अधिपति।
दश–सं० दस, दशसंख्यापरिमित।
दशम–सं० दशक पूरण।
दशमी–सं० दशम तिथि १। आश्विनक नवरात्र २।
दशहरा–सं० ज्यैष्ठ शुक्ल दशमी।
दशा–सं० अवस्था।
दशावतार–सं० मत्स्यादि दस अवतार।
दशाह–सं० मरणाशौचक दस दिन।
दस–दश, १०, १। पचेसीमे सभ पट एक चित्त कौड़ी २।
दसखत–वि० हस्ताक्षर।
दसगजा–दस गजक (धोती आदि)।
दसगर–नीक शारीरक स्थिति बाला (व्यक्ति)।
दसड्डी–पचेसीमे पबहारिसँ दशम घर।
दसम–दशम।
दसा–दशा, अवस्था।
दसाही–दशदिनोत्तर श्राद्ध।
दसोत–विवाहमे दस सधवासँ निष्पाद्य तान्त्रिक क्रिया।
दसौन्ही–भाट, वन्दी।
दस्त–वि० पुरीषोत्सर्ग।
दस्तगर्दा–वि० हथपैँच।
दस्ताना–वि० प्रत्येक अँगुरीमे पहिरबाक हस्ताकार वस्त्रविशेष।
दस्तावेज–वि० प्रमाणपत्रविशेष।
दस्ती–वि० कलमदान।
दस्तूर–वि० चालि, स्वभाव, सरह।
दस्तूरी–वि० कार्य कएनिहारसँ कार्य करओनिहारक नियत आदेय।
दस्सी–सूताक भीँड़ी।
दह–ह्रद १। पुरैनि २।
दहकब–क्रि० किञ्चित् जरब।
दहलब–क्रि० अनिष्टचिन्ता, अधीर होएब।
दहार (ड़)–जलाप्लावनसँ आक्रान्त।
दहिगन–पक्षिविशेष १। क्षुपविशेष २।
दहिन–दक्षिण।
दहिबाड़ा–मिष्टान्नविशेष।

दही–दधि।
दहेज–जौतुक।
दहोदिस / दहोदिसा–दसो दिस, समन्तात्।
दहोदिसिआ–दुनू पक्षक अनुगामी (व्यक्ति)।
दहोबहो–अ० धाराप्रवाह रूपेँ (नोर खसब)।
दाइ–स्त्री० स्त्रीक उपाधि, देवी।
दाउन / दाउनि–मेधिमे अनेक वृषभ जोड़ि धान्याद्युपमर्दनार्थ घुमाएब।
दाउनि (न) चढ़ाएब–क्रि० दाउनिमे वृषभयोजना।
दाओ–अलगचित आदि मल्ल क्रिया १। अवसर २।
दाख–द्राक्षा।
दाखिल–वि० समर्पित।
दाग–वि० चिह्न, कालिमादिसम्बन्ध।
दाड़िम–सं० अनार हिन्दी।
दाढ़–सं० दंशस्थान १। पैघ दाढ़ी २।
दाढ़ी–चिबुक, मुहक निचला उच्च अङ्ग १। चिबुकमे जनमल केश २।
दाँत–दन्त।
दाँत कीचब–क्रि० क्रोध ओ कार्पण्यक द्योतक दनतप्रकाशन।
दाँत खिसटब / दाँत सिखोटब / दाँत निपोड़ब–क्रि० दैन्यसूचक दन्तप्रकाशन।
दाँतब–ना० दँत्+अब-मालक दाँतसँ युक्त होएब।
दाँतमनि–दन्तकाष्ठ।
दाता–सं० दानी।
दाँती–रोगतः दाँतपर दाँत जोरसँ बैसब, हनुस्तम्भ।
दाँती लागब–क्रि० रोगवश दाँतपर दाँत बैसब।
दाँतुल–दन्तुल।
दादा–पितृव्यादि गुरुजन।
दादी–पितृयादि गुरुजनपत्नी।
दादु(रु)हरद्दि–दारुहरिद्रा, वृक्षविशेष।
दान–सं० देब।
दाना–हाथी आदि पशुपक्षीक भक्ष्य धान्यादि १। प्रत्येक अन्न २।
दाप–धोंक, दाब, दूरसँ तीव्र तेजःसम्बन्ध।
दाब–अवरोध, आक्रमण।
दाबब–क्रि० दब्+अब-भाराक्रान्त करब, उपरसँ आक्रमण।
दाबा–पाएरसँ दाबि-दाबि बनाओल भित्ति जाहिपर टाट रहए वा जे ओसाराक अग्रभाग हो।
दाबा बान्हब–क्रि० बन्हू+अब-खेतमे धसना बचएबाक हेतु दाबा देब।
दाबि–वंशकाष्ठनिर्मित दर्वी।
दाबिल–ओषधिविशेष।
दाबी–वि० आदेयकथन १। अभिमान २।
दाम–मूल्य।
दाम तोड़ब–क्रि० मूल्यनिर्णय करब।
दामस–शीतलासम्बन्धी रोगविशेष।
दारु–धोती खिचब प्रभृतिक हेतु स्थापित काष्ठ।
दारुहरदि–दारु-हरिद्रा।
दारू–मद्य।
दालि–दड़रल दलिहन, विदलित द्विदल अन्न।

दालिचीनी त्वक्, एक प्रकारक वृक्षक त्वचा ।
दालिपाक–कृतान्नविशेष ।
दास–सं० सेवक ।
दासिनी–स्त्री० संन्यासिनी ।
दाह–मृतकसंस्कार ।
दाहा–तास प्रभृतिक दशम फर्द १ । मुसलमानक तजिआ २ ।
दाही–धान्यादिनाशक जलाधिक्य ।
दिअठि–दीप रखबाक काष्ठादिरचित पात्र ।
दिअर } –नदीक बीचमे जलसँ
दिअरि } जागल भूमि, द्वीप ।
दिआ–दीप १ । अ० द्वारा २ ।
दिआबाती–दीपावली, सुखरात्रिक दीपोत्सव ।
दिक्–वि० तङ्क, व्याकुल ।
दिक्साधन–दिशाज्ञानक यन्त्र ।
दिगर–वि० अन्य, उदासीन ।
दिघोंच–जलीय पक्षिविशेष ।
दिन–सं० वासर ।
दिनगर–अधिक दिन ।
दिनजौड़–समयपर नहि खएनिहार ।
दिन-दुपहर–अ० दिनक दोपहरिआ ।
दिन-देखार–अ० दिनक प्रकाशमे ।
दिन-बेकाल–अधलाह दिन ।
दिनाए–दद्रु ।
दिनुक } –दिनमे भेल ।
दिनुका }
दिनेक–अ० कोनो दिन ।
दिब–दिव्य, सुन्दर ।
दिबड़खौकू–जकरा यत्किञ्चित् भागमे दिबाड़ खएने रहए ।
दिबड़ाक भीड़–बल्मीक ।
दिबड़ाह–दिबाड़क सम्बन्धबाला ।
दिबाड़–कीटविशेष ।
दिबाड़ी–माटिक छोट दीप ।
दिबाल–इष्टकाभित्ति ।
दिलजमइ (मै)–वि० विश्वास ।
दिलमोटाओ–वि० वैमनस्य ।
दीअठि–दीप रखबाक काष्ठादि-रचित पात्र ।
दीअर } –नदीक बीचमे जलत्यक्त
दीअरि } भूमि, द्वीप ।
दीआ–दीप ।
दीआबाती–सुखरात्रिक दीपाबली ।
दीठि–दृष्टि ।
दीप–सं० दीपपात्र ।
दीपझाड़–शोभार्थ दीपवृक्ष ।
दीपदान } –दीपाधारपात्र ।
दीपदानी }
दीबान–वि० लेखमे नियुक्त राजपुरुष ।
दीर्घसूत्री–सं० चिरकारी ।
दुइ–दू, द्विसंख्यक २ ।
दुख } –दुःख १ । रोग २ ।
दुःख }
दुखनामा–दुःखवार्ता कहब ।
दुख-बेकाल–दुःखकृत वैकल्य ।
दुखाएब–ना० दुख्+अब-दुख (पीड़ा) सँ युक्त होएब ।
दुखित } –दुःखसँ युक्त १। रोगयुक्त २।
दुःखित }
दुखिताह–उ० किञ्चित् रोगयुक्त ।
दुखी–दुःखयुक्त ।
दुग्गी–तास आदिक दोसर फर्द ।

दुतिआ } –द्वितीया, दोसर तिथि ।
दुतीआ }
दुद्धा दाँत–शिशुक प्रथमोत्पन्न दाँत ।
दुद्धी–वृक्षविशेष १ । धान्यविशेष २ । भोस केराक प्रभेद ३ ।
दुधगरि–स्त्री० अधिक दूध देनिहारि ।
दुधपीबा–दूध पिउनिहार (शिशु) १ । शिशुकेँ दूध पिअएबाक पात्रविशेष २ ।
दुधभरा–दूधसँ भरल (धान्यादि) ।
दुधमुँगर–फलविशेष ।
दुधमुह–शिशु, स्तनन्धय ।
दुधबार–जातिविशेष ।
दुधिआ–शाकविशेष ।
दुन्ना–द्विगुण ।
दुपत्ता–दू पातसँ युक्त ।
दुबर–उ० दुब्बर, दुर्बल । स्त्री दुबरि ।
दुबराएब–ना० दुबर्+अब-दुबर (दुर्बल) होएब, देहेँ कृश होएब ।
दुब्बर–उ० दुर्बल । स्त्री दुब्बरि ।
दुम्मा–पर्वतीय मेषविशेष ।
दुरगमनिआ–द्विरागमनसम्बन्धी (वस्तुजात) ।
दुरछी–अ० धिक्कार ।
दुरदुट–दुर्द्रुट, दुर्मुखं, अधलाह कथा बजनिहार ।
दुरागमन–द्विरागमन ।
दुराहु–किछु दूर ।
दुरि करब–क्रि० अनुपयुक्त करब, नष्ट करब, बिगाड़ब ।
दुरि जाएब } –क्रि० अनुपयुक्त होएब,
दुरि होएब } नष्ट होएब, बिगड़ब ।
दुरुस्त–वि० प्रस्तुत, सज्ज, सर्वाङ्गपूर्ण ।
दुरुस्ती–सज्जीकरण ।
दुर्गति–सं० कष्टक अवस्था ।
दुर्गा–सं० देवताविशेष ।
दुर्निवार–सं० जकर निवारण नहि कएल हो ।
दुर्भगा–सं० स्त्री० विधवा ।
दुर्भिक्ष–सं० रौदी आदिसँ अन्नक अभाव।
दुर्मति–सं० अधलाह बुद्धि ।
दुलकब–क्रि० किञ्चित् उपर-नीचां डोलब, कम्प ।
दुलहा–पुं० वर ।
दुलहिनि–स्त्री० नवविवाहिता वधू ।
दुलार–लालन ।
दुलारा–ओषधिविशेष ।
दुलारू–दुलारसँ पालित ।
दुल्लह–हि० वर ।
दुष्ट–सं० खल १ । शत्रु २ ।
दुसब–क्रि० दूषण, दोषक उल्लेख करब।
दुसाध–उ० चाण्डाल जातिविशेष । स्त्री० दुसाधिनी ।
दुसाधी–दुसाधक वृत्ति (चोरि) ।
दुहब–क्रि० दोहन ।
दू–द्विसंख्यक ।
दूआ–क्रिड़ामे दूसंख्याबाला (तास आदि) ।
दूध–दुग्ध ।
दूधा दाँत–शिशुक प्रथमोत्पन्न दाँत ।
दूबर–द्विगुण १ । कृश २ ।
दूबि–दूर्वा, तृणविशेष ।
दूर–सं० विप्रकृष्ट ।
दूरि करब–क्रि० नष्ट करब, बिगाड़ब ।

दूरि जाएब / **दूरि होएब** –क्रि० नष्ट होएब, बिगड़ब ।

दूर्वाक्षत–सं० आशीर्वादार्थ दूबि ओ अक्षत ।

दूसब–क्रि० दुस्+अब–दूषण, दोषक उल्लेख ।

दूहब–क्रि० दुह्+अब–दोहन, गाए आदिक स्तनसँ दूध बहार करब, चुटकीसँ पुन:पुन: नि:सारण ।

देआएब–क्रि० दू+ अब्+अब–दापन, दान कराएब ।

देआद–दायाद ।

देआदिनी–स्त्री० पतिक भ्रातृ-पत्नी ।

देओर–पुं० देवर, पतिक छोट भाए ।

देखनुक–दर्शनीय, रमणीय ।

देखब–क्रि० दर्शन ।

देखसी / **देखाँउस** – देखलासँ उत्पन्न अनुकरणक इच्छा ।

देखादेखी–पारस्परिक दर्शनजन्य प्रवृत्ति।

देखार–दृश्य, अनावृत, प्रत्यक्ष ।

देन–दातव्य ।

देने–अ० स्पर्श करैत [यथा, काशी देने प्रयाग गेलाह] बाटेँ, [यथा, एम्हर देने चलू] ।

देब–क्रि० द्+अब–दान ।

देबडधड़–आकाशमे मार्गाकार सूक्ष्मतारा समूह ।

देवता–सं० स्वर्गवासी इन्द्रादि ।

देबतासारि–धान्यविशेष ।

देवदारु–सं० वृक्षविशेष ।

देवनागर–देवाक्षर ।

देवालय–सं० देवताक स्थान ।

देवी–स्त्री० स्त्रीदेवता ।

देरी–वि० विलम्ब ।

देश–सं० प्रान्त ।

देशी–स्वदेशसम्बन्धी ।

देसकोस–प्रान्त ।

देसरिआ–धान्यविशेष ।

देसाँतर–देशान्तर, अन्य देश ।

देसिला–स्वदेशमे उत्पन्न ।

देह–सं० शरीर ।

देहगर–उ० पैघ देहसँ युक्त । स्त्री देहगरि ।

देहफुल्ली–देहक फुलब ।

देहरि–देहली, द्वारकाष्ठ ।

देहात–नगरसँ भिन्न जनस्थान ।

देहाती–नगरसँ भिन्न स्थानमे रहनिहार १ । देहातसम्बन्धी २ ।

देहादेही–अ० यावज्जीवन, डिला डिली ।

देही–व्यावहारिक, खिजमती (वस्त्रादि) ।

दैव–स० अदृष्ट, पूर्वजन्मार्जित धर्माधर्म।

दैवी–दैवकृत ।

दोअन्नी–दुइ आनाक मुद्राविशेष ।

दोअम्मा–एक डँटकीमे फड़ल दूआम ।

दोआति–वि० मोसिआनी, मसीपात्र ।

दोआदसी–द्वादशी तिथि ।

दोआरा–द्वारा ।

दोआरि–द्वार ।

दोआरेँ–अ० (निन्दामे) हेतुएँ ।

दोआली–बेरमा घुमएबाक यन्त्रविशेष ।

दोएम–मध्यम श्रेणीक ।

दोकठ / **दोकठी** –दू काठक अभ्यन्तर ।

दोकड़ा–पाइक चतुर्थांश ।

दोकन्धा / **दोकन्हरा** –दू डारिक सन्धिस्थान ।

दोकमिआँ–दुइ कामिसँ युक्त भोंकबाक अस्त्र ।

दोकान–विक्रयालय ।

दोकानदार–वणिक्, दोकान कएनिहार ।

दोकानदारी–वाणिज्य ।

दोकिस्त–वि०अ० दुइ बेरि कए देय ।

दोखड़ब–क्रि० बहुत मोट-मोट पीसब ।

दोखड़ा–मोट-मोट (बालि आदि) ।

दोखाह–उ० दोषयुक्त । स्त्री दोखाहि ।

दोग–दुइ वस्तुक मध्यस्थ अवकाश ।

दोगमिआ / **दोगामी** –अगिला पुस्ति पर्यन्त ।

दोगासी–दोग ।

दोगोला / **दोगोली** –मतभेदेँ भेल दू दल ।

दोचारा / **दोचारी** –दू चारबाला (घर) ।

दोचोपा–दू चोपबाला (तम्बूक) ।

दोछब्बी–अ० दू छओ कए ।

दोजनिआ–दू व्यक्तिक उपयोग योग्य ।

दोटप–तम्बूविशेष ।

दोटप्पी–अ० बहुत थोड़ काल ।

दोठठ–दोहराएकेँ ठाठब, दोहरौनी ।

दोतर–पचेसी खेड़िक से गोटी जे दू खुदरामे लाल हो ।

दोदाउन / **दोदाउनि** –दू कड़ामसँ दाउनि ।

दोनबार–उ० जातिविशेष ।

दोना–पत्ररचित पुटक १। पुष्पविशेष २ ।

दोनाइ–बीस पर्यन्त अङ्ककेँ दस पर्यन्त अङ्कसँ गुणनाक पाठ ।

दोना कदम्ब–पुष्पविशेष ।

दोपटा / **दोपट्टा** –दू पाटसँ युक्त ओढ़बाक वस्त्रविशेष ।

दोपढ़िआ–दू पाढ़िसँ युक्त (साड़ी आदि)।

दोपत्ता / **दोपत्ती** –दू पातसँ युक्त ।

दोपहरबा–मध्यरात्रमे उगनिहार एक तारा।

दोपहरि / **दोपहरिआ** –मध्याह्न ।

दोफक्का–दुइ फाँक कएल ।

दोफसिला–वि० दू फसिल जाहिमे उपजए से (खेत) ।

दोफाँक–दू फाँक भेल ।

दोबगली–वि० अ० दुनू कातमे ।

दोबट्टी–से बाट जतएसँ दुइ दिस बाट गेल हो ।

दोबर–द्विगुण ।

दोबरखा–दुइ वर्षक ।

दोबराएब–ना० वस्त्रादिक द्विरावृत्त करब ।

दोबिधा–विधाद्वय, संशय ।

दोम–आन्दोलन ।

दोमञ्जिला–वि० दू महलबाला (कोठा)।

दोमब–क्रि० आन्दोलित करब ।

दोमस–अ० दोसर हेतु ।

दोमसिआ–दू मासक जनमल (नेना) ।

दोमहला–दू महलबाला (कोठा) ।

दोमाँगि / **दोमाङि** –दू सीमापर स्थित स्थान ।

दोमोनी–दू मोनक (नपना वा बटिखारा)।

दोयम–मध्यम श्रेणीक ।

दोरब्बी–दोबर राबाबाला (भूषणविशेष)।

दोरस / **दोरसि** –जाहिमे किछु बाल ओ किछु चिक्कन माटि दुनू मिलल हो से (भूमि) ।

दोलँग, **दोलँगी**, **दोलङ**, **दोलङी** –धान्यविशेष ।

दोलाइ–अल्प तूरसँ भरल ओढ़ना ।

दोलू–वि० गजीफामे एक फर्द राखि अगिला हुक्कुम फर्द ।

दोलेब–दोसर खेपक लेबब ।

दोलें–ऐकारक मात्रा (ै) ।

दोष–सं० अपराध, दूषण ।

दोष देब, **दोष लगाएब** –क्रि० दोषक आरोप करब, दोष कहब ।

दोषभागी–सं० दोषक आश्रय ।

दोषी–सं० दोषयुक्त ।

दोसज्झा, **दोसज्झी** –दुइ व्यक्तिक सम्मिलित (धन) ।

दोसर–द्वितीय ।

दोसराइत, **दोसराति** –द्वितीय सहायक ।

दोसरासाँझ–पहिल सन्ध्याक बाद झलफल समय ।

दोसह, **दोसहा** –सतरञ्जमे तेहन स्थानसँ लगाओल सह जाहि सँ दोसरो गोटी बीन्हल जाइत हो । एक गोटीक दू गोटी पर साम्मुख्य।

दोसंझी–अ० दुनू साँझमे ।

दोसाहा–दोसह ।

दोसीरा–वि० मालिक ओ रैअति दुनूक अंशबाला (वृक्षादि) ।

दोसेरा, **दोसेरी** –दू सेरक बटिखारा वा नपना ।

दोस्त–वि० मित्र ।

दोस्ती–वि० मित्रता ।

दोहठ–एक व्यक्तिक दू ठाम बास ।

दोहन–मिश्रित दू अन्न ।

दोहमति–वि० मिथ्या दोषारोपण ।

दोहराएब–क्रि० दोहर्+अब–पुनः होएब।

दोहराएब–क्रि० दोहरब्+अब–पुनः करब।

दोहरि–दोलाइ, अल्प तूरबाला ओढ़ना ।

दोहरौनी–दोहराएब ।

दोहसाएब–क्रि० दोहसब्+अब–एके बातक प्रसङ्ग दुइ बेरि टोकब ।

दोहा–शपथ १ । छन्दोविशेष २ ।

दोहाइ–दीनवात्सल्य ।

दोहाइ देब–क्रि० 'दोहाइ' शब्द कहि दैन्य प्रकाश करब ।

दोहारा–दुइ तहसँ युक्त (अङ्का, फूल इत्यादि) ।

दोहारि–दोआरि, द्वार ।

दौगब–क्रि० दौड़ब, धावन ।

दौड़–धावन ।

दौड़धूप–इतस्ततः अधिक धावनादि ।

दौड़ब–क्रि० दौगब, तीव्र गतिसँ चलब, धावन ।

दौड़ब-धूपब–क्रि० धावन-कूर्दनादि क्रिया ।

दौड़बरहा–वारंवार दौड़ब ।

दौहित्र–उ० दुहिताक पुमपत्य ।

दोहित्री–स्त्री० दुहिताक स्त्री अपत्य ।

द्वादशी–सं० बारहम तिथि ।

द्वारि–गृहप्रवेशमार्ग ।

द्वारि छेकाओन–वर-कन्याक द्वारि छेकबाक पारितोषिक ।

द्वितीया–सं० दोसर तिथि ।

द्रव्य–धातु १ । रुपैआ कञ्चाप्रभृति २ ।

ध

धओन–नीहार, कुहेस ।

धओना–गर्दनिक धारिणी शिरा ।

धओना खसब–क्रि० गर्दनिक धारिणी शिराक पतन ।

धकधकाएब–क्रि० धकधक्+अब–जोरसँ वारंवार हृदय कापब ।

धकरी–तृणविशेष ।

धकिआएब–ना० धकिअब्+अब–धक्का देब ।

धकेलब–क्रि० जोरसँ धक्का देब ।

धक्कमधक्का, **धक्कमधुक्का** –अनेक व्यक्तिक पारस्परिक धक्का ।

धक्का–आघात, अनका ठेलब ।

धक्का देब–क्रि० लोककें ठेलब ।

धखछुट्टू–जकरा धाख छूटि गेल छैक से।

धखाएब–क्रि० धख्+अब–धाखसँ युक्त होएब ।

धछेक–किञ्चित शेष (दिन) ।

धड़धड़–वारंवार (हृदयक) कम्पन १ । अ० शीघ्रतापूर्वक २ ।

धड़धड़ाएब–क्रि० धड़धड्+अब–वारंवार (हृदय) कम्पित होएब १ । धड़धड़ शब्द करब २ ।

धड़धड़ी–हृत्कम्प ।

धड़फड़–अ० शीघ्रतापूर्वक ।

धड़फड़ाएब–क्रि० धड़फड्+अब–शीघ्रता जन्य चञ्चलतासँ युक्त होएब ।

धड़फड़ी–शीघ्रता ।

धड़हर–अत्युच्च प्रचीन डीह ।

धड़हेर–मध्यमे आबि युद्धक निरोध ।

धड़हेरिआ–धड़हेर कएनिहार ।

धड़ाक–बन्दूक आदिक शब्दक अनुकरण।

धढ़ेर–धड़हेर, मारि झगड़ाक मध्यमे आबि निरोध ।

धतपत–अ० कनेक, पूर्ण रूपें नहिं ।

धधकब–क्रि० धधरासँ युक्त होएब, प्रज्वलित होएब ।

धधरा–अग्निशिखा ।

धन–सं० वित्त ।

धनकटनी–धानक काटब ।

धनकट्टा–धान कटनिहार १ । जाहिसँ धान काटल जाए से (हाँसू) २ ।

धनखेती–धानक खेत ।

धनगर–अधिक धानसँ युक्त १ । अधिक धनसँ युक्त २ ।

धनचर–अनेक कार्यक युगपत् प्राप्ति ।

धनछ–पक्षिविशेष ।

धनछूहा–पक्षिविशेष ।

धनपनिआ–धान ओ धानक अनुसार पानि ।

धनपापड़–ओषधिविशेष, पर्पटी ।

धनबधा–धानक बाध ।

धनमन्त–उ० धनवान् । स्त्री धनमन्ति ।

धनमी–धनुष ।

धनरोपनी–धानक रोपब ।

धनस–पक्षिविशेष ।

धनसन–अ० उपेक्षाबुद्धि ।

धनसीस–मकैक उपरका सीस ।

धनहर–धान उपजएबाला (खेत) ।

धनहा–धानसँ युक्त (चूड़ा आदि) ।

धनिआँ–धान्यविशेष ।

धनिक–उ० सं० अधिक धनसँ युक्त । स्त्री० धनिकाइनि ।

धनिकठेँठ–अभिमानी धनिक ।
धनी–धन्नी, धान्यक सं० ।
धुनुकाइनि–स्त्री० धानुक जातिक स्त्री ।
धनुख–धनमी ।
धनेसरी–भालसरी १ । धान्यविशेष २ ।
धन्ध–द्वन्द्व, विस्मय, चिन्ता ।
धन्धा–चिन्ता १ । कार्य २ ।
धन्वन्तरि–आदिवैद्य १। ओषधिलता-विशेष २ ।
धपाड़ब } –क्रि० जलकेँ सञ्चालित
धपारब } कए तरङ्गित करब ।
धबब–क्रि० उजरी आदिक कनेक प्रकट होएब ।
धबाएब–क्रि० धबब्+अब-प्रच्छन्न भए चोरक प्रतीक्षा करब ।
धमक–मेघादिक गम्भीर घोष १ । धमधम पादादिशब्द २ ।
धमकब–क्रि० गम्भीर घोष करब १ । धम-धम शब्द करब २ ।
धमकी–धम-धम शब्द १। भयप्रदर्शन २।
धमगज (ज्ज) र–आस्मर्द ।
धर–हस्तधार्य आवरण-पट १। शरीरक मूड़ीसँ निचला भाग २ । पकड़ब ३ ।
धरकट–पुं० लोभातिशयेँ अपन अपमानक विचार नहि कएनिहार, निघृष्ट ।
धरखन–गृध्नुता ।
धरखनाह–उ० गृध्नुतायुक्त । स्त्री० धरखनाहि ।
धरछन–दू जनसँ माटि आदि उघबाक साधनविशेष ।
धरती–धरित्री, पृथ्वी ।
धरना–शरीरपातन, पृथिवीशयन, प्रायोपवेश ।
धरना देब–क्रि० कोनो कार्यक उद्देश्येँ पृथिवी-शयन, प्रायोपवेश करब ।
धरनि–बड़ेरीक भार थम्हनिहार गृहाङ्ग काष्ठविशेष ।
धरनिआ–धरना ।
धरपड़न–शरीर-पातन ।
धरब–क्रि० धारण १। स्थापन कड़ब २। दंशन ३ ।
धरम–धर्म ।
धरमदोष–धर्मदोष ।
धरहेर–मरतरिआक बीच आबि दुहू पक्षक लोककेँ हटाएब ।
धरहेरिआ–पुं० धरहेर कएनिहार ।
धरहोरि–जिम्मा राखल (वस्तु) ।
धरानी–कष्ट ।
धराह–उ० धरबाक स्वभावबाला (कुकुर आदि) । स्त्री० धराहि ।
धरि–पोखरिक चारू कातक जलसँ उपर भाग १ । अ० अवधि, पर्यन्त २ ।
धरिआ–कौपीन ।
धरिका–अमोटक लम्बाकार खण्ड ।
धरिकार–उ० जातिविशेष ।
धरी–धारा तौलल ।
धरोहर–न्यास, जिम्मा लगाओल (वस्तु)।
धर्म–सं० पुण्य ।
धर्मात्मा–सं० धार्मिक ।
धरोंहि–श्रेणी ।
धरोंहि लागब–क्रि० पंक्तिबद्ध होएब ।
धसना–जलादिमे धसल भूमिखण्ड ।
धसब–क्रि० भूमिक नीच होएब ।
धसमस–तारतम्य ।

धसमसाएब–क्रि० धसमस्+अब-तारतम्य करब ।
धसमसी–दोबिधा, तारतम्य ।
धाइँ–ओषधिविशेष ।
धाए–स्त्री० नेनाकेँ नित्य अपन दूध पिअओनिहारि माएसँ भिन्न, धात्री सं० ।
धाकर–बिना दागल साँढ़ ।
धाख–वि० संकोच, गुरुत्वबुद्धि या उचितो कहबामे भय ।
धाँगब–क्रि० धँग्+अब-चरणसँ आक्रमण करब ।
धाँगर–उ० जातिविशेष ।
धाङब–क्रि० धाङ्+अब-धाँगब ।
धाङर–जातिविशेष ।
धात्री–सं० अओरा ।
धाधर–अशुभ ।
धान–धान्य, अन्नविशेष, शालि सं० ।
धानी–पीत-हरित (रङ्ग) ।
धानुक–उ० शूद्रजातिविशेष ।
धाप–ओसारा १ । पैघ डेग २ ।
धाबा–धोषधिविशेष, धव सं० ।
धामन–सर्पविशेष ।
धामा–बाँसक पात्रविशेष ।
धामि–मन्त्र-यन्त्र जननिहार जातिविशेष ।
धाय–स्त्री० धाए, धात्री सं० ।
धार–खड्गादिक तीक्ष्ण भाग १ । नदी २ । धारब ३ ।
धार फुटब–क्रि० जलक धारा १ । अस्त्रक धार स्फुट होएब २ ।
धारब–क्रि० धार्+अब-अपरिशोधित ऋणक धारण करब १ । शुभप्रद होएब २ ।
धारा–दुइ पसेरीक परिमाण १ । सं० प्रवाह २ ।
धारी–पंक्ति ।
धाह ताप ।
धिआ–स्त्री० कन्या ।
धिआ-पूता–छओँड़ा-छओँड़ीसभ, छोट नेनासब ।
धिपब–क्रि० तप्त होएब ।
धिपल–तप्त ।
धिपलकोँढ़ि–अति आलसी ।
धिम्मर–उ० धीवर, जातिविशेष । स्त्री० धिम्मरि ।
धिरकार–धिक्कार ।
धिरकारब–ना० धिक्कार देब ।
धीआ–स्त्री० कन्या ।
धीआ-पूता–बालिकाबालकसमुदाय ।
धीपब–क्रि० धिप्+अब-तप्त होएब ।
धीमर–उ० जातिविशेष ।
धुँआएब–ना० धुँ+अब-धूआँसँ युक्त होएब ।
धुकधुक–मन्द-मन्द प्रज्वलन ।
धुकधुकाएब–क्रि० धुकधुक्+अब-मन्दमन्द प्रज्वलित होएब ।
धुकधुकी–भूषणविशेष १ । हृदयवातक गति २ । आतङ्क ३ ।
धुथहू–सीँगा, वाद्यविशेष ।
धुथुरमूहा–उ० अप्रसन्नमुख । स्त्री० धुथुरमूही ।
धुथूर–धत्तूर सं०, पुष्पविशेष ।
धुधुआएब–क्रि० धूधू+अब-धूधू शब्द करब ।

धुधुनमूह–उ० अप्रसन्नमुख । स्त्री० धुधुनमूहि ।
धुनब–क्रि० तूरक विश्लेषण करब ।
धुनि–ध्वनि १ । शीतज्वरक चरमावस्थाक ताप २ । चिन्ता ३ ।
धुनिआँ–तूर धुननिहार म्लेच्छजातिविशेष।
धुनी–बाबाजीक पैघ घूर ।
धुनेठ–तूर धुनबाक यन्त्र ।
धुपकाठी–धूपार्थ रचित शलाका ।
धुपछाँह–वस्त्रविशेष ।
धुपदानी–धूपक आधारपात्र ।
धुपब–क्रि० केरा आदिकेँ धूमसँ पक्व करब ।
धुपबत्ती–धुपकाठी ।
धुमन–सर्जनिर्यास, शालवृक्षक लस्सा ।
धुमनाइनि / **धुमनाह** –धुमनक सदृश गन्धबाला।
धुमस–अनेक बालकक कलहक्रीड़ा ।
धुमसाह / **धुमसिआ** –धूमस कएनिहार (नेना) ।
धुमसुर–आघात दए माटि बैसएबाक डण्टा लागल काष्ठखण्ड वा लौहपिण्ड।
धुमूह–उ० धूआँसन मुहबाला । स्त्री० धुमूही ।
धुरकिल्ली–धूरीमे पैसाओल जएबाक किल्ली ।
धुरखुड़ / **धुरखुर** –दोआरिक कातक भित्ति ।
धुरबन्हू–वलिक हेतु बान्हल (छागादि) ।
धुरिआएब–ना० धुरि+अब–धूरासँ युक्त करब ।
धुसब–क्रि० गञ्जन ।
धुसरी–धान्यविशेष १ । पुष्पविशेष २ ।
धूआँ–धूम ।
धूआँकस–धूआँ बहरएबाक कृत्रिम कोठाक अङ्ग ।
धूनब–क्रि० धुन्+अब–तांतिक ताड़नसँ तूरक विश्लेषण करब ।
धूनि–चिन्ता, भावना १ । शीतज्वरमे शीतावस्थानन्तर उत्तापावस्था २ ।
धूप–सं० सुगन्धित धूम ।
धूपब–क्रि० धुप्+अब–धूआँक गरमीसँ पक्व करब १ । धूपक सौरभसँ युक्त करब २ ।
धूमन–यक्षधूप, सालनिर्यास ।
धूमधाम–पैघ आयोजनक कोलाहल ।
धूम मचब–क्रि० पैघ आयोजनक कारण अधिक कोलाहल होएब ।
धूमा खेड़हा / **धूमा खेढ़ा** –धान्यविशेष ।
धूर–कट्ठाक बीसम अंश १ । सफटैतीमे उपजल हरक अंश ।
धूरा–धूलि ।
धूरा माटि–माटिक धूरासँ भेनिहार खेल।
धूरी–गाड़ीक पहिआक आधार लौहदण्ड, अक्ष ।
धूर्त्त–सं० प्रपञ्चसँ स्वकार्यसाधनमे पटु, परिहासपण्डित ।
धूर्त्तबाज–गारियुक्त परिहासक योग्य व्यक्ति, सार बहिनोए प्रभृति ।
धूर्त्ता–गारियुक्त परिहास ।
धूसब–क्रि० धुस्+अब–भर्त्सना करब ।
धेनु–नव बिआएलि गाए ।

धेनुआर पूर्ण दूध देनिहारि बिआएलि गाए ।
धैरज–धैर्य्य ।
धोआ–धोआओल नव वस्त्र ।
धोआइ–धोबिकेँ देय कपड़ा धोएबाक वेतन ।
धोएब–क्रि० धो+अब–प्रक्षालन ।
धोकड़ा–छोट बोरा, छोट अक्खा, गोणी सं० ।
धोकड़ी–छोट धोकड़ा ।
धोखरब–क्रि० जलसंयोगसँ अपगत होएब ।
धोखा–भ्रम, प्रमाद ।
धोखारब–क्रि० धोखार्+अब–जलक आघातसँ अपगत करब ।
धोँछ–उ० अनुचितकार्यकरणशील । स्त्री० धोँछि ।
धोँछिआ–स्त्री० अनादरणीय धोँछि ।
धोटकी–ओष्टपुट ।
धोटकी लगाएब–ओष्ठपुटसँ धरब ।
धोतिआहा–दरभङ्गाराजकीय धौत परीक्षामे उत्तीर्ण भय धोती पओनिहार (पण्डित) ।
धोती–धौतवस्त्र, पुरुषक परिधानीय ।
धोधर / **धोधरि** –कोटर ।
धोधि–मेदवृद्धिसँ स्थूलभूत उदर, तुन्द ।
धोधिगर / **धोधिल** –धोधिबाला (व्यक्ति), तुन्दिल ।
धोधैल–पैघ धोधिबाला ।
धोनि ढेकार–विपाकजन्य विकृत रसगन्धसँ युक्त ढेकार ।
धोपब क्रि० झाँपब ।
धोबि–उ० धावक, वस्त्र धोएनिहार जातिविशेष । स्त्री० धोबिनि ।
धोबिआही–धोबिक टोल ।
धोबिघट्टा–धोबिक वस्त्र धोएबाक घाट।
धोबिनि–स्त्री० धोबि जातिक स्त्री ।
धोयब–क्रि० धो+अब–प्रक्षालन ।
धौरबी–स्त्री० रखौली, नियुक्त पुंश्चली ।
धौला–पक्षिविशेष ।
ध्यान–सं० स्मरण ।

न

न–अ० निषेध ।
नएन–मत्स्यविशेष १ । नेत्र २ ।
नओ–नवसंख्यापरिमित, ९ ।
नओतिमना–नओ तीमनसँ युक्त भोज्य ।
नओरतन–नओ दाँतबाला (बड़द) १ । नवरत्नयुत २ ।
नकछिक्की–तृणविशेष ।
नकटा–पक्षिविशेष ।
नकटी–नाकक शुष्क मल, सिंघाण सं०।
नकडुबाब–जलचर पक्षिविशेष ।
नकदड़री–आतुरतापूर्वक नितान्त प्रार्थना ।
नकबसा–दुनू नासिकापुटक मध्यम अवयब ।
नकबेसरि–भूषणविशेष ।
नकमुत्री–नासिकाक भूषणविशेष ।
नकल–वि० अनुकरण ।
नकली–वि० अनुकृत, अवास्तविक १ । अवास्तविक रोदनादि कएनिहार २।
नकलोल–पक्षिविशेष १ । बूड़ि २ ।
नकसा–वि० कोठा खेत आदिक चित्र १ । खोधामा २ ।

नकार–नक्र, जलीय हिंस्र जन्तुविशेष ।
नकारि–नासिकाव्रण ।
नकुब्बा } –नाकसँ युक्त (आम) ।
नकुब्बी }
नकुनी–नोक, तीक्ष्ण अग्रभाग ।
नक्की मुट्ठी–कौड़ीक एक खेड़ि ।
नक्कू–पैघ नाकबाला ।
नखनखी–ओषधिविशेष ।
नखसिख–नखसँ शिखापर्यन्तअङ्ग ।
नखास } –द्रव्यक उपर खोधिकेँ
नखासी } चित्रनिर्माण ।
नग–मोतिक मध्यमे रखबाक मणिविशेष १ । औँठीखचित मणि २ ।
नगद–तत्काल देल रुपैआ इत्यादि ।
नगदा-नगदी–अ० बिना उधार, सद्यः मूल्य दए (क्रयविक्रय) ।
नगनिपी–द्विरागमनक एक विधि जाहिमे नाग (वस्त्रवेष्टित भूमि) नीपल जाइत अछि ।
नगर–स० पुरी, ग्रामसमुदाय १ । आपणादि -युक्त देश २ ।
नँगड़ा-नङड़ा, ओषधिविशेष १ । अनादृत नाँगड २ ।
नँगड़ाएब–क्रि० नँगड़्+अब-खञ्जगत्या चलब, स्खलितगति ।
नँगड़ा खेसारी–अन्नविशेष ।
नँगड़िमोड़ देब–क्रि० लोभवश पुनः पुनः इष्टवस्तुक सन्निधिमे घूमब (निन्दामे) ।
नँगाड़ा–वाद्विशेष, डका ।
नङड़ा–नँगड़ा, खञ्ज (अनादरमे) ।
नङड़ाएब–नँगराएब, स्खलितगति ।
नङाड़ा–नँगाड़ा, डंका ।
नङोचङो–अशान्ति ।
नछोड़–नखक्षत ।
नछोड़ब–क्रि० नखसँ क्षत करब ।
नट–उ० असभ्य जातिविशेष । स्त्री० नटिनि ।
नटखट–अशुभोक्ति ।
नटखटाह–उ० शुचिताक विषय कनेको अन्यथा भेलासँ क्रोधशील । स्त्री० नटखटाहि ।
नटखटिआ–अलिङ्ग, नटखटाह ।
नटिनि–स्त्री० नट जातिक स्त्री ।
नटुआ–नर्तक ओ नर्तकी ।
नठब–क्रि० अपलाप ।
नठाल–अकिञ्चन ।
नड़ाएब–क्रि० नड़ब्+अब-त्याग ।
नड़िरा–गहूमक ओ यवक एक प्रभेद ।
नढ़री–स्त्री० परपुरुषगामिनी ।
नढ़ेआ–गिदर, शृगाल ।
नढ़ेर–पु० परस्त्रीगामी ।
नढेरी–परस्त्रीगमन ।
नतिनिजमाए–नातिनिक स्वामी ।
नत्थी–नाथब, सूचीवेधपूर्वक बन्धन ।
नथ }
नथिआ } –नाकक भूषणविशेष ।
नथुनी }
ननदि-स्त्री० ननान्दा, स्वामीक बहिनि ।
ननदोसि–पुं० ननदिक पति ।
ननिआ सासु–स्त्री० स्वामीक मातामही।
नन्दोसि–ननदोसि, ननदिक पति ।
नन्हघस्सी–छोटछोट घास ।
नपना–जाहिसँ नापल जाए (से पात्र) ।

नपुंसक–सं० बलगोबिना, क्कीब ।
नफगर–वि० जाहिमे नफा हो से, लाभप्रद।
नफा–वि० लाभ ।
नब–स० नूतन ।
नबकर्मी-कर्मठ ।
नबका–उ० नवीन प्रकारक । स्त्री० नबकी ।
नबग्रह–भूषणविशेष १। सूर्यादि नबो ग्रह २।
नबति–वि० तोरणवाद्य १। अवस्था २ ।
नबतिखाना–वि० तोरण ।
नवम–नओक पूरण ।
नवमी–सं० नवम तिथि ।
नबसिक्खा } –नवशिक्षित ।
नबसिखुआ }
नबान } –नब अन्नक प्रथम भोजन ।
नवान्न }
नबाब–वि० मुसलमानक राजा १ । तीसीक लस्सा २ ।
नबाबी–वि० नबाब सदृश विलास ।
नबाबी छाँटब–क्रि० नबाब जेकाँ केवल आज्ञा चलाएब, कोनो काज नहि करब ।
नबारी–यौवन ।
नबासी–एकान्नवति ८९ ।
नबासीम–नबासीक पूरण, ऊननवतितम ।
नब्बे–नवति, ९० ।
नब्बेम–नवतितम, नब्बेक पूरण ।
नमछोड़–घोड़ाजेकाँ लाम ।
नमछुरती } –लम्बाकार ।
नमघोर }
नमती–लम्बाइ ।
नमब–क्रि० नत होएब १ । मालक पानि पिअब २ ।
नमरब–क्रि० नम्र होएब १ । घैँचने लम्बा होएब २ ।
नमहर–पैघ, दीर्घ ।
नमाइ–लम्बाइ, दैर्घ्य ।
नमूना–वि० आदर्श, अनुकार्य ।
नमेर–स्वयं क्षेत्रपतित धानक गाछ ।
नयन–मत्स्यविशेष १ । नेत्र २ ।
नर–व्याधक छीप १ । पुमान् (पक्षी-प्रभृति) २ ।
नरइ–छोट गाछी ।
नरकटि–तृणविशेष ।
नरासाहि–आपकीर्ति, निन्दा ।
नरी–सूतक प्रमाणविशेष ।
नरेठी–गर्दनिक शिरा ।
नरैठी–गर्दनिक पाछाँ भाग ।
नल–सं० कृत्रिम कए बनाओल लघु जलप्रवाहपथ ।
नली–छोट नल ।
नह–नख ।
नहकट्टी–अशौचनिमित्तक नखच्छेदन ।
नहकेश–अशौचनिमितक नखके-शकद्देदनकर्म ।
नहँगा–साड़ीक तर पहिरबाक छोट नूआ ।
नहरनी–नह कटबाक अस्त्र ।
नहरि–नदीसँ सम्बद्ध कृत्रिम दीर्घ बाहा ।
नहसूर–नखाच्छादनक चमड़ा ।
नहाए–अयोघन, लौहादि पिटबाक लौहनिर्मित आधार ।
नाहएब–क्रि० नह्+अब-स्नान ।
नहाएब-सोनाएब–क्रि० स्नानभोजनादि क्रिया ।
नहि–सं० अ० निषेधद्योतक ।

नहू-नह–अ० मन्द-मन्द, शनैः शनैः ।
नहेरि–उ० लहेरि, लाक्षाभरणकारी जातिविशेष । स्त्री० नहेरिति ।
नाउच्च–अनुच्च
नाओ–नौका ।
नाओँ–नाम ।
नाओ काढ़ब–क्रि० कढ्+अब-नौका खेबब ।
नाओँ काढ़ब–क्रि० कढ़+अब-मन्त्र द्वारा चोरक नाम जानब ।
नाओँकाढ़ा–चोरक नाम कढ़-निहार मान्त्रिक ।
नाक–नासिका ।
नाकर-नूकर–अ० निषेधप्राय, अस्पष्ट निषेध ।
नाग–सं० उ० सप । स्त्री० नागिनि ।
नाँगट–उ० नग्न । स्त्री० नाँगटि ।
नाँगड़–उ० खञ्ज । स्त्री० नाँगड़ि ।
नाँगड़ि–लाङ्गूल, पुच्छ १ । खञ्ज (स्त्री) २ ।
नागफेनी–कण्टकमय चापट पत्रहीन क्षुपविशेष ।
नागरी–हिन्दी अक्षर १ । हिन्दी भाषा २ ।
नागा–जातिविशेष ।
नागिनि–स्त्री० सर्पिणी ।
नागेसर / **नागेश्वर** –पुष्पमहावृक्षविशेष, नागकेसर सं० ।
नाङट–उ० नग्न । स्त्री० नाङटि ।
नाङड़–उ० खञ्ज । स्त्री० नाङड़ि ।
नाङड़ि–लाङ्गूल, पुच्छ १ । खञ्ज (स्त्री) २ ।
नाच–नृत्य ।
गाचघर–नृत्यभवन ।
नाचब क्रि० नच्+अब-नर्तन ।
नाचार–विवश, उपायहीन, लाचार हि०।
नाटक–अभिनय ।
नाड़ी–सं० शिरा ।
नाढ़ी–स्त्री० व्यभिचारिणी ।
नाति–उ० नप्ता, अपत्यक अपत्य, पौत्र ओ दौहित्र । स्त्री० नातिनि, पौत्री वा दौहित्री ।
नादड़ी–गजीफाक अन्तिम छोट फर्द ।
नाथ–मालक नासारज्जु १ । बेधन २ ।
नाथब–क्रि० नथ्+अब-मालक नासिकामे छेद करब १ । बेधन २ ।
नादि–मालकेँ गूड़ासानी देबाक पात्र-विशेष ।
नानन–वृक्षविशेष ।
नाना–अ०स० अनेक १ । मातामह २ ।
नानाभैआ–नेनाक नवम दिनमे कर्त्तव्य योग टोन ।
नानी–स्त्री० मातामही ।
नान्दन–मत्स्यविशेष ।
नान्हीटा–स्वरूपेँ बहुत छोट ।
नाप–परिमाण ।
नापजोख–परिमाणादिक्रिया ।
नापता–जकर पता (स्थितिस्थान) केओ नहि बुझैत हो ।
नापब–क्रि० नप्+अब-नाप करब ।
नापल–मित, जकर नाप कएल गेल हो ।
नाभरोस–निराश ।
नाभी–सं० ढोँड़ही ।
नाम–सं० आख्या १ । लाम, लम्बा २ ।
नाम काढ़ब–क्रि० कढ्+अब-नाओँ काढ़ब।

नामनबैसी–नामावलीक उल्लेख ।
नामावली -सं० श्रेणीबद्ध नाम ।
नामी / **नाम्बर** –विख्यातनामा ।
नाम्बरी–नामक विख्याति ।
नायक–कीर्तनिआँ नटुआक प्रधान पुरुषपात्र १ । सं० नेता २ ।
नार–धान आदिक नाल १ । धानक डँटकी २ ।
नारदी भजन–भगवानक भजन जे झालि पर गाओल जाइत अछि ।
नाराज–वि० अप्रसन्न, क्रुद्ध ।
नाराजगिरी–वि० सेवकपर मालिकक क्रोध ।
नारि–नारी, स्त्री ।
नारिकेर / **नारिकेरि** –नारिकेल ।
नारिकेरी–नारिकेरक लोखड़ा जकर ओढ़िका ओ हुक्का बनैत अछि ।
नाल–सं० कमल आदिक डाँट १। खिआए नहि तदर्थ जूता ओ घोड़ाक टापक तरमे देय लौहनिर्म्मित वस्तु २ ।
नाला–पनिबट, इष्टकादिबद्ध पानि बहबाक मार्ग ।
नालायक–वि० अयोग्य (व्यक्ति), बूड़ि ।
नालिस–वि० न्यायालयमे वादीक विज्ञप्ति ।
नाश–सं० विनाश ।
नास–हलाङ्ग, हरकठक अगिला भाग ।
नासकार–वि० अस्वीकार, नठब ।
नासपाती–अमृताह्व, रुचिफल, अमृतफल।
नासी–मृत नदी ।
नाह–नाथ, स्वामी १ । नौका २ ।
नाहक–वि० अ० वृथा ।
नाहा–तास आदिक नवम फर्द ।
निकती–स्वर्णादि तौलबाक छोट तुला ।
निकलुआ–निष्कासित ।
निकम्मा–वि० अधलाह ।
निकलब–क्रि० निकल्+अब-निःसृत होएब ।
निःकसरि–सर्वथा शुद्ध, दोषमुक्त (स्वर्णादि), सर्वथा रोगमुक्त (व्यक्ति) ।
निकहा–नीक प्रभेदक ।
निकाएब–क्रि० निकब्+अब-मत्स्यादिकेँ छेदनादिसँ रन्धनोप युक्त करब ।
निकाओन–निकएबासँ त्याजित हेय अंश १ । निकओनिहारकेँ देय २ ।
निकायब–क्रि० निकब्+अब-निकाएब ।
निकालब–क्रि० निकाल्+अब-निष्कासन।
निकास–वि० घरक लग फैल जगह १। रुपैया आदि देबाक हुकुम २ ।
निकेँ–सुखेँ, सुखपूर्वक ।
निकेँना–अ०नीक रीतिएँ ।
निखड़ब–क्रि० स्फुट रूपेँ अङ्कित होएब ।
निखरूस–वि० सर्वाङ्गपूर्ण, अविकल ।
निखाड़ब–क्रि० निखाड़+अब-स्पष्ट रूपेँ अङ्कित करब ।
निघटब–क्रि० सधब, अनवशेष होएब ।
निघारब–क्रि० निघार्+अब-निभालन, निहारब ।
निघास–निघेस, मालक भक्षिता वशिष्ट ।
निघुरब–क्रि० नत होएब ।
निवृष्ट–सं० अत्यन्त अधम ।

निघेस–निघास, मालक भक्षितावशिष्ट ।
निचका–निचला, नीचस्थित ।
निचगर–अधिक नीच ।
निचला–नीचस्थित ।
निचामि–नीचात्मा ।
निचास–नीच चास, नीच खेत ।
निचेन–निरुपद्रव, शान्त, कार्यभारमुक्त ।
निचोड़–निष्कर्ष ।
निचोरब–हि० क्रि० गारब ।
निछाउर–इनाम, न्यौछाबर हि० ।
निछाएब–क्रि० निछब्+अब–तृणक संशोधन ।
निछाओन–तृणादिक संशोधनसँ त्याजित अंश ।
निछाबरि–इनाम ।
निछायब–क्रि० निछब्+अब–तृणक संशोधन ।
निछार(ड़)–सर्वथा गर्भमुक्त (धान्यादि)।
निछोह–अ० निच्छोह, वेगपूर्वक (दौड़ब) ।
निजगुति–निश्चय ।
निट्ठाह–उ० प्रबल, दृढ़ । स्त्री० निट्ठाहि ।
निट्ठर / **निठुर** –उ० निष्ठुर । स्त्री० निट्ठुरि ।
निडर–उ० निहुर, निर्भय । स्त्री० निडरि ।
निड़ारब–क्रि० निड़ार्+अब–आँखिक आस्फालन ।
निड्डर–उ० निर्भय । स्त्री० निनिड्डरि ।
नित–अ० नित्य, प्रतिदिन ।
नितराएब / **नितरायब** –क्रि० नितर्+अब–गर्वसँ अगराएब ।
नित्त / **नित्य** –अ० नित्य, प्रतिदिन ।
निधार–निराधार ।
निधूह–निर्द्धूम ।
निधोख–धोखासँ रहित, निःशङ्क ।
निन–निन्द, निद्रा १ । निद्रित २ ।
निनाइ–पेटक वायुविशेष ।
निनाइ उखड़ब–क्रि० उदरवायुक स्थानत्याग ।
निनान्नब्बे–एकोनशत, ९९ ।
निनान्नब्बेम–एकोनशततम ।
निन्दित–सं० निन्दास्पद ।
निन्न–निद्रित १ । निद्रा २ ।
निपट–निपट्ट, अन्ध ।
निपटब–क्रि० फरिछोट होएब, विवादक पर्यवसान होएब ।
निपटाएब–क्रि० निपट्ब+अब–फरिछोट करब, विवादक पर्यवसान करब ।
निपट्ट–अन्ध ।
निपब–क्रि० लेपन ।
निबहता–निर्वाह ।
निबहब–क्रि० सम्पन्न होएब १ । निर्वाह करब २ ।
निबाह–निर्वाह ।
निबाहब–क्रि० निबाट्+अब–सम्पादित करब, निर्वाहण ।
निभरोस–निराश ।
निमकी–सौंस नेबोक मसाला रहित अँचार ।
निमन–निम्मन, उत्तम ।

निमरसखा / **निमरसेखा** –अनवशेष, जकर शेष नहि रहए ।
निमहता–निर्बाह ।
निमुठ हाथ–मुट्ठी बान्हल हाथक परिमाण ।
निमुन / **निमुन्न** –सर्वथा मुद्रित ।
निमोछिआ–मोछसँ रहित ।
निम्मन–निमन, उत्तम ।
नियत–सं० निश्चित ।
नियति–वि० स्वभाव ।
निरघिन–निर्घृण, घृणास्पद, अश्रद्ध ।
निरदिस–अकिञ्चन असहाय ।
निरधार–निर्धारण, निश्चय, सन्तोष ।
निरधारब–क्रि० निरधार् + अब–सन्तोषपूर्वक निश्चय करब ।
निरधोख–निःशङ्क ।
निरपराध / **निरपराधी** –अपराधहीन ।
निरमाल–निर्म्माल्य ।
निरमोही–स्नेहशून्य ।
निरस–नीरस, रसहीन १ । आधासँ न्यून (अश) २ ।
निरसब–क्रि० त्याग ।
निरस्त–आशाहीन ।
निरहट–शासनक उल्लङ्घन कएनिहार ।
निराओ–नीरव, निर्वात (समय) ।
निरादर–सं० अनादर ।
निराल–शुद्ध, केवल, अमिश्रित (जलादि) ।
निराश–सं० हताश ।
निरुद्योग–सं० उद्योगशून्य ।
निरुपाय–सं० जकर उपाय नहि हो ।
निरैठ–अनुच्छिष्ट ।
निरोग–नीरोग, रोगहीन ।
निरोध–सं० रोकब ।
निरोधी–सं० रोकनिहार ।
निर्घिन–घृणास्पद, दर्शनसँ चित्त-विकारोत्पादक ।
निर्दय–सं० दयाशून्य ।
निर्दिस–असहाय, अकिञ्चन ।
निर्दोष–सं० दोषशून्य ।
निर्धोख–धोखासँ शून्य, अशङ्क ।
निर्वाह–सं० भरण-पोषण ।
निर्विकार–सं० विकारहीन, लज्जाहीन ।
निर्बिसी–उच्चटा, ओषधिविशेष ।
निर्व्यग्र–सं० व्यग्रतारहित ।
निःशब्द–सं० शब्दशून्य ।
निशा–राति ।
निशाकाल–मध्यरात्र ।
निश्चय–सं० निर्णय ।
निश्चिन्त–सं० चिन्ताशून्य ।
निसङ्क–निःशङ्क ।
निसबद–निःशब्द ।
निसाँ–मद्यपानजन्य मद ।
निसादर–ओषधिविशेष ।
निसाफ–वि० न्याय ।
निसाफी–वि० न्यायी ।
निस्तार–सं० समाप्ति, १। सम्पन्नता २ ।
निहत्थ / **निहथ** –जकर हस्तगत धन खर्च भए गेल हो से, रिक्तहस्त ।
निहल–हाल (आर्द्रता) सँ शून्य (खेत)।
निहारब–क्रि० निहार्+अब–साकाङ्क्ष भए ताकब ।

निहुछब–क्रि० देवादिक उद्देश्यें राखब ।
निहुरब–क्रि० नम्र होएब ।
नीक–उत्तम, भल ।
नीच–सं० अधम १ । नत (भूमि-आदि) २ ।
नीचाँ–अ० नीच देशमे ।
नीपब–क्रि० निप्+अब-लेपन ।
नीपब-पोतब–क्रि० लेपनादि ।
नीपल–उपलिप्त ।
नीपा–उपलेपन ।
नीम–निम्ब ।
नीमन–उत्तम ।
नील–सं० हरिअर ।
नीलकण्ठ–सं० नील कण्ठबाला पक्षिविशेष ।
नीलकमल–सं० इन्दीवर ।
नीलम, **नीलमणि** –नीलमणि, वैदूर्य ।
नीर–मन्त्रोपहित जल ।
नीरविभूति–मन्त्रोपहित जल विभूत्यादि ।
नुकाएब–क्रि० नुक्+अब-प्रच्छण होएब १। नुकब्+अब-प्रच्छन्न करब २ ।
नुड़िआएब–ना० नूड़ जेकाँ आचरण करब, अर्थात् इतस्ततः पाछाँ लागल चलब १ । वस्त्रादिकें संकुचित कए राखब २ ।
नूआ–वस्त्र ।
नूज–न्युब्ज ।
नूड़–उपलेपनक हेतु आकुञ्चित वस्त्रादि ।
ने–अ० निषेध १ । कोमलालाप २ ।
नेआर–क्रिया करबाक इच्छा ।
नेआरभास–नेआरप्रभृति ।
नेआरब क्रि० नेआर्+अब-क्रिया करबाक इच्छा करब ।
नेओँत–निमन्त्रण ।
नेओँता–अ० निमन्त्रणमे ।
नेड़हा–तार कटहर ओ मकैक लम्बाकार फलाधार ।
नेढ़ लागब–क्रि० पिल्ला-पिल्लीक उनटा जोट लागब ।
नेन–मत्स्यविशेष ।
नेनओन–नेनासन ।
नेनपन, **नेनपना**, **नेनपनी** –नेनाक क्रिया, शिशुत्व ।
नेनमति–नेनाक सन मति ।
नेनमतिआ–नेनाक सन बुद्धिबाला ।
नेना–अलिङ्ग-शिशु ।
नेनाक रोग–पूतनादिकृत बालग्रह ।
नेनु–नवनीत ।
नेनुआ भोस–कदलीविशेष ।
नेनोन–नेनाक सन ।
नेप चुबब–क्रि० क्रन्दनविशेष ।
नेपाली–नेपालदेशोद्भव ।
नेपुर–नूपुर, चरणक भूषणविशेष ।
नेबार–खाट घोरबाक सूतसँ निर्मित लम्बा पटविशेष ।
नेबारि–न्वमालिका, पुष्पविशेष ।
नेबेद–नैवेद्य ।
नेबो–जम्बीर ।
नेम–नियम (व्रतादिक) ।
नेमटेम–व्रतादिक नियमक आडम्बर ।
नेरसराए–नेत्रक आवरणक रोगविशेष ।
नेरू–अलिङ्ग, गायक छोट बाछा-बाछी ।

नेसब–क्रि० दीपप्रज्वालन ।
नेह–स्नेह ।
नेहाइत–वि० अत्यन्त ।
नेहाए, **नेहाय** –अयोधन, लौहादि पिटबाक लौहनिर्मित स्थूल आधार ।
नेहारु–सोनारक हथिआरविशेष ।
नेहारुन–अल्पसँ अल्प १ । हताश २ ।
नेहाल–वि० अत्यन्त उपकृत, कृतार्थ ।
नेहोरा–दैन्यपूर्वक प्रार्थना ।
नैआ–नौवाहक, नाओ खेबनिहार, नाविक।
नैवेद्य–सं० भगवन्निवेदित (फल पक्वान्नादि) ।
नैवेद्यपत्री–सं० भोजनकालिकनैवेद्या-धारणपात्र ।
नैहर–पितृगृह (स्त्रीक) ।
नोक, **नोकनी** –तीक्ष्ण अस्त्राग्र ।
नोकर–उ० वि० दास, चाकर । स्त्री० नोकरानी ।
नोकरी–वि० दास्य ।
नोकसान–वि० क्षतिग्रस्त ।
नोकसानी–वि० क्षति ।
नोख–उत्तम, सुन्दर ।
नोखगर–सुन्दर ।
नोचनी–कुड़िऐनी, कण्डूति ।
नोचनी लागब–क्रि० कण्डूतिप्राप्ति ।
नोचब–क्रि० वक्रवस्तुक अग्रभाग सँ घर्षण ।
नोतर–पचेसीमे नवम स्थान ।
नोन–लवण ।
नोनगर–अधिक नोनसँ युक्त १ । नोनसँ युक्त २ ।
नोनचट–सपक्ष मशकाकार अतिछोट कीटाविशेष ।
नोनछराह, **नोनछाह** –लवणयुक्त सन ।
नोनथरा–लवणनिर्माणस्थल ।
नोनफड़–नोनिआह भूमिविशेष ।
नोनिआ–उ० जातिविशेष । स्त्री० नोनिआनि ।
नोनिआह–नोनी लागल (भूमि) ।
नोनी–शाकविशेष १ । भित्त्यादिक रोगविशेष २ ।
नोर–अश्रु ।
नोराएब–ना० नोर्+अब-नोरसँ युक्त होएब ।
नोसक्कड़–अधिक नोसि लेनिहार ।
नोसि–नस्य ।
नोसिदानी–नस्यपात्र ।
नौआ–उ० नापित । स्त्री० नौआइनि ।
नौआइनि, **नोआनि** –स्त्री० नापित स्त्री ।
नौगृही, **नौग्रही** –भूषणविशेष ।
न्यार–क्रिया करबाक इच्छा ।
न्यारब–क्रि० न्यार्+अब-क्रिया करबाक इच्छा करब ।
न्यो–भित्त्यादिक आधारभित्ति ।
न्योत–निमन्त्रण ।
न्योतब–ना० निमन्त्रित करब ।
न्योतपिहान–निमन्त्रणादि ।
न्योतहारी–निमन्त्रित व्यक्ति ।
न्योताँ–अ० निमन्त्रणमे ।

प

प' } **पअ** } –पक्व व्रणक छेदन ।
पइती–पवित्र, निर्मित कुशविशेष ।
पए–वि० अङ्गक दोष ।
पएजामा–वि० अधरोरुक ।
पएताबा–वि० पादत्राणवस्त्र ।
पएदार–वि० अङ्गक दोषसँ युक्त ।
पएरधरी–आर्त्तिसँ पादग्रहण ।
पओ–एक घर आगाँ चलबाक हक्क (पचेसीमे) ।
पओने–पादोन (संख्या वा परिमाण) ।
पकठाएब–क्रि० पकठ्+अब-कठोर होएब ।
पकठोस–उ० बजबामे प्रौढ़ । स्त्री० पकठोसि ।
पकड़ब–क्रि० ग्रहण ।
पकपकाएब–क्रि० पकपक्+अब-मनहिमन क्रोधाकुल होएब ।
पकमान–पक्वान्न, मालपूआ प्रभृति ।
पकाओ–घाबक परिपाक ।
पकोहा–शुष्क आम्रबीज ।
पक्का–हि० निश्चित, दृढ़ ।
पक्की–वि० असली, वास्तविक ।
पक्खा–पाखा, कोठा आदिक पार्श्वभाग ।
पक्ष–सं० चान्द्रमासक कृष्ण-शुक्ल भेदसँ पूर्वापर खण्ड १ । मत २ । दल ३ ।
पख–पक्ष, चान्द्रमासक अर्धावयव ।
पखरा खाएर–खदिरनिर्यासक प्रभेद ।
पखाओज–वाद्यविशेष ।
पखारब–क्रि० पखार्+अब-प्रक्षालन ।
पखिआ बीड़ी–लगाओल पानक बीड़ीक प्रभेद ।
पँखिगर–जुटल पाँखिसँ युक्त ।
पखिना–गृहादिक उभयपार्श्वक अङ्ग ।
पखेब–मालकेँ देबाक औषधविशेष ।
पगहा–हलादिक डोरी, बनसीक डोरी ।
पगाड़–कुसिआरक अग्रभाग ।
पघड़िआ–हाँसूक प्रभेद ।
पघाँस–मत्स्यविशेष ।
पघिलब–क्रि० द्रवीभाव ।
पङ्खा–व्यजनविशेष ।
पङ्खी–छोट पङ्खा ।
पङ्गा–सामुद्रलवण ।
पचकटारि–दुब्बर ।
पचकट्टा–धानक रोगविशेष ।
पचकनमाही–पाँच कनमाक नपना ।
पचकब–क्रि० क्वचित् अवयवसँ दबब, आघातसँ कोनो भागमे निम्नता-प्राप्ति।
पचकारब–क्रि० पचकार्+अब-तैलादिक अधिक लिप्पन ।
पचखण्डी–भूषणविशेष ।
पचनिआ–पाच कएनिहार ।
पचनोना–पञ्चलवण ।
पचपच करब–क्रि० किञ्चित् वान्ति-शङ्कायुक्त होएब ।
पचपचाएब–क्रि० पचपच्+अब-बमनक शङ्कासँ युक्त होएब ।
पचपची–वान्तिशङ्का ।
पचपन } **पचपञ्च** } –पञ्चपञ्चाशत् ।
पचपन्नम–पञ्चपञ्चाशत्तम ।
पचपौनिआ–पञ्चकारुकी, पाँचो पसारी ।

पचबनिआ–भूषणविशेष ।
पचमी हिस्सा–पञ्चमांश ।
पचमेर–पाँच प्रकारक मधुर ।
पचरँगा } **पचरङ्गा** } **पचरङ्गा** } –पाँच रङ्गसँ रङल (कपड़ा)।
पचहत्तरि–पञ्चसप्तति ।
पचहत्तरिम–पञ्चसप्ततितम ।
पचहर–स्त्रीक पयखाना, कृत्रिम पुरीषालय ।
पचाग्नि–पञ्चाग्नि (व्रत) ।
पचास–पञ्चाशत् ।
पचासम–पञ्चाशत्तम ।
पचासी–पञ्चाशीति ।
पचासीम–पञ्चाशीतितम ।
पचीस–पञ्चविंशति ।
पचीसम–पञ्चविंशतितम ।
पचुसर–किञ्चित् ऊस युक्त (भूमि) ।
पचेसी–क्रीड़ाविशेष ।
पचौन्ह–पञ्चबन्धन ।
पच्चर–बेंट आदि दृढ़ करबाक हेतु देल किल्ली ।
पच्चा-दूआ–अ० पाँचमे दू अंश ।
पच्ची–भूषणमे बालुकादिक अन्तः-प्रवेशन ।
पच्छ–पक्ष ।
पच्छिम–पश्चिम ।
पच्छिम भर–पश्चिम देश ।
पच्छी–पक्षी ।
पछता–पश्चाद्भव ।
पछताएब–क्रि० पछतब्+अब-पश्चात्ताप।
पछबा–पश्चिमसँ आगत (वायु) ।
पछबारि–पश्चिम दिगवस्थित (गृहादि)।
पछाड़ी–पश्चाद्भाग ।
पछाति–अ० पश्चात् ।
पछारब–क्रि० पछार्+अब-प्रतिद्वन्द्वीकेँ तर कए उपर आएब ।
पछिमहा–पश्चिम देशभव (ब्राह्मण) ।
पछिमा ब्राह्मण–पश्चिमदेशभव ।
पछिमा कायस्थ–कायस्थविशेष ।
पछिमा ढार–पश्चिमप्लव ।
पछिमाहा–पछिमहा ।
पछिमाहुत–समीपपश्चिमदेशस्थ ।
पछिला–पश्चाद्भव १। पश्चात् स्थित २ ।
पछुअति–घरक पछिला चार ।
पछुआ–भूषणविशेष ।
पछुआएब–ना० पाछू होएब ।
पछुआड़–घरक पश्चिम अवकाश ।
पछुआँड़ी बान्ह–मनुष्यक बन्धनविशेष ।
पछुलगुआ–पाछाँ रहनिहार अनादहणीय १ । शूद्रक स्त्रीक पछिला स्वामी सँ जनमल बच्चा २ ।
पछोर–अनुगमन ।
पजरब–क्रि० प्रज्वलन ।
पँजरबार–पार्श्वक गर ।
पँजरमोड़ (र)–पाँजरक वेदनाविशेष ।
पजारब–क्रि० पजार्+अब-प्रज्वालन ।
पँजिआड़–पञ्जीकार ।
पजिआड़ी–पञ्जीकारक क्रिया ।
पजेबा–इष्टका ।
पँजौड़–पाँजमे गृहीत (धान्यादि) ।
पझाएब–क्रि० पझ्+अब-मिझाएब ।
पञ्च–मानल वादनिर्णेता ।
पञ्चकल्याण–घोड़ाक शुभ लक्षणविशेष, चारू पाएर ओ चानिमे उज्जर ।

पञ्चक्रोशी–सं० पाँच कोसक परिक्रमा (काशीमे)।

पञ्चगरास } –भोजनक पूर्व पाँचबेर
पञ्चग्रास } समन्त्र अन्नभक्षण।

पञ्चदीप–सं० पाँच मुहबाला दीप।

पञ्चपात्र–सं० सूर्यादिपञ्चदेवता पूजनार्थ जलपात्रविशेष।

पञ्चमी–सं० पाँचम तिथि।

पञ्चमुखी–पाँच मुहबाला (दीपपात्रादि) १। ओढुल फूलक प्रभेद २।

पञ्चान्नब्बे–पञ्चनवति।

पञ्चान्नब्बेम–पञ्चनवतितम।

पञ्चैती–पञ्चक क्रिया (न्याय)।

पञ्ज–पूर्णवयरक घोड़ा १। वि० अस्वाधीन २।

पञ्जीकार–पँजिआड।

पञ्जीबद्ध–जकर नाम पाँजिमे प्रारम्भसँ अछि।

पट–आवरण १। वस्त्र २।

पटइ–भार लटकएबाक वंशदण्डविशेष।

पटकब–क्रि० पातन।

पटका–पतन।

पटकापटकी–परस्पर पातन।

पट दए–अ० झट दए, झटिति, लगले।

पटदेहरि–चौकठिक उपर देबाक तकथा।

पटब–क्रि० वृक्षक्षेत्रादिक जलसँ युक्त होएब १। सौमनस्य रहब, विरोध नहि होएब २। व्याप्त होएब ३।

पटबरिका–पटबारीक क्रिया (रसीद कटबामे नियुक्ति)।

पटबा–जातिविशेष।

पटबारी–पोतक रसीद कटबामे नियुक्त।

पटम्बर–पट्टाम्बर।

पटरानी–स्त्री० राजाक प्रधान पत्नी।

पटरी–काष्ठादिक छोट पट्ट।

पटरी बैसब–क्रि० मिलान होएब (लाक्षणिक शब्द)।

पटल–सं० प्रक्रिया।

पटसार–जकर मथनी उचितसँ अधिक नीच हो से (घर)।

पटाँस–तृणविशेष।

पटिआ–परतानसँ निर्मित कट।

पटुआ–जकर सन होइछ से वृक्ष विशेष।

पटुआ साग–शाकविशेष।

पटेर–तृणविशेष।

पटोटन–बिना बातीक खढ़सँ चारक आच्छादन १। धरना २।

पटोर–पट्टवस्त्र।

पटौटी–भोजनार्थ बिछाओल पात।

पटौनी–उद्धृत जलसँ भूमिक आल्पावन।

पट्ट–देवमन्दिरक कवाट १। सं० पट्टोर्ण २।

पट्टा–हि० भरल पक्की दू मोनक बोरा।

पट्टी–अंश १। औषधयुक्त व्रणक आच्छादनपट २।

पट्टीदार–वि० स्वत्वांशभागी।

पट्टीबन्दी–वि० भूमिक अंशविभाजन।

पट्टीबाज–वि० धोखा देनिहार।

पट्टीबाजी–वि० धोखा देनाइ।

पट्टू–ऊर्णावस्त्रविशेष।

पट्ठा–पहलमानक शिष्य।

पठरू–अलिङ्ग, बकरीक बच्चा।

पठाएब–क्रि० पठब्+अब–प्रेषण।

पठिआर–अपञ्जीबद्ध ब्राह्मणक ग्रामसमूह।

पड़ब–क्रि० आधार पर एक भागे सर्वाङ्गसंयोग १। विषयीभवन, यथा बूझि पड़ल, सूनि पड़ल २। आवश्यक प्राप्ति, यथा जाय पड़ल ३। संबद्ध होयब ४।

पड़रू–अलिङ्ग, महिंसिक बच्चा।

पड़ाएब–क्रि० पड़+अब–पलायन।

पड़ाएन–पलायन, वासत्याग।

पड़ाँचब–क्रि० आद्योपान्त कथन।

पँडुकी } –पक्षिविशेष।
पड़ुकी }

पड़ोर–पटोल।

पड़ोरिआ–पटोलफलाकारक (कपाटमुद्रक)।

पड़ोस–गृहसमीपक आवास।

पड़ोसी–सं० गृहसमीपवासी व्यक्ति। स्त्री पड़ोसिनि।

पढ़ओनाइ–अध्यापन।

पढ़नाइ–अध्ययन।

पढ़ब–क्रि० अध्ययन।

पढ़ब-गूनब–क्रि० अध्ययनादि।

पढाइ–हि० पाठन।

पढ़ाएब–क्रि० पढ़ब्+अब–अध्यापन।

पढ़िआ–पाढ़िबाला (धोती साढ़ी)।

पढ़ुआ–छात्र।

पणाचब–क्रि० पणाच्+अब–आद्योपान्त कथन।

पणुकी–पँडुकी, पक्षिविशेष।

पण्डा तीर्थक ब्राह्मण।

पण्डित–सं० विद्वान्।

पण्डिताइ–पाण्डित्य।

पण्डिताम–पण्डितोचित (पाग आदि)।

पण्डितारय–पण्डितक व्यवहार, पाण्डित्य।

पतकट्टा–धानक रोगविशेष।

पतकाछु–कूर्मक प्रभेद।

पतकोबी–बिना फूलक कोबी।

पतगर–अधिक पातबाला।

पतचट्टा–खएबाक काल पातपर्यन्त चटनिहार (निन्दामे)।

पतड़ा–पञ्चाङ्ग, तिथिपत्र।

पतड़ी–खडिका लगाय अनेक पातसँ बनाओल भोजनपात्र।

पतनुकान–गाछक पातमे नुकाएब, भयादिसँ प्रच्छन्न होएब।

पतनोना–पतलोना, पातपर परसल नोन।

पतरका–उ० पातर प्रकारक। स्त्री० पतरकी।

पतरधना–पातर धान, मेही धान।

पतराएब–ना० पतरब्+अब–पातर करब।

पतसीझ–पसीझ।

पता–स्थितिस्थानपरिचय, प्राप्तिस्थान।

पताका–सं० वैजयन्ती।

पताल–पाताल।

पता लागब–क्रि० प्राप्तिस्थानक अवगम।

पतासी–मत्स्यविशेष।

पति–प्रतिष्ठा १। सं० स्वामी २।

पतिआ–प्रायश्चित्त।

पतिआएब–क्रि० पति+अब–प्रतीत करब, विश्वास।

पतिआनी–पाँती, पङ्क्ति।

पतिआनीजोड़ (र)–पङ्क्तिबद्ध।

पतिकरनी–प्रतिष्ठारक्षार्थ अत्यल्प क्रिया।

पतित–सं० महापातकी ।
पतिता–अनादरणीय पतित ।
पतिव्रता–स्त्री० सं० साध्वी ।
पतौटी–भोजनार्थ बिछाओल पात ।
पतौड़ी } –ताम्बूलादि रखबाक
पतौरी } पत्रपुटक ।
पत्तर–लौहपत्र ।
पत्ता–पात १ । पता २ ।
पत्ती–छोट पात ।
पत्र–लौहपत्र १। सं० चीठी २ । पात ३ ।
पथरखड़ी–खटी, कठिनी ।
पथरचूर–क्षुपविशेष ।
पथराएब–ना० पाथरपर पिजाएब ।
पथरी–मूत्राशयस्थित पाथरसन दृढ़ मांसपिण्ड, रोगविशेष ।
पथरौटी–पाथरक बाटी ।
पथार–वस्तुक समन्तात् पसार ।
पथिआ–बाँस वा बेंतक बनाओल धान्यादिपात्रविशेष ।
पथेरि–पजेबा पथबाक स्थान ।
पदन्धोती–पादपर्यन्त पहिरल धोती ।
पदमकाठ } –वृक्षविशेष, सं० पद्मक।
पद्मकाठ }
पनखौका–उ० अधिक पान खएनिहार । स्त्री० पनखौकी ।
पनपथिआ–पान रखबाक एकहरा छोट पथिआ ।
पनबट्टा–पुटद्वयात्मक पान रखबाक पैघ पात्र, करङ्क ।
पनबट्टी–छोट करङ्क ।
पनबसना–पान बासनाक ओ रखबाक पात्र ।
पनमा–पर्णाकारचिह्नित रक्तवर्ण तासक फर्द, लाल पान ।
पनरह–पञ्चदश ।
पनरहम–पञ्चदश संख्याक पूरक ।
पनहाएब–क्रि० पनह्+अब–मालक वा ओकर स्तनक दुग्धदानोन्मुख होएब ।
पनहाओन–महिसिक बाहबाक पूर्वरूप ।
पनहाओन देब–क्रि० बाहबाक पूर्वरूप-प्राप्ति ।
पनही–जूता ।
पनहैनी–पनहाओन ।
पनारा–ऊपरसँ मुद्रित पनिबह ।
पनि–करीनसँ पटएबाक पनिबट ।
पनिअओरा–फलविशेष, पनिओरा ।
पनिआएब–ना० पानि+अब–पानिसँ युक्त होएब ।
पनिआगर–जलसँ रक्षार्थ ठाठक उपर अग्रभागमे देल खढ़क टट्टी ।
पनिआ दराध–सर्पविशेष ।
पनिआरी–अधिक वृष्टि ।
पनिआह–पानिसँ युक्त ।
पनिआहा–पानिसँ युक्त (मेघ) ।
पनिओरा–पनिअओरा, फलविशेष ।
पनिकनरा } –करीनसँ पटएबामे जलक
पनिकानर } सामीप्य, करीनकें जल सान्निध्य ।
पनिकौआ–काकविशेष ।
पनिगर–अधिक जलसँ युक्त १ । अधिक तेजीसँ युक्त २ ।
पनिघट–पानि भरबाक घाट ।
पनिचड़ै–जलपक्षी ।

पनिचहट–जाहिमे पानिक सम्बन्धसँ आर्द्रता बनल रहए से (खेत) ।
पनिछाएब–क्रि० पनिछ्+अब–स्वादिष्ट वस्तु खएबाक हेतु जिह्वा जलसँ युक्त होएब ।
पनिछेक–पानिक छेकब, जलगतिनिरोध ।
पनिजत्तू–पानिसँ जाँतल, अधिक समय धरि पानिमे डुबल (धान्यादि) ।
पनिझाओ–पोखरिक जलमय प्रदेश ।
पनिझाली–धान ।
पनिडुब्बी–पानिमे डुबल रहनिहार प्रेत ।
पनितोआ } –मिष्टान्नविशेष ।
पनितौआ }
पनिदुहुर } –जलोदर व्याधि ।
पनिदुद्धुर }
पनिपत लेब–क्रि० अधिक पानि रहबाक कारणें पानिक भरें धान्यादिक पत्रक पतन ।
पनिपिआइ–जलखइ, जलपान, जलपानार्थ किञ्चिद् भोजन ।
पनिबट } –पानि बहबाक नीच मार्ग ।
पनिबह }
पनिभर–उ० पानि भरबामे नियुक्त । स्त्री० पनिभरनी ।
पनिमरू–किञ्चित्शुष्क तृणकाष्ठादि १ । मन्द-मन्द काज कएनिहार २ ।
पनिसह–अधिक पानि सहनिहार ।
पनिसाला–प्रपा, पानीयशाला ।
पनिसोखा–इन्द्रधनुष ।
पनिसोह–जलप्रचुर अल्पमधुर (लताम आदि) ।
पनीर–औषधविशेष ।
पनुगब–क्रि० पनुघब, निष्पत्र भए पुनः शाखाङ्कुर लाभ करब ।
पनुगा } –वृक्षक शाखा चलबाक
पनुगी } अङ्कुर ।
पन्द्रह–पनरह, पञ्चदश ।
पन्द्रहम–पञ्चदशसंख्याक पूरक ।
पन्ना–स्वर्णक प्रभेद १ । चून ओ मेही सुरखी मिलाओल २ । मरकतमणि ३ ।
पन्नी–चालमे शोभार्थ सटबाक चाकचक्ययुत चित्रपत्र ।
पन्हाएब–क्रि० पन्ह्+अब–पनहाएब ।
पन्हान–महिसिक गर्भधारणक पूर्वरूप विशेष ।
पपड़ा } –पापड़सदृश मृत्तिकादि ।
पपड़ी }
पपिआह–उ० असर्द्ध व्यक्ति । स्त्री० पपिआहि ।
पपीहा–पक्षिविशेष ।
पबनाह–पाबनिक वस्तुजात ।
पबनेट (ठ)–पाबनिक बखरा ।
पबन्नी–एक पबक हेतु लाल नहि भेल पचेसीक गोटी ।
पबहारि–पचेसीमे पओ पड़लासँ घरसँ गोटी बहराएब ।
पबही–एक पाओ प्रमाणक नपना ।
पबाइ–जूता खड़ामक जोड़ाक एक टा ।
पबै–पक्षिविशेष ।
पमरिआ–पमारा पढ़ि नचनिहार, जातिविशेष ।
पमारा–पुत्रजन्मादिक उत्सवक गीतविशेष ।

पम्ह–मोछक पूर्वरूप ।
पय–वि० काणत्वादि शारीरक दोष ।
पयखाना–वि० पुरीषोत्सर्गालय ।
पयजामा–वि० अधरोरुक ।
पयताबा–वि० पादत्राणवस्त्र ।
पयदार–वि० काणत्वादिदोषयुक्त ।
पयरधरी–पाएर पकड़ब ।
पयरपोछा–पाएर पोछाबाक (वस्त्र) ।
पयरबजार–बिना कण्टकादिक रास्ता ।
पयरसंकर–चरणक भूषणविशेष ।
पर–पाँखि १ । उपर २ । सं० अन्य ३ ।
परकाल–गोल रेखा लिखबाक यन्त्र ।
परगास–प्रकाश ।
परगोत्री–असगोत्र ।
परचार–प्रचार ।
परचारब–ना० पचार्+अब–प्रचार करब १ । अपराधी व्यक्तिक 'पुनः एना जनु करी' ई कहब २ ।
परजाति–स्वजातिसँ भिन्न ।
परञ्च–सं० अ० परन्तु, पूर्वोक्तसँ विशेष।
परतर–उपमा, सादृश्य ।
परता–बिना जोतल (खेत) १ । व्यापारमे लाभ २ ।
परताँ–अ० परत्व सन्ताँ, परमे रहलासँ ।
परताएब–क्रि० परतब्+अब–नीक अधलाह जचवाक हेतु क्रिया ।
परतान–पटिया आदि बिनबाक सच्छिद्र यष्टि ।
परतार–समय (एक परतार आम अधिक फड़य) ।
परतारब–क्रि० परतार्+अब–प्रतारणा ।
परती–बिनु जोतल भूमि ।
परतीत–प्रतीति, विश्वास ।
परती-पराँत–परतीप्रभृति ।
परथन–परसन, खएबाक हेतु खाद्य वस्तुक पुनरादान ।
परदा–वि० पर्दा, अन्तर्धा, आवरण ।
परदेश–अन्यदेश, विदेश ।
परदेसिआ / **परदेशी** –विदेशमे रहनिहार वा होनिहार ।
परधान–प्रधान ।
परनाति–उ० प्रपौत्र वा दौहित्रपुत्र । स्त्री० परनातिनि ।
परनाम–प्रणाम ।
परन्तु–सं० अ० किन्तु ।
परपत्र– प्रपत्र, श्रद्धास्पद ।
पर-परोसी–गृहसमीपी तथा तत्समीपी उभय ।
परब–पर्व्व, ग्रहणदि ।
परबतिआ / **परबती** –पर्वतमे रहनिहार वा होएनिहार ।
परबरस–वि० भरणपोषण ।
परबल–प्रबल ।
परबा–पारावत, पक्षिविशेष ।
परबापाँखि–धान्यविशेष ।
परबाहि–वि० चिन्ता ।
परबेस–प्रवेश ।
परभूत / **परभूता** –प्रभुत्व, प्रभुता, सामर्थ्य ।
परमाद–प्रमाद, उचितो अप्रिय कहबामे संकोच ।
परमानगी–वि० आज्ञा ।
परमाना–वि० आज्ञापत्र ।
परमान्न–खीर, पायस ।

परमेसर–परमेश्वर ।
परसन–प्रसन्न १ । पुनः परिवेषित खाद्य वस्तु २ ।
परसमनि–स्पर्शमणि, जकर स्पर्शसँ धातु सोन भय जाय ।
परसुक / **परसुका** –परसू भेल (विषय), एकान्तरितदिनभव ।
परसू–अ० परश्वः, एकदिनान्तरित पूर्व वा पर दिनमे ।
परसूत–प्रसूत रोग ।
परसूती–स्त्री० प्रसूता स्त्री ।
परसौत–प्रसूताक रोग ।
परसौती–स्त्री० प्रसूता स्त्री ।
परहेज–प्रहेज, अपराधसहन १ । पुनः अकरण २ ।
परात–प्रभात १ । अग्रिम दिन २ ।
पराती–प्रभात कालमे गेय गीत ।
परान–प्राण ।
परि–अ० सदृश, [अन्याय कएने रावणक परि होएत]
परिकब–क्रि० लोभेँ पुनः पुनः प्रवृत्ति ।
परिक्रमा–सं० प्रदक्षिणगमन ।
परिचय–सं० नामादिज्ञान ।
परिचित–सं० नाम रूप आदिसँ ज्ञात ।
परिच्छा–परीक्षा ।
परिछनि–स्त्रीकर्तृक एक प्रकारक शुभविधि ।
परिछब–क्रि० वर आदिक परिछनिविधि करब ।
परिपाटी–सं० रीति ।
परिमित–सं० अल्प परिमाणसँ युक्त ।
परि लागब–क्रि० लग्+अब–प्राप्त होएब।
परिहब–क्रि० पहिरब, परिधान ।
परुकाँ–अ० परुत्, अव्यवहित पूर्व वा पर वर्ष ।
परेखब–क्रि० प्रेक्षण ।
परेत–प्रेत, देवयोनिविशेष ।
परेम–प्रेम ।
परेसान–वि० हरान, परिश्रान्त, अतिप्रयत्नयुत ।
परेसानी–वि० हरानी, अत्यायास ।
परोक्ष / **परोछ** –अप्रत्यक्ष ।
परोपट्टा–प्रान्त, समन्तात् समीप देश ।
परोमिन–असम्बन्धिक ।
परोस–समीपस्थ देश ।
परोसिआ / **परोसी** –समीपवासी व्यक्ति ।
पर्दा–आवरण १ । आवरक पट २ ।
पर्व–सं० ग्रहणादिक समय ।
पर्वत–सं० पहाड़ ।
पर्वतिआ / **पर्वती** –पर्वत पर रहनिहार वा होएनिहार ।
पर्बी–पर्वक खर्च ।
पल–सं० कालक मानविशेष १ । आँखिक आवरण २ ।
पलइ–बड़का माछक पेट दिशक खण्ड।
पलखति–अवकाश ।
पलगर–अधिक पल्ला, दूरस्थित ।
पलङ्ग–पल्यङ्क ।
पलटन–परिवर्त्तन १ । वि० सैन्य २ ।
पलटब–क्रि० पूर्वस्थितिक पुनर्लाभ ।
पलथा–पद्मासनादि ।
पलथा मारब–क्रि० मार्+अब–पद्मासनादि लगाएब ।

पलपल–अति कोमल (आम्रादि) ।
पलपलाएब–क्रि० पलपल्+अब–अति कोमल होएब ।
पलबा–मत्स्यविशेष ।
पलरा–तराजूक पृथक् पृथक् उभय अङ्ग ।
पलाएब–क्रि० धान्यादिक अधिक पत्रसँ युक्त होएब ।
पलाओ–मांसादिसँ रचित कृतान्नविशेष ।
पलाँकी–शाकविशेष ।
पलार–उच्चप्रदेशसँ प्रवाह ।
पलार फेँकब–क्रि० वर्षासँ उपरसँ पानिक प्रवाह ।
पलास–पलाश, पुष्पविशेष ।
पलासपीपरि–ओषधिविशेष ।
पलासी–पलासक बीआ ।
पलिआ–धान्यविशेष ।
पलित–अपवित्र ।
पलिताह–उ० घृणास्पद वा अपवित्र काज कएनिहार । स्त्री० पलिताहि ।
पलिताही–स्त्री० घृणाष्पद काज कएनिहारि निन्द्य ।
पलै–बड़का माछक पेट दिशक खण्ड ।
पल्था–आसनबन्ध ।
पल्था मारब–क्रि० मार्+अब–आसनबन्ध लगाएब ।
पल्लव–सं० पत्र ।
पल्ला–दूर १ । केबाड़ तराजू आदि युग्मवस्तुक एक अङ्ग २ ।
पवित्री–पवित्रतासम्पादक औँठी ।
पसओना–जाहिसँ माँड़ पसाओल जाए ।
पसर–रात्र्यन्तमे महिसिक प्रसरण समय ।
पसरब–क्रि० प्रसरण ।
पसाएब–क्रि० पसब्+अब–प्रस्रावण, पात्रकेँ झुकाए माँड़ आदिक खसाएब १। मण्डादि खसाए भात आदिकेँ संस्कृत करब २ [प्रथम अर्थमे माँड़ कर्म, दोसरमे भात] ।
पसार–प्रसार, विस्तार ।
पसारी–नियत रूपेँ परिवारक कार्य कएनिहार व्यवसायी, यथा धोबि, नौआ इत्यादि ।
पसाहनि–स्त्रीक कपारमे शोभार्थ चित्ररचना ।
पसाही–भूमिस्थ तृणमे परम्परा सम्बन्धक कारण अग्निक प्रसरण ।
पसीझ–कण्टकमय शाखायुक्त क्षुपविशेष।
पसेना–घाम, स्वेद ।
पसेरी–पञ्चसेटकी, मनक अष्टमांश मान ।
पस्त–वि० दबल, धसल ।
पहटब–क्रि० काष्ठकेँ समतल करबाक हेतु छीलब ।
पहटा–माछ मारबाक साधनविशेष ।
पहथ–एक लप परिमाण ।
पहपटि–दुराग्रह (शिशुक) ।
पहपटिआ–दुराग्रही (शिशु) ।
पहर–प्रहर, कालक परिमाणविशेष ।
पहररतिआ–रातुक चारिम पहरमे उगनिहार (तारा) ।
पहरा–पहर-पहरमे रक्षकक सतर्कता, रक्षा ।
पहरिआ–पहरूदार ।
पहल–स्तम्भादिमे समन्तात अनेक समतलीकृत भाग ।
पहलमान–मल्ल ।

पहलमानी–मल्लक कार्य ।
पहलेज–लताफलविशेष ।
पहाड़–पर्वत ।
पहाड़ी–पर्वतीय ।
पहाड़ी मेना–मेना प्रभेद ।
पहिआ–रथचक्र ।
पहिआएब–पहि+अब–पाहि लगाएब ।
पहिगर–गतायातयोग्य (स्थान)
पहिने–अ० प्रथमतः ।
पहिरना–परिधानीय ।
पहिरब–क्रि० परिधान ।
पहिल–प्रथम ।
पहिल-साँझ–सन्ध्याक प्रथम भाग ।
पहिलुक–प्राथमिक ।
पहिलुका–प्रथम प्रकारक ।
पहिलोठि–स्त्री० प्रथमप्रसूता (गाए आदि)।
पही–माछ मारबाक साधनविशेष ।
पहु–स्वामी (गीतमे) ।
पहुआ–पक्षिविशेष ।
पहुँच–प्राप्ति ।
पहुँचनामा–प्राप्तिपत्र ।
पहुँचब–क्रि० प्राप्ति ।
पहुँचा–मणिबन्ध १ । मणिबन्धक भूषणविशेष २ ।
पहुँचाएब–क्रि० पहुँचब्+अब–प्रापण ।
पहुँची–मणिबन्धक भूषणविशेष ।
पहुनघरा–अतिथिगृह ।
पहुना–शूद्रक जामाता ।
पहुनाइ–पाहुन होएब ।
पहुलाठ–डाँड़ओ जाँघक सन्धिस्थल ।
पाइ–पण, कड़ा, आनाक चतुर्थांश, पैसा।
पाइट–हर बहबामे एक बड़दके दोसर बड़दक सङ्ग ।
पाउजि–रोमन्थ ।
पाएब–क्रि० पब्+अब–प्राप्ति १ । अरक्षित वस्तुक ग्रहण २ ।
पाएर–चरण ।
पाओ–सेरक चतुर्थांश परिमाण, पाद ।
पाओज–रोमन्थ, पाउजि ।
पाक–सं० महानस, रान्हब १। भत्ता २ । वि० उद्धृत, निर्दोष ३ ।
पाँक–पङ्क, थाल ।
पाकड़ि–पर्कटी, वृक्षविशेष ।
पाकब–क्रि० पक्+अब–शरीरमे अग्निक संयोग होएब १ । पक्क होएब २ ।
पाँकी–जलक सङ्ग आबि बैसल श्लक्ष्ण (माटि) ।
पाखड़ि–धान्यविशेष ।
पाखण्डी–नास्तिक ।
पाखा–पार्श्व ।
पाँखि–पक्ष, पक्षीक उड़बाक साधक अङ्ग ।
पाँखुर–बाँहिक ओ कान्हक जोड़ ।
पाग–उष्णीष, वस्त्ररचित शिरोभूषणविशेष।
पागब–क्रि० पग्+अब–चीनीक सिरकासँ युक्त करब ।
पाच–सूचीक अग्र बारंबार भोँकि औषधकेँ त्वचाक तर पहुँचाएब ।
पाँच–पञ्चसंख्यायुत ।
पाँचम–पञ्चम ।
पाछाँ, **पाछू**–पृष्ठदेश १ । अ० पश्चात् २ ।
पाँज–वस्तु पकड़बामे वर्त्तुलीकृत बाहु ।

पाँजर–पेटक दुहू भाग ।
पाँजि–पञ्जी, वंशानुक्रमेँ पुरुषक नामावली ।
पाजी–वि० बदमास, दुष्ट ।
पाट–पट्ट १ । धोबीक दारु २ ।
पाटब–क्रि० पट्+अब-पजेबा आदिसँ आच्छादित करब १ । व्याप्त होएब २ ।
पाटल–जलादिसँ व्याप्त १ । पजेबासँ आच्छादित समतल छदिसँ युक्त २ ।
पाटापाटी–मतभेदप्रयुक्त दू दल होएब ।
पाटि लागब–क्रि० लग्+अब-बड़दक शिक्षार्थ प्रारम्भिक हलग्रहण ।
पाटी–शिक्षार्थ काष्ठनिर्मित लेखपट १ । केशविन्यासविशेष २ ।
पाठ–सं० पढ़ब ।
पाठक–सं० उपाधिविशेष १ । पाठ कएनिहार २ ।
पाठा–सं० ओषधिविशेष १ । मल्लक शिष्य, पट्ठा २ ।
पाठी–बिनु बाहलि छागी ।
पाँड़रि–पाटला, वृक्षविशेष ।
पाड़ा–उ० महिसिक बच्चा । स्त्री० पाड़ी ।
पाँड़े–पाण्डेय, ब्राह्मणक उपाधिविशेष ।
पाढ़–डाँड़क भूषणविशेष ।
पाढ़ि–विभिन्न वर्णक वस्त्रक अन्तिम अवयव ।
पात–पत्र ।
पातड़ि–भगवतीक हेतु क्षीरपाकादि १ । खड़िकासँ अनेक पातकेँ जोड़ि बनाओल भोजनक पात २ ।
पातर–कृश, सूक्ष्म ।
पाँतर–कान्तार, प्रान्तर, निर्जन पैघ भूमि।
पाता–निमन्त्रणपत्र ।
पाति–स्त्रीक बाहुक अलङ्करणविशेष ।
पातिल–भात रन्हबाक योग्य पैघ मृत्पात्र।
पाँती–पङ्क्ति ।
पाँतीजोड़ (र)–पङ्क्तिबद्ध ।
पात्र–सं० कण्टहा, श्राद्धमे पुजओनिहार ब्राह्मण १ । योग्य २ । वस्तु रखबाक आधार ३ ।
पाथब–क्रि० पथ्+अब-स्थिर कए राखब [चिपड़ी बनसी वा कान पाथू] ।
पाथर–प्रस्तर ।
पाथेय–सं० बाटमे खाद्य, बटखर्चा ।
पादब–क्रि० पद् + अब - अपान-वायुत्यागशब्द ।
पान–पर्ण, नागवल्ली १ । ताम्बूल २ ।
पानापत्ती–ओषधिविशेष ।
पानापोठी–लताविशेष ।
पानि–पानीय, जल ।
पाप–सं० अधर्म ।
पापड़–कृतान्नविशेष ।
पापी–सं० पापयुक्त ।
पाबनि–पावनी तिथि, व्रतपूजादिक विशिष्ट तिथि ।
पाबनितिहार–पावनिप्रभृति ।
पाय–अङ्गक दोष ।
पायर–पाएर, चरण ।
पाया–धारक अपर तट १ । पर्यायेँ प्रवर्त्तमान क्रियाक हेतु ककरो प्राप्त अवसर २ ।
पार उतरब–क्रि० धारक अपर तट जाएब।

पारना–पारणा, उपवासोत्तर भोजन ।
पारब–क्रि० पार्+अब-कुठारादिक्रिया ।
पारबारी–पारावारक क्रिया, तट्यन्तरगमन ।
पारा–पारद, धातुविशेष ।
पारी–पर्यायप्राप्ति, पर्यायतः प्राप्त अवसर ।
पाल–नौकाक गुणवृक्षक कपड़ा ।
पालकी–शिविकाविशेष ।
पाल खाएब–क्रि० ख्+अब-घोड़ीक बाहब ।
पालन–प्रतिपाल ।
पालब–क्रि० पाल्+अब-पालन करब ।
पाला–हिम, बर्फ ।
पालिस–वि० श्लक्ष्ण लेप, दृढ़ लेप-विशेषसँ रङब ।
पालिस्तर–वि० सुरखीचून प्रभृतिक दृढ़ लेप ।
पालो–हरक अवयव जे बड़दक कान्हपर रहैछ ।
पास–कोदारि प्रभृतिक छिद्रयुक्त अङ्ग ।
पासँग / **पासङ** –तुलाक असाम्य, दूनू पल्लाक उठओला पर असमानता ।
पासनि–खुरपी ।
पासबान / **पासमान** –दुसाधक उपाधि ।
पासा–देवनाक्ष, चौपड़ि आदि क्रीड़ाक उपकरणविशेष ।
पासि–खाट आदिक चारू कातक अङ्ग।
पासी–मद्यव्यापारी जातिविशेष ।
पाहि–हलादिसँ धएल क्षेत्रभाग १ । मूलक पता, भाँजि २ ।
पाहि लागब–क्रि० लग्+अब-हलादिसँ धएल भागक कर्षणादिक समाप्त होएब १ । प्रकरणसमाप्ति २ । चोर आदिक गेल मार्गक चिह्नज्ञान होएब ३ ।
पाही / **पाहीपट्टी** –ग्रामान्तरक असामी ।
पाहुँच–मणिबन्ध, पहुँचा ।
पाहुन–प्राघुण, अतिथि ।
पाहुन-परक–प्राघुणादि ।
पाहुर–सूगरक बच्चा ।
पाहुर कीचब–क्रि० किच्+अब-ठोरपर दाँत बैसाए क्रोधमुद्रा करब ।
पिअ–प्रिय (गीतादिमे) ।
पिअब–क्रि० पिब्+अब-पान ।
पिआजु–पलाण्डु ।
पिआर–जलादिपुष्ट ।
पिआस–पिपासा ।
पिआसल–पिपासित ।
पिआहुर–जलपुष्ट धान्यादिवृक्ष ।
पिउसा–पुं० पितृष्वसृस्वामी, पिउसिक पति ।
पिउसि–स्त्री० पितृष्वसा, पिताक बहिनि।
पिउसी–स्त्री० पितृष्वसा (सम्बोधनमे) ।
पिक–तमाकू आदिक थूक ।
पिकदान / **पिकदानी** –थूत्कारपात्र ।
पिक्की–पुक्की, मुखध्वनिविशेष ।
पिचड़ा–दबलासँ चिपिटाकार ।
पिच्चड़ि–धान्यविशेष ।
पिच्छड़(र)–पिच्छिल ।
पिछड़(र)ब–क्रि० पिच्छिलताप्रयुक्त पादस्खलन ।
पिछू–अ० प्रत्येक ।

पिजओना–जाहिपर अस्त्र पिजाओल जाए ।

पिजड़ा } –पञ्जर, पालित पक्षीकेँ बद्ध
पिंजड़ा } रखबाक वस्तु ।

पिजाएब–क्रि० पिजब्+अब-अस्त्रक घर्षणसँ तीक्ष्णीकरण ।

पिजुआएब–ना० पिजु+अब-पीजुसँ युक्त होएब ।

पिटना–जाहिसँ वारंवार पीटि भूमि सरि कएल जाए ।

पिटुआ–पीटिकेँ बनाओल (लोहिआ आदि) ।

पिट्ठा–वृक्षविशेष ।

पिठकट–मत्स्यादिक पीठ दिशक खण्ड।

पिठबन–पृष्ठिपर्णी ।

पिठार–पिष्टातक, पानि दए पीसल चाउर।

पिठिआ–अव्यवहित जनमल (नेना) ।

पिठिआ धाओ–पीठक व्रणविशेष ।

पिठिआ ठोक–पाछाँसँ दौड़ब ।

पिड़ही–पीढ़ी, भोजनकाल बैसबाक काष्ठपीठ ।

पिड़ाएब–ना० पिड्+अब-पीड़ासँ युक्त होएब ।

पिड़ार–फलविशेष ।

पिडुकिआ–कृतान्नविशेष ।

पिढ़िआ–छोट पिड़ही ।

पिण्ड–सं० पितृकर्मक हेतु वर्त्तुलीकृत अन्न ।

पिण्डखजूर–खजूरक एक प्रभेद ।

पिण्डस्याम–ईषद्गौर ।

पित–पित्त ।

पितड़ि(रि)आ–पित्तल-रचित ।

पितपापड़–पर्पटी ।

पितमरू सहनशील, श्रमसह, अक्रोधन।

पितर–मृत पिता आदि ।

पितरपच्छ–पितृपक्ष, आश्विन कृष्णपक्ष।

पितराइनि–स्त्री० मृतमाता आदि ।

पिता–जनक, बाप ।

पिताएब–क्रि० पित्+अब-क्रोधयुक्त होएब।

पिताह–उ० क्रोधस्वभावक । स्त्री० पिताहि ।

पितिआइनि–स्त्री० पत्तीक स्त्री, पितृव्यपत्नी ।

पितिआक–अ० पितृव्यसम्बन्धी (धनादि)।

पितिऔत–उ० पितृव्यक अपत्य । स्त्री० पितिऔति ।

पितौझिआ–पुत्रञ्जीव, वृक्षविशेष ।

पित्त–सं० उदरस्थ प्राण्यङ्गविशेष ।

पित्तड़ि(रि)–पित्तल, पीतलोह ।

पित्ती–पु० पितृव्य, बापक भाए ।

पिनकी–हफीम खएलासँ झुकनी ।

पिपनी–पक्ष्म, आँखिक झपनाक केश ।

पिपर–पिप्पल, वृक्षविशेष ।

पिपरपत्ता–पिप्पलपत्राकार कर्णभूषण ।

पिपरमिण्ट–वि० क्षुपविशेष ।

पिपरा–अँत्रविशेष ।

पिपरामूल–पिप्पलीमूल, ओषधिविशेष ।

पिपरि–पिप्पली ।

पिपही–शिशुक वाद्यविशेष १। बीजसंलग्न छोट आमक गाछ २ ।

पिरबटनी–पीरक मध्यमे देबाक काठी ।

पिरी–प्रिय ।

पिरीति–प्रीति ।

पिरोजा–फलविशेष ।

पिरोँछ–किञ्चिन्मात्र पीतवर्णक ।

पिलपिलाह–उ० कृश, अपुष्ट (जीव) । स्त्री० पिलपिलाहि ।

पिलही–प्लीहा, पेटक रोगविशेष ।

पिलिआ–कुकुरक स्त्री ।

पिलुआ–पीलु, पिपीलिका ।

पिल्ला–उ० कुकुर । स्त्री० पिल्ली ।

पिशाच–सं० देवयोनिविशेष ।

पिसब–क्रि० पेषण ।

पिसाओन–पिसबाक वेतन ।

पिसाँच–पिशाच, देवयोनिविशेष ।

पिसिआ–स्त्री० पिउसि, बापक बहिनि, पितृष्वसा (संबोधनमात्रमे) १। पेषणकर्म २ ।

पिसिआ सासु–स्त्री० पतिक पिउसि ।

पिसिऔत–उ० पिउसिक अपत्य । स्त्री० पिसिऔति ।

पिसीमाल–अत्यन्त पिष्ट ।

पिस्ता–फलविशेष ।

पिहकारी–उच्चतर मुखध्वनि ।

पिहना–कोठीक उपरका झपना ।

पिहानी–प्रहेलिका ।

पिहुआ–पक्षिविशेष ।

पीअब–क्रि० पिब्+अब-पान करब ।

पीअर–पीत वर्ण ।

पीअर ढुइस–अत्यन्त पीतवर्ण ।

पीआ–होलिकाक्रीड़ार्थ पीअर जल ।

पीउब–क्रि० पिब्+अब-पान करब ।

पीक–ताम्बूलादियुक्त त्याज्य मुखजल ।

पीचब–क्रि० पिच्+अब-जोरसँ दाबब ।

पीछू प्रत्येक, [घर पीछू एकक रुपैआ बाँट] ।

पीजु–पूय, व्रणक विकार ।

पीटब–क्रि० पिट्+अब-ताड़न ।

पीठ–पृष्ठ ।

पीड़ा–सं० कष्ट ।

पीड़ित–सं० कष्टयुक्त ।

पीढ़ी–बैसबाक काष्टपीठिका १ । वंश-परम्परा २ ।

पीताम्बरी–पीत पट्टवस्त्र ।

पीनी–धूम्रपानसाधक तमाकूक पिण्ड ।

पीपर–पिप्पल, वृक्षविशेष ।

पीपरि–पिप्पली, ओषधिविशेष ।

पीर–सूत कटबाक हेतु सुसज्जित भिँड़िआओल तूर ।

पीरा–पीतवर्णप्रकारक ।

पीरा बाँस–वंशविशेष ।

पीरी–किञ्चित् पीतिमा ।

पीलु–पिपीलिका ।

पीसब–क्रि० पिस्+अब-पेषण ।

पीसीमाल–अत्यन्त पिष्ट ।

पुकार–वि० सोर करब, आह्वान ।

पुकारब–वि० क्रि० पुकार्+अब-सोर करब ।

पुक्की–उच्चैःपूत्कार, 'ऊ' इत्यादि उच्चतम ध्वनि ।

पुक्की पारब–क्रि० पार्+अब-जोरसँ 'ऊ' इत्यादि ध्वनि करब ।

पुक्ख–पुष्य (नक्षत्र) ।

पुच्छ–सं० लाङ्गूल ।

पुच्छड़(र)–पाछाँ पुच्छजेकाँ लागल ।

पुछब–क्रि० प्रश्न करब ।

पुछारी–प्रश्नपूर्वक अन्वेषण ।
पुजाएब–क्रि० पुजब्+अब–पूजा कराएब ।
पुजैगिरी–पूजाकर्त्ता ।
पुटपुड़ } पुटपुड़ी }–आँखि ओ कानक मध्यभाग।
पुड़हर–पुर:स्थाप्य घट (विवाहादि माङ्गलिक विधिमे) ।
पुड़िआ–औषधादिक छोट कागजसँ बनाओल पुटक ।
पुतखौकी–स्त्री० पुत्रजग्धी, अपन बेटाकेँ खएनिहारि (गारि) ।
पुतरी–पुत्तलिका, शालभञ्जिका, बाल-क्रीड़ार्थ छोट मनुष्यक मूर्त्ति १। आँखिक डिम्भा, कनीनिका २।
पुतली–कनीनिका, कृष्णतारक ।
पुतहु–स्त्री० पुत्रवधू ।
पुत्ती–मीड़ल महुआ आदिक तुष ।
पुदीना–शाकविशेष ।
पुन–अ० पुन:, फेर ।
पुनगा } पुनगी }–वृक्षमे ठारि चलबाक अङ्कुर ।
पुन्याह–प्रजासँ कर ओसूल आरम्भ करबाक पुण्यदिन ।
पुबरिआ–पूबमे स्थित ।
पुबाहुत–समीप पूर्वस्थित ।
पुरओना–पूर्त्तिकारक ।
पुरजी–तात्कालिककार्यवाही पत्रविशेष ।
पुरजी काटब–क्रि० कट्+अब–पुरजी लिखब ।
पुरना–प्राचीन, पुरातनप्रभेदक ।
पुरब–क्रि० पूरण ।
पुरबा–पूर्व देशसँ अबैत (बसात) ।
पुरबासाहि–मुखोत्तर, परोक्त कथाक मुखत: परिबोधन ।
पुरबी–रागिनीविशेष ।
पुरश्चरण–सं० अनुष्ठान ।
पुरश्चरणिआ–पुरश्चरणमे नियुक्त ।
पुरहर–माङ्गलिक पुर:स्थाप्य घट ।
पुरहरी–भूषणविशेष ।
पुराएब–क्रि० पुरब्+अब–पूर्ण करब ।
पुरान–प्राचीन, जीर्ण ।
पुरानए–पुनर्नवा ।
पुरिबा–पूर्वदेशागत (वायु) ।
पुरुखा–पूर्वज पुरुष ।
पुरुखाह–पौरुषशाली ।
पुरैनि–कमलवृक्ष ।
पुरैनिक दह–समूलनाल कमल ।
पुरोहित–सं० देवपित्रादिकर्म करओनिहार।
पुरोहिती–पौरोहित्य, पुरोहितक कार्य ।
पुरोत } पुरौत }–पूर्ण होएबाक निमित्तेँ देल (अन्नादि) ।
पुर्निमा–पूर्णिमा, पौर्णमासी ।
पुर्री–पुक्की ।
पुसोठ–नेनाक प्रथम पूसमे कर्त्तव्य एक विधि ।
पुस्ति–वि० निचला पुरुष (वंशपरम्परामे)।
पुहबी–धान्यविशेष ।
पू' } पूअ } पूआ }–अपूप, पक्वान्नविशेष ।
पूछ–पुच्छ १ । प्रश्न २ ।
पूछब–क्रि० पुछ्+अब–प्रश्न करब ।
पूजा–सं० पूजन ।
पूजाघर–पूजा हेतुक घर ।

पूजापाठ–पूजाप्रभृति नित्यक्रिया ।
पूंजी } पूँजी }–मूलधन ।
पूठ–मालक लाङ्गूलारम्भस्थलक उभय पार्श्व ।
पूड़ा–पत्रादिरचित पुटक ।
पूड़ी–धातुरचित पुटक ।
पूत–पुत्र ।
पूब–पूर्वदेश ।
पूबा–पूर्वदेशभव अनादरणीय व्यक्ति ।
पूबाढाढ़–पूर्वप्लव, क्रमश: पूब-पूब भागेँ नीच ।
पूभर–पूर्वदेश ।
पूर–पूर्ण ।
पूरब–क्रि० पुर्+अब–पूर्ण करब ।
पूरा } पूर्ण }–पर्याप्त ।
पूर्णकलस–सं० जलपूर्ण घट ।
पूर्णिमा–सं० शुक्लपक्षक अन्तिम तिथि।
पूल–सेतु ।
पूस–पौष (मास) ।
पृथिवी–सं० धरती ।
पेआली–नपबाक चोँगा ।
पेखब–क्रि० प्रेक्षण ।
पेँच–घुमाए-घुमाए पैसएबाक शङ्कु ।
पेँचकस–पेँच कसबाक यन्त्र ।
पेँचिल–प्रपञ्चद्वारा स्वकार्यसाधन पटु ।
पेँची–कन्दविशेष ।
पेँचुल } पेँचू }–प्रपञ्चद्वारा स्वकार्यसाधनपटु ।
पेट–उदर ।
पेटकान्ह लाधब–क्रि० लध्+अब–आहार त्यागिकेँ पड़ब ।
पेटकुनिआ–पेटक भरेँ अवस्थिति ।
पेटगर–पैघ पेटबाला, अधिक खएनिहार।
पेटपोसा पेट पोसनिहार, उदर-भरण परायण अनादरणीय ।
पेटपोसू–उदरभरणपरायण ।
पेटफुल्ली–वायुसँ पेटक फुलब ।
पेटबद्धी–भूषणविशेष ।
पेटबाहि–अतिसार ।
पेटार–जलीय तृणविशेष १। मञ्जूषा २ ।
पेटारा–मध्यवर्तिदीपप्रकाशसँ आकाशमे उड़बाक कागजक बनाओल पुरुषादिमूर्त्ति ।
पेटारी–छोट मञ्जूषा ।
पेटाह–अधिक खएनिहार, भोजनलोलुप ।
पेटी–लौहादिरचित मञ्जूषा ।
पेटू–पेटाह, खएबापर अधिक ध्यान रखनिहार ।
पेंड़–गाछ ।
पेड़ा–मिष्टान्नविशेष १ । एकबट्टी २ ।
पेण–गाछ ।
पेणा–पेँड़ा, मिष्टान्नविशेष ।
पेंतालीस–पञ्चचत्वारिंशत् ।
पेन–बासन आदिक तरका भाग ।
पेना–हर जोतबाक ठेङा ।
पेनाठ–यष्ट्यादिक निचला स्थूलभाग ।
पेनिआएब–क्रि० पेनी+अब–पाछाँ-पाछाँ लागब ।
पेँप } पेँसी }–स्थूल अङ्कुर ।
पेमाल–पिसीमाल, परिश्रान्त ।
पेरब–क्रि० उत्पीड़न ।
पेसतोल–वि० अस्त्रविशेष, अतिह्रस्व भुशुण्डी ।

पेसब–क्रि० पैसाएब ।
पेस्तर–वि० पूर्व, पहिने ।
पैघ–दीर्घ, महान् ।
पैघत्व–महत्त्व ।
पैँच–बिना सूदिक ऋण ।
पैँचब–क्रि० शूर्पक्रियाविशेष ।
पैँचहार–पैँच लेनिहार ।
पैँचाड़–पैँच लेबदेबक व्यवहार ।
पैड़ी–पैरी, स्त्रीचरणक भूषणविशेष ।
पैता–पवित्र, लगाओल कुशविशेष ।
पैत्रिक–पितृवासभूमि ।
पैनि–करीनक पट ।
पैरबी–वि० कार्यसिद्धिमे नाना प्रकारेँ सहायता पहुँचाएब ।
पैली–चोँगा आदि नपना ।
पैसब–क्रि० प्रवेश ।
पैसा–कञ्चा, ढेउआ ।
पैसाएब–क्रि० पैसब्+अब–प्रविष्ट करब ।
पोआ–सापक बच्चा ।
पोआर–पलाल ।
पोखराज–मणिविशेष ।
पोखरि–पुष्करिणी ।
पोखरिझाँखरि–पोखरिप्रभृति भयस्थान ।
पोखरिआ–पोखरिमे उपजाओल (बीजवृक्ष)।
पोचारा–ढौर, भित्तिक उपलेपन ।
पोछब–क्रि० प्रोञ्छन, प्रक्षालन ।
पोटरी–पोट्टली ।
पोटा–नासाकफ ।
पोठी–प्रोष्ठी, मत्स्यविशेष ।
पोत–माल, भूमिकर १ । लेप २ ।
पोतब–क्रि० लेपब ।
पोतभरिआ–राजकरक भारबाहक ।
पोथा–बहुत पैघ पुस्तक ।
पोथी–पुस्तक ।
पोथीपतड़ा–पोथीपतड़ाप्रभृति ।
पोन–नितम्ब ।
पोनखस–अल्पनितम्बक ।
पोनचटक–पोनमे मारब ।
पोनचटक देब–क्रि० पोनमे मारब ।
पोँपाँ–वाद्यशब्दक अनुकरण ।
पोर–वँशादिक ओ अङ्कुरीक पर्व ।
पोरगर–दूर-दूर पोरबाला ।
पोरो–शाकविशेष ।
पोल–वि० रहस्य ।
पोलखाह–यत्किञ्चित् भागमे निम्न (लकड़ी आदि) ।
पोला–परिमाणविशेषसँ युक्त सूत, पूल सं० ।
पोलाओ–कृतान्नविशेष ।
पोस–पोषण ।
पोसपूत / **पोसपुत्र** –कृत्रिमपुत्र ।
पोसब–क्रि० पोषण ।
पोसा–पोसल (कुकुर आदि) ।
पोसाओन–पोसबाक वेतन ।
पोसिआ–पोसबाक हेतु देल (माल) ।
पोसिआ लगाएब–क्रि० लगब्+अब–पोसबाक हेतु देब ।
पोस्ता–क्षुपविशेष ।
पोस्तादाना–पोस्ताक अन्न ।
पौआ–कुड़प, सेर आदिक चतुर्थांश मान १ । खाटक स्तम्भ २ ।
पौआही–एक पौआ परिमाणक नपना ।

पौँछ–केराक छोट गाछ ।
पौती–वंशरचित मञ्जूषाविशेष ।
पौत्र–उ० सं० पुत्रक अपरत्य । स्त्री० पौत्री ।
पौथान–पादस्थान, सुतबामे पाएर जेमहर रहए से स्थान ।
पौर–पौरब ।
पौरब–क्रि० दहीक हेतु पात्रमे दुग्धप्रक्षेप।
प्रकाश–सं० प्रकट, आलोक ।
प्रकार–सं० प्रभेद, रीति ।
प्रकोप–सं० उपद्रव, अधिक क्रोध ।
प्रचण्ड–स० उद्धत, तीव्र ।
प्रण–प्रतिज्ञा ।
प्रणाम–सं० नति ।
प्रणामी–प्रणाममे देल (द्रव्य) ।
प्रति–एकादशाहमे काम्य उत्सृष्ट वस्तु १ । अ० सं० प्रसङ्ग २ ।
प्रतिपाल–सं० भरणपोषण, रक्षा ।
प्रतीत–सं० ज्ञात ।
प्रधान–सं० प्रमुख ।
प्रपञ्च–सं० प्रच्छन्न क्रियाजाल ।
प्रपञ्ची–सं० अच्छन्न अधिक क्रिया कएनिहार ।
प्रभाच्छए–प्रभाक्षय, अप्रतिभत्व ।
प्रमाद–सं० अनवधानता १ । उचितो क्रिया भयसँ नहि करब २ ।
प्रसक्ति–सामर्थ्य ।
प्रसाद–सं० प्रसन्नता १ । नैवेद्य २ ।
प्रहेज–परहेज, निवृत्ति, निरोध ।
प्राचीन–सं० पुरातन ।
प्राण–सं० जीवनवायु ।
प्रात–प्रभात ।
प्रातःकाल–सं० प्रभात समय ।
प्रान–प्राण ।
प्रिय–सं० प्रेमास्पद, मनोऽनुकूल ।
प्रियगर–अधिक प्रेमास्पद ।
प्रीति–सं० प्रेम, अनुराग ।
प्रेत–सं० परेत, भूतयोनिविशेष ।
प्रेम–सं० प्रीति ।
प्रेमी–सं० प्रिय, प्रेमपात्र ।
प्यादा–वि० पदाति १ । सतरञ्जक एक गोटी २ ।
प्याद-प्यादान–वि० सतरञ्जमे दू प्यादाक सहेँ मातु ।
प्यादसह–सतरञ्जमे बादशाहकेँ प्यादाक साम्मुख्य ।
प्याली–पेआला, नपनाक प्रभेद ।
प्यूसा–पुँ० पितृष्वसृपति, पिताक बहिनिक पति ।
प्यूसि–स्त्री० पितृष्वसा, पिताक बहिनि ।

फ

फइल–विस्तृत असंकीर्ण (स्थान) ।
फकचोद–असंगत विवाद ।
फकफक करब–देहमे हृदयवायुमात्रक सञ्चालन ।
फकफकी–देहमे हृदयवायुमात्रक चलन ।
फक्का–फाँका ।
फटकदलाली–अनुचित नफा उठएबाक हेतु प्रौढ़ मिथ्याभाषण ।
फटकफन्द–प्रच्छन्न रूपेँ उपस्थापित बाधा ।
फकड़ा–पिहानीतुल्य बालविनोदार्थ प्रचलित अतात्पर्यक वाक्य ।
फकसिआर–जन्तुविशेष ।

फकसिआरी काटब–क्रि० फकसिआर जन्तु जेकाँ दीन शब्द बाजब । देहक अक्षमतामे परिचारकहीन व्यक्ति दीन शब्द बजैत अछि "अओ, केओ पानि दिअ ऐन्हि ।" इत्यादि ।

फकारि–कखनहु-कखनहु मेघक टुकड़ासँ वृष्टि ।

फकिरना–फकीरकेँ देल जागीर ।

फकीर–वि० उ० बैरागी, परलोकसाधक विशेष । स्त्री० फकिरनी ।

फक्कच–उ० व्यवस्थाशून्य अधिक बजनिहार । स्त्री० फक्कचि ।

फक्कर–अकिञ्चन ।

फक्की–फागु, फागुनक अन्तिम समय ।

फगुनहट (टि)–फागुन तथा तत्समीप समय ।

फचफच बाजब–क्रि० असङ्गत अधिक बाजब ।

फचारि–फचफच बजनिहार ।

फजहति–वि० गञ्जन ।

फजूल–वि० व्यर्थ ।

फझति–वि० भर्त्सन ।

फटक–आलयवेष्टनभित्तिक कपाट, फाटक ।

फटकब–क्रि० सूपसँ संशोधन ।

फटकाओन–फटकबसँ त्याजित १ । फटकबाक वेतन २ ।

फटकार–आडम्बर ।

फटकारब–क्रि० फटकार्+अब-तुच्छ बुद्ध्या वाचा निराकरण ।

फट दए–अ० शीघ्रतया ।

फटफट करब क्रि० असमीचीन निर्धोख बहुभाषण ।

फटफटार–वेष-भूषादिसँ सुसज्जित (निन्दामे) ।

फटाक दए–अ० शीघ्रतया ।

फटिक–स्फटिक ।

फटोन–फाटल दुग्धविकार १ । फाटल सन २ ।

फट्ठा–बाँसक फाड़ल अधबाड़, बीचसँ फाड़ल खण्ड ।

फट्ठी–छोट फट्ठा ।

फड़कब–क्रि० प्रस्फुरण १ । लेन-देन मे शेष २ ।

फड़की–कपाटस्थानीय वंशनिर्मित द्वारावरण ।

फड़गोड़–विशेष चलनिहार ।

फड़ब–क्रि० गाछ फलयुक्त होएब १ । कीटक उत्पत्ति २ ।

फड़बन्दी–परिकर, बद्धकक्षता ।

फड़भी–फरभी, भूजल यव, धाना सं० ।

फड़हर–परस्पर असंलग्न (भात) ।

फड़हरी–सिकस्ती, रुपैआक अभाव ।

फड़ुआ–फाड़िकेँ बनाओल (तौनी प्रभृति) ।

फतिङ्गा / **फतिङ्गी** –शलभ ।

फनकी–छोट फँसरी ।

फनगर–अधिक फानक (सूति, पाति प्रभृति) ।

फनफनाएब–क्रि० फेनयुक्त होएब ।

फनफनी–तैलादिमे फेनोद्गम ।

फनिगा / **फनिगी** –शलभ ।

फनैत–अधिक चलब बाजबबाला (निन्दामे) ।

फन्ना (न्नी)–फनकी ।

फफनाएब–क्रि० फफन्+अब-बाँतर वस्तु खएलासँ घाओक वृद्धि ।

फबब–क्रि० नैपुण्यसँ क्रिया सफल होएब ।

फर–फल (आम्रादि) १ । आरु २ ।

फरक–अन्तर, विभेद ।

फरकझरा / **फरकझार** –विरल (धान्य वृक्षादि)

फरकब–क्रि० फड़कब, प्रस्फुरण ।

फरकी–फड़की, वंशरचित द्वारावरण ।

फरकोस–प्रौढ़ (चलबा-फिरबामे) ।

फरजी–सतरञ्जमे बादसाहक प्रधान पात्र १ । वि० अनका नामेँ उल्लिखित भूमि २ ।

फरता–फरसार, फरनिहार (आम्रवृक्षादि)।

फरफराएब–क्रि० फरफर्+अब-फरफर शब्द करब, जालादिबद्ध खगादिक पक्षधूनन शब्द ।

फरफैसी–मिथ्या दोषारोपण ।

फरब–क्रि० फड़ब, उद्गतफलयुक्त होएब ।

फरभी–फड़भी, भृष्टयव, धाना सं० ।

फरमा–वि० फार्म १ । साँच, डाँचा २ ।

फरमाइस–वि० मनोऽनुकूल वस्तुनिर्माणक आज्ञा ।

फरमाएब–वि० क्रि० आज्ञा देब ।

फरमान–वि० राजाज्ञा ।

फरस–वि० राजासनक तर विस्तीर्ण सुन्दर आस्तरण ।

फरसा–अस्त्रविशेष ।

फरसार–जे गाछ फड़ैत हो ।

फरहर–फड़हर, असंपृक्त (भात) ।

फराक–पृथक्, पृथग्भूत ।

फराकित–फएल, भूमिक असङ्कीर्णता ।

फराठी–मोट ठेँगा ।

फरि–गाड़ीक भारसह वंशद्वय ।

फरिआएब–क्रि० फरि+अब-विवाद टूटब [फरिआइत अछि] १ । फरिअब+अब-विवाद तोड़ब [फरिअबैत अछि] २ ।

फरिछ–निर्मल, प्रकाश ।

फरिछोट–फरिआएब ।

फरी–पैघ माछ ।

फरीछ–निर्मल, प्रकाश ।

फरुसा–अस्त्रविशेष ।

फरुहा–आरु आदि लत्तीक फड़ ।

फरुहात–वि० अप्रसाङ्गिक, बाइली ।

फरेब–वि० विवादमे मिथ्या व्यवहार ।

फर्द–वि० प्रत्येक पत्र ।

फर्दबाल–वि० घोड़ाक तीव्रगति ।

फर्रास–वि० तम्बू-कनात लगओनिहार म्लेच्छविशेष ।

फर्रोस–वि० स्फूर्तिशील (चलबफीरबमे)।

फल–सं० प्रयोजन १ । आम्रादि २ ।

फलकब–क्रि० विकसन ।

फलकर–आम्रादि फलक कर (देय) ।

फलका–बगड़ासन आरण्यक पक्षी ।

फलगू–अङ्गाच्छादक झालरि लागल कनझप्पा टोपी ।

फलना–अमुक ।

फलना-चिलना–अमुकप्रभृति ।

फल-फलहरी–फलकन्दमूलादि ।

फलहारी–फलमात्र खएनिहार १। अन्नभिन्न फलाहारोपयुक्त खाद्यबस्तु २ ।

फलानेन–वस्त्रविशेष ।

फँसब–क्रि० फाँस, पाँक आदिमे बद्ध होएब ।

फसरी–फाँस, पाश, बन्धकसूत्र ।

फसाद–वि० उपद्रव ।

फँसिआरा–फाँसी लटकओनिहार (चाण्डाल) ।

फसील–वि० उपजा ।

फहराएब–क्रि० पताकाक उद्धूनन ।

फाँक–अर्धखण्ड (गूआ प्रभृतिक) ।

फाँकब–क्रि० फँक्+अब–अनार्द्र लाबा प्रभृति मुहमे दए खाएब ।

फाँकी–फक्किका, क्लिष्टार्थक संक्षिप्त लेख १। भोतिअओनाइ, धोखा देब २ ।

फाँका–फक्का, चुरूमे गृहीत फाँकिकेँ खाद्य लाबा प्रभृति ।

फागु–फागुनमे गेय गीत ।

फागुन–फाल्गुन (मास) ।

फाजिल–वि० परिमितसँ अधिक १। कार्यवाहीसँ भिन्न २ ।

फाट–विदरण ।

फाँट–अंश ।

फाटक–सैरदिबालक कपाटयुत द्वार ।

फाटचीट–विदरणादि ।

फाटब–क्रि० फट्+अब–विदरण ।

फाँटब–क्रि० फँट्+अब–विभक्त करब ।

फाटब-चीटब–क्रि० विदरणादि ।

फाँटि–लक्ष्यता ।

फाँटि चड़ब–क्रि० लक्ष्य होएब ।

फाँड़–पुरुषक पहिरल वस्त्रक ठेहुन लगक प्रान्त (किन्तु स्त्रीक खोँछि) ।

फाड़ब–क्रि० फाड्+अब–फाँड़ा बाला नेबो आदिक विदारण ।

फाँड़ा / **फाणा** –नेबो आदिक भीतर त्वचासँ युक्त अनेक अवयव ।

फान–उल्लङ्घन १ । बाहुआदिक स्थूलताक मान २ ।

फानब–क्रि० फन्+अब–उल्लङ्घन ।

फानी–पक्षी आदि बझएबाक छोट फाँस।

फाँफ–अधिक असत्य कथा बजनिहार, अव्यवस्थित ।

फाँफड़(र)–फाँड़ ।

फार–फाल, हलाङ्ग ।

फारक–करक बेमाक रसीद ।

फाँस–पाश ।

फाँसब–क्रि० फँस्+अब–फाँसमे बद्ध होएब ।

फाँसी–मनुष्यकेँ मारबाक पाश ।

फाहा–लेखाद्यर्थ अग्रमे तूलादियुत पातर काठी ।

फिचकारी–पित्तलादिधातुकृत जलप्रक्षेप-यन्त्र, फुचुक्का ।

फिटकिरी–स्फटिका, उपरसविशेष ।

फिरता–आपस १ । मार्गक घुमान २ ।

फिरती–अ० आपस अएबाक समयमे ।

फिरब–क्रि० प्रतिनिवृत्ति ।

फिरिस्ति–वि० सूची, वस्तुनामावलीलेख।

फिरोजा–रत्नविशेष ।

फिलङ्ग–सतरञ्जक एक प्रकारक खेड़ि ।

फिलफिलान–सतरञ्जमे दू फिलक सहसँ (मातु) ।

फिसकरन–उत्साह दए हँटि गेनिहार (निन्दामे) ।

फिहरिस्ति–वि० फिरिस्ति, वस्तुनामा-वलीलेख ।

फीता–एक-दू आँगुर चाकर बन्धनाद्यु-पयोगी सूत्रनिर्मित लम्ब वस्तु-विशेष ।

फीरब–क्रि० फिर्+अब–प्रत्यावर्त्तन ।

फील–वि० हाथी ।

फुकब–क्रि० फूत्करण ।

फुचकुचाह–उ० छोटो विषयपर क्रोध कए बाजि उठनिहार ।

फुचुक्का–वंशनिर्मित फिचकारी ।

फुच्च–क्रोधसँ रूसल ।

फुच्ची–दूध नपबाक बहुत छोट पात्र ।

फुजब–क्रि० बन्धनमुक्त होएब ।

फुटकर–पृथगवस्थित ।

फुटकुटिआ–अल्प पूजीक (दोकान) ।

फुटब–क्रि० भग्न होएब १ । पृथक् होएब २ ।

फुटार–क्वचित् दोसरो रङ्गसँ युक्त (छागर पाठी) ।

फुटाह–किञ्चित् पृथक् स्थित ।

फुटिआ–शाकविशेष ।

फुट्टा–फूटल, भग्न (बरतन आदि) ।

फुदना–अलङ्करणमे लटकल विन्यस्त सूत्रपुञ्ज ।

फुद्दी–अति छोट पक्षिविशेष ।

फुनगी–वृक्षक सर्वोच्च अग्रभाग ।

फुनगुनी–उद्गत अति सूक्ष्म अग्निकण ।

फुनगुनी उठब–क्रि० डाह, हृदय मे अप्रिय लागब ।

फुफकार–सापक फूत्कार ।

फुफकार काटब–क्रि० वारंवार सर्पक फूत्करण ।

फुफकारब–क्रि० फुफकार्+अब–मुहुः सर्पफूत्कार ।

फुफड़ब–क्रि० दही प्रभृति उपरमे विकारयुक्त होएब ।

फुफड़ो–दही आदिमे कालक आधिक्य जन्य उपरका विकार ।

फुफड़ी पड़ब–क्रि० फुफड़ीक संप्राप्ति ।

फुफुआर–फुफकार ।

फुफुआर काटब–क्रि० वारंवार सर्पक फूत्करण ।

फुफुकार–सर्पक फूत्कार ।

फुफुकार काटब–क्रि० वारंवार सर्पक फूत्कार ।

फुफुस–फुप्फुस, उदरस्थ वायु निःसरणयन्त्र ।

फुरब–क्रि० स्फूर्ति, वाक्प्रतिभा ।

फुरसति–वि० अवकाश, छुट्टी ।

फुर्ती–शीघ्रता १ । शीघ्रकारिता २ ।

फुलकी–फूलल (सोहारी) १ । काश-पुष्प २ ।

फुलकोबी–कोबीक प्रभेद ।

फुलगर–अधिक फूलबाला ।

फुलचठैल–नहि फड़निहार चठैल ।

फुलझरी / **फुलझार** –कृत्रिम पुष्पवृक्षादि ।

फुलडाली–फूल रखबाक डाली ।

फुलतोड़ा–फूल तोड़बाक हेतु डाली ।

फुलतोड़ी–पुष्पक तोड़ब ।

फुलफुलाह–उ० फूलल-सन ।

फुलब–क्रि० ऊच्छूनताप्राप्ति ।

फुलबन / **फुलबाड़ी** –पुष्पोपवन ।

फुलबाँस–वंशाकार वृक्षविशेष ।
फुलहत्था–यष्टिविशेष, खराजल तथा रँगल यष्टि ।
फुलहा } –फूल (उत्तम काँस) सँ
फुलही } निर्मित (थारी बाटी) ।
फुलाएब–क्रि० फुल्+अब–पुष्पित होएब।
फुलेल–सुगन्धित तेल ।
फुलौकी–भारमे उपयुक्त चँगेराक प्रभेद ।
फुल्ला–नेत्ररोगविशेष ।
फुल्ली–कल्ली, कलिका ।
फुसराहटि–परश्रवणागोचर परस्पर संलाप।
फुसिआएब–ना० फुसिअब्+अब–फूसि कहि विश्वस्त करब ।
फुसिआह–उ० मिथ्याभाषण स्वभावक ।
फुसुर-फुसुर–अ० अत्यन्त मन्द-मन्द (बाजब) ।
फुहराम–कार्यदक्ष लघु शरीरक (मनुष्यादि) ।
फुहाड़ा } –यन्त्रद्वारा विकीर्यमाण
फुहारा } जलकण ।
फूक–फूत्करण ।
फूकब–क्रि० फुक्+अब–फूत्करण ।
फूजब–क्रि० फुज्+अब–बन्धनमुक्त होएब ।
फूरब–क्रि० फुर्+अब–बजबामे शीघ्र युक्तिक स्फूर्ति ।
फूर्ति–शीघ्रकारिता १ । मत-समर्थन मे युक्तिक शीघ्र अनुसन्धान २ ।
फूल–पुष्प ।
फूलब–क्रि० फुल्+अब–उच्छूनताप्राप्ति।
फूला–फुल्ला, नेत्ररोगविशेष ।
फूसि–मिथ्या ।
फूसि-फाँसि–मिथ्या तथा अनुपादेय ।
फूह–फूही, जलकण ।
फूह-फाह–किञ्चिन्मात्र जलवृष्टि ।
फूहर–उ० पूर्वपर ध्यान नहि रखनिहार, स्वेच्छाचारी (निन्दामे) । स्त्री० फूहरि ।
फूही–आकाशपतित जलकण ।
फेकब } –क्रि० प्रक्षेप ।
फेँकब }
फेँट–मिश्रण ।
फेँटब–क्रि० मिश्रण ।
फेँटा–पाग ।
फेन–सं० ।
फेनब–क्रि० सार्द्र सूक्ष्म वस्तुक घुमाए-घुमाए हाथसँ आमर्दन ।
फेना–मिष्टान्न-विशेष ।
फेनाएब–ना० फेनसँ युक्त होएब ।
फेफस–हड्डीलगक बिना शोणितक मांस।
फेर–अ० पुनः १ । घुमान २ ।
फेरब–क्रि० आपस करब १। उनट-पुनट करब २ घोड़ाक एमहर-ओमहर चलाएब ३ ।
फेरि–अ० फेर, पुनः ।
फेरी–उनटपुनट ।
फेहम–बुझनिहार ।
फैल–असंकीर्ण, विस्तृत (भूमि) ।
फैलहारी–(भूमिक) असकीर्णता, पर्याप्तता ।
फोँक–अन्तःशून्य (यष्टिप्रभृति) ।
फोकचा–मत्स्यविशेष १ । माछक अवयवविशेष २ ।
फोकराइनि } –दूधक दोषसँ उत्पन्न
फोकरानि } दही-दूधक गन्धविशेष ।

फोका } –बुदबुद १ । विस्फोटक २ ।
फोंका }
फोटार–टिप्पा ।
फोटो–वि० यन्त्रद्वारा रचित स्फुट चित्र ।
फोड़न–छौंकबाक मसाला ।
फोड़ब–क्रि० स्फोटन, भञ्जन ।
फोंड़ा } –व्रणविशेष ।
फोणा }
फोंफ काटब } –फों फों शब्द करब,
फोंफिआएब } सशब्द श्वासप्रश्वास (निद्रामे)
फोफी–व्यजन आदिक डण्टीमे पैसल घुमएबाक छुच्छी ।
फोलब–क्रि० खोलब, उद्घाटन १ । बन्धनमोचन २ ।
फोंसरी–देहमे उत्पन्न मड़ुआसन शोणित-विकार ।
फौदार–वि० सिपाहीक सरदार ।
फौदारी–वि० परकृत उपद्रवक नालिस ।

ब

बइआह–खएलापर वायुप्रकोपकारी १ । वातरोगी २ ।
बएर–बदर ।
बएस–वयस ।
बएसगर } –अधिक बएसबाला
बएसाहु }
बओना–छदिस्थापनाद्यर्थ भित्तियष्टि १ । अनादरणीय वामन २ ।
बक–सं० पक्षिविशेष ।
बकछुछरू–बालक्रीड़ाविशेष ।
बकछुल लागब } –क्रि० उत्कट
बकछुहुल लागब } लागब ।
बकझोँझोँ–नेनाकेँ पृष्ठपर लेब ।
ककटेट–बूड़ि ।
बकटेँटाह–उ० अण्ट-बण्ट बजनिहार बूड़ि ।
बकतब–क्रि० लागल भूतक व्यक्त वचन।
बकतूति–वृथा बकबाद ।
बकथेआन लगाएब–क्रि० बकवत् ध्यान करब ।
बकब–क्रि० अण्ट-बण्ट बाजब ।
बकबक करब } –क्रि० अप्रस्तुत
बकबक बाजब } बहुभाषण ।
बकबाद–निःसार विवाद ।
बकरिहारा–पुं० बकरीक व्यवसायी जाति, बकरीक चरबाइ ।
बकरी–अजा १ । तृणविशेष २ ।
बकलेल–बूड़ि, मूढ़ ।
बकस–वि० मञ्जूषाविशेष ।
बकसब–क्रि० अभयदान देब ।
बकसीस–वि० इनाम ।
बकहुल–सं० पुष्पविशेष ।
बकाइनि–ओषधिविशेष ।
बकाची–मत्स्यविशेष ।
बकार–बोल ।
बकार फुटब–क्रि० बोल स्फुट होएब।
बकिअओता } –अवशिष्ट आदेय ।
बकिओता }
बकुची–ओषधिविशेष १ । मत्स्यविशेष, बकाची २ ।
बकुआ } –पीठ पर बान्हि लादल
बकुआ } वस्तु ।
बकुटब–ना० बाकुटसँ पकड़ब ।
बकुल–सं० भालसरी ।

बकेन } –स्त्री० वष्कयणी, चिरप्रसूता
बकेनि } दुग्धदात्री (गाए-महिसिप्रभृति)।
बक्क–बक ।
बक्कर–वर्कर ।
बक्खो–उ० जातिविशेष । स्त्री० बखोनी।
बखड़ोइआ–बल्कल ।
बखरा–प्रत्यंश ।
बखार–पैघ बखारी ।
बखारी–धान्यगृह ।
बखेआ–सीअनिक प्रभेद ।
बखेड़ा–बाधा ।
बखेड़िआ–झमेलिआ, बखेड़ा कएहिनहार।
बखो–उ० बक्खो । स्त्री० बखोनी ।
बखोड़ } –कदलीस्तम्भक
बखोड़ैआ } अशुष्क बल्कल ।
बगए–आकार ।
बगए-बानि–आकारप्रभृति ।
बगड़ा–कलविङ्क, गृहमे रहनिहार पक्षिविशेष ।
बगड़ी–बगड़ासन बाधवनमे रहनिहार पक्षिविक्षेष ।
बगदब–क्रि० विरुद्ध होएब ।
बगबग करब } –क्रि० मिश्रितमे
बगबगाएब } स्फुटतया दृश्य होएब।
बगबार–उ० बागक रक्षक । स्त्री० बगबारनी ।
बगबारि–बागक रक्षा १ । बागक रक्षाक वेतन २ ।
बगय–बगाए, आकार ।
बगल–वि० काँख १ । पार्श्व २ ।
बगली–बटुआ ।
बगहा–वातविकार तथा आबल्य जन्य शिराक स्तब्धता १ । बाओगबाला (धान्यादि) २ ।
बगहा लागब–क्रि० वातविकार तथा आबल्यसँ शिराक स्तब्धताप्राप्ति ।
बगुला–बक ।
बगेआ–कृतान्नविशेष ।
बगेड़ी–बगड़ी ।
बग्गी–दू घोड़ाक रथ ।
बग्धा–बगहा ।
बघछाल(ला)–व्याघ्रचर्म ।
बघजर–व्याघ्रभयजन्य ज्वर ।
बघण्डी–बँघेड़ा ।
बघदुलार–बाघजकाँ दुलार, सोत्पीड़न लालनी ।
बघधरू–बाघक धएल ।
बघनहा } –व्याघ्रनख ।
बघनही }
बघनोच–गिदरनोच, अधलाह (कपड़ा)।
बघम्बर–बघछाला ।
बघा–शिराक स्तब्धता ।
बघारि–मत्स्यविशेष ।
बघुआएब–क्रि० बघु+अब–क्रोधपूर्वक ताकब ।
बघेड़ी–क्षुपविशेष ।
बङठी–बाङक सुखाएल डाँट ।
बङलहा–लाक्षाभूषणविशेष ।
बङला–सम चौचाराक घर १ । बङ्गालक भाषा २ । पानक प्रभेद ३ ।
बङलाही–कण्टकवृक्षविशेष १ । लाक्षाभूषणविशेष २ ।
बङाला–बङ्गाल ।
बङालिनि–स्त्री० वङ्गदेशीया स्त्री ।

बङाली–पुं० वङ्गदेशोद्भव पुरुष ।
बङौर–बाङक बीआ ।
बङ्कड़ा–बड़ बजनिहार ।
बङ्का–वीर १ । भूषणविशेष २ ।
बङ्कट–उ० बद्द । स्त्री बङ्कटि ।
बङ्काली–वङ्गदेशज नर ।
बङ्केड़ी–बँघेड़ी ।
बच–वचा, ओषधिविशेष ।
बचओनाइ–बचाएब १ । किछु उगारिकेँ राखब २ ।
बचता }
बचन्ता } –नफा, लाभ ।
बचन्ती }
बचब } –क्रि० अबैत उपद्रवसँ वञ्चित
बँचब } होएब १। अवशिष्ट होएब २।
बचबा–वाच, मत्स्यविशेष ।
बचाओ–आक्रमणसँ परिहार ।
बच्चा–अलि० शिशु ।
बच्चा मपरखा–ओषधिविशेष ।
बच्छा–पुं० वत्सतर ।
बछरू–अलि० बाछा ओ बाछी ।
बछेड़ा–उ० घोड़ाक बच्चा । स्त्री० बछेड़ी ।
बजओना–वाद्य, बजएबाक साधन ।
बजक्कड़–अधिक वक्ता (निन्दामे) ।
बजनिआँ } –बाजकार, वाद्य
बेजनिआ } बजओनिहार ।
बजन्ता–अधिक बजनिहार ।
बजबल करब } –क्रि० जलसम्बन्धेँ
बजबजाएब } भूमिक
बजबजी } लसलसी ।
बजर–वज्रसन १ । व्रज २ । अत्यन्त (यदि विशेषणरूपेँ प्रयोग हो, यथा 'बजर बहिर, बजर भुसकौल) ३ ।
बजरकेराइ–वृक्षविशेष ।
बजरगेँठ–सक्कत ग्रन्थि ।
बजरब–क्रि० आपतित होएब ।
बजरबट्टू–ताड़ीवृक्षक फड़ ।
बजरा–पटका, बजारब १। अन्नविशेष २।
बजरा-बजरी–परस्पर भूमिपातन ।
बजाएब–क्रि० बजब्+अब–आह्वान १ । वादन २ ।
बजाँड़ी–कन्दबाला क्षुपविशेष, ओषधि विशेष ।
बजार–आपण ।
बजारब–क्रि० बजार्+अब–बलात् भूमिपतान ।
बजारू–बजारक (वस्तु) ।
बज्झा कोबी–बिना फूलक कोबी ।
वज्र–सं० कुलिश ।
वज्रकील–सक्कत कील ।
वज्रगेँठ–सक्कत गेँठ ।
वज्रलेप–सं० से लेप जे वज्रवत् दृढ़ भए जाए, पाथर जोड़बाक लेप ।
बझब–क्रि० जालादिमे फँसब ।
वञ्चना–सं० प्रतारणा ।
बटकढ़बा–बाट देखओनिहार ।
बटकर–काँच केराओक झोर ।
बटखर्चा–बाटक खर्चा, पाथेय ।
बटगबनी } –बाटमे गेय गीत,
बटगमनी } अभिसार ।
बटबार–बाटमे अधिकृत ।
बटबारा } –विभाजन ।
बँटबारा }

बटबारि–बाटमे चलैत लोकक उपद्रव ।
बटलोहिआ } –बटुकक आकारक
बटलोही } पितड़ि पाकपात्रकविशेष।
बटाइ–आधा उपजापर लगाओल (खेत) ।
बटाम–वि० बट्टम ।
बटारी–कोणशुद्धि जँचबाक कमारक उपकरणविशेष ।
बटिआरी–नीपल बाट ।
बटिखारा–अन्नादि तौलबाक साधन (सेर प्रभृति) ।
बटुआ–पटपुट, कपड़ाक धोकड़ी-जेकाँ बनाओल अनेक खलक सरोता सुपारी प्रभृति रखबाक पात्रविशेष।
बटुक–मोट ओ गोल दालिक पाकपात्र १ । पञ्चवर्षाधिक बालक २ ।
बटेर–वर्तिका, पक्षिविशेष ।
बटैआ–बटाइ ।
बटोही–पथिक, मोसाफिर ।
बट्टा–पैघ बाटी ।
बट्टी–रुपैआ प्रभृति भजएबामे देय ।
बट्टूक–स्थूल द्विदलपाकपात्रविशेष ।
बड़–अधिक १ । तैलसिद्ध व्यञ्जन विशेष २ । वट, वृक्षविशेष ३ ।
बड़का–उ० पैघ प्रमाणक १ । श्रेष्ठ (पुरुष) २ । स्त्री० बड़की ।
बड़की अड़ाँची–स्थूल एला ।
बड़की माछी–सामान्य माछीसँ पैघ माछी ।
बड़गोआर–उ० गोपजातिविशेष । स्त्री० बड़गोआरि ।
बड़द–वर्द, बैल हि० ।
बड़दबार–वर्दवारक, वृषभचारणमे नियुक्त।
बड़दनोनी–शाकविशेष ।
बड़र–यौवनमे भेनिहार व्रणविशेष ।
बड़री–कमलक बीजकोष ।
बड़रुख } –वटवृक्षक जटा ।
बड़रुखि }
बड़हर–लिकुच, फलविशेष ।
बड़हरी–भूषणविशेष ।
बड़िआ–वटिका ।
बड़िजना–कृषिमे अधीनीकृत भृत्य ।
बड़ी–छोट बड़ १ । जड़ीविशेष २ ।
बड़ी काल–अधिक समय ।
बड़ी खन–अधिक क्षण ।
बड़ी जड़ी } –ओषधिविशेष ।
बड़ीमाइ }
बड्डुका–छोट डाबा ।
बड़ेरी–दू चारक उपरका आधारकाष्ठ ।
बड्ड–वड्ड, बहुत ।
बड्ढी–अधिक ।
बढ़नुक–वर्द्धिष्णु ।
बढ़न्ती–क्रमिक वृद्धि ।
बढ़ब–क्रि० वर्द्धन ।
बढ़ारन–सम्मार्जनत्याज्य ।
बढ़ारन-सोहारन–सम्मार्जनादित्याज्य ।
बढ़ारब–क्रि० बढ़ार्+अब-सम्मार्जन ।
बढ़ारब-सोहारब–क्रि० सम्मार्जनादि ।
बढ़िआँ–उत्तम ।
बढ़िआएब–क्रि० बढ़ि+अब-बड्ढी होएब ।
बतकट–बातकें असम्यक् कटनिहार ।
बतकुटौबलि } –निरर्थक विवाद ।
बतकुट्टनि }
बतरख–वर्त्तिरक्षक, खोल कएल बाँसक

आधा फाँक जाहिमे टाटक बाती पैसाओल जाए ।
बतसू–बातीक सुइया ।
बतहभण्ड } –विक्षिप्तप्राय ।
बतहलण्ड }
बतहा–उ० अनादरणीय बताह । स्त्री० बतही ।
बतहिआ } –स्त्री० अनादरणीय बताहि।
बतही }
बताना–पाग भरबाक हेतु दोसर छोट पाग ।
बतारी–समवयस्क ।
बतासा–मिष्टान्नविशेष ।
बताह–उ० विक्षिप्त । स्त्री० बताहि ।
बतिआ–उर्द्रत छोट फल (सोहाँसंप्रभृति लताक) १। लताफल विशेष २ ।
बतिआएब–क्रि० बति+अब-बतिआसँ-मुक्त होएब ।
बतीसा–केराक प्रभेद ।
बत्तक–वर्त्तक, पक्षिविशेष ।
बत्तर–उ० अविचारी । स्त्री० बत्तरि ।
बत्ती–वर्ति, सूतक बनाओल दीपक कर्तिका ।
बत्तीस–३२, द्वात्रिंशत् ।
बत्तीसम–द्वात्रिंशत्तम ।
बत्तू–बधिआ नहि कएल अशिशु अज ।
बथान–माल बैसबाक नियत स्थान ।
बथुआ–शाकविशेष, वास्तूक ।
बद–दुष्ट, उत्पाती ।
बदनाम–दुर्यश ।
बदपन–क्रूरता ।
बदब–क्रि० वरण, क्रीड़ाक व्यवस्था ।
बदनामी–दुष्कीर्तिभागी ।
बदमास–क्रूर, दुष्ट ।
बदमासी–क्रूरता, दुष्टता ।
बदरी–मेघाच्छन्न प्रवृत्तवृष्टिक समय ।
बदल–वि० परिवर्त्तन ।
बदलब–क्रि० परिवर्त्तन, विनिमय ।
बदला–परिवर्त्तन ।
बदला-बदली–पारस्परिक विनिमय ।
बदलेन–परिवर्त्तनमे देल वा लेल ।
बदहा–बिनु खुट्टीक पादुकाविशेष ।
बदान–युद्धक आकरण ।
बदाम–चणक, अन्नविशेष १ । मेवाफल-विशेष, कागजी बदाम २ ।
बदामी–रङ्गक प्रभेद १। भूषणविशेष २ ।
बदामी गोखुला–गौक्षुर, ओषधिविशेष ।
बदि–कृष्णपक्ष ।
बदिअल–बद्द ।
बद्द–बदमास, क्रूरकर्मा, उत्पाती ।
बद्दी–मद्दी, बदब, क्रीड़ामे व्यवस्था ।
बद्धक–दस्त रोकबाक औषध ।
बद्धी–देवोत्सुष्ट गरामे पहिरबाक सूत ।
बधना–मुसलमानक जलपात्रविशेष ।
बधबारि–बाधक रक्षा ।
बधहा–बदहा, बिना खुट्टी खड़ामविशेष।
बधाइ–जन्मोसव ।
बधाबा } –जन्मोत्सवदेय ।
बधैआ }
बन–सं० जङ्गल १ । लाक्षालङ्करणविशेष २। अङ्गमे बन्हबाक लटकल अवयवविशेष ३ ।
बनउरीद–बनैआ माष, माषपर्णी ।
बनकर–वनक कर ।

बनखेढ़ी–बनैआ मूँग ।
बनगोइठा–वनमे सुखाएल गोबर ।
बनजमानि–बड़का जमानि, अजमोदा ।
बनपोरो–पोरो सागक प्रभेद ।
बनब–क्रि० निर्मित होएब १ । मेल होएब २ ।
बनबिलाड़–पुं० बनैआ मार्जार ।
बनमानुख–बनैआ मनुष्याकार जन्तुविशेष।
बनमुरगी–आरन्यक कुक्कुट ।
बनरनी–बानरजातिक स्त्री ।
बनरफाँस–पाशविशेष ।
बनरबान्ह–ग्रन्थिविशेष ।
बनरमाछी–बानरक माछी ।
बनस–गोहि आदि मारबाक बड़का बनसी ।
बन-सपेता–पक्षिविशेष ।
बनसी–बड़िश, माछ मारबाक अस्त्रविशेष।
बनसीम–आरण्यक शिम्बी ।
बनसो / **बनसोह** –वनक सोहसँ युक्त भूमि ।
बनहरदि–हरिद्राविशेष ।
बनहुलुक–वन्य जन्तुविशेष ।
बनात–वस्त्रविशेष ।
बनिआ–उ० वणिक् । स्त्री० बनिआनि ।
बनिओज–वाणिज्य ।
बनिऔटी / **बनिऔती** –बनिआक कार्य, वाणिज्य ।
बनिजब–क्रि० बनिआक क्रिया ।
बनिजाली–माल बन्हबाक एक प्रकारक डोरी ।
बनिसार–बन्धशाला ।
बनिहार–उ० बोनि लए कार्यकर्त्ता । स्त्री० बनिहारनी ।
बनैआ–आरण्यक (शूकरादि) ।
बनैआ जीर–आरण्यक जीर ।
बनैआ सूगर–आरण्यक शूकर ।
बन्द–वि० अवरुद्ध, मुद्रित ।
बन्दूक–भुशुण्डी, युद्धक अस्त्रविशेष ।
बन्दोबस्त–वि० प्रबन्ध ।
बन्धक–ता ऋण आदाय सूदिक तर देल खेत ।
बन्धकी–ता आदाय विश्वासार्थ देल भूषणादि ।
बन्धा कोबी–पतकोबी ।
बन्हक–बन्धक ।
बन्हन–बन्धन ।
बन्हा–नियत ।
बन्हिसार–बन्धनशाला, कारा ।
बन्हेज–सामाजिक बन्धन ।
बन्होटा–बन्हले रहनिहार (घोड़ा) ।
बपखौकी–स्त्री० बापकेँ खएनिहारि (स्त्रीक उक्तिमे गारि) ।
बपहारि काटब–क्रि० 'बाप रे बाप' इत्यादि बाजब ।
बपौती–बापक धन, मरौसी सम्पत्ति ।
बप्पाबैरी–अन्यकृत बापक शत्रुता ।
बबूर–बर्वर, वृक्षविशेष ।
बब्बर–व्याघ्रविशेष ।
बभनग्रामा–ब्राह्मणक ग्राम ।
बभनगोष्ठी–ब्राह्मणक गोष्ठी ।
बभनटोली–ब्राह्मणक टोल ।
बभनभोजी–ब्राह्मणक भोजन ।
बभनाह–ब्राह्मणसम्पादित (जल-पुष्पादि)।
बभनी–धानक रोगविशेष ।

बभनोज–ब्राह्मणक हठ, ब्रह्मणवत् लगारि भएकेँ पड़ब ।
बमकब–क्रि० चुप रहैत एकाएक जोरसँ बाजब ।
बमकी–बमकब ।
बमगोला–उत्सवादिसूचक महाशब्दकारी गोला ।
बमछब–क्रि० क्रोधेँ जोरसँ बाजि उठब।
बमन–सं० वान्ति ।
बमरेटुआ / **बमरौटिआ** –बामा हाथेँ काज कए-निहार १ । अ० बामाहाथेँ २।
बयस–जीवनसमयपरिमाण ।
बयसगर–उ० अधिक बएसक । स्त्री० बयसगरि ।
बयसाहु–अलि० अधिक बयसक ।
बयाद–कन्दविशेष ।
बर–स्वामी १। विवाह कएनिहार २। गुण (यथा 'एक बर' 'दू बर'; यदि संख्यासँ उत्तर प्रयोग हो) ३। मालक ओषध्यर्थ क्षुपविशेष ४ ।
बरइ–बरै, पर्णव्यापारी जातिविशेष ।
बरकब–क्रि० अग्नितापसँ सशब्द पाक ।
बर करब–क्रि० दीप मिझाएब ।
बरकस–चौपालाप्रभृतिक बाँसमे कसबाक डोरी ।
बरख–वर्ष ।
बरखा–वृष्टि ।
बरखास्त–वि० पुरुषशून्य १ । मोकूफ, निष्कासित २ ।
बरखी–वार्षिक श्राद्ध, एकोद्दिष्ट ।
बरछा / **बरछी** –अस्त्रविशेष ।
बरजब–क्रि० वर्जन ।
बरजीत–पराजयसँ पूर्व पराजयोत्तरकालिक परस्पर देयादेयक प्रतिज्ञा ।
बरतन–धातुनिर्मित पात्र ।
बरतोड़–रोइँठपाड़ ।
बरदनोनी–बरदबाह ।
बरदहसा–वर्षा समयमे दक्षिणसँ अबैत बसात ।
बरदाएब–क्रि० बरद् + अब – प्रतिबन्धकवशात् कार्यसँ निवृत्त रहब।
बरदेखी–विवाहार्थ वरक देखनाइ ।
बरदोठ–प्रतिबन्धकवशात् कार्य करबासँ निवृत्ति ।
बरनब–क्रि० वर्णन करब ।
बरनि–हरक कील ।
बरनिआ–पुं० वरण कएल (स्व-स्तिवाचकादि) ।
बरफ–वि० जमल जल, पाला ।
बरब–क्रि० मृत्तिकाक शिवलिङ्ग बनाएब।
बरबंगा–बाङक प्रभेद ।
बरबराएब–क्रि० बरबर्+अब– अनर्थक बात बाजब ।
बरबरी–बरबराएब ।
बरबा–छन्दोविशेष ।
बरमा–छिद्र करबाक यन्त्रविशेष, बेरमा ।
बरहगामा–अनेक गाम ।
बरहदरी–नरवाह्य यानविशेष ।
बरहधना–मिश्रित अनेक प्रकारक धान ।
बरहबट्टू–जाहिसँ सभलोक काज कए लेअए तादृश अरक्षित (वस्तु) ।
बरहबर्दा–जमीनक प्रमाणपत्रविशेष ।

बरहमासा–बारह मासक वर्णनात्मक गीत।
बरहरूपा–बहुरूपा, अनेक रूप देख-ओनिहार ।
बरहसिंहा–हरिणक सिंह ।
बरहा–मोट रस्सा १ । बारह दिन (श्राद्ध) २ ।
बरहा-बरही–मोट बरहाक झीकातीरी क्रीड़ा ।
बरही–तक्षा, कमार ।
बराइत–वरागत, वरक दिसक लोक ।
बराँट(ठ)–पैघ बरुआ ।
बराबरि–अ० अनवरत १ । तुल्य २ ।
बराहिल–गाममे असामी बजएबाक हेतु नियुक्त (व्यक्ति) ।
बरिआत } –बारात, वरक सङ्ग गेनिहार
बरिआती } लोक, ढोल बजनिआँ प्रभृति ।
बरिआर–बला, ओषधिविशेष ।
बरिसन्धन–एक पाबनि ।
बरिसब–क्रि० वर्षण ।
बरिसाइत–वटसावित्रीव्रत ।
बरिसात–वर्षा समय ।
बरिसाति–वटसावित्रीव्रत ।
बरिसाती–वृष्टिपात बचओनिहार कोठामे नमरल छदि १ । बरिसात मे उपकारक वस्त्र २ ।
बरी–बड़ेरी, चारक मथनीक आधार-काष्ठ ।
बरु–अ० वरम् ।
बरुआ–माणवक ।
बरुका–बड़ुका, डाबासँ छोट तत्सदृश मृतत्पात्रविशेष ।
बरेब–पानक लताक घर ।
बरै -उ० पर्णविक्रेता जातिविशिष । स्त्री० बरैनि ।
बरैनि–हरक कील १। बरै जातिक स्त्री २।
बरोत–घर छारबामे बरी लगक उपरका बाती ।
बरोबर–धान्यविशेष ।
बर्खा–वृष्टि ।
बर्खी–वार्षिक श्राद्ध, एकोद्दिष्ट ।
बर्छा–अस्त्रविशेष, शूल ।
बर्जब–क्रि० वर्जन ।
बर्जाति–बद्द स्त्री ।
वर्ण–सं० गौरपिण्डश्यामादि शरीरक रङ्ग १। ब्राह्मणादि चारि जाति २ ।
बर्तन–धातुक पाकपात्र ।
बर्फ–वि० जमल जल ।
वर्ष–सं० बारह मास ।
वर्षभोज्य–एक वर्ष खएबाक सकल सामान्य (दानार्थ) ।
बर्ह्मी–ब्राह्मी जड़ी ।
बल–सं० शक्ति, बुत्ता ।
बलकुचाह(हि)–बालयुक्त (माटि) ।
बलगर–उ० अधिक बलसँ युक्त ।
बलगोबिना–नपुसंक ।
बलजोरी–अ० बलात्कार ।
बलतोड़–रोँइठपाड़ ।
बलदाउनि–असङ्गत आग्रह ।
बलधकेल–अ० बलात्कारपूर्वक धकेलिकेँ ।
बलधरा } –चारमे बल देबाक हेतु
बलधारा } बनाओल खाम्ही ।
बलबलाएब–क्रि० बलबल्+अब–

द्रवपदार्थक भितरी विकारक ऊर्द्धवमुख होएब ।
बलम–चानीसँ सौँसे मढ़ल थोप-बाला छड़ी ।
बलमन्त–बलवान् ।
बलहिँ–अ० बलात्, व्यर्थ ।
बलही–दू जुन्नाबाला पैघ बोझ ।
बलहुत्थ–निर्हेतु अत्याग्रह ।
बलि–मांसक उपहार ।
बलिकट्टा–देवताक उत्सृष्ट छागबलि कटनिहार ।
बलिदान–सं० छागादि बलि प्रदान ।
बलेल–बूड़ि, मूढ़ ।
बल्ला–गाड़ीक अङ्गविशेष ।
वंशलोचन–ओषधिविशेष, वंशरोचना ।
बस–अ० निरोधद्योतक ।
बँसकट्टा–बाँस कटनिहार ।
बँसकट्टी–बाँस काटब ।
बसगीद–अनेक संनद्ध बस्ती ।
बसाएब–ना० दसात+अब–बसातसँ विरस वा शुष्क होएब ।
बसनी–ठाढ़ कानक घैल ।
बसन्त–पुष्पविशेष १ । सं० चैत-बैसाख मासद्वय २ ।
बसन्ती–रङ्गक प्रभेद ।
बसब–क्रि० निवास ।
बँसबारि–वंशवाटी ।
बँसबिट्टी–बाँसक बीटसमूह ।
बसहा–जटाबाला बड़द १ । नेपालक (कागत) २ ।
बसाड़ि–वंशवाटिका ।
बसाँढ़ी–मत्स्यविशेष ।
बसात–वात, हाबा ।
बसिआएब–ना० बासि+अब–बासि होएब ।
बसिन्दा–बासी ।
बसिला–वास्या ।
वंसी–वंशी ।
बंसीप्रेम–पुष्पविशेष ।
बसुरी–वंशी ।
बसुली–वंशी ।
बसैला–बाँसक (खाम्ही) ।
बस्ता–नूआमे बान्हल बही प्रभृति कागजसब ।
बस्ती–वसति, ग्राम ।
वस्तु–सं० पदार्थ ।
वस्तुजात–सं० वस्तुसमूह ।
बह–सीरसँ जनमल गाछ ।
बहखार–हर बहबामे समर्थ (बड़द) ।
बहकब–क्रि० कुमार्गप्रवृत्ति ।
बहटारब–क्रि० बहटार्+अब–मन प्रसन्न करबाक निमित्त कोनो आन क्रियामे लागब ।
बहतर–उ० वार्द्धक्यादिप्रयुक्त जकरा बजबाक ठेकान नहि हो ।
बहतरा–अनादरणीय बहतर ।
बहता–बहैत (जलादि) ।
बहताओन–तेल पेरबाक वेतन ।
बहती–छोट बाहा ।
बहत्तरि–द्विसप्तति, ७२ ।
बहत्तरिम–द्विसप्ततितम ।
बहन्तू–बाहबाक योग्य, सम्भावित ऋतुकालक (गाएआदि) ।
बहपोत–अनुचित विस्तार ।

बहपोर–दूर दूर पोरबाला (ठेङा, लाठी)।
बहब–क्रि० स्रवण १। वहन [बड़द गाड़ीमे बहैत अछि] २।
बहबाँड़ / बहबाणि –अनुचित बहुवक्ता।
बहरघरा–चतु:शालसँ बाहरक घर।
बहरपेन–जकर जड़ि घरसँ बहार-दिस झुकल हो तादृश (खाम्ह)।
बहराएब–क्रि० बहर्+अब–बहिर्भवन।
बहरिआ–रजस्वला।
बहरी–बाह्य देश।
बहलमान–बड़दक गाड़ी हँकनिहार।
बहलाएब–क्रि० बहलब्+अब–बहल गप्प करब।
बहसब–क्रि० कुमार्गप्रवृत्ति।
बहाँड़ / बहाण –अङ्गुल्यन्तबाहु-प्रमाण।
बहादुर–वि० वीर।
बहादुरी–वि० वीरता।
बहाना–वि० छल।
बहार–बहिर्देश।
बहारब–क्रि० बहार्+अब–संमार्जन।
बहाल–वि० नियुक्त।
बहाली–वि० नियुक्ति।
बहिआ–उ० दास। स्त्री० बहिकिरनी।
बहिआँ–बाही, काँसाक बनाओल लहठीस्थानीय भूषण।
बहिकिरनी–स्त्री० दासी।
बहिक्रम–वयस्।
बहिखत–दासतक पत्र।
बहिँगा / बहिङा –भार उठएबाक चिपिट दण्ड।
बहिङासारि–धान्यविशेष।
बहिनजमाए–पुं० भगिनीकन्यापति।
बहिनधी–स्त्री० स्त्रीक बहिनिक कन्या।
बहिनि–स्त्री० भगिनी।
बहिनो / बहिनोए –भगिनीपति।
बहिनौत–उ० मौगीक बहिनिक पुत्र।
बहिन्वे–भगिनीपति।
बहिर–बधिर।
बहिरी–पक्षिविशेष।
बहिला–बन्ध्या (माल)।
बही–पैघ आकारक आयव्ययादिम्मारक बान्हल पत्रसमूह।
बहीनि–स्त्री० भगिनी।
बहु–स्त्री० वधू, जाया।
बहुआसिनि–बहुवासिनी, पुत्र-पौत्रादिक जाया।
बहुगुना–अनेककार्योपयोगी पात्र विशेष।
बहुत–अधिक, अनेक।
बहुत पक्ष–अ० अधिक सम्भूत।
बहुत रास–अधिक परिमाणक।
बहुबात–अनैकमत्य।
बहुरिआ–स्त्री० वधूटिका, नवीन पुतोहु।
बहुरूपा–पुं० बरहरूपा, अनेक रूप देखओनिहार।
बहेड़–बिभीतक।
वा–सं० अ० अथवा।
बाइ–वायु।
बाइनि–वयन।
बाइभिरिङ्ग–विड़ङ्ग।
बाइली–अतिरिक्त, वाह्य।
बाइस–द्वाविंशति, २२।

बाइसम–द्वाविंतितम।
बाउ–पुं० वटुक, वत्स।
बाउली–वापी, अल्पजलाशयविशेष।
बाएब–क्रि० बब्+अब–व्यादान।
बाओग–बीजवपन।
बाओन–वामन।
बाँक–भूषणविशेष।
बाकरा–अधिक बजनिहार।
बाकल–वल्कल।
बाकस–वासा, ओषधिविशेष।
बाकसरस्सी–हथिआरविशेष।
बाँकी–अवशिष्ट।
बाकूट–विरल कए संकुचित कएल हाथक पञ्चाङ्गुलि।
बाखुबी–वि०अ० सर्वथा।
बाग–हि० उद्यान।
बागड़–मिश्रित (अन्न)।
बागनर–कदलीप्रभेद।
बागडोरि–रथरश्मि।
बाघ–उ० व्याघ्र। स्त्री० बाघिनि।
बाघगोटी–क्रीड़ाविशेष।
बाघिनी–स्त्री० व्याघ्रजाति स्त्री।
बाघी–वेदनायुक्त काछक गिलटी।
बाङ–कार्पास।
बाचब–क्रि० बच्+अब–आपत्तिसँ स्पृष्ट नहि होएब।
बाँचब–क्रि० बँच्+अब–चोठी पुराणादिक पठन १। अवशिष्ट होएब २।
बाछब–क्रि० बछ+अब–मिश्रितसँ हटाइएब।
बाछा–उ० वत्सतर। स्त्री० बाछी।
बाछी–स्त्री० वत्सतरी।
बाज–श्येन, दोसर पक्षीकेँ झपटि पकड़निहार पक्षिविशेष १। वाद्य २।
बाजकार–वेतनपर बाजा बजओनिहार, बजनिआँ।
बाजन–वाद्य।
बाजब–क्रि० बज्+अब–भाषण, शब्द करब।
बाजब-भूकब–क्रि० भाषण हासादि क्रिया।
बाजा–वाद्य।
बाजाभूकी–बाजब प्रभृति व्यवहार।
बाजी–क्रीड़ाकाण्ड।
बाजी लगाएब–क्रि० क्रीड़ाकाण्डसंनाह १। एक क्रीड़ाकाण्ड समाप्त करब २।
बाजू–बाहुभूषणविशेष।
बाजूबन्द–भूषणविशेष।
बाँझ–बन्ध्य (वृक्षादि)।
बाझब–क्रि० बझ्+अब–जालादिमे बद्ध होएब।
बाँझि–स्त्री० बन्ध्या।
बाँझी–वन्दाक १। वृक्षरोग विशेष २।
बाट–मार्ग।
बाँट–व्यक्तिक उद्देशेँ विभाजन।
बाट ताकब–क्रि० आगमनक प्रतीक्षा करब।
बाँटब–क्रि० बँट्+अब–व्यक्तिक उद्देशेँ विभाजन १। सन आदिकेँ गुणसँ युक्त करब २।
बाँट-बखरा–विभाजनादि।
बाटा–बहुत पैघ बाटी।
बाटाबाटी ताकब–क्रि० आतुरतापूर्वक आगमनक प्रतीक्षा करब।

बाटी–तीमनक पात्र ।
बाड़ी–वाटी, उद्यान ।
बाड़ी-झाड़ी–उद्यानादि ।
बाढ़नि–सम्मार्जनी ।
बाढ़ब–क्रि० बाढ़+अब–संम्मार्जन ।
बाढ़ि–आगत जलक आप्लावन १ । वृद्धि २ ।
बात गढ़ब–क्रि० बनाओल बात बाजब ।
बातचीत–वि० वार्तालाप ।
बातबारुन–ओषधिविशेष ।
बाँतर–जे खएलासँ घासो बढ़ए (यथा उरीद) ।
बाती–वर्त्ति, तूरक वा नूआक टेमी १ । बाँसक चीरल अनेक खण्ड २ ।
बाद–उत्तरकाल १ । विवाद २ ।
बादरि–मेघ, बदरी ।
बादसाह–वि० अधीश्वर (मुसलमान) ।
बादसाही–वि० बादसाहक क्रिया १ । बादसाहसम्बन्धी (गद्दी आदि) २ ।
बादुर–उलूक, रात्रिञ्चर पक्षिविशेष ।
बाध–धानक विस्तृत क्षेत्रसमूह १ । बाधा २ ।
बाधकार–बाधा कएनिहार ।
बाधबन–बाध ओ वन ।
बाधा–प्रतिबन्ध ।
बान–वयन ।
वानर–सं० सर्कट ।
बाना–वयन ।
बाना बान्हब–क्रि० कोनो हेतु हठपूर्वक नाना प्रयत्नमे लागब ।
बानि–वयन ।
वान्ति–सं० वमन ।
बान्हब–क्रि० बन्ह्+अब–बन्धन ।
बाप–पिता ।
बापूत–पितापुत्र ।
बाफदा–वि० वस्त्रविशेष ।
बाबन्न–द्वापञ्चाशत् ५२ ।
बाबन्नम–द्वापञ्चशत्तम ।
बाबा–पितामह मातामहादि । स्त्री० बाबी ।
बाबाजी–पुं० वैरागी ।
बाभन–उ० ब्राह्मण । स्त्री० बाभनि ।
वाम–सं० सव्य, दक्षिणभिन्न (बाहुप्रभृति तथा भाग) १। सं० प्रतिकूल २ ।
बामी–मत्स्यविशेष ।
बाय–अ० अथवा ।
वायु–सं० बसात तथा पेटक वायु ।
बारब–क्रि० बार्+अब–त्यागब ।
वारंवार–द्वादश, १२ ।
बारहम–बारहक पूर्त्ति कएनिहार ।
बारहो बिरही–बहुत प्रकारक वस्तुजात ।
बारि–घोड़ाक लगाम ।
बारी–माछ मारबाक स्थानविशेष १ । शूद्रजातिविशेष २ ।
बारीक–भोजमे परसनिहार ।
बारी लगाएब–क्रि० माछ मारबाक यन्त्र लगाएब ।
बारुद–बन्दूक, रबाइस प्रभृतिमे उपकारक एक विस्फोटक पदार्थ ।
वार्त्ता–समाचार, वृत्तान्त ।
बाल–सिकता १ । सं० शिशु २ ।
बालक–उ०स० शिशु १। पुत्र २ । स्त्री० बालिका ।
बालग्रह–पूतनादिग्रहदोष ।

बालबच्चा बालप्रभृति ।
बालविधवा–स्त्री० बाल्यावस्थामे मृतभर्तृका ।
बाला–वलय, भूषणविशेष ।
बालि–गाछमे फड़ल अन्न तथा मकैक पत्राच्छादित अन्नकोष ।
बाली–भूषणविशेष ।
बालुम–वल्लभ, स्वामी ।
बालुम खीरा–एक प्रकारक खीरा ।
बालूसाही–मिष्टान्नविशेष ।
बालेसरी–ढरुआ लौहकण्टकविशेष ।
वास–सं० निवास ।
बाँस–वेणु, वंश ।
बासट्ठि–द्विषष्टि ६२ ।
बासट्ठिम–द्विषष्टिम ।
बासन–अन्नादि रखबाक पात्र ।
बाँसफूल–धान्यविशेष ।
बाँस बरेड़ी–धान्यविशेष ।
बासमती–धान्यविशेष ।
बासब–क्रि० बस्+अब–वासित करब ।
बासरा–गुलाबक प्रभेद ।
बासि–पर्युषित ।
वासी–सं० निवासी ।
बाँसी–आगि फुकबाक बाँसक चाँगा ।
बासी मुहेँ–अ० अभुक्त, बिना किछु खएने ।
बासुरी / **बाँसुरी** } बसुली, वंशी ।
बाह–अ० प्रशसाद्योतक १ । बाहब २ ।
बाहब–क्रि० बाह्+अब–मालक गर्भाधन ।
बाहर–वाह्य ।
बाँहि–बाहु ।
बाँहीँ–लहठीक स्थानमे पहिरबाक काँसाक अलङ्करण ।
बान्हू–रङ्गीन वस्त्रविशेष ।
बिअरि–विल ।
बिअहिआएब–क्रि० बिअहिअब्+अब–बीहनि देब ।
बिअहुआ / **बिअहुती** } –विवाहसम्बन्धी ।
बिआएब–क्रि० बि+अब–गर्भमोचन ।
बिआन–बिआएब, प्रसव १ । धान्यादिक पनुघा चलब २ ।
बिआह–विवाह ।
बिआहब–क्रि० विवाह करब ।
बिआहलि–विवाहिता ।
बिऔरी–कुम्हड़ प्रभृतिक बीआक वटी ।
बिकजी–जलपानार्थ नाना फल ।
विकट–सं० भयावह ।
बिकड़ार–अधिक फुलाएल १ । भयावह २ ।
विकराल–सं० विशाल, भयङ्कर ।
विकल–सं० दरिद्र, विषादयुक्त ।
बिकाएब–क्रि० बिक्+अब–विक्रीत होएब ।
बिकाल–वर्षाप्रयुक्त अधलाह समय ।
बिकौआ–रुपैया लए जे अपना सँ छोटमे विवाह कएने छथि से (व्यक्ति) ।
बिक्री–विक्रय, बिकाएब ।
विक्रू–विक्रय्य, विक्रयार्थ (वस्तु) ।
बिखाह–उ० विषयुक्त । स्त्री० बिखाहि, अन्त : प्रकोपस्वभावक (लाक्षणिक प्रयोग) ।
विखिन्न–सं० दीन, दुखी, निकृष्ट ।

विख्यात–सं० प्रख्यातनामा ।
बिगड़ब–क्रि० विघटन ।
बिगड़ाबिगड़ी–परस्पर विरोध ।
बिगहा–बीस कट्ठा (भूमि) ।
बिगाड़ब–क्रि० बिगाड़+अब–विघटन करब ।
बिगाड़ि–विरोध ।
बिगुल–वि० वाद्यविशेष ।
विघटन–सं० संघटन मे वाधा ।
विचलन–सं० स्खलन ।
बिचला–मध्यवर्त्ती ।
विचार–सं० युक्तिपूर्वक पर्यालोचन ।
बिचारब–क्रि० पर्यालोचन करब ।
बिच्छू–वृश्चिक ।
बिछओना–आस्तरण ।
बिछाएब–क्रि० बिछब्+अब–आस्तरण करब ।
बिछाओन–आस्तरण ।
बिछिआ–भूषणविशेष ।
बिछुआ–बीछल ।
बिछुरब–क्रि० वियुक्त होएब ।
बिछोह–वियोग ।
विजयघंट–बड़का घड़ी-घंटा ।
बिजली–बिजुली, विद्युत् ।
बिजलोका–विद्युल्लता ।
बिजाती–बिजातीय, विलक्षण ।
बिजुकब–क्रि० मूहक सङ्कोचन ।
बिजुली–विद्युत् ।
बिजो–भूताद्यावेशचेष्टा ।
बिजोठ–भूषणविशेष ।
बिजोड़–जोड़ा नहि लागल (रत्नादि) ।
बिजोड़ा–नेबोक प्रभेद ।
बिझो–भोजनार्थ कथन ।
बिटगहरा–एगारहसँ लए गुणापाठ ।
बिटण्डाबाद–वितण्डावाद, स्वपक्षशून्य खण्डन ।
बिटण्डी–वैतण्डिक ।
बिट्टू / **बिठुआ** –अँगुठा ओ तर्जनीक अग्रसँ उत्पीड़न ।
बिड़रो–वात्या ।
बिड़हरा–पीर टकुरी आदि रखबाक वंशपात्रविशेष ।
बिड़ार–बीजवपनक्षेत्र ।
बिड़ारू–बिड़ारमे उपजल (बीआ) ।
बितब–क्रि० व्यतीत होएब ।
बितराएब–क्रि० बितर्+अब–विरल होएब ।
वितान–सं० शय्याक सोझेँ उपरमे टाङल वस्त्र ।
बिथरब–क्रि० पाएर आदिक सरलीभाव ।
बिथारब–क्रि० बिथार् + अब–पाएर आदिक सरलीकरण ।
बिथुति–कार्यप्रतिबन्ध ।
बिदति–बिद्दति, क्षेत्रादिक उपद्रव ।
बिदरब–क्रि० विदीर्ण होएब ।
बिदल–बिगोल, अन्यपक्षक लोकसमूह ।
बिदा–प्रस्थित ।
बिदाइ–बिदाय, जएबाक काल देल ।
बिदागिरी–प्रस्थान ।
बिदारब–क्रि० बिदार्+अब–विदीर्ण करब ।
विदेश–सं० देशान्तर, हिन्दुस्तानसँ आन देश ।
विदेशी–सं० विदेशभव ।

बिदेसिआ–विदेशमे रहनिहार ।
बिद्दति–क्षेत्रादिक उपद्रव ।
विद्युल्लता–सं० बिजली ।
बिधिकरी–स्त्री० विवाहमे लौकिक विधि करओनिहारि स्त्री ।
विधवा–सं० बेबा ।
विधाता–सं० ब्रह्मा ।
बिधार–ओषधिविशेष, त्रिवृत् ।
बिधुआएब–क्रि० बिधु+अब–मुखक उदास होएब ।
बिधुनब–क्रि० गड्डबड्ड कए वस्तु ताकब।
बिनती–सविनय निवेदन ।
बिनब–क्रि० वयन ।
बिनबिन करब–क्रि० जलादिमे अधिक पीलु आदिक संचरण ।
बिनबिनाएब–क्रि० बिनबिन्+अब–बिनबिन करब ।
विनय–सं० अनुनय, अनौद्धत्य ।
विना–सं०अ० बिनु, वेत्रेक ।
विनाश–स० ध्वंस ।
बिनु–अ० बिना ।
बिनोट–बीनब, वयन ।
विनोद–सं० आनन्दप्रद क्रिया ।
विनोदी–सं० आनन्दप्रद क्रियाकारी ।
विन्यास–सं० विशेष रूपेँ आयोजन ।
विन्यासी–सं० विन्यासशील ।
बिन्हकी–बिन्हनिहार बिखाह (चुट्टी) ।
बिपटा–छकोड़बाजी नाचमे हास्यरसी नर्त्तक ।
बिपटार–विपत्तिग्रास ।
बिपता / **बिपति** –विपत्ति ।
बिपतिमरू विपत्तिसँ मृत प्राय ।
विपत्ति–सं० आपत् ।
बिपन–असम्पन्न, विपत्तिग्रस्त ।
विपन्न–सं० विपत्तिग्रस्त ।
विपाक–सं० पेटमे अन्नक अपच ।
विफल–सं० व्यर्थ ।
विवाद–सं० विरुद्ध वाद ।
विवादी–सं० विरुद्धवादकारी ।
विवाह–सं० सविधि पाणिग्रहण ।
बिवाही–स्त्री० पाणिगृहीती (भार्या) १। विवाहसम्बन्धी २ ।
बिभरस / **विभ्रम** –भ्रम ।
विमन–अप्रसन्नमनस्क ।
विमल–सं० मलहीन, निर्मल ।
विमुख–सं० असम्मुख, अप्रसन्न ।
बिरखी–मालक जिह्वाक रोगविशेष ।
बिरञ्चि–कृतान्नविशेष ।
बिरनफूल–धान्यविशेष ।
बिरनिआ छत–अनेक मुहबाला व्रणविशेष ।
बिरनी–बामा हाथमे रखबाक कुश, वेणी १। मधुमाछीसन छाता लगओनिहार बिन्हनिहार पतङ्गविशेष, वरट २। गूहल माथक खोपा, वेणी ३ ।
बिरब–क्रि० बीछब ।
विरल–सं० अघन, अल्प ।
बिरलेल–अ० कदाचित् कोनहुठाम ।
विरस–सं० विकृतरसबाला ।
बिरहरा–पीर टकुरी आदि रखबाक पात्रविशेष ।
बिरान्नब्बे–द्विनवति, ९२ ।

बिरान्नब्बेम–द्विनवतितम ।
बिरासी–द्वयशीति, ८२ ।
बिरासीम–द्वयशीतितम ।
बिराह–लागल जजातिमे हर चलाएब ।
बिराहब–क्रि० बिराह्+अब लागल जजातिबाला खेतमे हलकर्षण ।
बिरुझब–क्रि० विरुद्ध होएब ।
बिरोजा–ओषधिविशेष ।
बिलमब–क्रि० बिलम्ब करब ।
बिलम्ब–सं० दीर्घकाल ।
बिलहब–क्रि० वितरण ।
बिलहा / **बिलहाबाँट** –क्रि० वितरण ।
बिलाएब–क्रि० बिल्+अब–विलीन होएब ।
बिलाड़(र)–उ० मार्जार/जारी स्त्री० बिलाड़ि ।
बिलैआ–केबाड़ लगएबाक छिटकी ।
बिलैआकन्द–ओषधिकन्दविशेष ।
बिलोँ–अ० अओ, सम्बोधन ।
बिलोबन्द–प्रबन्ध ।
बिलौकी–वर ओ बरुआक भिक्षा ।
बिलौकी माँगब–क्रि० वर ओ बरुआक भिक्षा माँगब ।
विश्राम–सं० क्रियाविरति ।
विष–सं० माहुर ।
विषबड़िआ–विषवटी, सर्पादि विषक गोला ।
बिषाह–विषबाला (जन्तु) ।
विष्टी–कौपीन ।
विष्ठा–सं० अन्नमल ।
बिष्ठी–कौपीन ।
बिसखब–क्रि० गवादिक दुग्धदानक परित्याग करब ।
बिसखोपरा–जन्तुविशेष ।
बिसनाएब–क्रि० बिसन्+अब–निन्द्रामे बाजब ।
बिसनारि–जलभव ओषधिविशेष ।
बिसपिपरी–विषपिपीलिका, विखाह कीटविशेष ।
बिसबिस करब–क्रि० वेदना विशेष ।
बिसबिसाएब–क्रि० बिसबिस्+अब–वेदनाविशेष ।
बिसबिसी–बिसबिसाएब ।
बिसरब–क्रि० विस्मरण ।
बिसरभोर / **बिसराभोर** –विस्मरणशील ।
बिसराम–विश्राम ।
बिसराह–उ० विस्मरणशील । स्त्री० बिसराहि ।
बिसहरा–पूज्य सर्पिणीविशेष ।
बिसाएब–ना० विष+अब–भुक्तविषवत् पाछाँ अधलाह करब ।
बिसाँढ़–विस, कमलकन्द ।
बिसानि / **बिसाइन** –दौर्गन्ध्यविशेष, विस्रगन्ध ।
बिसारब–क्रि० बिसार्+अब–विस्मृत कराएब ।
विस्तार–सं० विस्तीर्णता ।
विस्फोट–सं० व्रणविशेष ।
विस्मय–सं० आश्चर्य ।
बिहखारब–क्रि० बिहखार्+अब–तकबाक हेतु टाट फाड़ब ।
बिहँगड़ा–मालक रोगविशेष ।

बिहरि–बिल ।
बिहरिआ हाल–ग्रीष्ममे बिहारिक सङ्ग भेल वृष्टिसँ क्षेत्रक सार्द्र होएब ।
बिहरोन–बिहारि हो तादृश लक्षणयुक्त समय ।
बिहारि–तीव्र बात ।
बिहि–विधि, ब्रह्मा ।
बिहुँसब–क्रि० ईषद्धास ।
बिहुँसी–ईषद्धास ।
बिहून–विहीन ।
बीअनि–व्यजन ।
बीआ–बीज १ । बीजवपनसँ जनमल रोपणीय धान्यादिवृक्ष २ ।
बीच–मध्य १ । तारतम्य, अन्तर २ ।
बीची–तमाकूक छोट रोपणीय गाछ ।
बीछ–वृश्चिक ।
बीछब–क्रि० बिछ्+अब–मिश्रितसँ पृथक् करब, चयन करब ।
बीजी–नकुल ।
बीजी पुरुष–वंशक मूलपुरुष ।
बीजू–बीजोद्भव ओ कलमसँ अन्य (आम्रवृक्ष) ।
बीट–एकठाम एक टा रोपला उत्तर ताहिसँ जनमल अनेक वृक्ष (यथा बाँसक, बीट, धानक बीट) १ । विड्, लवणविशेष २ ।
बीझ–लौहादिधातुमे बहुत दिनेँ बैसल मलविशेष ।
बीड़ / **बीँड़** –ताटङ्क, भूषणविशेष ।
बीड़ा–ताम्बूलक प्रभेद १। गुण निर्मित वर्तुल घटादिक आधार २। बैसबाक हेतु मध्यमे बान्हल तृणपुञ्ज ३ ।
बीड़ी–पर्णवीटी १ । धूमपानवीटी २ ।
बीड़ुक–भात पसओना तृणपुञ्ज ।
वीणा–सं० वाद्यविशेष ।
बीत–वितस्ति ।
बीतब–क्रि० बित्+अब–व्यतीत होएब ।
बीन–वीणा, वाद्यविशेष ।
बीनब–क्रि० बिन्+अब–वयन ।
बीभत्स–सं० घृणाव्यञ्जक ।
वीर–सं० शूर १ । केराक अविकसित पत्र २ ।
बीरनफुल–धान्यविशेष ।
बीस–विंशति २० ।
बीसम–विंशतितम ।
बीहन–बीआक अन्न ।
बीहनि–धान्यवृक्षादिक पंक्तिक पृथक् करब ।
बीहनि देब / **बीहब** –क्रि० धान्यवृक्षादिक पंक्तिकेँ पृथक करब ।
बीहरि–बिल ।
बुकनी–चूर्ण ।
बुकब–क्रि० चूर्ण करब ।
बुकौर लागब–क्रि० रोदनादिसँ कण्ठक रुद्धताप्राप्ति ।
बुचकट–कनकट्टा (घैलप्रभृति) ।
बुच्च–घोकचल अल्पावकाशक (कान)।
बुझब–जानब ।
बुझनुक–विशेष बोद्धा ।
बुझारति–वादीप्रतिवादीसँ विषयक अवगम ।
बुट्टी–बूट, काटल वृक्षक सीर लागल खण्ड १ । मांसक खण्ड २ ।
बुड़ब–क्रि० जलमे मग्न होएब १ । नष्ट होएब २ ।

बुड़ित्व–मूर्खता, बुड़िबकी ।
बुड़िधनहा–उ० निन्द्य अनादरणीय बूड़ि।
बुड़िपन–ज्ञानशून्यता १। बूड़िक क्रिया २ ।
बुड़िबक–ज्ञानशून्य ।
बुड़िबकहा–उ० अनाद्रियमाण बूड़ि । स्त्री० बुड़िबकही ।
बुड़िबकी–ज्ञानशून्यता १ । बूड़िक क्रिया २ ।
बुड़िभतन / **बुड़िसुण्ठी** –ज्ञानशून्य ।
बुढ़पन / **बुढ़ारी** –वार्द्धक्य ।
बुढ़िन–स्त्री० अनादरणीय वृद्धा ।
बुढ़िआ पाखरि–धान्यविशेष ।
बुढ़ोन–वृद्धसदृश ।
बुतेँ–अ० बलेँ, यत्नेँ ।
बुत्त–मदमत्त ।
बुत्ता–बल ।
बुद्धि–सं० ज्ञान ।
बुद्धिमान्–सं० बुद्धिशाली ।
बुध–सं० दिनविशेष, रविस चारिम दिन ।
बुधिआर–उ० बुद्धिमान् । स्त्री० बुधिआरि ।
बुधिआरी–बुद्धिमत्ता ।
बुधिबधिआ–छलसँ अनका द्वारा अपना हेतु बाछाक अण्डच्छेद कराएब ।
बुनका / **बुनकी** –बिन्दु ।
बुनछेक–वर्षाबिन्दुक विच्छेद ।
बुनब–क्रि० बीजवपन ।
बुनबुना–बुद्बुद् ।
बुनबुनाएब–क्रि० बुनबुन्+अब–बुद्बुद-युक्त होएब ।
बुनिआ–लड्डू मुँगबा प्रभृतिक हेतु बुन्दक सन गोल गोल घृतपक्व खाद्य ।
बुनिआएब–ना० बुन्नी छोड़ब, मन्द-मन्द वृष्टि होएब ।
बुन्द / **बुन्दा** –बिन्दु ।
बुन्न / **बुन्नी** –जलबिन्दु ।
बुलब–क्रि० पर्यटन ।
बुलाकी–नासाभूषणविशेष ।
बूकब–क्रि० बुक्+अब–चूर्ण करब ।
बूझ–बोध ।
बूझब–क्रि० बुझ्+अब–जानब ।
बूझब-सूझब–क्रि० जानब सूनब-प्रभृति।
बूझि–बुद्धि ।
बूट–बुट्टी, काटल वृक्षक सीरबाला खण्ड १। हि० बदाम, अन्नविशेष २ ।
बूटी–औषधरूप डारिक खण्ड ।
बूड़ब–क्रि० बुड्+अब–नष्ट होएब ।
बूड़ि–ज्ञानशून्य ।
बूढ़–उ० वृद्ध । स्त्री० बूढ़ि ।
बूनब–क्रि० बुन्+अब–बीआ छीटब ।
बूलब–क्रि० बुल्+अब–टहलब ।
वृत्तान्त–सं० वार्त्ता ।
वृत्ति–सं० व्यवहार १ । जीविका २ ।
वृद्ध–सं० जराप्राप्त ।
वृद्धप्रपतिमाह–पुं० प्रपितामहक पिता ।
वृद्धप्रपितामही–स्त्री० प्रपितामहक स्त्री० ।
वृद्धप्रपौत्र–उ० प्रपौत्रक अपत्य । स्त्री० वृद्धप्रपौत्री ।
वृद्धप्रमातामह–पुं० प्रमातामहक पिता ।
वृद्धप्रमातामही–स्त्री० प्रमातामहक माता ।

वृहत्–सं० पैघ ।
वृहस्पति–सं० गुरुवार ।
बेआलिस–द्वाचत्वारिंशत् ।
बेआलिसम–द्वाचत्वारिंशत्तम ।
बेइमान–वि० स्वार्थवश मिथ्या-व्यवहर्ता ।
बेओरा–उपाय ।
बेकछाएब–क्रि० बेकछब्+अब–व्यक्त करब ।
बेकति–व्यक्ति ।
बेकार–निष्क्रिय, अकार्यक ।
बेकाली–दूर जाए अँगने-अँगने क्रय-विक्रयकर्त्ता ।
बेख–नाना वृक्ष ।
वेग–सं० तीव्र गति ।
बेगरता–व्यग्रता ।
बेगरताशान्ति–व्यग्रताक उपशम ।
बेगरतित / **बेगरतू** –व्यग्रतायुक्त ।
बेगार–भारवाहक ।
बेगारी–भारवहन, बेगारक कर्म ।
बेङ–भेक, मण्डूक ।
बेङची–बेङक बच्चा ।
बेच–लवणादिक्रयणमे मूल्यस्थानापन्न अन्न ।
बेचब–क्रि० विक्रय ।
बेचब-बिकिनब / **बेच-बिकिन** –क्रयविक्रय ।
बेचारा–दीन, अप्रतिम (परोक्ष चर्चा मे)
बेजाए–अ० अधलाह, असम्यक् ।
बेजान–अ०वि० प्राणपातानपेक्ष ।
बेञ्च–वि० बैसबाक लम्बा कुरसी ।
बेँट–अस्त्रमे पकड़बाक हेतु लगाओल डण्टा (खुरपी कोदारि कुड़हरि आदिमे) ।
बेटा–पुं० पुत्र ।
बेटी–स्त्री० पुत्री ।
बेठ–बेगार ।
बेड़ी–शृङ्खला ।
बेडोल–बेढब, कुत्सिताकारक ।
बेढ़–वेष्टन ।
बेढ़ब–क्रि० वेष्टन ।
बेढ़ी–वेष्टन ।
बेँत–वेत्र, लताविशेष ।
बेतहा / **बेतही** –वेत्रनिर्मित (तराजूक पल्ला प्रभृति) ।
बेताक–कुताक ।
बेतासा–व्याकुल ।
बेँती नमब–क्रि० पीठ भूमि दिस कए हाथ-पाएर भूमिमे रोपि धनुषाकार नमब ।
बेतुकार–अपमानशब्द कथन, रेकारसँ बाजब ।
बेत्रेक–अ० बिना ।
बेथा–व्यथा ।
बेधुनि–असंज्ञ ।
बेन–पठाओल पाबनिक बखरा ।
बेनमा–दुःखी ।
बेना–ब्योना, क्रयविक्रयमे स्थिरताक हेतु प्रथमतः थोड़ेक देल मूल्य ।
बेनामक / **बेनामा** –बिना नामक (पत्रादि) ।
बेपर्द–वि० आवरणशून्य ।
बेपारी–व्यापारकारी (बनिआँ आदि) ।
बेबसाए–व्यवसाय, परिश्रम ।

बेबसायी–व्यवसायी ।
बेबा–स्त्री० विधवा ।
बेबाइल } –वृथाव्यय ।
बेबालि }
बेबूझ–बुद्धिहीन ।
बेमार–वि० अस्वस्थ, रोगी ।
बेर–आवृत्ति (यथा 'दू बेर, तीन बेर') १ । अवसर (यथा 'बेरमे अएलहुँ') २ । दिनक चतुर्थ पहर (यथा 'बेरखन आएब') ३ ।
बेर उठब–क्रि० दिन उटब, सूर्यकेँ उदयस्थानसँ दूर आएब ।
बेरबाद–वृथा खर्च, नष्ट ।
बेरमा–छिद्र करबाक यन्त्रविशेष ।
बेरहट–बेरुक पहरक खाद्य ।
बेराएब–क्रि० बेरब्+अब–पृथक् करब ।
बेराओल–पृथक् कृत ।
बेरागन–शूद्रादिक पूजापाठ करबाक नियत दिन ।
बेराबेरी–अ० पर्य्यायेण ।
बेरुक–दिनक चारि मपहरमे होएनिहार (कार्यादि) ।
बेरुका पहर–दिनक चारिम पहर ।
बेरेक–अ० कदाचित् ।
बेल–बिल्व ।
बेलओना–मत्स्यविशेष ।
बेलकठ–बेलक गाछक काठ ।
बेलगान–करशून्य (भूमि) ।
बेलचा–खुरपीक आकारक दीर्घ हथिआर।
बेलतोड़ी–बेलक तोड़नाइ ।
बेलदार–उ० माटि कटनिहार जातिविशेष । स्त्री० बेलदारनी ।
बेलना–रोटी बेलबाक साधनविशेष ।
बेलनोती–बित्वाभिमन्त्रण, दुर्गा शारद-पूजाक एक कर्म्म ।
बेलपात–बिल्वपत्र ।
बेलब–क्रि० बेलनाक व्यापार, आधार पर आँटाक गुलिआ पसारब ।
बेलसि–नि:सत्व ।
बेलसूँठि–काँच बेलक सुखौती ।
बेला–बेलीफूलक प्रभेद १। वाद्यविशेष २ ।
बेली–मल्लिका, पुष्पविशेष ।
बेलौना–मत्स्यविशेष ।
बेस–अ० स्वीकार १। साधु (क्रिया-विशेषणमे) २ ।
बेसकिमती–हि० बहुमूल्य ।
बेसन–तीमन मिष्टान्न आदिमे देबाक तण्डुलादिचूर्ण ।
बेसबाहा–उत्तम प्रकारक ।
बेसरि–नासाभूषणविशेष ।
बेसरोकार–वि० असम्बन्धी ।
बेसाती–देशान्तरसँ आबि वस्तु विक्रेता ।
बेसाह–भोजनार्थ अन्नक्रयण ।
बेसाहब–क्रि० बेसाह्+अब–भोजनार्थ अन्न कीनब ।
बेसूधि–असंज्ञ, अनवधान ।
वेश–सं० भेस, स्वरूप ।
बेहर्री–चन्दा ।
बेहला–अलि० बरिआतीक मङ्गलार्थ घटधारीक समूह ।
बेहलबाँट–बेहलाकेँ द्रव्यक बाँट ।
बेहाया–वि० निर्लज्ज, दुर्निवार ।
बेहाल–वि० व्यग्र ।
बेहोस–वि० चैतन्यहीन ।

बेहोसी–चैतन्यहीनता ।
बैगन–वि० भाटा, वार्त्ताकी ।
बैगनी–रङ्गक प्रभेद ।
बैठक–बैसक, बैसबाक पीठ ।
बैठा–धोबिक उपाधि ।
बैठाड़–बैसबाक नियत स्थान ।
बैद–वैद्य ।
बैदगिरी–वैद्यक काज ।
वैदिक–सं० अधीतवेदक ।
बैमान–वि० स्वार्थवश धर्मत्यागी ।
बैमानी–वि० स्वार्थवश धर्म्मत्याग, अधर्म्म ।
वैर–सं० शत्रुता ।
बैरागी–विरक्त, बाबाजी ।
बैरि–बदर, फलविशेष ।
बैरी–सं० शत्रु ।
बैलाएब–क्रि० बैलब्+अब–निष्काशन ।
वैशाख–सं० मासविशेष ।
वैश्य–सं० तृतीय वर्ण ।
बैस–वैश्य, जातिविशेष ।
बैसक्खा–वैशाखसम्बन्धी (अन्न) ।
बैसक–बैठक, बैसबाक पीठ ।
बैसब–क्रि० उपवेशन ।
बैसबनिआँ–जातिविशेष ।
बैसाड़–नित्य बैसबाक स्थान ।
बैसाड़ी–निष्क्रियता ।
बोअब–क्रि० बो+अब–बीजवपन ।
बोआर–पैघ बोआरी ।
बोआरी–पाठीन, मत्स्यविशेष ।
बोकरब–क्रि० वमन ।
बोकार–वमन १। वमनमे बहराएल विकार २ ।
बोकिएब–क्रि० बोकि+अब–बो बो शब्द करब ।
बोकैआ–धान्यविशेष ।
बोको–पृष्ठवाह्य यान ।
बोकड़ा–अधिक बएसक छागर ।
बोच–जलीय जन्तुविशेष ।
बोझ–जुन्नासँ बान्हल तृणादिपुञ्ज ।
बोझा–उघबाक भार ।
बोट–वि० यन्त्रयुत नौका ।
बोड़ा–अन्नविशेष ।
बोड़ी } –कटनिहार विषयुक्त
बोँड़ी } जन्तुविशेष ।
बोतू–विना बधिआ कएल अशिशु छाग ।
बोदरि–धान्यविशेष ।
बोन–वन ।
बोनाएब–क्रि० बोन्+अब–आम्रफलक परिपाकक पूर्वरूप प्राप्त करब ।
बोनि–दैनिक वेतन ।
बोनि-चूकब–बोझसँ कटबाक बोनि देब ।
बोंबिआएब–ना०बोंब+अब–हाथीक बोँ बोँ शब्द करब ।
बोभिआएब–ना० बोबि+अब– बोंबिआएब।
बोर–माछ मारबाक हेतु बनसीमे देल खाद्य १ । अमट बनएबामे देबाक आमक रस २ ।
बोरब–क्रि० घोरल रङ्गमे डुबाएब ।
बोरसि–माटिक अग्निपात्र ।
बोरा–गोणी ।
बोल–वाणी, शब्द ।
बोल फूटब–क्रि० वाणी स्फुट होएब ।
बोली–पक्षी आदिक बाजब १ । मनुष्यभाषा २ ।

बोली देब क्रि० टिटकारी देब, अनुचित प्रोत्साहन करब ।
बोह–अधिक जलप्रवाह ।
बोहनि–प्रातःकालक प्रथमविक्रयसँ लाभ ।
बोहाएब–क्रि० बोह्+अब–जल-प्रवाहमे भसिओएब, नष्ट करब ।
बौआ–बालक (कोमलालापमे) ।
बौआएब–क्रि० बौ+अब–भोतिआएब ।
बौआसिनि–स्त्री० बहुवासिनी, पुत्रवधू-प्रभृति ।
बौक–मूक ।
बौड़ी–पलचतुर्थांश ।
बौसब / **बौँसब** –क्रि० रुष्टतापनोदन करब ।
व्यक्ति–लोक ।
व्यक्तितारए–व्यक्तित्व, सत्यत्वा-दित्वगुणयुक्तता ।
व्यक्तित्व–व्यक्तितारए ।
व्यग्र–सं० आकुल ।
व्यग्रता–सं० बेगरता, आकुलीभाव ।
व्यतीत–सं० बीतल ।
व्यथा–सं० पीड़ा, वेदना ।
व्यवस्था–सं० निर्णय ।
व्यवहार–सं० लौकिकक्रिया ।
व्यर्थ–सं० वृथा ।
व्याकुल–सं० दुःस्थित ।
व्याधि–सं० रोग ।
व्योँत–प्रबन्ध ।
व्योँतब–क्रि० प्रबन्ध करब ।
व्योना–क्रयणमे स्थिरताक हेतु क्रयणसँ पूर्व देल थोड़ेक मूल्य ।
व्योरा–उपाय ।
ब्रह्मपत्र–पुराणादिक अबद्ध पत्र ।
ब्रह्मा–विधि ।
ब्राह्मण–सं० विप्र ।

भ

भओक–बसातक घूमिकेँ गतायात ।
भओगर–अधिक भाओसँ आदेय ।
भओना करब–क्रि० क्रन्दनविशेष ।
भक–किञ्चित् आँखिझप्पी ।
भकड़जोत–अत्यल्प दीपादिक प्रकाश ।
भक खाएब–क्रि० किञ्चित् भ्रममे पड़ब।
भकचक–विस्मय ।
भकचब–क्रि० अनुपयोगी लेखसँ दूरि करब ।
भकड़ब–क्रि० तण्डुलादिक निःसार होएब ।
भकड़ा–धानकेँ सड़ाए बनाओल (चाउर) ।
भकड़ार–समन्तात् प्रफुल्लित ।
भकजोगनी–खद्योत, ज्योतिरिङ्गण ।
भकभक करब–क्रि० कटु वेदनाविशेष ।
भकभकाएब–भकभक्+अब–कटुवेदना-विशेष ।
भक लागब–क्रि० जाग्रदवस्थामे किञ्चित् निद्रागमवशात् वा मद्यवशात् अज्ञानताप्राप्ति ।
भकसी झोँकब–क्रि० सर्वथा उच्छिन्न कैरब ।
भकुआ–धानक अधिक भिजबाक कारण गन्धयुक्त (उसिना चाउर) ।
भकुआएब–क्रि० भकु+अब–निद्राभङ्गा-दिवशात् अप्रसन्नता ।
भकुरमुह–उ० भाकुर माछसन चाकर मुहबाला ।

भकोभण्ड–अरक्षित, यत्रकुत्र अयथोचित स्थित ।
भखब–क्रि० भाषण ।
भखिऔटी–भाषाक प्रयोग ।
भँगतराह–विक्षिप्तप्राय, बाधायुक्त, असूद्धर ।
भगता–जकरा देहमे देवता आबथि ।
भगन्दर / **भगन्नर** –भगन्दर, रोगविशेष ।
भगबा–कौपीन ।
भगवान्–ईश्वर ।
भँगरिआ–भृङ्गराज, ओषधिविशेष ।
भगिनजमाए–भगिनीक जमाए ।
भगिनपुतोहु–बहिनिक पुत्रस्त्री ।
भगिनमान–भागिनेयत्वेन मानार्ह ।
भगिनी–स्त्री० भागिनेयी, बहिनिक कन्या ।
भङघोटा–भाङ घोटबाक पात्र ।
भङठाह–बाधायुक्त, जाहिमे भाङठ हो ।
भङठी–मरम्मति ।
भङपीबा–अधिक भाङ पिनिहार ।
भङतराह–असूद्धर, बाधायुक्त, विक्षिप्तप्राय।
भङरिआ–भृङ्गराज, ओषधिविशेष ।
भङेड़ी / **भङेरी** –अधिक भाङ पिनिहार ।
भङ्ग–रहस्य, निर्माणप्रकार ।
भजन–सं० भगवन्नामकीर्तन, भगवद्गीतगान १ । भगवत्सेवा २ ।
भजनिआ–भगवद्गीतगायक ।
भजब–क्रि० भज्+अब–स्वसमानमूल्यक अनेक लघुमुद्रासँ परिवर्तित होएब ।
भजाएब–क्रि० भजब्+अब–स्वसमान-मूल्यक अनेक लघुमुद्रासँ परिवर्तित करब ।
भजार–अनुरूपताक जाँच ।
भजारब–क्रि० भजार्+अब–अनुरूपताक जाँच करब ।
भँजिआएब–ना० भाँजि+अब–भाँजि ताकब ।
भञ्जीत–भजाओल छोट मुद्रासभ ।
भट–भट्ट, पेटक गरेँ भूस्थित (कपर्दकादि) ।
भटकब–क्रि० किञ्चिन्मात्र प्रत्यभिज्ञा करब ।
भटका–बजारब, बजरा ।
भटपुरैनि–पुरैनिक पातसन पातबाला ओषधिविशेष ।
भटबङ(र)–तरल भाटाक चक्का ।
भटभेर–पाकमे अशुद्धिसम्बन्ध ।
भटमाह–उ० जकर जेठ मरि गेल छैक से (व्यक्ति) । स्त्री० भटमाहि ।
भटरङ्ग–जाहिमे रङ्ग क्वचित् कम हो से (वस्त्रादि) ।
भटाक दए–अ० 'भट' शब्द पूर्वक ।
भटौड़ी–भाण्टाकीवटी (व्यञ्जनमे देय) ।
भट्टा–भण्टाका ।
भट्ठा–भाठा, कुम्हरौट माटिक लेखनी १ । पाकार्थ पुञ्जीकृत इष्टकासमुदाय २ । अप्रधान स्थान ३ ।
भट्ठी–मद्यालय ।
भठिआर / **भठिआरी** –भाठि दिस, जेमहर नदीक प्रवाह जाय १ । अप्रधान स्थान २ ।

भठोत्तर–भाटकेँ देल (भूमि)।
भड़कब–क्रि० मालक भयसँ पड़ाएब।
भड़कताली–मिथ्याभयप्रदर्शन।
भड़की देब–क्रि० भयप्रदर्शन करब।
भँड़(भण)कुस्सा, **भँड़(भण)कूस** –चूरचूर भेल, बहुत फूटल।
भँड़(भण)छूह, **भँड़(भण)छूहा** –जिह्वालोलुपताप्रयुक्त खएबामे विचार नहि कएनिहार।
भड़हर–धसना खसलासँ निम्न भूमि।
भँड़ (भण) हर–मृद्भाण्ड फेकबाक भूमि।
भँड़ा(भणा)र–भाण्डागार।
भँडा(भणा)रकोन, **भड़ा(भणा)रकोनी** –वायव्यकोण।
भँड़ा(भणा)री–भाण्डागारमे नियुक्त (व्यक्ति)।
भँड़ु (भणु)आ–देशयाक दलाल, कुत्सितकार्यकर्त्ता।
भँड़े(भणे)र–अधिक मृद्भाण्डक स्थान।
भण्डा–रहस्य।
भण्डाफोड़–रहस्योद्घाटन।
भण्डार–वस्तुस्थापनागृह।
भण्डारा–बाबाजीक भोज।
भण्डारी–भाण्डागारमे नियुक्त (पुरुष)।
भण्डारी कोन–वायव्यकोण।
भतखइ, **भतखै** –भात खएबाक व्यवहार।
भतबरी–असौजन्य, परस्पर भात खएबाक व्यवहारक निवृत्ति।
भतभुल्लुक–अत्यन्तभक्तप्रिय (निन्दामे)।
भतरासि–एक पाबनि।
भतरोइँ, **भतरोइआँ** –अत्यन्त छोट रोम।
भतलोह–मृदु लोह।
भतार–भर्त्ता, स्वामी।
भतिजी–स्त्री० भ्रातृजा।
भतोल–बूड़ि, मूढ़।
भत्ता, **भत्ती** –डोरीक गुण।
भथिहान–वस्तिस्थान।
भदइ–भदै, भादबमे होनिहार।
भदबा–श्रवणादि रेवत्यन्त।
भदबारि, **भदबारी** –भाद्र ओ तत्प्रान्त समय।
भदरसोख–भादबक सुखाएल खेत।
भदेस–अधलाह देश।
भदै–भाद्रभव (अन्न)।
भनकब–क्रि० कर्णपरम्परया किञ्चित् प्रकाशित होएब।
भनकी–कर्णपरम्परया किञ्चित् प्रकाश।
भनब–क्रि० वर्णन।
भनभनाएब–क्रि० भनभन्+अब–मन्द मन्द अस्पष्ट शब्द बाजब।
भनभनी–मन्दमन्द अस्पष्ट शब्द।
भनसाघर–महानसगृह।
भनसार–महानसागार।
भनसिआ–पाककर्त्ता।
भनिता–गीतमे कविनामोल्लेख।
भने–अ० उत्तम रीतिसँ।
भफाएब–ना० भफ्+अब–वाष्पोद्गमन।
भबब–क्रि० मन:पूत होएब।
भभक–दौर्गन्ध्य।
भभकब–क्रि० दौर्गन्ध्यप्रकाशन।

भभठपन–आग्रह, दुराग्रह।
भभठिआ–दुराग्रही।
भभरब–क्रि० विदीण भए खसब।
भभाएकेँ खसब–क्रि० सशब्द खसब।
भभाएकेँ हँसब–क्रि० सशब्द हँसब।
भभाएब–क्रि० पतनजन्य शब्दधारा।
भमरा–भ्रमर १। पानि बहबाक हेतु बनाओल वर्त्तुल पूलक अवयव २।
भय–स० डर, भीति।
भयोन–भयावह।
भर–अवलम्ब।
भरकछ–बद्धकच्छता।
भरकुस्सा–आघातसँ पूर्ण चूरल गेल।
भरखरि–पर्याप्त (फलक पाकब)।
भरगर–सावलम्ब।
भरती–नियुक्त १। भरल २।
भरदुतिआ–भ्रातृद्वितीया।
भरथा–पक्षिविशेष।
भरदूआ–भारद्वाज, पक्षिविशेष।
भरन–निम्न स्थलमे बाढ़िसँ माटिक पूर्णता।
भरना–ऋणक आदाए पर्यन्त सूदिमे देल (भूमि)।
भरनि–निम्नमे बाढ़िसँ मृत्पूर्णता।
भरनी–वस्त्र बिनबामे तिर्यक् सूत्र।
भरब–क्रि० पूर्ण करब।
भरम–भ्रम।
भरमब–क्रि० किञ्चिन्मात्र निद्रायुक्त होएब।
भरसह–भारवहनमे सहायता देब।
भरसाहा–भार सहनिहार स्तम्भविशेष।
भराइ–भरब, पूर्ण करब।
भराएब–क्रि० भरब्+अब–पूर्ण कराएब।
भराठ–माटि दए समतल कएल (भूमि)।
भरि–अ० परिमाण (यथा 'एक भरि, मन भरि') १। यावत्, पर्यन्त (यथा 'भरि दिन, दिन भरि' २। पूर्णता (यथा 'भरि घैल भरि पेट') ३।
भरिआ–भारबाह।
भरिआएब–ना० भारी+अब–गुरुभूत होएब।
भरिगर–अधिक भारसँ युक्त, ओजनमे गुरुतर।
भरि पाएर–अ० पादानुरूप (गमन)।
भरि पोख–अ० शक्त्यनुसार।
भरिसक–अ० यावच्छक्ति १। प्राय: २।
भरुआ–भीजल धानकेँ भूजिकेँ बनाओल (चाउर)।
भरेठ–माटि दए भरल।
भरोस–भरवश, आशा।
भल–उत्तम, नीक (हुनका भल होइन्हि)।
भलमनसात–उत्तम मनुष्यक क्रिया।
भलमन्दा–ने नीक ने अधलाह, मध्यम।
भलमानुस–उत्तम व्यक्ति, नीक लोक।
भसब–क्रि० भसिआएब, प्रवाहवश भाठि दिसि गमन।
भसम–भस्म।
भसाठ, **भसाठी** –जलमे भसिकेँ आएल माटि।
भस्म–सं० छाउर।
भहुँ–भ्रू।
भाइ–भाए, भ्राता।
भाउजि–स्त्री० ज्येष्ठभ्रातृवधू।
भाउली–ओ जमीन जाहिमे आधा मालिकक ओ आधा रैअतिक अंश हो।
भाए–भ्राता।

भाओ–विक्रयमूल्यव्यवस्था ।
भाकुर–मत्स्यविशेष ।
भाखब–क्रि० भख्+अब–भाषण ।
भाग–अँश १ । विभाजन २ ।
भाँग(भाङ)–विजया ।
भाँग(भाङ)ठ–बाधा, विलम्ब ।
भाँग(भाङ)ब–क्रि० भँग्(भङ)+अब–खण्ड करब ।
भागमन्त–उ० उत्कृष्टभाग्यशाली । स्त्री० भागमन्ति ।
भागिन–उ० भागिनेय । स्त्री० भगिनी ।
भागी–सं० सम्बन्धी ।
भाग्य–स० नीक अदृष्ट ।
भाँज–भाँजब ।
भाँजब–क्रि० भँज्+अब–हाथसँ उठाए घुमाएब १। कौड़ीसभकेँ हाथमे लए माटिमे खसाएब २ ।
भाँजि–गमनागमनचिह्न ।
भाट–भाठ, मागध, कबित्तपाठक जातिविशेष ।
भाँटा–वार्त्ताकी ।
भाँटि–क्षुपविशेष ।
भाठ–से दिशा जेमहर नदीक प्रवाह जाए १। अप्रधान स्थान २। मागध ३ ।
भाठा–भूमिमे लिखबाक कुम्हरौट माटिक शलाका १। पाकार्थ इष्टकासमूह २।
भाठि–नदीमे प्रवाह जाहि दिसि जाए से (भूमि) ।
भाँड़–जाहिमे पाक कएल जाए से मृद्भाण्ड ।
भाँड़ बहराएब–क्रि० मालक गर्भाशय बहराएब ।
भात–भक्त, सिद्ध तण्डुल ।
भातमसाला–तृणविशेष ।
भातिज–उ० भ्रातृज । स्त्री० भतिजी ।
भाथि / **भाथी** –मस्त्रा ।
भादब–भाद्रपद (मास) ।
भानस–महानस, भोजनार्थ पाक ।
भाफ–वाष्प ।
भाफब–क्रि० भफ्+अब–वाष्प युक्त करब ।
भाव–स० अभिप्राय ।
भावना–सं० मानसविचार ।
भाबहु–स्त्री० भावी, भविष्यमे होएनिहार ।
भाभट / **भाभठ** –दुराग्रह ।
भाभरी–पौरुषवचनसँ भयप्रदर्शन ।
भाभंस–अभ्युदय ।
भाय–भाए, भ्राता ।
भार–सं० दाब, भारी वस्तुक आक्रान्ति १। वहनीय वस्तुसँ भरल दू सीकसँ युक्त स्कन्धवाह्य वंशदण्ड २ ।
भारतवर्ष–स० हिन्दुस्तान ।
भारदोर–भार-बेन-प्रभृति ।
भारब–क्रि० भार्+अब–भीजल धानकेँ भूजब ।
भारा–वरण १ । यानादिक वेतन २ ।
भारी–गुरुभूत ।
भालरि–सम्पूर्ण केराक पात ।
भालसरी–बकुल ।
भाला–भल्ल, भोकबाक अस्त्रविशेष ।
भास–स्वर ।
भासब–क्रि० भास+अब–प्रवाह वश गमन १ । गृहादिक झुकब २ ।

भिखमँग(मङ)नी–स्त्री० भिक्षा मँगनिहारि ।
भिखमङ्गा / **भिखारि** –पुं० भिक्षा मँगनिहार ।
भिजब–क्रि० आर्द्र होएब ।
भिड़गर–लोकसङ्कुल १। श्रमसाध्य २ ।
भिड़न्त–मुठभिराओ, साम्मुख्य ।
भिँड़िआएब / **भिणिआएब** –ना०भीड़ीँ+अब–भीँड़ी बनाएब, मोड़ि मोड़ि एकत्रित करब जाहिसँ ओझराए नहि।
भितधर–माटिक भित्तिबाला घर ।
भितर–अभ्यन्तर ।
भितरपेन–जकर जड़ि गृहादिक भीतर झुकल हो से (खाम्ही) ।
भितरिआ–आभ्यन्तरिक ।
भितरी–आभ्यन्तर ।
भिनकब–क्रि० भात आदिमे माछीक सम्बन्ध होएब ।
भिनभिनाएब–क्रि० भिनभिन्+अब–मन अश्रद्धायुक्त होएब ।
भिनसर–प्रातः काल ।
भिनसरबा(बी)राति–उषःकाल ।
भिनसरुक / **भिनसरुका** –प्रातःकालिक ।
भिनाओज–विभक्तता ।
भिरगर–भिड़गर, संकुल १। श्रमसाध्य २ ।
भिरब–क्रि० संयुक्त होएब ।
भिलबा–उ० अनादरणीय भिल्ल । स्त्री० भिलबी ।
भिल्ल–सं० उ० वन्य लोक । स्त्री० भिलनी ।
भिसिण्ड–अतिविशाल (निन्दामे) ।
भिहगर–लम्बा-चओड़ा देहबाला ।
भीख–भिक्षा ।
भीखन–भीषण, भयावह ।
भीजब–क्रि० भिज्+अब–आर्द्र होएब ।
भीठ–धनहरसँ आन (खेत) ।
भीड़–लोकसमुदाय ।
भीँड़(भीण)–पोखरिक उच्च मोहार ।
भीँड़ी(भीणी)–भिँड़िआओल (डोरी)।
भीत–कुड्य, भित्ति १। सं० भययुक्त २।
भीतर–अभ्यन्तर ।
भीर–भार, परिश्रम ।
भीरब–क्रि० भिर्+अब–संयुक्त होएब ।
भील–भिल्लजाति ।
भुअङ्गर–फटफटार, स्पष्ट देखार (चानन आदि) ।
भुइँआँ–भूमि ।
भुइँहार–उ० भूमिहार ब्राह्मण ।
भुकनी लागब–क्रि० वारंवार एके बात कहब ।
भुकब–क्रि० कुकुर-गिदड़क बाजब ।
भुकरी–तृणविशेष ।
भुखल–बुभुक्षित ।
भुच्च–ज्ञानहीन ।
भुजब–क्रि० भर्जन ।
भुजबन्द–भूषणविशेष ।
भुजबी–काँच आम्रादिक बिनु चिबओनहु खएबाक योग्य मेही-मेही खण्ड ।
भुजाली–दबिला, कटबाक उपकरण-विशेष।
भुटकब–क्रि० रोमाञ्चयुक्त होएब ।
भुटका–मोट ओ कम लम्बा (मेरिचाइ आदि) ।

भुटाड़ि / भुटाढ़ि—अधिक भुट्ट, वामन ।
भुट्ट—उ० वामन । स्त्री० भुट्टि ।
भुड़रब—क्रि० साक्षात् आगिमे लवङ्गादिक ईषत् पाक ।
भुड़भुरी—कीटोत्खात् छोट-छोट मृत्खण्ड -पुञ्ज ।
भुड़रा—साक्षात् अग्निमे अतिपक्क ।
भुड़ुकबा—रात्रिशेषमे उगनिहार पैघ ताराविशेष ।
भुण्डी—कतोक गहनामे लटकल गोल अवयव १ । अङ्काक मून्हीमे पैसएबाक गोल नूआ २ ।
भुतखापड़ि—अलच्छ ।
भुतसप्पा—सर्पस्वरूप भूत ।
भुताहि—भूतयुक्त (गाछी) ।
भुनचट्टी—भुन्नी, मत्स्यविशेष ।
भुन्ना—मत्स्यविशेष ।
भुन्नी—मत्स्यविशेष ।
भुमफोड़—भूमि फाड़ि बहराएल ।
भुमहुर—सूक्ष्म-सूक्ष्म बह्निकणयुक्त तप्त छाउर ।
भुरकुस्सा—अनेक खण्ड भए फुटल ।
भुरचुङ्गा—छोट सुकाठक स्तम्भमे पैसाओल बाँस ।
भुरभुरी—भुरभुड़ी, गोमयादिमे कीटकृत मृत्कणपुञ्ज ।
भुररी—चूर्ण, भुड़री ।
भुरसी—भूयसी दक्षिणा ।
भुल्ल—उ० लालिमायुक्त उजरीधबल (केश) १। तद्युक्त (महिसाप्रभृति) २। स्त्री० भुल्लि ।
भुल्ला—मत्स्यविशेष ।
भुसकाँड़—भुस्सी रखबाक घर ।
भुसकौल—अध्ययन कएनहु मूर्ख, असंस्कारी ।
भुसखार भुस्सा रखबाक घर ।
भुसबा—मिष्टान्न विशेष ।
भुसभुसाह—दबला उत्तर फूटि गेनिहार ।
भुसहन—साधारण भूसाबाला खाद्यान्न ।
भुसहा / भुसाह—भुस्सासँ युक्त ।
भुस्सा / भुस्सी—बुस, अन्नक तुष ।
भूकब—क्रि० भुक्+अब—कुकुरगिदरक बाजब ।
भूकमल—स्थलकमल ।
भूकम्प—सं० भूमिक डोलब ।
भूकुम्हड़ा—भूकूष्माण्ड, ओषधिविशेष ।
भूख—बुभुक्षा ।
भूखल—बुभुक्षित ।
भूचाप—पुष्पविशेष ।
भूजब—क्रि० भुज्+अब—भर्जन ।
भूजा—भृष्ट, भूजल (खाद्य) ।
भूत—सं० देवयोनिविशेष, प्रेत ।
भूताक्षर—भूतलिखित आखर, पढ़बाक अयोग्य अक्षर ।
भूतांस्पए—भूतावेश ।
भूमि—सं० धरित्री ।
भूमिहार—सं० भुइँहार, ब्राह्मण विशेष ।
भूर—बिल ।
भूरभार—विलादि ।
भूरा—चीनीक प्रभेद १। रङ्गक प्रभेद २ ।
भृङ्ग—सं० कीटविशेष १। शाकविशेष २।

भृङ्गी—पक्षिविशेष १ । वाद्यविशेष २ ।
भेख—वेष ।
भेज—प्रातिनिध्य ।
भेज पूरब—क्रि० प्रातिनिध्य पूरब ।
भेट / भेँट—वियुक्तक साक्षात्कार १ । कल्हार २ ।
भेँट घाँट—साक्षात्कारादि ।
भेँटी—सलामी, भेँट करबाक कालक उपहार ।
भेँड़(भेण)बा—अक्षरक अन्यथात्वसूचक चिह्न ।
भेँड़ा(भेणा)—उ० मेष । स्त्री० भेँड़ी, भेणी ।
भेँड़ (भेणा)—उ० मेष । स्त्री० भेँही, भेणी ।
भेँड़ा(भेणा)री—बकरी भेँड़ी प्रभृतिक विष्ठा ।
भेँड़ि(भेणि)आ धसान—भेँड़ी-जेकाँ अन्धानुकरण ।
भेँड़ि(भेणि)हर—उ० भेँड़ीक उपजीवी जातिविशेष । स्त्री० भेड़िहरनी ।
भेँड़ी(भेणी)—स्त्री० मेषी ।
भेद—सँ० विशेष १ । तारतम्य, बुद्धिभेद २ । रहस्य ३ ।
भेदभाव—भेदबुद्धि ।
भेम / भेम्ह—पक्षिकीटविशेष ।
भेर—निद्रादिवशात् असंज्ञ ।
भेर करब / भेर लागब / भेरी करब—क्रि० अनेक मीलि एकदिन एक गोटक कार्य करब दोसरा दिन दोसराक जाहिसँ बोनि देय नहि हो ।
भेला गुड़क प्रभेद १। भल्लातक २ ।
भेस—भेख, वेष ।
भेँसब—क्रि० भोँकब ।
भैआ—भायक सम्बोधन ।
भैआबाँट / भैबट्टी—विषम विभाजन ।
भैसुर / भैँसूर—स्त्रीकेँ स्वामीक जेठ भाए।
भोआर—भोगार, लुलुहार, वृद्धिमुख पुष्ट (वृक्ष) ।
भोकन्नर—भगन्दर ।
भोकन्नर फुटब—क्रि० भगन्दरक स्फुटता।
भोकारि पारब—क्रि० बहुत जोर सँ कानब ।
भोग—सं० उपभोग ।
भोगार—भोआर, लुलुहार, उन्नतिमुख ।
भोगी—सं० उपभोगशील ।
भोग्य—भोगयोग्य ।
भोज—अनेक निमन्त्रितक भोजन ।
भोजघरा—अनेक निमन्त्रितक भोजनालय।
भोजन—सं० तृप्तिक हेतु भक्षण ।
भोजनी—भोजनसामग्री ।
भोजपत / भोजपत्र—भूर्जपत्र ।
भोजैत—उ० भोज कएनिहार । स्त्री० भोजैतिनी ।
भोँट—पेटक बड़का भोँटी ।
भोँट चहकाएब—क्रि० अस्त्रसँ भोँट फारब ।
भोँटिआ—पर्वतीय (घोटकविशेष) ।
भोँटी—अन्त्र ।
भोँड(मोण)ही—माछक प्रभेद ।

भोँड़ा(मोणा)—मत्स्य विशेष ।

भोतिआएब—क्रि० भोति+अब—भ्रमवशात् कुमार्गगमन ।

भोथ—कुण्ठित (अस्त्र) ।

भोथरब—क्रि० भोथ होएब ।

भोम्हरब—क्रि० समन्तात् दंशादिक्रिया ।

भोम्हा शङ्ख—वाद्यशङ्ख ।

भोर—प्रातःकाल १ । व्याकुल, विह्वल २ ।

भोरगर—उषःकाल ।

भोरुक—प्रातःकालिक ।

भोरुक पहर—प्रातःकालिक प्रहर, दिनक प्रथम प्रहर ।

भोरुका—प्रातःकालिक ।

भोरुका पहर—प्रा:कालिक प्रहर ।

भोस—केराक प्रभेद ।

भौकी—आवर्त ।

भौजाइ—ज्येष्ठभ्रातृजाया (सम्बोधनसँ भिन्नमे) ।

भौजी—ज्येष्ठभ्राताक जाया ।

भौरिआ—आवर्तवत् घुमल (केश) ।

भौरी—विक्रयावर्ष परिभ्रमण १। फलविशेष जे घुरमा रोगबाला पहिरैत अछि २।

भौरी करब } —क्रि० घूमि घूमि
भौरी देब } वस्तु बेचब ।

भौँह—भहुँ, भ्रू ।

भ्रम—सं० विपरीत ज्ञान ।

भ्रमाह—भ्रमजनक अस्पष्ट (अक्षरादि) ।

भ्रातृद्वितीया—सं० एक पाबनि जे कार्तिकशुक्ल द्वितीयाकेँ होइत अछि।

म

मइमुह—माएक मुहसन मुहबाला ।

मउसी—स्त्री० मातृष्वसा, माएक बहिनि।

मएदान—चत्वर ।

मएना—पक्षिविशेष, सारिका ।

मओसा—पु० माएक बहिनिक पति ।

मकइ—मकै, अन्नविशेष ।

मकमकाएब—क्रि० मकमक+अब—कार्यक शिथिलीभाव ।

मकब—क्रि० मालक लीलया धावन ।

मकरगोड़—मकराक आकारक टेढ़ टाङबाला (बड़द) ।

मकरा—कीटविशेष जकरा गाँड़िगे सूत लागल रहैत अछि ।

मकरी ऐँठब—क्रि० दुष्टतासँ कार्यमे ओझरोठ लगाएब ।

मकुआ—मकोआ, छड़ी प्रभृतिक अङ्कुशाकार अर्द्धभाग ।

मकुआएब—ना० मकु+अब—मकुआजेकाँ लबब ।

मकुट—मुकुट ।

मकुना—बिनु देखार दाँतक हाथी ।

मकोना—मकुना ।

मकोर—वंशविशेष १ । फलविशेष २ ।

मक्खन—नवनीत ।

मखबूल } —वि० ऋण पर देल से क्षेत्र
मखमूल } जे नियमित अवधि धरि ऋण सशोधन नहि कएलापर महाजनक भए जाए ।

मखान—माषान्न ।

मखोलिआ—हास्यरसी ।

मगजी—वि० दोहरि आदिक वस्त्रक अन्तमे स्यूत शोभार्थ वस्त्रान्तर ।

मगहा
मगहिआ } —मगधदेशोद्भव ।

मगही—मगधदेशोद्भव (खेसारी ओ पानक प्रभेद) ।

मग्घ—मघा (नक्षत्र) ।

मघा—सं० आश्लेषोत्तर नक्षत्र ।

मघारि—माघक समय ।

मङ(मँग)नचन—अधिक काल मँगनिहार ।

मङ(मँग)नी—अ० बिना मूल्य १ । बिना मूल्य देबाक हेतु याचना २ ।

मङ(मँग)नी-चङ(चँग)नी—माँगब आदि क्रिया ।

मङ(मँग)रा—सभसँ उपर देबाक खपरा।

मङ(मँग)रैल—कृष्णवर्ण अन्नविशेष, कालजीरक ।

मङ(मँगा)एब—क्रि० मङ(मँग) ब्+अब—आनयन ।

मङु(मँगु)री—दगुर (माछ) ।

मङ्गल—स० कल्याण १ । सोमक अगिला दिन २ ।

मङ्गल पठान—क्रीड़ाविशेष ।

मचकी—मछकी, झुलबाक साधन, दोला।

मचब—क्रि० अधिक होएब ।

मचमचाएब—क्रि० मचमच्+अब—मचमच शब्द करब ।

मचान—मञ्च ।

मचिआ—कुर्सी ।

मचोड़(र)—घुमाएकेँ ऐँठब ।

मचोड़(र)ब—क्रि० घुमाएकेँ ऐँठब ।

मच्छर—हि० मशक, मोस ।

मछकी—हिड़ोला ।

मछखौका—अधिक काल माछ खएनिहार।

मछगर—अधिक माछबाला (पोखरि प्रभृति) ।

मछगिद्धी—सर्पाकार मत्स्यविशेष ।

मछतरा—माछ तरबाक लोहिआ ।

मछबार—माछ मारनिहार ।

मछबारि—माछक मारब ।

मछरिआ—भूषणविशेष ।

मछहट्टा—माछक हाट ।

मछहर—गाँज, टापि आदिसँ माछ मारब ।

मछाइनि—माछक गन्धयुक्त ।

मछाडाली—धान्यविशेष ।

मछारब—क्रि० मछार+अब—कम ऊँच आरि बान्हब ।

मजर—फज्जर, मञ्जरी ।

मजरब—ना० मञ्जरीयुक्त होएब ।

मजगूत—वि० दृढ़, बलिष्ठ ।

मजगूती—वि० दृढ़ता ।

मजहुल—वि० दब, हीनबल ।

मजीठ—मञ्जिष्ठा, ओषधिविशेष ।

मजीरा—तानवाद्यविशेष ।

मजील—वि० बहुत दूर मार्ग ।

मजुरली—वि० टहल कएनिहारि ।

मजूर—मयूर ।

मजूरा—हि० अजूरा पर काज कए देनिहार, मजदूर ।

मजूरी—पारिश्रमिक, वेतन ।

मज्झा—माल बन्हबाक ढोरीक अवयव जकरा मिलाए कड़ाम प्रभृति बनैत अछि १ । गुड्डीक डोराकेँ कड़ा करबाक लस्सा २ ।

मझधार–धारक मध्य ।
मझफारी–औकारक मात्रा ।
मझिआएब–ना० मझि+अब–माझमे लेब।
मझिआम–गामक मध्य भाग ।
मझिला–मध्यभव, मध्यम (पुत्रादि) ।
मझिली–स्त्री० मध्यम (पुत्री आदि) ।
मञ्जूर–वि० स्वीकृत ।
मञ्जूरी–वि० स्वीकार ।
मटका-मटकी–कज्जलतिलक ।
मटकी–नेत्राच्छादक चर्म ।
मटकी मारब–क्रि० नेत्रावरण चालन ।
मटकुड़ी(री)–दहीक मृत्पात्रविशेष ।
मटकूड़(र)–पैध दहीक पात्रविशेष ।
मटर–पैघ उज्जर केराओ ।
मटसुन–मतिशून्य, अनवधान-स्वभावक ।
मटिआ–किरासन (तेल) १। रङ्गक प्रभेद २। हाथसँ बनाओल वस्त्रविशेष ३।
मटिआएब–ना० माटि दए धोएब १। माटिसँ युक्त करब २ ।
मटिआमेट–नेस्तनामूद, सर्वथा लुप्त ।
मटिआर–बालसँ अमिश्रित माटि बाला (खेत) ।
मटिआरी–बालसँ अमिश्रित सक्कत माटि।
मटिआह–माटिसँ मिश्रित (जलादि) ।
मटिकम–माटिक काज (माटि काटब, भरब आदि) ।
मटिकोड़ / **मटिकोड़ा** –माटि कोड़बाक स्थान ।
मटिगर–अधिक माटिसँ युक्त ।
मटिसुन–मतिशून्य, अनवधानस्वभावक ।
मटुक–मुकुट ।
मटुकी–मृत्पात्रविशेष ।
मट्टर–मटर, उजर पैघ केराओ ।
मट्ठा–माठा, बलय १। मन्थनीउर्वरित नवनीतविकार २ ।
मठ–मन्दिर, देवालय ।
मठठ–घरक उपरका दुहू चारक सन्धि -स्थल ।
मठब–क्रि० कोड़ो प्रभृतिक बाँसक गीरहकेँ छीलब ।
मठबा–शाकविशेष ।
मड़कब–क्रि० किञ्चित् धिपन्न होएब ।
मँड़(मण)गील–माँड़ रहि गेलासँ गील (भात) ।
मँड़(मण)फेका–माँड़ फेकबाक बासन।
मँड़(मण)बा–माड़ब, मण्डप ।
मड़मड़ाएब–क्रि० मड़मड़+अब–मड़मड़ शब्द करब ।
मड़र / **मँड़र** –शूद्रादि कतोक जातिक उपाधि १। चौठिचन्द्रक सन्ध्याकालक सिद्धान्न नैवेद्य २ ।
मड़रा–चङेरा टापि प्रभृतिक मण्डलीकृत हिड़रा ।
मड़राएब–क्रि० मड़र्+अब–मण्डलाकारेँ घूमब ।
मड़ुआ–अन्नविशेष ।
मड़ुक–छोट गोलाकार बखारी ।
मड़ेआ–ठोकबाक उपकरणविशेष ।
मढ़नि–मढ़ब ।
मढ़ब–क्रि० दृढ़ताक हेतु अन्तमे वस्त्र धातु इत्यादिसँ आवृत करब १। जुट्ठी बनाएब २ ।
मढ़ाइ–मढ़ब ।
मणि–सं० रत्न ।

मण्डा–मिष्टान्नविशेष ।
मण्डिल–मन्दिर, देवालय ।
मत–सं० पक्ष, सम्मतिविषय ।
मतब–क्रि० हाथीक मत्तताप्राप्ति ।
मतल–मत्त ।
मतामह–मातामह ।
मतामही–मातामही ।
मति–सं० बुद्धि ।
मती–सर्पादिविषकेँ मन्त्रसँ हँटओनिहार।
मतोना–कोदोक प्रभेद ।
मथदुक्खी–माथक व्यथा ।
मथनिआ–मन्थनपात्र ।
मथनी–चार आदिक सभसँ उपरका भाग।
मथब–क्रि० मन्थन ।
मथबाहि–शिरोवेदना ।
मथाक मोल–बुद्धिक इयत्ता (निन्दामे)।
मथानी–मन्थनदण्ड, रही ।
मथासोहार–वर्णक माथपर अनुस्वारसूचक बिन्दु ।
मद–सं० यौवनादिजन्य गर्व १। धनागमस्थानक विभाग २ ।
मदब–क्रि० बदब, वरण ।
मद्दति–ि० साहाय्य ।
मद्दी–क्रीड़ानियमप्रकारव्यवस्था ।
मद्य–सं० सुरा ।
मधु–सं० माक्षिक ।
मधुआएब–ना० मधुसँ युक्त होएब ।
मधुकुप्पी–पक्षिविशेष ।
मधुमाछी–मधुमक्षिका ।
मधुमाल–धान्यविशेष ।
मधुर–निष्ठ, मिष्टान्न ।
मधुरबा–मधुर प्रकारक ।
मधुराइ–माधुर्य ।
मधुराँठ / **मधुराह** –किञ्चिन्मात्र मिष्ट ।
मधुरी–बन्धूक, पुष्पविशेष ।
मधुश्रावणी–सं० श्रावणशुक्लतृतीया ।
मधेसिआ–मध्यदेशीय ।
मन–अन्तःकरण १ । खारी, परिमाण विशेष २ ।
मनःकथा–चिन्ता ।
मनक्का–द्राक्षाक प्रभेद ।
मनखप–से खेत जकर कर नियतरूपेँ अन्ने लेल जाए ।
मनगर–प्रसन्न मनसँ युक्त ।
मनधुटाह–उ० विमनस्क । स्त्री० मनधुटाहि ।
मनजाएज–वि० अन्नक तौल ।
मनपै–मनमे पाओ भारि ग्राह्य ।
मन पारब–क्रि० स्मरण करब ।
मनमोट / **मनमोटाओ** –वैमनस्य ।
मनरञ्जन–मनोरञ्जक १। मिष्टान्नविशेष २ ।
मनरोगा–मानसिक रोग ।
मनसठ–ऊपरसँ अनुकूल किन्तु मनसँ शठ ।
मनसरा–धान्यविशेष ।
मनसरी–धान्यविशेष ।
मनसा–मनुष्य (स्त्रीक उक्तिमे) १। वि० इच्छा २ ।
मनसी–मनस्वी ।
मनसुबा–उत्साह, पौरुष ।
मनसुबाएब–ना० मनुसुब्+अब–उत्साह करब। ।

मनसोठ–मनसठ ।
मनहकार–निषेध, मना करब ।
मनहुस–हतोत्साह ।
मना–अ० निषेध ।
मना करब } –क्रि० निषेध करब ।
मना देब }
मना मानब–क्रि० निषेधक स्वीकार ।
मनि–मणि ।
मनिआर–मणिबाला (सर्प) ।
मनुक्ख } –मनुष्य ।
मनुख }
मनुखाह–उ० मनुष्यमे रीतल (कुकुर आदि) ।
मनुष्य–सं० मानुष ।
मनुस–मनुष्य ।।
मनुसा–अनादरणीय मनुष्य ।
मने–अ० प्राय: १ । सम्भावना २ ।
मनेजर–वि० प्रधान अधिकृत व्यक्ति ।
मनोरथ–सं० इच्छा ।
मनोहर–सं० स्मरणीय ।
मनोरी–कपड़ामे लगएबाक भूषणविशेष।
मन्त्र–सं० फलप्रद जप्य ।
मन्त्राएब–ना० मन्त्रब्+अब–मन्त्रोपहित करब ।
मन्त्री–सं० सचिव ।
मन्द–सं० शिथिल ।
मन्दिर–देवालय ।
ममरखा–शिशुक रोगविशेष १ । ममरखाक ओषधिविशेष (छड़ी ममरखा इतयादि) २ ।
ममरी–टेमीक अन्तमे उत्पन्न कज्जल जाहिसँ दीपक ज्योति कम भए जाइछ ।
ममहर मातृक, मामाक घर ।
ममा–मामा, मातुल ।
ममिआ सासु–स्त्री० पतिक मामि ।
ममिऔत–उ० मामक बेटा । स्त्री० ममिऔति ।
ममोर–वेदनाविशेष ।
ममोरब–क्रि० देहक वेदनाविशेष ।
मयूर–सं० शिखी ।
मयूरपङ्खी–मयूरक पाँखिक पङ्खा ।
मर–मरण १। मृतक २। अ० विस्मय-द्योतक ३।
मरक–पेटक विपाकापन्न अन्नक भाग ।
मरकछ–कृत्रिम मृतवत् चेष्टाशून्यता ।
मरकछ लाधब–क्रि० मृतवत् कृत्रिम चेष्टाशून्यता देखाएब ।
मरकन–अर्जीण अन्नक कण ।
मरकाठी–मुरदा डाहबाक शेष काष्ठ ।
मरखाह–उ० मारनिहार (माल) । स्त्री० मरखाहि ।
मरघट–मुरदा डाहबाक घाट ।
मरचर–जाहिठाम अधिक मुर्दा डाहल जाए ।
मरछाउर–चिताभस्म ।
मरछिआहि–स्त्री० जकर सन्तान मरि-मरि जाइक ।
मरतड़िआ–मारिमे प्रौढ़ ।
मरदुआर–मृतसम (वृक्षादि), जे लुलुहार नहि हो ।
मरनइ–मृतनदी, पूर्वक नदी जे सम्प्रति भरनिसँ प्रवाहहीन भए गेल हो ।
मरब–क्रि० मरण ।
मरम–मर्म्म ।

मरमूठि–मुइलाक मूठिजेकाँ दृढ़ मुष्टि ।
मरम्मति–विघटित अवयवक पुनर्योजन ।
मरहन्ना–मुइल अन्न, जलक अभावसँ अन्नहीन (उपजा) ।
मराठी–मृतप्राय (वृक्षादि) ।
मरिचाइ–कटुवीरा, तीक्ष्णा ।
मरिच } –मरिच ।
मरीच }
मरुअनि–बाँसक उपरका त्वचा ।
मरुआएब–क्रि० मरु+अब–पल्लवादिक मूर्च्छित होएब ।
मरुऐनी–मरुआएब ।
मरेड़–तृणविशेष ।
मरोछि } –स्त्री० भूरिमृतवत्सा ।
मरोछिआहि }
मरौसी–पैतृक (सम्पत्ति) ।
मर्म–सं० नरम, रहस्य, तात्पर्य ।
मर्यादा–सं० अलोलुपतादि गुण ।
मलकोका–कुमुदिनीप्रभेदक रक्त पुष्पविशेष ।
मलब–क्रि० मर्दन ।
मलमल–वस्त्रविशेष ।
मलहम–व्रण छुटबाक लेप ।
मलाइ–बरकाओल दूधक सार ।
मलान–म्लान ।
मलार–मलार, रागविशेष ।
मलाह–उ० मत्स्यजीवी जाति विशेष । स्त्री० मलाहिनि ।
मलाही–चारकेँ नीचाँ खसबासँ रोकबाक यन्त्रविशेष ।
मलिकाइनि } –स्त्री० स्वामिनी ।
मलिकानि }
मलिछ } –मलिन ।
मलिछन }
मलिछाह–किञ्चित् मलिन ।
मलिन–सं० मलयुक्त (वस्त्रादि) ।
मलीदा–ओढ़बाक ऊनी वस्त्रविशेष ।
मल्लिक–कतोक जातिक उपाधि ।
मस–मशक, मोस ।
मसक–पानि भरबाक चमड़ाक पात्र १ । वस्त्रादिक अवयवक किञ्चित् विलचन २ ।
मसकब–क्रि० वस्त्रादिक अवयबक किञ्चित् विचलन ।
मसकिल–वि० विपत्ति, कठिन, मोसकिल ।
मसकूर–चौमे संलग्न मांस ।
मसदिना–मास दिन होएनिहार (अशौचादि) ।
मसनही–मासपूर्त्युत्तर स्त्रीकर्तृक स्नान ।
मसलन्द–ओँगठबाक पैघ गेडुआ ।
मसहरी–मशकवारक स्यूत पट ।
मसहारा–वि० मासिक वेतन ।
मसान–श्मशान ।
मसान्त–मासान्त, सौर मासक अन्तिम दिन ।
मसाल–कृत्रिम उल्का ।
मसालची–कृत्रिम उल्कासम्पादनादि प्रकाश करबाक कार्य कएनिहार ।
मसाला–हीँगु हरदि तेजपात प्रभृति व्यञ्जन उपकरण १ । पानक उपकरण (लवङ्ग अड़ाँची आदि) २ ।
मसि–सं० मसी, मोसि, लेखार्थद्रव ।
मसिआनी–मसीधानी, मसीपात्र ।

मसिआ सासु–स्त्री० पतिक मातृष्वसा ।
मसिऔत–उ० माउसिक अपत्य । स्त्री० मसिऔति ।
मसिदानी–मसीधानी, मसीपात्र ।
मसुआएब–ना० मासु+अब–भाँटा आदिक कुपाकवश मासुसन सक्कत होएब।
मसुरी–मसूर, द्विदलान्नविशेष ।
मसुवृद्धि–देहमे पिण्डाद्याकार मांसवृद्धि।
मसुरामनी–मधुश्रावणी ।
मसोड़–विरल वस्त्रक घर्षणजन्य विचलन।
मसोड़ब–क्रि० मसोड़ व्यापार ।
मस्खरी–हँसी-ठट्ठा ।
कस्तकतोड़–गृहदोष विशेष ।
महक–गन्ध ।
महकब–क्रि० गन्धक प्रकाशन ।
महखर–परिवारक सर्वजनसम्बन्धी वस्तु।
महखरिआ–महखरक कार्य कएनिहार ।
महग–महार्घ ।
महगी–महार्घता ।
महगोरिआ–महग बेचनिहार ।
महजीद–मुसलमानक देवघर ।
महतम–महत्तम, खामिन्द ।
महतोँ–महत्तम, प्रभु १ । कतोक जातिक उपाधि २ ।
महथा–वि० अधिकारविशेषनियुक्त ।
महन्थ–देवालयाधिकारी, मठाधीश ।
महन्थी–देवालयप्रभुता, मठाधीशत्व ।
महप्फा–नरवाह्य यानविशेष ।
महब–क्रि० मन्थन ।
महमह करब–क्रि० सुगन्धिक प्रसारण ।
महरा–चमारक उपाधि ।
महराज–भाटक उपाधि ।
महराद–ओषधिविशेष ।
महल–प्रासादभूमि ।
महलिआएब–क्रि० महाल-महाल फुटाएब ।
महाइ–मन्थन ।
महाउथ–हस्तिपक ।
महाजन–वणिक् १ । उत्तमर्ण २ ।
महाजनी–वणिग्वृत्ति १ । उत्तमर्णता २ ।
महाजाल–अति विशाल माछ मारबाक जाल ।
महाफा–शिविकाविशेष ।
महावरी–सं० ओषधिविशेष ।
महामहोपाध्याय–विद्वानक उपाधिविशेष।
महामूङ–मूङक प्रभेद ।
महाराज–सं० महान् राजा ।
महाराजी–महाराजक कार्य ।
महाल–वि० मद, विभाग ।
महाशय–सं० उदारान्तःकरण पुरुष ।
महाश्वेता–पुष्पविशेष ।
महि–सम्बन्ध, लेश ।
महिआएब–क्रि० उपकरिकेँ आएब ।
महिसा–पुं० महिष, पशुविशेष ।
महिसा लोट–वान्यविशेष ।
महिसि–स्त्री० महिषी, पशुविशेष ।
महिसिबार–महिषीवारक, महिसिक चरबाह ।
महिसिबारि–महिसिबारक क्रिया १ । ओकर वेतन २ ।
महिसिमोढ़–अत्यन्त मोट बुद्धि बाला ।
महीसि–महिषी, पशुविशेष ।
महु–मधुक, वृक्षविशेष ।
महुआ–महल (दूध, तकर दही) ।

महुआएब क्रि० महु+अब रससँ युक्त होएब ।
महुथबार–हस्तिपक ।
महुथबारि–हस्तिपकक क्रिया ।
महुली सोँफ–शीतहा; छत्रक ।
महुबक–वृक्षविशेष ।
महेसबानी–महादेवक तिरहुति गीत ।
महोपाध्याय–विद्वानक एक उपाधि ।
महोर–अत्यन्त पक्व ।
माइ-धी–स्त्री० माता तथा पुत्री ।
माउगि–जनी, स्त्रीलोक ।
माउगि-मेहर–स्त्री० स्त्रीवर्ग ।
माउसि–स्त्री० मातृष्वसा ।
माए–स्त्री० माता, माय ।
माख–आभ्यन्तर क्रोध ।
माखब–क्रि० माख्+अब–विष्ठादि अस्पृश्य वस्तुक अज्ञानतः स्पर्श ।
माँग(माङ)ब–क्रि०मँग् (मङ्)+अब–याचना ।
माँगु(माङु)र–मद्गुर, मत्स्यविशेष ।
माघ–पौषक अगिला मास ।
माघी–माघक (पूर्णिमा) ।
माछ–मत्स्य ।
माछी–मक्षिका ।
माजब–क्रि० मज्+अब–मार्जन, मर्दनसँ स्वच्छ करब ।
माजूफल–फलविशेष ।
माझ–मध्य ।
माझफारी–औकारक मात्रा, ौ ।
माझिल–उ० मध्यम । स्त्री० मझिली ।
माट–माटिक पैघ पात्र ।
माटि–मृत्तिका ।
माटिमङ्गल / **माटिमाँगर** } उपनयनक पूर्व मङ्गल दिनक लौकिक विधि विशेष ।
माठ–मिष्टान्नविशेष १ । पैघ तण्डुलादि रखबाक मृत्पात्रविशेष २ ।
माठा–वलय ।
माँड़ / **माण** } –मण्ड ।
माँड़ब–मण्डप ।
माड़बारी–माड़बार देशभव ।
माँड़रि–सूर्य ओ चन्द्रमाक समन्तात् मण्डल, परिवेष ।
माँड़ी–कृत्रिम मण्ड ।
माढ़–भूजल चीन ।
माणिक्य–सं० मणि ।
मातदिल–वि० अल्प उष्ण (घृतादि) ।
मातबर–वि० धनिक ।
मातबरी–वि० धनिकत्व ।
मातल–मत्त ।
माता–प्रसू, जननी १ । शीतला २ ।
मातामह–सं० पुं० माताक पिता ।
मातामही–सं० स्त्री० माताक माता ।
मातु–सतरञ्जक हारि ।
मातृकापूजा–विवाहादिक अङ्गतया आभ्युदयिकसँ पूर्व गौरी प्रभृति सोलह देवीक पूजा ।
मात्रा–सं० औषध खएबाक परिमाण १ । व्यञ्जनोत्तर इकारादि स्वरक चिह्न २ ।
मात्रिक–माताक पितृगृह ।
मात्सर्य्य–स्नेह (संस्कृतमे द्वेष) ।
माथ–मस्तक ।

माथ भुकाएब–क्रि० बहुत वृथा बजाएब।

मादए / **मादें** –अ० प्रसङ्गें ।

माधवसिंही–माधवसिंहक चलाओल जलपानपात्रविशेष ।

माधवी–पुष्पविशेष ।

मान–क्षुपविशेष १ । नहक आच्छादक त्वचा २ । सं. आदर ३। रुष्टता ४ ।

मानटीका–मस्तकक भूषणविशेष ।

मानब–क्रि० मान्+अब–स्वीकार करब १ । आदर करब २ ।

मानमिसाने–ओकारक मात्रा ।

मानर–मर्दल, वाद्यविशेष ।

मानसिंही–मिष्टान्नविशेष ।

मानि–मान्यता ।

मानिक–माणिक्य १ । औषधविशेष, मानिकरस २ ।

मानिकचन्दी–सुपारीक प्रभेद ।

मानिकथम्ह–धरनिक उपरका स्तम्भ ।

मानिकरस–औषधविशेष ।

मानिजन–मान्यजन, शूद्रक सामाजिक व्यवस्थाक एक नेता ।

मानुख / **मानुस** –मनुष्य ।

माफ–वि० सहन, क्षमा ।

माम–पुं० मातुल (असम्बोधनमे; सम्बोधनमे मामा) ।

मामा–पुं० मातुल ।

मामि–स्त्री० मातुली (असम्बोधनमे, सम्बोधनमे मामी) ।

मामी–स्त्री० मातुली ।

माय–स्त्री० माए, माता ।

मार–मारब, ताड़न ।

मारपीट–ताड़नादि ।

मारब–क्रि० मान्+अब–मारण १ । ताड़न २ ।

मारि–ताड़न १ । अ० बहुत २ ।

मारि खाएब–क्रि० ताड़नप्राप्ति ।

मारि-पीट–ताड़नादि ।

मारुक–घातक (स्थान) ।

माल–गोमहिष शूकरादिपशु १ । चरखामे टाकुकें धुमओनिहार डोरी २ । कृषिकर ३ ।

मालक–उबेर ।

मालकोस–रागविशेष ।

मालगुजारी–करग्रहण ।

मालजाल–गोमहिषीप्रभृति ।

मालती–सं० पुष्पविशेष ।

मालदह–आम्रविशेष ।

मालपूआ–उत्तम अपूप, पक्वान्नविशेष ।

मालभोग–केरा ओ धानक प्रभेद ।

माला–सं० स्रक् ।

मालि–उ० मालाकार जातिविशेष । स्त्री० मालिनि ।

मालिक–वि० उ० प्रभु । स्त्री० मलिकाइनि ।

मालिकाना–मालिकक मओजे ।

मालिस / **मालिस्त** –वि० अभ्यङ्ग ।

माली–तैलादिक छोट पात्रविशेष ।

मास–सं० त्रिंशद्दिनात्मक समय ।

माँस–से भूमि जकर माल स्वाधीन राजा पाबथि ।

मांस–सं० देहक धातुविशेष, मासु ।

मांसमसाला–तृणविशेष जे मांसक मसाला होइत अछि ।

मासा–माषप्रमाण ।

मासादि–सं० सौर मासक प्रथम दिन ।

मासान्त–सं० सौर मासक अन्तिम दिन।

मासिक–सं० मासभव (वेतनादि) ।

मासी–मासिक, अ० प्रतिमास ।

मासु–मांस ।

मासुल–वि० यानक वेतन ।

माह–वि० मास ।

माहबारी–वि० अ० प्रत्येक मास मे ।

माही–मालिकक पत्रस्थ स्वचिह्नविशेष ।

माहीमोहर–माहीसहित मोहर ।

माहुर–वि० अजङ्गम विष (यथा डकहा प्रभृति) ।

मिझर–मिश्रित ।

मिझराएब–क्रि० मिझर्+अब–मिश्रित होएब ।

मितारए–मित्रालय १ । मित्रता २ ।

मिथिला–सं० तीरभुक्ति ।

मिनट–वि० अढ़ाए पल, होराक साठिम भाग ।

मिनती–सविनय निवेदन ।

मिनहा–मोजर ।

मिरखी–अन्नकण ।

मिरगी–अपस्मार ।

मिरजइ / **मिरजै** –हि० अङ्काक प्रभेद ।

मिरमिराएब–क्रि० मिरमिर्+अब–मन्द-मन्द अस्पष्ट बाजब ।

मिरहन्नी / **मिरहिन्नी** –अपुष्ट अन्न ।

मिलब–क्रि० मिलान होएब १ । सदृश होएब २ ।

मिलान–अविरोध, मेल, सादृश्य ।

मिलुआ–सं० मिश्रित ।

मिश्र–स० श्रेष्ठ, ब्राह्मणक उपाधि ।

मिश्रित–सं० मीलल, मिझर ।

मिसर–मिश्र ।

मिसरी–खण्ड, संशोधित सिताखण्ड ।

मिसिआ–स्त्रीक दन्तशोभामञ्जन, मीसी १ । अन्नविशेष २ ।

मिस्त्री–मिसरी ।

मीआँ–मुसलमानक उपाधि ।

मीड़ब–क्रि० मिड्+अब–मर्दन ।

मीत–मित्र ।

मीमा–तृणविशेष ।

मीलब–क्रि० मिल्+अब–मिलब, मिलान होएब १ । सदृश होएब २ ।

मीलब-जूलब–क्रि० मिलान-प्रभृति ।

मीस–वि० मेला ।

मीस पड़ब–वि० क्रि० मेला लागब ।

मीसी–दन्तशोभार्थ मञ्जनविशेष ।

मुइल–मृत ।

मुकिआएब–ना० मुकि+अब–मुक्कासँ मारब ।

मुकुट–सं० शिरोभूषणविशेष ।

मुक्का–मुष्टि, मूका ।

मुक्कामुक्की–परस्पर मुक्कासँ मारब ।

मुक्की सूगा–सूगाक प्रभेद ।

मुख–सं० मुह ।

मुखपात–वस्त्रप्रान्तशोभाधायक वस्त्र ।

मुखड़ा–मुहमे लगएबाक कृत्रिम मुख ।

मुखिआ–मुख्य, संघश्रेष्ठ ।

मुगदर, मुँग(मुङ)रदन –मुद्गल ।
मुँग(मुङ)रा, मुँग(मुङ)री –ढेप फोड़ब आदिक साधनविशेष ।
मुँग(मुङ)बदाम–मेवाविशेष, चिनिआ बदाम ।
मुँग(मुङ)बा–पैघ बुनिआसँ बनाओल मिष्टान्नविशेष ।
मुँगे(मुङे)रिआ–मुङ्गेरनगरभव ।
मुजैली–लताविशेष १ । मुञ्जनिर्मित छोट पथिआ २ ।
मुटमुर–तृणविशेष ।
मुट्ठी–मूठि, मुष्टि ।
मुठबार–कागतक मूठि ।
मुठबाँसी–मुष्टिमेय पातर बाँस ।
मुठभिराओ–अतिनिकट युद्ध ।
मुठमुर–तृणविशेष ।
मुठरा–मुट्ठीसँ बद्ध पिण्ड ।
मुठिआ–मुष्टिमेय (बड़दक सिंह) १ । मुष्टिमित अन्न २ ।
मुठिआ सिंह–बड़दक ओ सिंह जे मुष्टिमेय हो ।
मुड़न–मुण्डन, प्रथम कचकर्तन ।
मुड़ब–क्रि० मुण्डित करब (लक्षणया, ठकि लेब) ।
मुड़री–बिना केशक माथ ।
मुड़हा–अतिनिन्द्य, मूढ़, अधम ।
मुड़ी–मुण्ड ।
मुड़ी हानब–क्रि० इतस्ततः मुखचालन ।
मुण्ड–मुड़ी ।
मुण्डी–तृणविशेष ।
मुतना–अधिक मूत्रत्यागी ।
मुतब क्रि० मूत्रत्याग करब ।
मुनना–मुनबाक साधन ।
मुनब–क्रि० मुद्रण, बन्द करब ।
मुनहारि साँझ–अप्रकाश सन्ध्यासमय ।
मुनही–भुण्डी पैसएबाक गोलाकार वस्त्र।
मुनिगा–सौभाञ्जनप्रभेदक वृक्षविशेष ।
मुहिआएब–क्रि० मुहि+अब–उन्मुख होएब ।
मुन्ही–ओ फनकी जाहिमे भुण्डी पैसाओल जाए ।
मुरगा–उ० कुक्कुट । स्त्री० मुरगी ।
मुरछब–क्रि० अस्त्राग्रक कुण्ठन ।
मुरदघट्टी–जलतटस्थ शवदाह स्थान ।
मुरदा–वि० शव ।
मुरदारी–शवदाहावशिष्ट (इन्धनादि) ।
मुरदाशङ्ख–औषधविशेष, उपधातुविशेष ।
मुरझब–क्रि० मूर्च्छित (कुण्ठित) होएब ।
मुरबड़–मूरक बड़ ।
मुरमुर–दाँतसँ सशब्द भङ्गयोग्य ।
मुरहन–पुष्ट प्रथमगृहीत अन्न ।
मुरही–तण्डुलस्फोट, चाउरक लावा ।
मुरेठा–शिरोवेष्टन ।
मुरौड़ी–मूरक वटी ।
मुर्दघट्टी–शवदाहक घाट ।
मुर्दा–शव ।
मुलकी–सार्वत्रिक ।
मुलह–सजातीय पक्षीके बझएबामे उपकारक मूलभूत बुलबुल प्रभृति।
मुलहक्की, मुलहट्टी –मूलभूत गुप्ततत्व ।
मुलहन–मूलधन, पूजी ।
मुल्लह–मुलह ।

मुसकाँड़ी, मुसकाणी –मूस बझएबाक कल ।
मुसर–मुसल ।
मुसरा–मुसलाकार प्रधान सीर आदि ।
मुसरी–छोटका मूस ।
मुसलमान–म्लेच्छ ।
मुसलमानी–म्लेच्छसम्बन्धी ।
मुसली, मुसलीकन्द –कन्दविशेष ।
मुसहर(ड़)–उ० जातिविशेष । स्त्री० मुसहर ड़)नी ।
मुसहरी–मुसहरक टोल ।
मुसुकाएब, मुसुकिआएब –क्रि० मुसुक्(कि)+अब–मन्द हास ।
मुसुकी–मन्द हास ।
मुह–मुख ।
मुहखर–उ० मुहक तीव्र, बजबामे अप्रतिबद्ध (निन्दामे) । स्त्री० मुहखरि ।
मुहगर–उ० बजबामै प्रौढ़ । स्त्री० मुहगरि ।
मुहचुरन, मुहचूर, मुहचोर –बजबामे अप्रौढ़ ।
मुहछुट्टा–निःसंकोच बजनिहार अनादरणीय व्यक्ति (निन्दामे) । स्त्री० मुहछुट्टी ।
मुहछुट्टू–निःसंकोच बजनिहार आदरणीय (निन्दामे) ।
मुहजोर–उ० बजबामे प्रौढ़ । स्त्री० मुहजोरि ।
मुहठान–अन्य मुखाकृति ।
मुहठाह–अप्रतिम (कार्यक असिद्धिप्रयुक्त)।
मुहठी आम आदिक मुखस्थान ।
मुहड़ा–स्थानक अग्रभाग ।
मुहतक्की–पराभिप्रायज्ञानार्थ मुखवीक्षण ।
मुहतोड़–उत्तरानर्ह कथन ।
मुहथरि–पोखरि आदिक बाहाक मुखस्थान ।
मुहददुब(ब्ब)र–उ० दीन, बजबामे अप्रौढत्र । स्त्री० मुहदुब(ब्ब)रि ।
मुहदुस्सी–पक्षिविशेष ।
मुहदेखना, मुहदेखाओन –मुह देखबाक परितोषिक ।
मुहनि–कोल्हुक एक अङ्ग ।
मुहपुरुष–वक्ता प्रधान पुरुष ।
मुहपोछना–मुह पोछबाक वस्त्र ।
मुहफट(ट्ट)–बिना धाख बजनिहार ।
मुहबउ–अधिक काल व्यादितमुखक ।
मुहबजाओन–संलाप करबाक पारितोषिक ।
मुहबौआ–बिदीर्णमुखक ।
मुहबौक–अप्रौढ़ ।
मुहलग, मुहलगुआ –मुह लागल गप कएनिहार ।
मुहसच्छ(छ)–उ० स्तब्ध, अप्रौढ़ । स्त्री० मुहसच्छि (छि) ।
मुहाबज्जी–परस्परभाषाणव्यवहार ।
मुहाँमुही–मुखोत्तर, सांमुख्य ।
मुहिआएब–क्रि० मुहि+अब–पूर्वरूप-प्राप्ति।
मुहूर्त–सं० दण्डद्वयात्मक काल ।
मूका–मुष्टि ।
मूकामूकी–मुष्टीमुष्टि, परस्पर मूकाक प्रहार।
मूँग(मूङ)–मुद्ग ।

मूँगा(मूङा)–प्रवाल ।
मूठि–मुष्टि ।
मूठि भाँजब–क्रि० क्रीड़ामे कौड़ी हाथमे लए नीचाँ खसाएब ।
मूठि लेब–क्रि० देवपित्रर्थ प्रथम धान्यच्छेदन
मूड़–मुण्ड ।
मूड़न–मुण्डन ।
मूड़ब–क्रि० मुड्+अब–माथक केश काटब, (लक्षणया, ठकि लेब) ।
मूड़ा–झाँकसँ रहित (कोठा) ।
मूड़ी–मुण्ड ।
मूत–मूत्र ।
मूतब–क्रि० मुत्+अब–मूत्रत्याग ।
मूनब–क्रि० मुन्+अब–मुद्रण, बन्द करब।
मूनल–मुद्रित, बन्द ।
मूर–मूलक १ । मूलधन २ ।
मूर्ख–स० अज्ञ ।
मूर्च्छा–सं० अकस्मात् चैतन्यशून्यता ।
मूस–मूषिक ।
मूसनि–मूसक माटि ।
मूसब–क्रि० मुस्+अब–मोषण, चोराएब।
मूसर–मुशल ।
मूसाकानी–आखुपर्णी, ओषधिविशेष ।
मूह–मुख ।
मूह दुसब–क्रि० अपमानजनक मुखचेष्टा।
मूह बनाएब–क्रि० नानाविध मुखचेष्टा ।
मूह बिजुकाएब–क्रि० बिजुकब्+अब–मुखसंकोचन ।
मृग–सं० हरिणविशेष ।
मृगछाला–हरिणचर्म ।
मृदङ्ग–सं० वाद्यविशेष ।
मृदङ्गिआ / **मृदङ्गी** –मार्दङ्गिक, मृदङ्ग बजाओनिहार ।
मेआन–म्यान, खड्गकोष ।
मेकचओँ–बाधा, असूद्धरता ।
मेघउनार–वृष्टगत मेघक समय ।
मेघओन–किञ्चिन्मेघयुत समय ।
मेघडम्बर–वंशनिर्मित छाता ।
मेघदिनाए–मेघक समयमे उत्पन्न होएनिहार दद्रु ।
मेघाओन–मेघओन ।
मेच–झाँक, तिर्यक् कर्षण ।
मेचब–क्रि० जोरसँ घुमाएब ।
मेजन–एक खाद्यमे मिलएबाक दोसर खाद्य ।
मेट–नर्तकगणक प्रधान पुरुष ।
मेटाएब–क्रि० मेट्+अब–लुप्त होएब १ । मेटब्+ अब–लुप्त करब २ ।
मेटिआ–मेट, दलपति ।
मेठनि–वारंवार एक बातक बाजब वा एक क्रियाक करब ।
मेथी–सं० मेथिका ।
मेद–वृक्षविशेष ।
मेदा–जैक परम सूक्ष्म चूर्ण ।
मेधा–सं० स्मरणशक्ति १ । सलाह, ऐकमत्य २ ।
मेधा पटुआ–पटुआसागक प्रभेद ।
मेन–क्षुपविशेष १। आटामे देय घृत २ ।
मेनदार–आटामे वृत मिलाए बनाओल (सोहारी) ।
मेनसिल–मनःशिला ।
मेनहर–कण्टकी क्षुपविशेष ।
मेबा–दाख किसमिस प्रभृति शुष्क फल।

मेमिआएब–ना० मेमि+अब–मे मे शब्द करब, अजभाषण ।
मेर–नटुआ आदिक मण्डली ।
मेराएब–क्रि० मेरब्+अब–मिलाएब, दोहराओल डोरीमे तेसर प्रभृति डोरी पैसाएब ।
मेरिआ–एक मण्डलीक व्यक्ति ।
मेरिचाइ–तीक्ष्णा ।
मेल–मिलान, ऐकमत्य, सादृश्य ।
मेल खाएब–क्रि० मेल समुचित होएब ।
मेल पाँच–मिलानपूर्वक समावेश ।
मेला–बहुलोकसंकुलीभाव, जनसम्मर्द ।
मेह–मेधि, धान दाउनक खुट्टा ।
मेहतर–हि० हेला ।
मेहनति–वि० परिश्रम ।
मेहनतिआ–वि० परिश्रमी ।
मेहदी–वृक्षविशेष ।
मेहब–क्रि० मन्थन ।
मेहमान–वि० पाहुन ।
मेहिआँ–मेहीँ प्रकारक (तण्डुलादि) ।
मेहिआएब–ना० मेहीँ करब ।
मेहीँ–सूक्ष्म ।
मेहौती(थी)–मेहक डोरी जाहिमे कड़ाम बान्हल जाइछ ।
मैआँ / **मैआ** –मातासँ श्रेष्ठ स्त्री ।
मैथिल–सं० उ० मिथिलाभव (ब्राह्मणादि)। स्त्री० मैथिलानी ।
मैल–मल १ । मलिन २ ।
मैलछन–किञ्चिन्मलिन ।
मैलमूह–मलिन मूहबाला ।
मैलाह–मैलसँ युक्त, मलिन ।
मोआर–पैघ विवर ।
मोआर फुटब–क्रि० पैघ विल स्फुटित होएब ।
मोकड़(र)–विवर ।
मोकड़(र) फुटब–क्रि० विवर स्फुटित होएब ।
मोकनि–ओषधिविशेष ।
मोकब–क्रि० गरदनि आदिकेँ नीचाँ दिस दबाएब ।
मोकर्री–वि० निश्चितकरक भूमि ।
मोकूफ–वि० दासतासँ निष्कासित ।
मोकूफी–वि० नोकरीसँ हटाएब, पदच्युति।
मोख–टाटक प्रान्तभाग ।
मोख मारब–क्रि० मोखमे खड़ही दए बान्हब ।
मोगल–वि० मुसलमान जातिविशेष ।
मोगलान–वि० मोगलक स्थान ।
मोगली–सतरञ्जक एक प्रकारक खेड़ि ।
मोचण्ड–तीव्रस्वभावक बूड़ि ।
मोचण्डपना / **मोचण्डी** –मोचण्डक क्रिया ।
मोचना(नी)–बहुत छोट सूक्ष्माग्र चूटा ।
मोचरब–क्रि० घुमाएब, ऐँठब ।
मोचरस–औषधविशेष ।
मोछ–श्मश्रु, नाकक निचला केश १ । कटहरक ओ बन्ध्य फल जाहिमे को नहि होइछ २ ।
मोछाएब–क्रि० मोछ (बन्ध्यफल) सँ युक्त होएब ।
मोजर–मिनहा ।
मोजूद–वि० वर्तमान, स्थित ।
मोट–उ० स्थूल । स्त्री० मोटि ।

मोटका–उ० स्थूलप्रभेदक । स्त्री मोटकी।
मोटगर–उ० अधिक मोट । स्त्री० मोटगरि ।
मोटधना–मोट धान ।
मोटबन्हना–मोटा बन्हबाक वस्त्र ।
मोटरा–पैघ मोटा ।
मोटरी–छोट मोटा ।
मोटा–वस्त्रबद्ध (अनेक वस्त्रादि) ।
मोटाइ–स्थूलता ।
मोटाएब–ना० मोट्+अब–स्थूल होएब ।
मोटामोटी–अ० स्थूल हिसाबें ।
मोटिआ–मोट प्रभेदक (धान्यादि) ।
मोटैत–मोटा उघनिहार ।
मोड़–वक्रता १ । वक्रभावें शिरामे आघात २ ।
मोड़ब–क्रि० वक्रीकरण ।
मोड़ा–मोटक ।
मोढ़–पैघ मोढ़ी १ । मूढ़तम २ ।
मोढ़ा–काष्ठखण्ड ।
मोढ़ी–स्थूल इन्धन ।
मोताद–भोजनार्थ नियत देय ।
मोति–मुक्ता ।
मोतिआ बिन्दु–नेत्ररोगविशेष ।
मोतिआ बेली–मल्लिकापुष्पक एक प्रभेद ।
मोतीचूरक लड्डू–मिष्टान्नविशेष ।
मोतीझाबा–पुष्पविशेष ।
मोथा–मुस्तक ।
मोथी–दीर्घमुस्तक जकर पटिआ बनाओल जाइछ ।
मोन–खारी, परिमाणविशेष १। चित्त २ ।
मोनक्कह–वि० स्थिरीकरण ।
मोन पड़ब–क्रि० स्मरण होएब ।
मोन पाड़ब–क्रि० स्मरण करब, ध्यान ।
मोनही–मोन परिमाणक बटिखारा १। एक मोन अँटबाक योग्य (बोरा ढाकी प्रभृति) २ ।
मोनासिब–वि० उचित ।
मोनि–नदीक अतिगम्भीर प्रदेश ।
मोफत / **मोफ्त** –वि० बिना मूल्य लब्ध ।
मोम–बरकाओल मधुमक्षिकागृह ।
मोमछाता–मोमसँनिश्छिद्रीकृत वस्त्रक छत्र ।
मोमजामा–मोमसँ निश्छिद्रीकृत वस्त्रविशेष ।
मोमबत्ती–मोमक वर्त्तिका ।
मोर–मयूर ।
मोरब–क्रि० मोड़ब, वक्रीकरण ।
मोराबा–पागल धात्रीप्रभृति फल ।
मोरि–धान रखबाक तत्कालनिर्मित तृणपात्र ।
मोरी–बद्ध जलनिर्गममार्ग ।
मोल–क्रयण ।
मोलमोलाइ–क्रयमूल्यविवाद ।
मोलाएब–ना० मोलब्+अब–मूल्यनिर्णय करब ।
मोलामी–उपरसँ चढ़ाओल सोनाक पानि प्रभृति ।
मोस–मशक ।
मोसकिल–वि० उपद्रवसंपात, कठिन ।
मोसब्बर–औषधविशेष ।
मोसम्मात–स्त्री० बिनु स्वामीक स्वतन्त्र स्त्री ।

मोसाफिर–वि० पान्थ ।
मोसाहेब वि० राजाक सहचर ।
मोसिआनी–मसीधानी, मसिपात्र ।
मोस्ताएद–वि० तत्पर ।
मोह–सं० मूढ़ता ।
मोहनभोग–मिष्टान्नविशेष ।
मोहनमाला–मध्य-मध्यमे मूँगा देल सोनाक माला ।
मोहर–मुद्रा, नामादिमुद्रणयन्त्र ।
मोहस्सिल–वि० आदेयग्रहणार्थ प्रेषित जन ।
मोहार–भीड़, उच्च जलतट ।
मौगिआह–स्त्रैण ।
मौगिआही–केवल स्त्रीक उपभोगयोग्य (वस्तु) ।
मौगी–स्त्री० स्त्री ।
मौनाह–उ० अल्पभाषी । स्त्री० मौनाहि।
मौनी–छोट पात्रविशेष ।
मौर–कोढ़िलाक अलङ्कारविशेष ।
मौसा–मातृष्वसृपति ।
मौसी–स्त्री० मातृष्वसा ।
म्याद–वि० कारावास १ अवधि २ ।
म्यान–मेआन, खड्गकोष ।

य

यथा–धन १ । सं० अ० जेता २ ।
यथेष्ट–सं० इच्छानुरूप, पर्याप्त ।
यथोचित–सं० उचितानुरूप ।
यदि–सं० अ० जँ ।
यद्यपि–सं० अ० प्रक्रान्तविरोधद्योतक ।
यन्त्र–भूषणविशेष १ । सं० तान्त्रिक प्रयोगविशेष २ । कल ३ ।
यम / **यमराज** –सं० यमुनाक भाए, वैवस्वत ।
यमुना–सं० नदीविशेष ।
यव–सं० जओ ।
यश–सं० कीर्ति ।
याग–सं० यज्ञ ।
याचक–सं० मँगनिहार, भिक्षुक ।
यात्रा–सं० प्रस्थान ।
यात्री–सं० पथिक ।
यावत्–सं० अ० यावत्कालपर्यन्त ।
युग–सं० कलियुगादि ।
युक्त–सं० उचित, सङ्गत ।
युक्ति–सं० हेतु, साधन ।
यूप–सं० यागीय काष्ठविशेष ।
योग–सं० संबन्ध १। चित्तक निरोध २ ।
योगाभ्यास-सं० योगक्रियाक अभ्यास ।
योगाभ्यासी–सं० योगाभ्यासकर्ता ।
योगी–सं० योगाभ्यासी, विरक्त ।
योग्य–सं० समर्थ, योग्यताशील ।
योग्यता–सं० उत्कृष्टगुणवत्ता १ । सम्भवविषयता २ ।

र

रड़ता– रैंची ओ दही दए बनाओल तीमन ।
रड़नि–राति ।
रए–अ० नीच पुरुषक सम्बोधन ।
रओ–अ० नीच पुरुषक सम्बोधन ।
रकतकोंए–रक्तोत्पल, कोकनद ।
रकतचानन–लाल चन्दन ।
रकता साग–ललका साग ।
रकबा–वि० भूमिक परिमाण ।
रकम–अन्न ।

रकसा–तृणविशेष ।
रक्षक–सं० रक्षाकारक ।
रक्षा–सं० पालन, उपद्रवसँ बँचाओ ।
रखना–रखबाक पात्र ।
रखबार–उ० रक्षक । स्त्री० रखबारनी ।
रखबारि–रक्षकत्व ।
रखाओँत–स्वार्थ रक्षित् तृणभूमि ।
रखौली–धरुबी, रत्यर्थ नियुक्त परस्त्री ।
रगड़–घर्षण ।
रगड़ब–क्रि० घर्षण ।
रँग(रङ)–रञ्जक द्रव्य १। क्रम, स्थिति २।
रँग(रङ)ब–क्रि० रञ्जन ।
रँग(रङ)रेज–रञ्जक जातिविशेष ।
रँग(रङ)साज–भीतमे चित्रलेखक ।
रँगे(रङे)रङ्ग–सर्वत्र रक्त ।
रघबा बोआर–मत्स्यविशेष ।
रङ्ग–सं० रञ्जकद्रव्य १। क्रम, स्थिति २।
रङ्गबिरङ्ग–अनेक रङ्गक ।
रचना–सं० निर्माण १। ओषधिविशेष २ ।
रचब–क्रि० निर्माण ।
रच्छक–रक्षक ।
रच्छा–रक्षा ।
रजगिद्ध–गृध्रविशेष ।
रजन्ती–शाकविशेष ।
रजपूत–उ० क्षत्रिय जातिविशेष । स्त्री० रजपुतनी ।
रजभाट–मुसलमानक भाट ।
रजला–धान्यविशेष ।
रजाइ–दोलाइ, दोहरि ।
रटनी–तृणविशेष ।
रटब–क्रि० वारंवार पढ़ब ।
रँड़(रण)खेप खेपब–क्रि० रौंड़ (विधवा) जेकाँ काल बिताएब, कष्टपूर्वक कालक्षपण ।
रड़धूमस–राड़जेकाँ धूमस करब ।
रड़पोख–राड़(शूद्र)केँ पोसनिहार, रड़ाह।
रड़हा–राड़क योग्य ।
रड़ाह–राड़क सन क्रिया कएनिहार ।
रतिगर–अधिक राति, पहरसँ अधिक रात्रिक भाग ।
रतिचर–रात्रिञ्चर, रातिमे चरनिहार पक्षी ।
रतुका–रात्रिभव ।
रतौन्ही–रात्र्यन्धता ।
रत्ती–रिक्तका ।
रथ–सं० बग्गी ।
रथयात्रा–सं० रथपर भगवानक यात्रा ।
रद्दा–रादा, भीतपर द्वितीयादि बेर चढ़ाओल माटि ।
रद्दी–वि० बेकार, कार्यानर्ह (वस्तु) ।
रनरनाएब–क्रि० रन-रन शब्द करब ।
रनिबास–रानीक वासस्थल, अन्तःपुर ।
रन्ना–तकथा आदि छीलिके सम करबाक यन्त्रविशेष ।
रन्हुआ–रान्हिकेँ बनाओल (चाउरक रोटी प्रभृति) ।
रपट–अधिक दौड़ ।
रपटब–क्रि० अधिक दौड़ब ।
रप्ती–वि० अभ्यास ।
रबड़–वृक्षविशेषक लस्सा ।
रबाइस–अग्निचित्र ।
रबाएब–क्रि० ठेँगाप्रभृतिक स्वतः विदलन ।
रबाना–वि० प्रस्थित ।
रबानी–शिबिकावाही जातिविशेष ।

रवि–सं० सूर्य १। शनिक अगिला दिन २।
रबिआती–रब्बी (अगहनीक अगिला) अन्न ।
रमण्डर–क्रीड़ाविशेष ।
रमचकरा–कृतान्नविशेष ।
रमना–चत्वर ।
रमानी–रबानी ।
रस–सं० इच्छा १। खेतक गुणविशेष २। पत्रादिक जलीय अंश ३ ।
रसओँ–दूरसँ किञ्चित् आगिक ताप ।
रसगुल्ला–मिष्टान्नविशेष ।
रसनचौकी–वाद्यविशेष ।
रसपीपरि–पिप्पलीक प्रभेद ।
रसाएब–ना० रस्+अब–खेतक रससँ युक्त होएब ।
रसायन–सं० रस, स्वर्णभस्मादि ।
रसिआ–सरस व्यक्ति ।
रसिक–सं० सरस व्यक्ति ।
रसीद–वि० द्रव्यप्राप्तिप्रमाणपत्र ।
रसौती–हालक रससँ बाओग ।
रस्सा–डोरी ।
रस्सी–डोरी ।
रहटि(ठि)–अरघट्ट, पानि भरबाक धिरनीबाला यन्त्र ।
रहब–क्रि० स्थिति, गतिनिवृत्ति ।
रही–मन्थनदण्ड ।
रहु–रोहित, मत्स्यविशेष ।
रहुआ बोआर–सामुद्रिक पैघ मत्स्यविशेष।
राइ–राजिका, रैँची ।
राउटी–एकहारा पटगृहविशेष ।
राए–वि० राय, संमति ।
राकस–उल्कामुख प्रेत ।
राखी–खेतक रक्षाक वेतन १ । रक्षिका, मङ्गलसूत्र २ ।
राँग–रङ्ग सं०, धातुविशेष ।
राँगी–धान्यविशेष ।
राज–इष्टका जोड़निहार कारीगर १ । राजा २ । राज्य ३ ।
राज-काज–राजकीय कार्य ।
राजकीय–सं० राजसम्बन्धी ।
राज-दरबार–वि० राजसभा ।
राजपाट–राज्यादि ।
राजपूत–क्षत्रिय जातिविशेष ।
राजमहल–राजाक प्रासाद ।
राजस–बलात् उपद्रव ।
राजसिंहासन–सं० राजगद्दी ।
राजसी–नृपोचित ।
राजा–सं० नृपाल ।
राजा-दैव–राजदैवप्रयुक्त बाधा ।
राजासाही–लोटाक प्रभेद ।
राजी–वि० सहमत, प्रसन्न, अविरुद्ध ।
राजीनामा–परस्पर मेलक स्वीकारपत्र ।
राटन–वि० तौलबाक यन्त्रविशेष ।
राड़–उ० शूद्र । स्त्री० राड़िनि ।
राँड़(राण)–स्त्री० रण्डा, विधवा ।
रातारातो–अ० दिनक अस्पर्शपूर्वक रातिमे ।
रातिबिराति–राति तथा वर्षादि उपद्रवसँ युक्त राति ।
रातिम–उपनयनसँ चारिम रातिक कृत्यविशेष ।
रातुक–रात्रिसम्बन्धी ।
रादा–रद्दा, भीतपर एक दिनमे चढ़ाओल माटि ।

रानी–राज्ञी ।
रान्ह–पाक ।
रान्हब–क्रि० रन्ह+अब–रन्धन, पाक-क्रिया।
राब–चोनीक साधक इक्षुविकार ।
राबड़ी–छाल्ही मिसरीसहित दूध ।
राबा–धातुक छोट-छोट बिन्दु ।
रामकेरा–फलविशेष ।
रामचकरा–कृतान्नविशेष ।
रामझिँगु(झिङ्गु)नी–व्यञ्जनविशेष ।
रामदतमनि–कण्टकलताविशेष ।
रामदाना–अन्नविशेष ।
रामदुलारी–धान्यविशेष ।
रामनी–धान्यविशेष ।
रामरूचि–व्यञ्जनविशेष ।
राय–वि० राए, विचार, संमति ।
राल–धूमनसँ बनाओल लस्सा ।
रास–नृत्यविशेष १ । पुञ्ज, रात्रि २ ।
रासधारी–रास कएनिह ।
रासि–रश्मि, घोड़ाप्रभृतिक डोरी ।
रास्ता–वि० मार्ग ।
राहठ–राहड़िक सुखाएल वृक्ष ।
राहड़ि–आढ़की, द्विदल अन्नविशेष ।
रिआइत-खिआइत–अ० खर्च होइत-होइत ।
रिकबी–वि० छोट भोजनपात्र ।
रिकाब–वि० घोड़सबारक पाएरक अवलम्बन ।
रिट्ठी–हैँठीक फलत्वक् ।
रितब–क्रि० रीतब ।
रित्ती-छित्ती–छितिर-बितिर, अश्रेणीबद्ध, यत्र-कुत्र विकीर्ण ।
रिनिआ–अधमर्ण, ऋण लेनिहार ।
रिन्हुका–नित्य प्रातःकालक सिद्धान्नभोज्य।
रिबरिब–मुखमे वेदनाविशेषजनक (ओल आदि) ।
रिबरिबी–ओल आदिक भक्षणजन्य मुखक वेदनाविशेष।
रिसाल–मालिकक ओतए पठाओल नगद वा अन्न ।
रीढ़–पीठक बिचला हाड़ ।
रीतब–क्रि० रित्+अब–नेनाक अनुरक्त होएब ।
रीन–ऋण ।
रील–तागक प्रभेद ।
रीस–ईर्ष्या ।
रुक्ख(ख)–शुष्क (माटि आदि) ।
रुखान–कमारक हथिआरविशेष ।
रुखानी–छोट रुखान ।
रुखिगर–रूखि (अगिला प्रकाश) बोला।
रुचब–क्रि० देखबामे नीक लागब ।
रुचि–सं० इच्छा, भोजनेच्छा ।
रुचिगर–भोजनमे परम प्रिय ।
रुपैगर–अधिक रूपैआबाला ।
रुपैया–रूप्यक, राजतमुद्रा ।
रुसना–उ० अधिक रुसनिहार । स्त्री० रुसनी ।
रुसाफुली(ल्ली)–रुष्टता तत्कृत मुखमालिन्यादि ।
रूआ–पाइक चतुर्थांश ।
रूखि–आगाँमे प्रकाश ।
रूप–सं० आकार, स्वरूप १। रजत २ ।
रूपकरन–वृक्षविशेष ।
रूपमञ्जरी–पुष्पविशेष ।

रूसब–क्रि० रुस्+अब–रुष्ट होएब ।
रूसा-फूली–रुष्टता तत्कृत मुख-मालिन्यादि।
रेकब–क्रि० शिशुक धावन ।
रेका-तोकी–'रे' तो" शब्दोच्चारणपूर्वक कहल ।
रेकार–'रे' शब्दे" सम्बोधन ।
रेकार-तुकार–रेका-तोकी ।
रेखा–सं० डाँड़ि, सरल चिह्न ।
रेँगनी–कण्टकारी ।
रेँगब–क्रि० एक पाएरे" कुदैत चलब ।
रेघा–रेखा, चिह्न ।
रेजरेजा / **रेजरेजीस** }–महाश्रम ।
रेजा–उ० राजक सङ्ग काज कए निहार। स्त्री० रेजी ।
रेठान–वारंवार गमन ।
रेड़–अनेक लोकक धक्का ।
रेड़ब–क्रि० चलैत धक्का मारब ।
रेड़म-बहेड़म–अनेक लोकक संकुलता-प्रयुक्त धक्का ओ घोल ।
रेत–स्रोतस्, प्रवाह ।
रेतब–क्रि० रेतीसँ छीलब ।
रेती–घर्षणसँ लोह आदिक तक्षणयन्त्र ।
रेबा–मत्स्यविशेष ।
रेबाज–वि० सदासँ भए आएल चालि, सम्प्रदाय ।
रेबाड़–पाछाँसँ खेहाड़ब ।
रेबाड़ब–क्रि० पाछासँ खेहाड़ब ।
रेल–वि० धूमयानमार्ग १। रेलगाड़ी २ ।
रेल-गाड़ी–धूमयान ।
रेस–वि० तीव्रगति, वेग ।
रेसब–क्रि० भग्न धातुपात्रक सन्धान ।
रेसम–पाट ।
रेसमी–पट्टरचित (वस्त्र) ।
रेह–रेखा ।
रेहल–जिल्द बान्हल पुस्तक रखबाक आधारपट्ट ।
रैअति–वि० प्रजा ।
रैँची–राजिन ।
रैता–रैँची ओ दहीक व्यञ्जनविशेष ।
रैनि–रजनी, राति ।
रोआब–वि० रोब, अलङ्घनीय आज्ञा ।
रोआबी–वि० रोबदार, अलङ्घनीय आज्ञाबाला ।
रोइआँ–रोम ।
रोइँउपाड़–रोमोत्पाटनव्रण ।
रोक–अवरोध ।
रोक-टोक–अवरोधादि ।
रोकब–क्रि० अवरोधन ।
रोकाबट–हि० अवरोध ।
रोग–सं० व्याधि ।
रोगहा–उ० अनादरणीय रोगाह । स्त्री० रोगही ।
रोगाएब–ना० रोग+अब–रोगसंयुक्त होएब ।
रोगाह–उ० रोगयुक्त । स्त्री० रोगाहि ।
रोगी–सं० अलि० रोगयुक्त ।
रोच–धाख, भाषणादिमे भय ।
रोज–हि० दिन ।
रोज उतारब–क्रि० दण्डन ।
रोजगार(री)–वाणिज्य ।
रोजनामचा–प्रतिदिनक खर्चोटा ।
रोजहा–दैनिक वेतनपर कार्यार्थ नियुक्त अनादरणीय ।

रोट–पैघ मोट रोटी ।
रोटी–मोट सोहारी, शष्कुली ।
रोड़–अधिक उलाओल (दालि) ।
रोड़ा–पजेबाक छोट-छोट टुकड़ा ।
रोड़ी–छोट रोड़ा ।
रोदात–वि० मुखोत्तर न्यायप्रवर्तन ।
रोप–गाछक रोपण ।
रोपब–क्रि० रोपण ।
रोब–वि० रोआब ।
रोबकारी–रोदात, मुखोत्तर न्यायप्रवर्तन ।
रोल–वि० गोल शलाका ।
रोस–क्रोध, क्रोधजन्य आवेग ।
रोसनी–वि० दीपादिप्रकाश ।
रोसाह–उ० क्रोधी । स्त्री० रोसाहि ।
रोहनि–रोहिणी नक्षत्र ।
रोहनिआ–रोहिणीमे होएनिहार ।
रोहिनी / **रोहीनि** –रोहिणी नक्षत्र ।
रौद–आतप ।
रौदमुहाँ–अ० आतपाभिमुख ।
रौदाएब–ना० रौद+अब–रौदसँ तप्त होएब।
रौदिआह–आतपप्रधानक (वर्षासमय) ।
रौदी–अनावृष्टि ।
रौला-रौली–नृत्यविशेष ।

ल

लइ–पिष्ट तण्डुलादिक लस्सा ।
लए–अ० निमित्तेँ १ । ग्रहण कए २ ।
लओठा–पैध (हर) ।
लकड़ी–हि० काष्ठ ।
लकबा–वातरोगविशेष ।
लकलक पातर–उ० अत्यन्त कृश । स्त्री पातरि ।
लखौरी–खपराक प्रभेद ।
लग–समीप ।
लँग–लवङ्ग ।
लँगटा–उ० अनादरणीय लङ्गट । स्त्री० लँगटी ।
लँगटाह–उ० किञ्चित् लङ्गट । स्त्री० लँगटाहि ।
लँगड़ा–उ० अनादरणीय नाँगड़ ।
लगता(ति)–कोनो कार्यमे समस्त खर्च।
लगन–लग्न, शुद्ध समय ।
लगनी–गीतविशेष ।
लगभग–अ० किछु कम वा अधिक ।
लगले–अ० तुरन्त ।
लगले-लागल–अ० अव्यवधानेन पुन:पुन:।
लगहर–मङ्गलार्थ पूर्णकलश ।
लगहरि–दूध देनिहारि (गाय आदि) ।
लगही–लघुशङ्का, मूत्रत्याग ।
लगान–पत्रारूढ़ कर ।
लगातार–निरन्तर ।
लगानी–सूदिप द्रव्यादिप्रदान ।
लगाम–घोड़ाक रश्मि, प्रग्रह ।
लगामी–गलफड़क घाओ ।
लगार–लागि कएनिहार, मादक ।
लगारि–लागिकेँ पड़निहार, दृढ़संकल्प १। अधिक उपजनिहार (धान) २ ।
लगिचाएब–ना० लगीच+अब–समीप होएब ।
लगीच–लग, समीप ।
लगुआ–दासभिन्न आश्रित व्यक्ति ।
लगोँटा(टी) / **लगौँटा(टी)** –कौपीन ।
लगौरी–जोड़ल (चार आदि) ।

लगौरी असगन्ध–ओषधिविशेष ।
लग्गा(ग्गी)–पातर लम्बा वंशदण्ड ।
लग्न–सं० मेषवृषादि ।
लङ–लँग, लवङ्ग ।
लङटा–उ० अनादरणीय लङ्गट । स्त्री० लङटी ।
लङटाह–उ० किञ्चित् लङ्गट । स्त्री लङटाहि ।
लङड़ा–अनादरणीय पङ्गु ।
लङोटा(टी) / **लङौटा(टी)** –कौपीन ।
लङ्क लेब–क्रि० पड़ाएकेँ नुकाएब ।
लङ्गट–उ० बदमास, बद्द, उत्पाती । स्त्री० लङ्गटि ।
लङ्गूर–पैध लाङ्गूलबाला बानर ।
लचकब–क्रि० पटै प्रभृतिक भारवश आन्दोलन ।
लचका–वंशनिर्मित सेतु ।
लचलच करब–क्रि० चलकब ।
लचलचाएब–क्रि० लचलच्+अब–लचकब ।
लचलची–लचकब ।
लच्छन–लक्षण ।
लछमी–लक्ष्मी ।
लछुमन भोग–धान्यविशेष ।
लछुमना–जड़ीक प्रभेद ।
लजकोटर–उ० अत्यन्त लज्जाशील (निन्दामे) । स्त्री० लजकोटरि ।
लजबिन्जी / **लजबीजी** –लज्जावती, क्षुपविशेष।
लजाएब–ना० लाज+ अब–लाजसँ युक्त होएब ।
लज्जति–तत्त्व, सारांश ।
लट–केशक अग्रभाग १ । संलग्नता, संगति २ ।
लटकन–मालक भूषणविशेष ।
लटकब–क्रि० उपर सँबद्ध भए भूमिदिस नम्र होएब ।
लटकेना–नाना वस्तुक छोट (दोकान) ।
लटपट–शुष्क झोरबाला (तीमन) १ । अस्तव्यस्त, पर्याकुल (वस्त्रादि) २ ।
लटपटाएब–क्रि० लटपट्+अब–स्खलन।
लटपटाह–उ० स्खलनशील । स्त्री० लटपटाहि ।
लटपटिआ–लेन-देनमे झमेलिआ ।
लटपटी–लेन-देनमे झमेल ।
लटब–क्रि० दुर्बल ओ पातर होएब ।
लटबा–गुड्डीक ताग लपटएबाक साधन ।
लटबेल–चारू कातमे बान्हू ।
लटबौरा–अनर्गल कएनिहार, दुलारू, आग्रही ।
लट लागब–क्रि० पूर्वापरक संगति ।
लटाइ–लटबा ।
लटाढम / **लटारहम** –प्रणयजन्य शिशुक आग्रह ।
लटुआएब–क्रि० लटु+अब–रोगादिकृत आबल्यसँ अक्षम होएब ।
लट्टा–चूड़ामे सटल चूड़ा १ । मत्स्यविशेष २ । चलबाक काल पाएरमे पाएर सटब ३ । जटा ४ ।
लट्टोपट्टो–नेनाक एक खेलओना ।
लठिआएब–ना० लाठी+अब–लाठीसँ मारब।

लठिधर–युद्धार्थ यष्टिधारी ।
लड़क्का–युद्धदक्ष ।
लड़ब–क्रि० युद्ध करब ।
लड़ाइ–युद्ध ।
लड़ाक–योद्धा ।
लड्डुबी–मिष्टान्नविशेष ।
लड्डुब्बा–गोल पैघ (आम) ।
लड्डुब्बी–गोल छोट (आम) ।
लड्डू–लड्डुक, मिष्टान्नविशेष ।
लण्ठ–मूर्ख अविचारी ।
लत–निम्न (तुलाभाग), तराजूक एक पल्लासँ नम्र भेल (दोसर पल्ला) ।
लतखुर्दन–लतमर्दन, लतसँ धाँगब ।
तलखोरा–लात पोछबाक साधन ।
लतमर्दन–लतखुर्दन ।
लतमारा–लतखोरा ।
लतरब–क्रि० लताक प्रसरण ।
लता–सं० लत्ती ।
लताम–फलविशेष, अमरूद हि ।
लति–स्वभाव ।
लतिआएब–ना० लात+अब–लात मारब।
लतिआहा–लताबाला ।
लत्तहिँ-पत्तहिँ–अ० अतिशीघ्र ।
लत्ता–कर्पट, जीर्ण छोट वस्त्रखण्ड ।
लत्ती–लता ।
लथराह–उ० लथार मारनिहार (पशु) । स्त्री० लथराहि ।
लथार–मालक पादप्रहार ।
लदना–पीठपर लादिकेँ वस्तु उधनिहार (घोड़ाप्रभृति) ।
लदफदाएब–क्रि० लदफद्+अब–धोती आदिक स्खलन ।
लदबद–स्त्री० पूर्णगर्भभाराक्रान्त ।
लदबदाएब–क्रि० लदबद्+अब–पूर्णगर्भसँ युक्त होएब ।
लद(ध)हा } –हर लधबाक
लधा } डोरी ।
लप–एक प्रसृतहस्तपरिमाणक ।
लपकब–क्रि० अतित्वरया ग्रहण ।
लपटन–मल्लयुद्धविशेष ।
लण्टब–क्रि० शिक्षार्थ मल्लयुद्ध ।
लपसी–लप्सिका, अतिप्रशंसा ।
लपौड़ी–मिथ्या अतिप्रशंसा ।
लफन्दर–बहुमिथ्याभाषी ।
लवङ्ग–सं० लँग ।
लवङ्गलता–सं० पुष्पलताविशेष ।
लवङ्गी–मेरिचाइक प्रभेद ।
लबनी–तारी चुबएबाक पात्र ।
लबब–क्रि० झुकब, नमब ।
लबर–उ० मिथ्या बहुभाषी । स्त्री० लबरी।
लबर-लबर बाजब–क्रि० झट-झट बहुभाषण (निन्दामे) ।
लबरा–उ० अनादरणीय लबर । स्त्री० लबरी ।
लबलबाएब–क्रि० लबलब्+अब–अनवसरक भाषण (निन्दामे) ।
लबलबी–काकलक, कण्ठविवरस्थ मांसपिण्डविशेष ।
लबाठी–लाबामे बिनु फूटल अन्न ।
लबान–नम्रीभाव ।
लबै–तितीरक प्रभेद ।
लमका–लाम प्रभेदक ।
लय–सं० गीतक स्वर १। लए, हेतु २ ।
लयगर–नीक स्वरबाला ।

लरकब–क्रि० शिथिल भए नीचाँ दिसि नमब ।
लरगुज–अत्यन्त कोमल ओ शिथिल ।
लरताङर–शक्तिहीनतासँ अकर्मण्य ।
लरब–क्रि० शिशुक प्राथमिक गमन ।
लरबर–शिथिलावयवक ।
लरबराएब–क्रि० लरबर्+अब–शिथिलावयवक होएब ।
लरोना–क्रि० नेनाक चलब सिखबाक (गाढ़ी) ।
लल–लल्ल, अन्नवस्त्रादिक विकल ।
ललकब–क्रि० क्रोधेँ जोरसँ बाजब ।
ललका–लाल प्रभेदक ।
ललकारब–क्रि० क्रोधवश उच्च स्वरेँ कथन ।
ललका-ललकी–क्रोधवश परस्पर जोरसँ भाषण ।
ललचाएब–क्रि० ललच्+अब–गृधु होएब, लोभाएब ।
ललबौआ–पुं० दुलारू ।
ललित–सं० सुन्दर ।
ललितगर–उ० अति सुन्दर । स्त्री० ललितगरि ।
ललोन–किञ्चित् लाल ।
लल्ल–लल, अन्नवस्त्रादिविकल ।
लसकर–वि० सैन्य ।
लसलस–लस्साजेकाँ सटनिहार ।
लसलसाएब–क्रि० लसलस्+अब–लसलस होएब ।
लसलसी–सचनशीलता ।
लसि–सम्पर्क ।
लसिगर–परस्पर सटबाक योग्य (भातप्रभृति) ।
लसून–लशुन ।
लस्सा निर्यास ।
लहक–धधराक अग्रभाग ।
लहकब–क्रि० अग्नि संयोगाधिक्यसँ अल्प जरब ।
लहका–बिनु तड़ेराक माछ मारबाक छीप ।
लहटगर–रमणीय ।
लहटन–पल्लीसदृश जन्तुविशेष ।
लहटोरा–पक्षिविशेष ।
लहठी–लाक्षालङ्करण ।
लहना–सूदि पर लागल रुपैआ ।
लहब–क्रि० सफल होएब ।
लहरब–क्रि० प्रज्वलित होएब ।
लहरि–ज्वाला १ । जोह, तरङ्ग २ ।
लहसन–क्वचित् शरीरस्थ पैघ कारी चिह्न।
लहसुन–लशुन ।
लहसुनिआ–भूषणविशेष ।
लहुक–छोट, हल्लुक, लघु ।
लहेरि–उ० लाक्षालङ्करणकार जातिविशेष । स्त्री० लहेरिनी ।
लहेरिआ बाजू–बाहुक भूषणविशेष ।
लहेरिआ बान्हू–बान्हूक प्रभेद ।
लाएब–क्रि० लब्+अब–आनयन ।
लाएल–आनीत ।
लाख–लक्ष ।
लाखपति–लक्षेश ।
लाखराज–सम्प्राटसँ निवर्तित करबाला (भूमि) ।
लागन–लाङ्गल, हरक ओ अवयव जे जोतबाक काल हाथसँ पकड़ल जाइछ ।

लागब–क्रि० लग्+ अब–संबद्ध होएब १ । पन्हाएब २ । (परि, हाथ इत्यादिक सङ्ग एकर अनेक अर्थ)।
लागल–लग्न, सम्बद्ध ।
लागल-लागल–अ० शनैःशनैः ।
लागि–शीतज्वर १ । निसाँ, मद २ । सम्बन्ध ३ ।
लाँघ–लङ्घन, बाहबाक काल मालपर मालक चढ़ब ।
लाँघब–क्रि० लैघ्+अब–लङ्घल ।
लाङड़–उ० नाङड़, खल्ल । स्त्री० लाङड़ि।
लाङड़ि–नाङड़ि, लाङ्गूल ।
लाज–लज्जा ।
लाट–अवसर ।
लाठालाठी–परस्पर लाठीक प्रहार ।
लाठी–यष्टि, पैघ ठेँगा ।
लाठी-लठौबलि–लाठालाठी ।
लाढ़–सानुनय हठ ।
लाढ़ि–पानिपर होएनिहार तृणविशेष ।
लाथ–छल, अपलाप ।
लाद–गाड़ी आदिपर वस्तुक आरोपण ।
लादब–क्रि० लद्+अब–गाड़ी-प्रभृतिपर वस्तुस्थापन ।
लाधब–लध्+अब–चिरकालेँ सम्पाद्य क्रियाक आरम्भ ।
लाफु–शाकविशेष ।
लाबन–माटिक दीपाधारविशेष ।
लाबा–लाज सं०, भृष्टधान्यस्फोट ।
लाबा-दूआ–शाकादिक्रयणमे स्वीकृतसँ किछु अधिक वस्तुक दान ।
लाभ–सं० प्राप्ति ।
लाम–उ० लम्ब । स्त्री० लामि ।
लायक–वि० योग्य, बुधिआर ।
लार–संचालन, लारब ।
लार-चार–संचालनादि, प्रचार ।
लारना–संचालनक साधन दर्वीप्रभृति ।
लारनि–लारना ।
लारब–क्रि० लार्+अब–संचालन ।
लारूबातू–अत्यन्त शिथिल ।
लाल–रक्तवर्ण ।
लालकी–शिबिकाविशेष ।
लालच–हि० गृध्नुताँ, उत्कट लोभ ।
लालची–गृध्नु, अत्यन्त लोभी ।
लालटेम–वि० दीपपात्रविशेष ।
लालटेस, **लालबुन्द**, **लालभुजुङ्ग** –अत्यन्त रक्त ।
लालसर–जलचर पक्षिविशेष ।
लाल-सिमरिफ–सिमरिफसन लाल ।
लालिमा, **लाली** –रक्तता ।
लास–वि० मुर्दा, शरीर ।
लाह–लाक्षाविकार ।
लाहट(ठ)–मोहर उखड़बाक लाह ।
लाहब–क्रि० फूटल लहठीकेँ धिपाए संलग्न करब ।
लाही–लाक्षा ।
लिखब–क्रि० लेखन ।
लिखा–लिखित कुशलादिपत्र ।
लिखा-पढ़ी–लिखब-पढ़बप्रभृति ।
लिखिआ–छोटका (बनसी) ।
लिखुआ, **लिखोट** –हस्तलिखित ।

लिच्छोपलिच्छ–अत्यन्त शुद्ध ।
लिट्टी–साक्षात् अग्निपक्व स्थूल रोटी ।
लिढ़िआह–लीढसँ युक्त (पोखरि) ।
लिद्दी–हाथी घोड़ाप्रभृतिक विष्ठा ।
लिधुरिआ–छोट नेना ।
लिधुर–रुधिर, रक्त ।
लिलकण्ठ–नीलकण्ठ ।
लिलोह–निराश ।
लीक–गाड़ीक पहिआक चिह्न ।
लीख–लिक्षा, केशक कीटविशेष ।
लीखब–क्रि० लिख्+अब–लेखन ।
लीखा–लिखा, कुशलादिपत्र ।
लीखा-पढ़ी–लिखब पढ़बप्रभृति ।
लीची–फलविशेष ।
लीढ़–पृष्ठवंश, पीठक बिचला हाड़ १ । जलक उपरमे मोट भए जनमल तृणविशेष २ ।
लील–नीली, क्षुपविशेष १ । ओहिसँ बनाओल रङ्ग २ ।
लीलपङ्खी–चारू कात नील ओ मध्यमे लाल (साड़ी) ।
लुकझुक–मिझएबापर उद्यत (दीपादि), अस्तप्राय (सूर्यादि) ।
लुकझुकाएब–क्रि० लुकझुक्+अब–लुकझुक करब ।
लुकठी–अग्निमुख काठी ।
लुक्कड़–असदूवृत्तिक (व्यक्ति) ।
लुक्कुस–फलविशेष ।
लुक्खी–गाछपर चढ़निहार चतुष्पद जन्तुविशेष ।
लुगता–नीचता, जघन्यता ।
लुचक्कड़–लुचलुच कएनिहार ।
लुचलुच करब–क्रि० सञ्च नहि रहब, वृथा हस्तादिव्यापार करब (निन्दामे)।
लुचिआ–स्त्री० लुच्ची (गारिमे) ।
लुच्चा–पुं० अनादरणीय लुचक्कड़ ।
लुच्ची–स्त्री० अस्थिर अनादरणीय स्त्री०।
लुझब–क्रि० लूझब ।
लुटब–क्रि० लुण्ठन ।
लुढ़कब–क्रि० गड़कब ।
लुतुक–लति, अभ्यास, प्रकृति ।
लुत्ती–चिनगी १ । मशकाकार कीट-विशेष २ ।
लुदुर-लुदुर–अ० शिशुक मन्द-मन्द (चलब) ।
लुधकब, **लुबुधब** –क्रि० एकमे अनेकक योग ।
लुरिगर–उ० लूरिबाला, क्रियादक्ष । स्त्री० लुरिगरि ।
लुलुआएब–क्रि० लुलु+अब–खिसि-आएब।
लुलुहाएब–क्रि० लुलुहब्+अब–नीरोग पत्रपुष्पादिसँ युक्त होएब ।
लुलुहार–सम्पन्न शाखापत्रादिसँ युक्त ।
लुल्ह–उ० एक हाथसँ शून्य । स्त्री० लुल्हि ।
लुल्हुआ–मणिबन्ध ।
लू–वि० सूर्यक घातक तीव्र किरण ।
लूझब–क्रि० लुझ्+अब–कौआक हठात् लोलसँ लेब ।
लूटब–क्रि० लुट्+अब–लुण्ठन ।
लूटि–लुण्ठन ।
लूरि–अवगति, दक्षता ।

लूलूथूथू–अत्यन्त तिरस्कारपूर्वक परास्त ।
लेआएब–क्रि० लेअब्+अब–बजाए लाएब, सादर निमन्त्रण ।
लेआओन–सादर ता कार्य रहबाक निमन्त्रण ।
लेखा–गणना, हिसाब ।
लेखेँ–अ० गणनासँ, विचारेँ, बुद्धिक अनुसार ।
लेटाएब–क्रि० लेट्+अब–भूमिमे समन्तात् संघर्षण ।
लेढ़ब, लेढ़ाएब, लेढ़िआएब–क्रि० लेढ्+अब, लेढ्+अब लेढि+अब–कर्दमादिमे समन्तात् संघर्षण ।
लेथ–कर्दमसहिते उपड़निहार (धान आदिक बीआ) ।
लेथुरिआ–स्वयं स्वकार्याक्षम नेना ।
लेन–आदेय ।
लेप–सं० लिम्पन ।
लेपटाएब–क्रि० लेपट्+अब–चारू कातसँ वस्त्रकर्दमप्रभृतिक सम्बद्ध होएब ।
लेपब–क्रि० लिम्पन ।
लेब–लेबाइ १ । क्रि० ल्+अब–ग्रहण ।
लेबब–क्रि० जलमिलित मृत्तिकासँ टाट भीत प्रभृतिक मोट लेप ।
लेबा–भित्त्यादिमे मोट लिप्त माटि ।
लेबाइ–लेबब ।
लेबाल–ग्राहक ।
लेभड़ब–क्रि० समन्तात् लिप्त होएब ।
लेर–लाला, मुखद्रव ।
लेराह–उ० लेर खसबाक स्वभाव बाला। स्त्री० लेराहि ।
लेरू–गाएक बच्चा ।
लेसब–क्रि० दीपप्रज्वालन ।
लेहू–शोणित ।
लै–गोधूमादि चूर्णक लस्सा ।
लोइआ–पिण्ड ।
लोक–सं० जन ।
लोकगर–अधिक लोकसँ युक्त ।
लोकवेद–लोकादि ।
लोकलीन–स्त्री० कन्याक सङ्ग गेनिहारि स्त्री ।
लोकारए–अधिक लोकक स्थिति ।
लोखड़–हजामप्रभृतिक स्वस्वकार्यक उपकरण ।
लोखड़ैआ–गाछक विदलित त्वचा ।
लोटकी–बहुत छोट लोटा ।
लोटन–परबाक प्रभेद ।
लोटपोट–परास्त ।
लोटा–जलपानपात्रविशेष ।
लोटाएब–क्रि० भूमिपतित भए उनटब-पुनटब ।
लोड़हब–क्रि० धानक कटलापर छूटल धानक सीस बीछब ।
लोड़हा–शिलवृत्ति, लोड़हब ।
लोड़ही–शिलापुत्रक, सिलौटपर पिसबाक साधन छोट पाथर ।
लोढ़नि–लोड़हा ।
लोढ़ब–क्रि० लोड़हब ।
लोढ़ा–लोड़हा ।
लोढ़ी–लोड़ही ।
लोथ–सञ्चारायोग्य ।
लोथराह–अधिक भारी (लोटाप्रभृति) ।
लोध–वृक्षविशेष ।
लोन–नोन, लवण ।

लोभ–सं० लाभेच्छा ।
लोभाएब–ना० लोभ+अब–लोभयुक्त होएब ।
लोमान–धूपविशेष ।
लोरि, लोरिक–गीतविशेष ।
लोल–चञ्चु ।
लोला–नमरल निरर्थक अवयव ।
लोली–हाउ, बालबिभीषिका ।
लोह–सं० लौहधातु ।
लोहकट–सिकस्त काटल जाहिमे अवशिष्ट कटबाक हेतु कुड़हरि नहि जाए सकए ।
लोहकम–लोहक उपकरण ।
लोहखड़–लोखड़ ।
लोहङ्गड़–लोहक पैघ छड़ ।
लोहछब–क्रि० पिपासादिवश सक्रोध भाषण ।
लोहझाम–लौहकिट्ट, अति पुरातन लौह।
लोहराइनि, लोहरानि–दुर्गन्धविशेष ।
लोहागढ़–धान्यविशेष ।
लोहार–उ० लौहकार, कर्मकार । स्त्री० लोहारिनि ।
लोहारि–बिखाह ललका चूटी ।
लोहारी–लोहारक वृत्ति ।
लोहिआ–लौहकटाह ।
लौका–सजमनिक प्रभेद जकर तुम्बा बनैत अछि ।
लौल–लौल्य ।

श

शक्ति–सं० सामर्थ्य ।
शक्य–सं० साध्य ।
शङ्का–सं० समाधेय प्रश्न ।
शङ्ख–सं० कम्बु ।
शङ्खद्राव–सं० नेबोक प्रभेद ।
शनि–सं० रविक पूर्व दिन ।
शत्रु–सं० वैरी ।
शत्रुता–सं० वैर ।
शर–सं० बाण ।
शशिलता–सं० लतापुष्पविशेष ।
शाखा–सं० डारि ।
शान्त–सं० शमयुक्त, निचेन १ । उपरत, मृत २ ।
शान्ति–सं० उपशम ।
शासन–सं० प्रजाक निग्रहानुग्रह ।
शिखा–सं० टीक ।
शिवरात्रि–सं० फाल्गुनशुक्ल चतुर्दशीक पर्वविशेष ।
शिवालय–सं० शिवक मठ ।
शिवोत्तर–सं० महादेवक प्रीत्यर्थ उत्सृष्ट भूमि ।
शीघ्र–अ० द्रुत, अविलम्ब ।
शीघ्रता–सं० त्वरा ।
शीत–सं० ठण्ढा १ । हिम, ओस २ ।
शीतल–सं० ठण्ढा ।
शीतला–सं० भगवतीविशेष ।
शील–सं० स्वभाव ।
शुक्र–सं० बृहस्पतिक अगिला दिन ।
शुद्ध–सं० निर्दोष, पवित्र ।
शुभ–सं० मङ्गल, कल्याण ।
शुभाशिष्–सं० शुभकामना ।

शूद्र–सं० चतुर्थ जाति । स्त्री० शूद्री ।
शूर–सं० वीर ।
शोक–सं० खेद ।
शोणित–सं० रक्त ।
शोथ–सं० फूलब, रोगविशेष ।
शोभा–सं० सौन्दर्य ।
शौच–सं० शुद्धि, पुरीषोत्सर्गोत्तर संशोधन।
श्याम -सं० कारी ।
श्रद्धा–सं० आदरबुद्धि ।
श्रद्धेय–सं० श्रद्धा करबा योग्य ।
श्रम–सं० मेहनति ।
श्राद्ध–सं० पितरक उद्देशें श्रद्धापूर्वक दान।
श्री–सं० शोभा ।
श्रेष्ठ–सं० उत्तम ।
श्रोत्रिय–सं० कतोक ब्राह्मणक उपाधि।
श्लोक–सं० पद्य ।

ष

षट्रस–छबो रससँ युक्त (भोजन) ।
षट्राग–नियम-निष्ठा (निन्दामे) ।
षष्ठी–सं० छठम तिथि १ । जन्मोत्तर छठम दिनमे पूज्य देवी, षष्ठिका २ ।

स

सइ–अप्रकाश अभिप्राय ।
सईस–सहीस, घोड़ाक पालक ।
सए–शतसंख्यक ।
सएरदिबाल–प्राचीर, समन्तात् आवासवेष्टनभित्ति ।
सओदा–विक्रय्य वस्तु ।
सओदागर–विक्रेता, व्यापारी ।
सक–शक्ति १ । वि० सन्देह २ ।
सकचून(र)–सर्वथा चूर्णित ।
सकत–दृढ़, कठोर ।
सकदम–वि० भयसँ स्तब्ध ।
सकनाचूर–सर्वथा चूर्णित ।
सकब क्रि० शक्त होएब ।
सकबेध–दृढ़ वेष्टन ।
सकबेधब–क्रि० दृढ़वेष्टन करब ।
सकरकन–अल्हुआ (बाबाजीक भाषामे)।
सकरब–क्रि० कृतकार्य होएब ।
सँकराँति-संक्रान्ति ।
सकरौड़ी–बुनिआ दए बनाओल दूध ।
सकल–वि० स्वरूप १ । समस्त २ ।
सकलारिष्ट–निखिलदोषशान्त्यथ दान ।
सकलुच्ची–अलि० खुरलुच्ची, स्थिर नहि रहि उकठ कएनिहार(नेना) ।
सकसकाएब–क्रि० सकसक्+अब–सन्देह वा आलस्यसँ तारतम्य करब ।
सकसब–क्रि० अनवकाश होएब ।
सकाँढ़–सिकस्त स्थान ।
सकार–स्वीकार ।
सकारब–क्रि० सकार्+अब–स्वीकार करब ।
सकाल–सबेर, से समय जखन सूर्य उगिकें थोड़ दूर आएल होथि ।
सकुचैब–क्रि० संकुचित होएब ।
सकुल्य–सं० दसम पुरुषसँ अगिला पुरुषक अपत्य ।
सकेल–संकीर्णस्थान ।
सक्क–सक, शक्ति १ । वि० सन्देह २ ।
सक्कत–सकत, दृढ़, कठोर ।
सक्की–वि० सन्देही ।

सख–वि० इच्छा, मनोरथ ।
सखारी वस्तुजात रखबाक पैघ समतल पौती ।
सखी–सं० वयस्या, सहेली हि० ।
सखुआ–साँखु, शाल, वृक्षविशेष ।
सँगतुरिआ अलि० सङ्गी, जकरासँ समवयस्कताक व्यवहार हँसी-ठट्ठा हो ।
सगतोड़नी स्त्री० साग तोड़निहारि ।
सगबग करब–क्रि० किञ्चित् इतस्ततः संचलन ।
सगबगाएब–क्रि० सगबग्+अब–सगबग करब ।
सगबगी–सगबगाएब ।
सगर–सम्पूर्ण, साग्र ।
सगही–स्त्री० सगाइबाली (स्त्री) ।
सगाइ–सम्बन्ध, पतिभिन्नकें पतिरूपें वरण ।
सँगिता–सङ्गिता, समवयस्कताक व्यवहार हास्यादि ।
सगुन–शकुन १ । ज्योतिर्विद् वैद्य आदिकें मङ्गलार्थ देय द्रव्य २ ।
सगुनबान्ह–बरीपर ठाठ चढ़बाक बाद देबाक प्रथम बन्धनविशेष ।
सगुनिआ–मङ्गलप्रद ।
सगून–सगुन ।
सँगोर–सङ्गोर, वस्तु वा लोकक संग्रह ।
सङ्गतुरिआ–सँगतुरिआ ।
सङ्गिता–सँगिता ।
सङ्गोर–सँगोर ।
सङ्कोच–लज्जा ।
सङ्खा–परतानक छिद्रक अन्तराल ।
सङ्खिआ–विषविशेष ।
सङ्ग सं० साहित्य, मेल, सामीप्य ।
सङ्गम–सं० मेल ।
सङ्गमर्मर–श्वेत पाषाणविशेष ।
सङ्गमूसा कृष्ण पाषाणविशेष ।
सङ्गी–सङ्ग रहनिहार ।
सङ्गीत–सं० वाद्यादिसँ युक्त गीत ।
सङ्ग्रह–सं० सञ्चय ।
सङ्ग्रही–सं० सञ्चयी ।
सङ्घटन–सं० ओरिआओन ।
सचढ़–चरफर, शीघ्र कार्यकर्ता ।
सचार–दोनामे, साँठल व्यञ्जन ।
सचेत–सावधान ।
सजनी–सखी ।
सजब–क्रि० सुसज्जित करब ।
सजबी–शुद्ध अनुद्धृतसार दूधक (दही)।
सजमनि–अलाबू, कद्दू हि० ।
सजाए–वि० दण्ड ।
सजाबट–हि० सज्जीकरण ।
सजाय–वि० कारावासादि दण्ड ।
सजौड़ी–सजमनिक भुजबी दए बनाओल वटी ।
सज्जित–सं० सज्ज, दुरुस्त ।
सज्जीखार–सर्वक्षार, साजीखार ।
सँझाएब–ना० सन्ध्यासमयसम्प्राप्ति ।
सझिआ–साझी, अविभक्त, अनेक-स्वामिक।
सझिला–उ० चारिमे तेसर (भाए, पुत्र इत्यादि) स्त्री० सझिली।
सँझौत–सन्ध्याकालक दीप ।
सञ्ज, **सञ्ज-मञ्ज** –स्थिर ।

सञ्चर–स्तोत्रादिपाठमे अन्यत्र पठनीयक भ्रमवश अन्यत्र पाठ ।

सञ्चाफ–वस्त्रप्रान्तमे शोभार्थ योजनीय वस्तुविशेष ।

सटकन–पातर दण्ड ।

सटकब–क्रि० सङ्कुचित होएब १ । भयसँ नुकाएब २ ।

सटका–पातर दण्ड ।

सटब–सक्त होएब १ । स्पृष्ट होएब २ ।

सटसट करब–क्रि० रोच नहि राखि प्रौढ़तापूर्वक बाजब (निन्दामे) ।

सटिआ–मिलुआ, एक दलक ।

सट्टा–घरसँ बाहरक से खुट्टा जकर शिखरपर भार नहि रहए ।

सट्ठा–साठि हाथक (पाग) १ । साठि वर्षक (पुरुष) २ ।

सठब–क्रि० निघटब, निःशेष होएब ।

सड़क–राजमार्ग ।

सड़ब–क्रि० निःसार होएब १ । फलादिक दौर्गन्ध्यादिविकारसँ युक्त होएब २।

सँड़बाहि–वृषोतसर्गश्रा (नीचक उक्तिमे)।

सड़र–सरल सं०, वृक्षविशेष ।

सड़ल–निःसार, विकृत ।

सड़लाइनि / **सड़लानि** –सड़ल वस्तुक गन्धसदृश गन्धबाला ।

सड़सी–सरसी, तप्त बट्टुक आदि पकड़बाक साधन विशेष ।

सड़ाइनि / **सड़ानि** –सड़बाक गन्ध ।

सड़ारि–पक्षिविशेष ।

सण्ठी–शणयष्टि ।

सत–सत्य ।

सतगजा–सात गज परिमाणक (धोतीप्रभृति) ।

सतधरा–क्रीड़ाविशेष ।

सतधी–स्त्री० सपत्नीपुत्री ।

सतजुग–सत्यगुग ।

सतपुतहु–स्त्री० सपत्नीपुत्रवधू ।

सतपुतिआ–भाँटाक प्रभेद ।

सतमसिआ / **सतमस्सू** –अलि० सात मासक जनलम (नेना) ।

सतमाए(य)–स्त्री० माताक सपत्नी ।

सतरकी–शीघ्रता ।

सतरह–सप्तदश ।

सतरहम–सतरहक पूर्तिकर्ता ।

सतरा–धान्यविशेष ।

सतरिआ–धान्यविशेष ।

सतनरिआ–पक्षी मारनिहार व्याध ।

सतसङ्ग–सत्सङ्ग ।

सतसट्ठि–सप्तषिष्ट ।

सतसट्ठिम–सप्तषष्टितम ।

सतसासु–स्त्री० सासुक सपत्नी ।

सतहत्तरि–सप्तसप्तति ।

सतहत्तरिम–सप्तसप्ततितम ।

सताएब–क्रि० सतब्+अब–शातन, दुःख देब ।

सताबन(न्न)म–सप्तपञ्चाशत्तम ।

सताबरी–शतावरी ।

सतारब–क्रि० सतार+अब–शीघ्रतासँ कार्य सम्पन्न करब ।

सतारि–सप्ताहव्यापक वृष्टि ।

सतारि लाधब–क्रि० सप्ताहव्यापक वृष्टिक आरम्भ ।

सतालुक–फलविशेष ।

सतासी–सप्ताशीति ।

सतासीम–सप्ताशीतितम ।

सती–स्त्री० स्वामीक सङ्ग दग्धा १। सं० पतिव्रता २। अ० प्रतिनिधि ३ ।

सतीत–प्रमाणित ।

सतुआ–सातु ।

सतुआइनि–सातु खएबाक पाबनि, मेष संक्रान्ति ।

सत्त–सत, सत्य ।

सत्तरि–सप्तति ।

सत्तरिम–सप्ततितम ।

सत्ता–सामर्थ्य १। तासक सातम फर्द २।

सत्ताइस–सप्तविंशति ।

सत्ती–सती, अ० प्रतिनिधि ।

सत्य–सं० तथ्य, यथार्थ ।

सत्यवादी–सं० सत्य बजनिहार ।

सत्यानास–सर्वथा विनाश ।

सदत–सतत ।

मदबद–अल्प जल मिलाए रान्हल (तीमन)।

सदा–सं० अ० सर्वदा ।

सदाए–उ० मुसहर जातिक उपाधि । स्त्री० सदाइनि ।

सदाबर्त–सदाव्रत, प्रतिदिन सब अभ्यागतके खोअएबाक व्रत ।

सदाबर्ती–सदाबर्त कएनिहार ।

सदाय–मुसहरक उपाधि ।

सदिआम–लताम ।

सदिखन–अ० सर्वदा ।

सदुल–पक्षिविशेष ।

सद्द–सद, सहनशील, अनुपद्रवी ।

सद्दो-बद्दो–सवस्त्र खूब तीतल ।

सद्धम-सद्ध–लेन-देनक सम्पन्न संशोधन।

सधब–क्रि० सठब, निःशेष होएब ।

सधवा–सं० जीवद्भर्तृका ।

सधम-सध–लेन-देनक सम्पन्न संशोधन।

सधाएब–क्रि० सधब्+अब–निःशेष करब ।

सधान–निःशेषीभाव ।

सधोरि–गुर्विणीक हेतु भार ।

सन–शण, वृक्षविशेष जकर छालसँ डोरी आदि बनैछ १ । आम्रबीजादिमे लागल सूक्ष्म तन्तुसमुदाय २ ।

सनक–विक्षेप १। सक्रोध हठात् प्रवृत्ति २।

सनकब–क्रि० विक्षिप्त होएब १। सक्रोध हठात् प्रवृत्ति २ ।

सनकाह–उ० विक्षिप्तप्राय । स्त्री० सनकाहि ।

सनकिरबा–कीटविशेष ।

सनकी–विक्षेप १। सक्रोध हठात् प्रवृत्ति २।

सनखेसरा–कीटविशेष ।

सनगोहि–गोधाकार स्थलचर जन्तुविशेष।

सनगिद(द्द)–सद्दो-बद्दो, समस्त अत्यन्त तीतल ।

सनठी–सण्ठी, शणयष्टि ।

सन दए–सन-सन शब्दपूर्वक ।

सनपत–श्योनाक, वृक्षविशेष ।

सनपटुआ–शणवृक्षविशेष ।

सन-सन करब–क्रि० सन-सन शब्द करब १। सक्रोध सामर्थ्य प्रकाशन २ ।

सनसनाएब–क्रि० सनसन्+अब–सनसन करब ।

सनसनी–सन-सन शब्द १ । जोरसँ सामर्थ्यप्रकाशन २ ।

सनहकी–यवनक भोजन–पाटि ।
सनहुल–सोनहुल, पुष्पविशेष ।
सनाए–सनाय, रेचक ओषधिविशेष ।
सनातन–सं० अनादिकालप्रवृत्त ।
सनाय–सनाए ।
सनाह–सनसँ युक्त (आम्रादि) ।
सनीप–समीप ।
सनेस–स्नेहीक प्रति उपहार ।
सनै–सनइ, शण, क्षुपविशेष ।
सनैचरी–प्रत्येक शनिमे शिष्य सभसँ आदेय द्रव्य ।
सनोह–सनोहब ।
सनोहब–क्रि० दूहिकेँ दूधक परिमाण जानब ।
सन्तति–सं० सन्तान ।
सन्तनत–वि० विधान, प्रबन्ध ।
सन्तौं–अ० सत्तामे १ । तत्काल (यथा, देखैत सन्तौं) २ ।
सन्तान–सं० अपत्य ।
सन्तान्नबे–सप्तनवति ।
सन्तान्नबेम–सप्तनवतितम ।
सन्तोला–मिष्ट जम्बीरविशेष ।
सन्तोष–सं० यथालाभप्रसन्नता ।
सन्तोषी–सं० यथालाभ प्रसन्न ।
सन्देश–सनेस, उपहार ।
सन्देह–सं० संशय ।
सन्न–भयसँ स्तब्ध।
सन्न दए–अ० तीव्रतापूर्वक ।
संन्यास -सं० चारिम आश्रम ।
संन्यासी–सं० यती ।
सन्हिआएब–क्रि० सन्हि+अब–अभ्यन्तर मे पैसब ।
सपटा–शणनिर्मित अतिस्थूल पट ।
सपठब–क्रि० मिलब, मेल होएब ।
सपठैती–आन बड़दक सङ्ग आनक बड़दक नित्य बहबामे मेल ।
सपत–शपथ ।
सपत खाएब–क्रि० शपथग्रहण ।
सपत देब–क्रि० शपथ कराएब ।
सपत-सपतान–परस्पर शपथ ।
सपता-बिपता–पूज्यदेवताविशेष ।
सपथ–शपथ ।
सपधरू–अलि० सर्पदष्ट ।
सपन(ना)–स्वप्नदर्शन, निद्रामे मानसज्ञान ।
सपनाएब–ना० स्वप्नदर्शन ।
सपना देखब–क्रि० सपनाएब ।
सपनौती–स्वप्नमे लब्ध (मन्त्रादि) ।
सपनौर–नकुल ।
सपरतिभ–सप्रतिभ (निन्दामे) ।
सपहरब–क्रि० सर्पविषयुक्त होएब ।
सपहरिआ–सर्पहर्ता जातिविशेष ।
सपहा–सर्पविषहत ।
सपाटू–फलविशेष ।
सपिण्ड–सं० सप्तपुरुषान्तर्गत ।
सपूत–हि० सत्पुत्र ।
सपेत–वि० श्वेत ।
सपेता–आम्रविशेष ।
सप्तमी–सं० सप्तम तिथि ।
सप्ताह–सात दिनक समूह ।
सफगोल–इसफगोल, अन्नविशेष ।
सफर–वि० विदेशभ्रमण ।
सफरिआ–सपहरिआ १। सफरमे उपकारक २ ।

सफरी कटहर–फलविशेष ।
सफल–सार्थक ।
सफा–वि० साफ, स्वच्छ ।
सफाइ–वि० नैर्मल्य १ । फरिछोट २ ।
सफाचट–वि० लोमनाशक ।
सब–सर्व, सकल ।
सबजना–सभजना, परिवारक सर्वजन सम्बन्धी (निमन्त्रण) ।
सबजी–वि० दूर्वाच्छादित भूमि ।
सबतरि–अ० सर्वत्र ।
सबदिना–प्रतिदिन भेनिहार ।
सबरङ्ग / **सबरङ्गा** –अनेक रङ्गबाला ।
सबरब(बी)–भूषणविशेष ।
सबा–सपाद (संख्या वा परिमाण) ।
सबाइ–पादाधिक प्रत्यर्पणक व्यवस्थापर गृहीत वा दत्त अन्नक ऋण ।
सबार–वि० यानारूढ़ आरोही ।
सबारिस–नीक समय, सुभिक्ष ।
सबारी–यान ।
सविष–सर्वाङ्ग सर्पविषव्याप्त ।
सबूत–वि० प्रमाण ।
सँभरम–सम्भ्रम ।
सबेर–सकाल ।
सबैआ–पादाधिक ।
सबैएँ–अ० चतुर्थांश बढ़ने ।
सभ–सब, सर्व, निखिल ।
सभजना -सबजना ।
सभागाछी–वैवाहिक सभाक गाछी ।
सभैती–सभामे कर्तव्य ।
सम–शम, न्यूनता १ । सं० तुल्य २ ।
समइआ–सामयिक ।
समगरए–ठाठक समुचित उच्चता ।
समङ्गर–उ० अधिक समाङसँ युक्त । स्त्री० समङ्गरि ।
समचा–सामग्री ।
समच्छ–सांमुख्य, सामक्ष्य ।
समझोता–हि० मिलान, सन्धि ।
समटब–क्रि० प्रसृतक एकत्रीकरण ।
समतूल–तुलासँ समीकृत, बराबरि ।
समथरि–समतलस्थली ।
समदाउनि–कन्याक सासुर जएबाक कालक उपदेशक गीत ।
समदिआ–अलि० संवाद कहनिहार ।
समधान–सावधान ।
समधि–उ० कन्यापुत्रप्रभृतिक श्वशुरादि । स्त्री० समधिनि ।
समधिआउर–समधिक आलय ।
समधिआरए–समधिक व्यवहार ।
समधौत–पुं० समधिक अपत्य ।
समय–सं० काल ।
समयसतरा–समयपर अपन कार्य सम्पन्न कए लेनिहार ।
समरथ–उ० युवा । स्त्री० समरथि ।
समरथ-सकरथ–उ० समर्थ ओ क्रियादक्ष । स्त्री० समरथि-सकरथि ।
समर्थ–उ० तरुण । स्त्री० समर्थि १ । सं० दक्ष, शक्त २ ।
समर्थाइ–तारुण्य ।
समशाखा–सं० एके वेदशाखाक ।
समसब–क्रि० किञ्चित् आर्द्र होएब ।
समसम–किञ्चित् आर्द्र ।
समसरही–अल्प करबाला (खेत) ।

समसान–श्मशान ।
समाइत–वि० सङ्गत ।
समाएब–क्रि० सम्+अब–अँटब ।
समाँग } –पुं० समीपी एक
समाङ(ङ्ग) } परिवारक बन्धु ।
समाचार–सं० वार्ता ।
समाज–सं० समीपवासी जनसमूह ।
समाठ–मुशल ।
समाद–संवाद, मौखिक वार्ता ।
समान–सं० तुल्य १ । आनक वेष बनओने २ ।
समाप्त–सं० सम्पूर्ण १ । नष्ट २ ।
समार–एक दिसेँ जोतलकेँ दोसर दिसेँ जोतब ।
समारोह–सं० सम्भारपूर्वक अनेक मोलि पैघ कार्यक आरम्भ ।
समाहब–क्रि० समाह्+अब–जोतिकेँ बड़दक परीक्षा करब ।
समुच्चा–सम्पूर्ण, अखण्ड ।
समुद्र–सं० पारावार ।
समुद्रफेन–सं० समुद्रक शुष्क फेन ।
समूचा–समुच्चा, समस्त ।
समेटब–क्रि० प्रसृतकेँ एकत्र करब ।
समेटि-बटोरि–अ० समेटब प्रभृतिक्रिया कए, सर्वसंकलनपूर्वक ।
समेना–सामिआना, पटगृहविशेष ।
समै–दुग्धप्रधानक भक्ष्यविशेष ।
समैआ–समयभव ।
समैल–पालोक मझिला खुट्टी ।
समोधब–क्रि० सम्यक् बोधन, बुझाए अनुकूल करब ।
सम्पत्ति–सं० धन ।
सम्पन्न–सं० सिद्ध १ । समृद्ध २ ।
सम्पर्क–सं० सम्बन्ध ।
सम्पनी–यानविशेष ।
सम्प्रति–सं० अ० एखन, इदानीम् १ । आइ-काल्हि २ ।
सम्बन्ध–सं० संसर्ग १ । यौन सम्बन्ध, पितृत्वादि २ ।
सम्बन्धिक–अलि० यौनसम्बन्धबाला ।
सम्भव–सं० शक्यता, आशा ।
सम्भ्रम–सं० हड़बड़ी, कार्यव्याकुलता ।
सम्मत–सं० अनुमत, स्वीकृत ।
सम्मति–सं० अनुमति ।
सम्मुख–सं० अभिमुख, प्रत्यक्ष ।
सम्हरब–क्रि० शक्तिसँ सम्पादित होएब ।
सम्हार–कार्यक भारवहनपूर्वक सम्पादन ।
सम्हारब–क्रि० सम्हार्+अब–शक्तिसँ सिद्ध करब ।
सय–सए, शत ।
सयम–सएम, शततम ।
संयत–सद्, अनुपद्रवी, स्थिर ।
संयम–सं० पथ्य, दोषकारकक त्याग ।
संयमी–सं० संयमशील ।
संयोग–सं० मिलान १ । दैवी घटना २ ।
सर–शर ।
सरकट–सरकण्डा, तृणविशेष ।
सरकब–क्रि० जलादिक पीबामे कण्ठस्खलनजन्य अन्यथावद्गति ।
सरकस–वि० शरीरादिक कौतुक जनक क्रिया ।
सरका–बड़दक गरदनिक सिराक सङ्कोच।
सरकार–वि० प्रधान, राजा ।
सरकारी–मालिकी, राजकीय ।

सरकी–वंशकृत आवरणविशेष ।
सर-कुटुम्ब–कुटुम्ब तथा अपेक्षित ।
सर-कुटुमैती–कुटुम्ब तथा अपेक्षितक व्यवहार ।
सरङ्ग–स्वर्ग आकाश ।
सरङ्ग-पताली–एक ऊर्ध्वमुख ओ दोसर अधोमुख सिंह, मालक दोष ।
सरङ्ग–सरलवृक्ष ।
सरदर–वि० समग्र ।
सरदार–वि० मुख्य ।
सरदिआह–सरदीसँ युक्त ।
सरदी–शैत्यजन्य रोग ।
सरधा–श्रद्धा ।
सरन–शरण ।
सरनरिआ–सरनरसँ पक्षी बझओनिहार व्याधविशेष ।
सरपत–तीक्ष्णपत्रक, खड़हीसन तृणविशेष।
सरफोँका–शरपुङ्ख, ओषधिविशेष ।
सरबत–वि० प्रपाणक पेयमिष्टद्रव ।
सरबती–नेबोक प्रभेद ।
सरबन–पागक प्रभेद ।
सरबब–क्रि० अल्प छिद्रादिद्वारा जलादिक मन्द-मन्द स्रवण ।
सरबस–सर्वस्व ।
सरबसोख–बड़दक जिह्वामे श्यामताचिह्न, बड़दक दोषविशेष ।
सरबस्ता–आगत अनागत सभक बिदाइबाला न्योत ।
सरबा–शराब, माटिक पात्रविशेष ।
सरबेटा–पुं० श्यालपुत्र ।
सरभोज–श्यालभोज्य, सार सभक भोज।
सरम–वि० लज्जा ।
सरस–सं० रसिक १ । आधासँ अधिक अंश २ । रसयुक्त ३ ।
सरसरी–हि० अतिशीघ्रता ।
सरसी–धीपल बटुक आदि पकड़बाक लौहयन्त्र ।
सरस्वती–सं० वाग्देवता ।
सरह–देबाक सम्प्रदाय ।
सरहँच–सारस पक्षी ।
सरहँची(च्ची)–शाकविशेष ।
सरही–बिना मेनक (सोहारी) १। सामान्य (दही) २ । बीजभव (आम) ३।
सरहोजि–स्त्री० श्यालपत्नी ।
सराड़ि–पक्षिविशेष ।
सराध–श्राद्ध ।
सराप–शाप ।
सरापब–ना० सराप+अब–शाप देब ।
सरासरी–वि०अ० अतिशीघ्रतापूर्वक ।
सराहब–क्रि० सराह्+अब–प्रशसा करब ।
सरि–समतल, अनुच्चावच ।
सरिआएब–ना० सरि+अब–सरि (समतल) करब १ । सुस्थित करब २ ।
सरिआती–कन्यागत, विवाहादिमे कन्याक पक्षक लोक ।
सरिआम–समतल स्थान ।
सरिबन–शालिपर्णी ।
सरिसओ(ब)–सर्षप ।
सरी–लोहाक छर ।
सरीफा–फलविशेष ।
सरुआरी–तृणविशेष ।
सरुकी–छोट सारुक, जलीय कन्दविशेष।
सरैआ–एक प्रकारक छोट थारी ।

सरैला–माछ मारबाक बाँसक पात्रविशेष।
सरोकार–वि० सम्बन्ध, अधिकार ।
सरोकारी–वि० सम्बन्धिक ।
सरोज–वाद्यविशेष ।
सरोत–तृणसँ छारलक उपर देल बाती ।
सेरोता–शङ्कुला, सुपारी कटबाक अस्त्र ।
सरौनी–मेनाक प्रभेद ।
सर्त–वि० व्यवस्था, प्रतिज्ञा ।
सर्वजया–सं० पुष्पविशेष ।
सर्वनेजा–नैवेद्यार्थ एकत्रित कएल खाद्यसामग्री ।
सर्वैकत्वें–अ० सभ मिलाए ।
सल–सारभाग, शक्ति ।
सलका मारब–भूमिक अभ्यन्तरसँ सार्द्रता प्राप्ति ।
सलग–संलग्न ।
सलगा–दोहरि, शीतवारक दोहराओल वस्त्र ।
सलमसाही–लोटाक प्रभेद ।
सलसलाएब–क्रि० सलसल्+अब–अभ्यनतरसँ सार्द्र होएब ।
सलसलाह–अभ्यन्तरसँ सार्द्र भूमि ।
सलहाल–भूमिक पूर्ण सार्द्रता ।
सलाइ–हि० शलाका, दीआसलाइ ।
सलाम–वि० प्रणाम, दूरसँ नतिविशेष ।
सलामी–वि० प्रणाली, प्रणाममे देबाक द्रव्य ।
सलार(रि)–उच्चावच क्षेत्रादिमे जलक समता ।
सलाह } –वि० अविरोध, मिलान
सलुक }
सलौनी–श्रावणी (पूर्णिमा) ।
सल्लाह–सलाह ।
ससरफानी–बन्धनविशेष ।
ससरब–क्रि० सरण, संसर्पण ।
ससारब–क्रि० ससार+अब–पेटक वायु वा स्थानच्युत सिरा आदिकें बैसएबाक हेतु अङ्गपर हाथक घर्षणपूर्वक सञ्चालन ।
ससि–शस्य ।
ससुर–पुं० श्वशुर ।
ससुराड़ि–श्वशुरकुलगृह ।
ससुहथ–सासुक हेतु भार ।
संस्कार–विद्याग्रहणशक्ति १। विवाहादि-कर्म २ ।
सस्त–स्वल्पमूल्यलब्ध, समर्घ ।
सह–सङ्ग, अबरजात १ । सतरञ्जमे बादशाहकें विपक्ष पात्रक साम्मुख्य २ ।
सहज–साहाय्यद्रव्य १ । अनैमित्तिक, सवभावसिद्ध २ ।
सहजोर–पूर्ण सम्पन्न (धान्यादि) ।
सहटब–क्रि० सुस्तें हँटब ।
सहठुल–सद्द, नीक प्रकृतिक, मिलनसार ।
सहड़ी–छागर आदिक मासुक झोरक हाड़।
सहथ–अस्त्रविशेष ।
सहन–वि० समभूमि १। सं० मर्षण २।
सहनाइ–वाद्यविशेष १ । मर्षण २ ।
सहब–क्रि० सहन, क्षमा करब ।
सहमर्दा–धान्यविशेष ।
सहमिलू–अधिक सङ्ग होएबाक कारण मिलनसार ।
सहर–वि० पैघ बजार ।
सहरगज्ञा–साधारण ।

सहरजमीन–वि० विवादभूमि ।
सहरफोंका–शरपुङ्ख, क्षुपविशेष ।
सहरू–सहरक निवासी ।
सहलोल–बूड़ि, निवासी ।
सह-सह करब–क्रि० पीलुसर्पादिक सञ्चलन ।
सहसहाएब–मा० सह-सह करब ।
सहसा–सहस्र मत (आम्रदि) १ । सं० अ० हठात् २ ।
सहसौल–सहस्रदक कपल ।
सहाज–सह्य ।
सहाजिक–स्वभाविक ।
महाय–सं० सङ्गदेनिहार, सहायक ।
सहिआ–सखी ।
साहिआरब–क्रि० सहिआर्+अब–सम्हारब।
सही–वि० हस्ताक्षर १। गृहादिक शोधन २।
सहीस–सईस, अश्वपालक ।
साँइ(ए)–श्रावणमास ।
साकट(ठ)–शाक्त ।
साँकर–संकीर्ण (स्थल), छोट (पात्रादि)।
साँख–शङ्खकऔंठी ।
साँखर–सर्पविशेष ।
साँखु–शालवृक्ष ।
साग–शाक, शाखापत्रसहित खाद्य गेन्हारी प्रभृति ।
सागमान–वृक्षविशेष ।
साग-मसाला–क्षुपविशेष ।
साँगह–गृहादिनिर्माणसामग्री ।
साँगि–संग्रह, सञ्चय ।
साँगि–शक्ति, अस्त्रविशेष ।
साँगी–केश कटबाक तरें नापितकें देल भूमि ।
साङ्ह–गृहादिनिर्माण सामग्री ।
साङ्रह–संग्रह, सञ्चय ।
साङि–शक्ति, अस्त्रविशेष ।
साङी–साँगी ।
साँच–चित्रविशेष वा आकृतिविशेषसँ युक्त से आधार जाहि पर दबने बा गलल धातु आदि ढारने निर्मित वस्तुमे आधारा नुरूप चित्र वा आकृति बनि जाइछ ।
साँची–पानक प्रभेद १ । पहिरल धोतीक आगाँमे खोंसल अंश २ ।
साज–भाँड़ रखबाक माटिक पैघ आधार-पात्र ।
साजब–क्रि० सज्+अब–सज्जित करब ।
साजी–फुलतोड़ा, वंशपात्रविशेष ।
साजीखार–स्वर्जिका सं० ।
साँझ–सन्ध्या ।
साँझ खन–अ० सन्ध्याकालमे ।
साँझ पड़ब–क्रि० सन्ध्याक सम्प्राप्ति ।
साझिल–उ० चारिमे तृतीय (पुत्रादि) । स्त्री० साझिलि ।
साझी–अविभक्त, अनेकस्वामिक ।
साँझुक–सन्ध्याकालिक ।
साट–मेल, सङ्ग ।
साटब–क्रि० लस्सा आदिसँ कागत आदि संसक्त करब ।
साटि–गुप्त सङ्ग ।
सा(साँ)ठब–क्रि० स(सँ)ट्+अब–पात्रादिमे वस्तुक स्थापन ।
साठा–साठि हाथक पाग १ । साठिवर्षक (मनुष्य) २ ।
साठि–षष्टिसंख्यक ।

साठिम–षष्टितम ।
साड़ब–सड्+अब–विकृत वा निःसार करब ।
साड़हू–साढ़ू, पत्नीक बहिनिक पति ।
साड़ी–शाटी, स्त्रीक परिधानवस्त्र ।
साँढ़–श्राद्धमे उत्सृष्ट वृषभ ।
साँढ़नी–स्त्री० ऊँटक स्त्री ।
साढ़ू–पत्नीक बहिनिक पति ।
साढ़े–सार्ध ।
सात–सप्त ।
सातम–सप्तम ।
सातु–सक्तु ।
सातोकरमा–धान्यविशेष ।
साधब–क्रि० साध्+अब–दबाएब, शासन करब ।
साधु–सं० बैरागी, योगी, बाबाजी ।
साधुबान्ह–बन्धन–विशेष ।
सान–शाण १ । सीटब २ ।
सानदार–सीटल, सुसज्जित, उत्तम ।
सानदारी–सिटनाइ, केवल उत्तम वस्तुमात्रसँ व्यवहार, उत्तमता ।
साना–श्राणा, चोखा ।
सानी–पानिमे सानल गूड़ाप्रभृति मालक खाद्य ।
साप–उ० सर्प । स्त्री० सापिनि ।
साफ–वि० स्वच्छ, स्पष्ट ।
साफल–सफल ।
साबए(य)–वल्वज, जौर बँटबाक तृणविशेष ।
सावधान–सं० सतर्क, दत्तचित्त ।
साबा–सपाद (संख्या वा परिमाण) ।
साबिक–वि० पूर्वकालिक ।
साबुजदाना–साबूदाना, अन्न वा फलक प्रभेद ।
साबुन–तैलादिमे पिण्डाकार बनाओल साफ करबाक क्षारवस्तु ।
साबूदाना–साबुजदाना ।
साम–श्यामाक, अन्नविशेष ।
सामग्री–सं० सकल साधक वस्तुक समुदाय ।
सामरथ–सामर्थ्य ।
सामरि नोन–लवणविशेष ।
सामा–शास्त्रोदित पक्षिणीविशेष जनिक पूजा कार्तिकपूर्णिमामे होइछ ।
सामान्योत्सर्ग–एकादशाह श्राद्ध दिनक काम्यदान ।
सामिल / **सामिलात** }–वि० अविभक्त, साझी ।
सामी–तृणविशेष १ । मूसर आदिक मुहमे देबाक लौहवलय २ ।
साम्याना–वि० पटगृहविशेष ।
साम्हर–मृगविशेष ।
साम्हरि–लवणक प्रभेद ।
साँय–साँए, स्वामी, पति ।
सार–पुं० श्याल, स्त्रीभ्राता ।
सारङ्गी–वाद्यविशेष ।
सारदा–फलविशेष ।
सारभाजा–मिष्टान्नविशेष ।
सारा–मृत्तिकाबद्ध मृतकदाहस्थान ।
सारि–पत्नीक छोटि बहिनि ।
सारिल–काष्ठक सारभाग ।
सारुक–जलीय खाद्य कन्दविशेष ।
साल–माटिमे गाड़ल जीर्ण स्तम्भादिक भाग १ । वि० वर्ष २ ।

साँस–श्वास ।
सासु–स्त्री० श्वश्रू ।
सासुर–श्वशुरालय ।
साहखर्ची–अधिक व्यय कएनिहार ।
साहब–वि० श्रेष्ठ ।
साहबुलबुल–बुलबुलक प्रभेद ।
साहरोंच–सारस पक्षी ।
साहस–सं० सहसा (हठात्) प्रवृत्ति, अति कठिन यत्न ।
साहसी–साहसस्वभावक ।
साहित्य–साहाय्य, सहायता ।
सहिबा–वि० स्त्री० श्रेष्ठा ।
साहि लागब–क्रि० एक क्रियामे वारंवार प्रवृति ।
साही–शल्लकी, कण्टकमय जन्तुविशेष ।
साहु–बनिआक उपाधि ।
साहेब–वि० श्रेष्ठ ।
साहोड़–शाखोटवृक्ष ।
सिअनि–सीअब, स्यूत ताग ।
सिअ(आ)–सीता ।
सिआइ–सूचीक्रिया १। तकर वेतन २ ।
सिआर–शृगाल, गीदड़ ।
सिअब–क्रि० सिब्+अब–सिआइ, सूचीकर्म ।
सिकठि–क्षुपविशेष ।
सिकड़ी–भूषणविशेष १ । नेनाक सरीक विचलन रोग २ ।
सिकड़ी लागब–क्रि० सिकड़ी रोग सम्प्राप्त होएब ।
सिकमी–वि० से खेत जाहिमे आधा मालिकक ओ आधा कर्षकक अंश हो ।
सिकस्त–वि० संकीर्ण (स्थल) १ । वि० दरिद्र २ । कृपण ३ ।
सिकस्ती–संकीर्णता १ । दारिद्र्य २ । कार्पण्य ३ ।
सिकहर–अधिक सीकबाला घर ।
सिकार–वि० मृगया ।
सिकारी–वि० मृगयापटु ।
सिक्का–राजमुद्रा ।
सिखब–क्रि० शिक्षण ।
सिखाबुद्धी–गुप्त शिक्षित मन्त्रणा ।
सिँगरबात–शृङ्गाकार बाती, टाट ओ ठाठक उपर भागक तिर्यक् बाती ।
सिँगरहार–शृङ्गारहार, पुष्पविशेष ।
सिँगार–शृङ्गार, शोभार्थ रचना ।
सिँगारी–शोभार्थरचनाक साधन ।
सिँगिआ–विषविशेष ।
सिँघटुट्टा–उ० भग्नशृङ्गक । स्त्री० सिँघटुट्टी ।
सिँघबास–मालक सिंहमे बान्हल डोरी ।
सिँघौटी–मालक सिंहक आकार ।
सिङरबात–सिँगरबात ।
सिङरहार–शृङ्गारहार ।
सिङार–शृङ्गार, शोभार्थ रचना ।
सिङारी–शोभार्थ रचनाक साधन ।
सिङिआ–विषविशेष ।
सिङ्गा–वाद्यविशेष ।
सिङ्गाट–मत्स्यविशेष ।
सिङ्गार–शृङ्गार ।
सिङ्गारहार–शृङ्गारहारपुष्प ।
सिङ्गी–शृङ्गी, मत्स्यविशेष ।
सिच्चा–छिच्चा, सेक ।
सिड़ही–सीढ़ी, सोपान ।

सिढ़ी–सीढ़ी, सोपान ।
सितलचीनी–पानक एक मसाला ।
सितलपाटी–पटिआक प्रभेद ।
सिताएब–ना० सीत+अब–सीतसँ युक्त होएब ।
सितार–तन्त्री, वाद्यविशेष ।
सितारा–वाद्यविशेष ।
सिताहल–सीतसँ भीजल ।
सितुआ–शुक्ति ।
सिद्ध–स० सीझल, पक्व १। सम्पन्न २।
सिद्धान्त–पञ्जीकारक द्वारा विवाहक निश्चय १। सं० निर्णय, निष्कर्ष २ ।
सिधा–दैनिक भोजनार्थ परिमित अपक्व अन्न ।
सिधाइ–सिद्धिरस्तुपूर्वक स्वरवर्णमाला ।
सिनुआरि–सिन्दुवार वृक्ष ।
सिनुरिआ–पकलापर रक्त वर्ण (आम)।
सिनूर–सिन्दूर ।
सिन्दूर–सं० कपारक अलङ्करणसाधक रङ्ग ।
सिन्धुक–पैघ काष्ठमञ्जूषा ।
सिन्धुकचा–छोट सिन्धुक ।
सिन्ह–सन्धि, चोरकृत घर पैसबाक सोन्हि ।
सिपहिगिरी–वि० सिपाहीक क्रिया ।
सिपाही–वि० पदाति ।
सिप्फी–ददरी, दग्ध शुक्त्यादि ।
सिबराति–शिवरात्रि ।
सिमकाछु–काछुक प्रभेद ।
सिमरिफ–हिङ्गुल, धातुविशेष ।
सिमसिम–किञ्चित् आर्द्र ।
सिमसिमाह–अत्यल्प आर्द्र ।
सिमिरताइ–सौन्दर्य ।
सिर–मुण्ड ।
सिरउपाड़–सीर-सहित उपाड़ल ।
सिरक–तुराइ ।
सिरका–बरकाओल चीनी वा मिसरी ।
सिरचढ़–ऊर्ध्वमुख प्रवृत्त ।
सिरजब–क्रि० सृष्टि करब, उत्पादन ।
सिरमा–गरदनिक तरका स्थान ।
सिरमानी–अङ्गाक प्रभेद ।
सिरसंकोच–शिर:संचालनमे व्यथाजनक सिराक रोग ।
सिरहना(नी)–गेरुआ, उपधान ।
सिरहर–मङ्गलार्थ शिर:स्थापित सजलघट।
सिरा–धमनी, नस हि० ।
सिराएब–क्रि० सिर्+अब–दाँतसँ शोणित खसबाक रोग होएब ।
सिराउर / **सिरारु** –हर चललासँ उत्पन्न नलाकार खाधि ।
सिराह–शोणितस्रावजनक सिरासँ युक्त (दाँत) ।
सिरिस्ता–वि० मुहकमा ।
सिरीस–शिरीष, पुष्पवृक्षविशेष ।
सिरोदय–जन्मकालमे नेनाक माथक प्रथम उद्गमन ।
सिलपट(ट्ट)–निरक्षर मूर्ख ।
सिलबर–वि० रजतसदृश धातुविशेष ।
सिलसिला–वि० क्रम ।
सिलसिलेबार–वि० क्रमबद्ध ।
सिलहटिआ–हाथीक प्रभेद ।
सिला–शिला, प्रस्तर ।
सिलाजित–शिलाजतु ।
सिलेब–करोंछ शुक्लवर्णक (गाए बड़द)।

सिलोन–मत्स्यविशेष ।
सिलौट–पिसबाक आधार शिलापट्ट ।
सिल्ली–जलचर पक्षिविशेष १। ओसाओल धानक श्रेणी २ ।
सिसकन्दली–क्षुपविशेष ।
सिसपिञ्ज–वि० निगृहीत, सावधि वेतनक प्रतिबन्ध ।
सिसबनी–सीसोक वन ।
सिसबाड़ि–सीसोक वन ।
सिसिआएब–क्रि० सिसि+अब–सीत्कार।
सिसोहब–क्रि० अङ्गुलाग्र वा दन्तादिसँ रसादिक आकर्षण ।
सिहकब–क्रि० अङ्गक किञ्चित् शैत्ययुक्त होएब १। वातक अतिमन्द गमन २।
सिहन्ता–इच्छा, मनोरथ ।
सिहरब–क्रि० देहक किञ्चित् जाड्य युक्त होएब ।
सिंह–उ० मालक शृङ्ग १ । सं० मृगेन्द्र २ । स्त्री० सिंहिनि ।
सिंहराशि–विजयी ।
सिंहाचोर–सन्धिच्छेदक घरपैसा चोर ।
सिंहासन–सं० राजाक उच्चासन ।
सिहुलिआ–मध्यमे रक्तवर्णक(लताम) ।
सिहुली–देहपर उजर-उजर बिन्दु, चर्मरोगविशेष ।
सीअनि–सीअब, स्यूत ताग ।
सीअब–क्रि० सिब्+अब–सूचीक्रिया ।
सीउब–क्रि० सिब्+अब–सूचीक्रिया ।
सीक–शिक्य ।
सीकी–इषीका, तृणविशेष ।
सीखब–क्रि० सिख्+अब–शिक्षण ।
सीङ–मालक शृङ्ग ।
सीचब–क्रि० सिच्+अब–सेचन ।
सीचा–छिच्चा, सेचन ।
सीझब–क्रि० सिझ्+अब–भात आदि पक्व होएब, सर्वथा विल्कित्ति ।
सीटब–क्रि० सिट्+अब–सौन्दर्यार्थ यथावद् विन्यास ।
सीढ़ी–सोपान ।
सीतलगढ़–छाता मोरम्मति कएनिहार ।
सीताभोग–भेंड़बा मालदह राजाम्रविशेष।
सीना–वि० वक्ष:स्थल ।
सीप–हि० शुक्ति ।
सीम–लताशिम्बी, तरकारीक फलविशेष।
सीमर–शाल्मली वृक्ष ।
सीमा–सं० क्षेत्रादिक अवधिचिह्न ।
सीर–मस्तक १। गोसाउनिक उच्च स्थान २। गाछक मूल ३। भोजनादिक प्रधान स्थान ४। नदीक से स्थान जेमहरसँ जल आएब ५ ।
सीरक–दोहरि, तूरबाला मोट ओढ़ना ।
सीरपञ्चमी–वसन्तपञ्चमी ।
सीस–कणिश, धान्यादिक गुच्छ ।
सीसा–सीसक धातु १ । काच २ ।
सीसी–सीसाक छोट पात्र ।
सीसो–शिंशपावृक्ष ।
सुअन्न–सदन्न ।
सुआसिनि–स्त्री० यामि, सुवासिनी, पितृगृहस्थ विवाहिता कन्या ।
सुइ / **सुइआ** –सूची, सीबाक साधन ।
सुइकतार–क्रीड़ाविशेष ।
सुकठी–सुखाएकेँ चोकटल ।
सुकरब–क्रि० नाकसँ कफक नि:सारण ।

सुकरम–नीक कर्म ।
सुकराती(ति)–सुखरात्रि, कार्तिकक अमावास्या ।
सुकुमार–सं० कोमलाङ्ग ।
सुकुमालकी–अक्लेशेँ सम्पादन ।
सुकुर–सुकर, अनायाससाध्य ।
सुक्खी–बिना घृतेँ पकाओल (सोहारी)।
सुख–सं० आनन्द ।
सुखठी–सुकठी ।
सुखराति–सुखरात्रि ।
सुखाएब–क्रि० सुख्+अब–शुष्क होएब ।
सुखाओन–सुखएलासँ तौलमे कमी ।
सुखित–सं० सुखसँ युक्त ।
सुखी–सं० सुखसँ युक्त ।
सुखोँत–सुखाओल शाकादि ।
सुखौँती–आतपशुष्क ।
सुगन्धबाला–बालक, ओषधिविशेष ।
सुगन्धि–सं० सौरभयुत १ । सौरभ २ ।
सुगन्धि-खेसारी–खेसारीक प्रभेद ।
सुगन्धित–सुरभीकृत (तैलादि) ।
सुगबा–सापक ओ बेँगक प्रभेद ।
सुगरकोन(ना, नी)–नैर्ऋत कोण ।
सुगरजङ्ग–सुगरक जाँघक बराबरि (धान्यादि) ।
सुँघब–क्रि० आघ्राण ।
सुँघनी–सुँघब ।
सुङ्ग–शूक, सूङ ।
सुच्चा–शुद्ध अमिश्रित (तैलादि) ।
सुजनी–दुहू दिससँ लग-लग स्यूत (तुरदार अङ्गाप्रभृति) ।
सुजाक(ख)–वि० उपदंश रोग ।
सुझब–दृष्टिगोचर होएब ।
सुज्झाएब क्रि० सुज्झब्+अब–लेल वस्तुक प्रत्यर्पण ।
सुटकब–क्रि० सङ्कुचिताङ्गक होएब ।
सुटपु(सु)ट करब–क्रि० लोभभयादिवश इतस्ततः करब ।
सुटिआएब–क्रि० सुटि+अब–सुट सुट करब ।
सुठाम–नीक स्थान ।
सुठिआएब–ना० सूठिसन शुष्क होएब।
सुठौड़ा–प्रसूताक शुण्ठीप्रधानक औषध ।
सुड़रब–क्रि० तोनी (अङ्गुष्ठाग्र)सँ आकर्षण ।
सुड़रा–लगातार ।
सुँड़ाह–सूँड़ासँ युक्त ।
सुड्डाह–सर्वथा दग्ध ।
सुँढ़िआएब–क्रि० सुँढ़ि+अब–सिद्धयुन्मुख होएब ।
सुतना–अधिक शयनशील ।
सुतब–क्रि० सूतब, शयन ।
सुतरब–क्रि० सफलीभवन ।
सुतरी–शणरज्जु ।
सुतार–आयाससाफल्य ।
सुतारब–क्रि० सुतार्+अब–सफल करब।
सुतारी–जूता सीबाक टाकु ।
सुतिआएब–ना० कोड़ोकेँ सूतिसँ युक्त करब १। सूतसन पातर होएब २।
सुतुरमुर्ग–पक्षिविशेष ।
सुथनी–खाद्यकन्दविशेष ।
सुदि–शुक्लपक्ष ।
सुदिन–सं० शुभाधायक दिन ।
सुदिनि–स्त्री० क्रीतदासी ।
सुधरब–क्रि० दोषत्यागपूर्वक नीक दिस प्रवृत्ति होएब ।

सुधारब क्रि० सुधार्+अब दोषत्यागपूर्वक नीक दिस प्रवृत्ति कराबए ।
सुधि–स्मरण ।
सुधि-बुधि–स्मरण ओ विवेक ।
सुनगब–क्रि० आगिक मन्द मन्द पजरब।
सुनझाएब–क्रि० सुनझब्+अब–प्रत्यर्पण।
सुनता–श्रुत ।
सुनब–क्रि० श्रवण ।
सुनबाहि–श्रुत वचनपर आस्था ।
सुनहट(टि,ट्टी)–जनशून्यता ।
सुनहेर–तृणविशेष ।
सुन्दर–सं० रमणीय ।
सुन्न–शून्य ।
सुन्ना–अक्षरक समीप बिन्दु ।
सुपती–बाँसक शूर्पाकार बल्कल ।
सुपहा–सूपसँ पाथल (चिपड़ी) ।
सुपारी–पूगीफल, गूआ ।
सुफल–नीक फल १। गयादिक कर्मान्तमे पण्डाक आशीर्वाद २ ।
सुफाँटि–पचेसी खेड़िमे निर्भयस्थानमे प्राप्त (गोटी) ।
सुबरना–द्विमुख पानपात्रविशेष ।
सुबरनी–छोट सुबरना ।
सुबानि–ठाठ आदिक अदुष्ट बन्धन वा वयन ।
सुविधा–सं० सौकर्य ।
सुबुक–कोमल ।
सुभा–वि० सन्देह ।
सुभीता–सुविधा, सौकर्य ।
सुमरन–स्मरण ।
समिरता–स्मरण ।
सुर–स्वर ।
सुरकब क्रि० नासादिवायुद्वारा द्रववस्तुक अन्तःप्रवेशन ।
सुरखी–पक्वेष्टकाचूर्ण ।
सुरङ(ङ्ग)–तरहरा ।
सुरड़ब–क्रि० अङ्गुष्ठतर्जनीक अग्रसँ आकर्षण ।
सुरतरङ्ग–वाद्यविशेष ।
सुरता–स्मरण ।
सुरति–समाचार, वृत्तान्त ।
सुरफुर–चरफर, सचढ़, कार्यदक्ष ।
सुरफुराएब–क्रि० सुरफुर्+अब–लोभवश अनुचितरूपेँ प्राप्त्यर्थ उन्मुख होएब ।
सुरमा–सौवीराञ्जन ।
सुरसा–जिञ्जीर लगएबाक सच्छिद्र लौहशङ्कु ।
सुरसुर–द्रव वस्तु खएबाक मुखध्वनि ।
सुरसुरी–छिक्का ओ उकासीक उत्पादक तीव्र गन्धविशेष ।
सुराक–वि० परकीय वस्तुक स्थिति-स्थानादिक ककरहु द्वारा गुप्त रूपेँ ज्ञान ।
सुराह–एकस्वरक, जाहि विषयमे लगलहुँ ताहीमे अति तत्पर ।
सुराही–वि० माटिक जलपात्रविशेष ।
सुरुकब–क्रि० सुरकब ।
सुरुङ्ग–सोझ ऊर्ध्वमुख (वृक्षादि)।
सुरेब–सुन्दर आकारक ।
सुलक्षण–सं० शुभ लक्षण ।
सुलच्छन–सुलक्षण ।
सुलफा–तीक्ष्णाग्र वंशशङ्कु ।
सुलबाहि–अमांसए, शूलपूर्वक वारंवार मलत्याग ।

सुसिद्ध–सं० नीकजेकाँ सीझल (भात आदि)।
सुसुआएब–क्रि० सुसु+अब–सूसू शब्द करब, मुहु:सूत्करण।
सुसुक–सरल, अकठिन।
सुसुम–ईषदुष्ण।
सुस्त–सुस्थ, धनपूर्णतया सुखित १। स्वस्थ २। मन्द ३।
सुस्ताएब–क्रि० सुस्त्+अब–श्रमापनोदनार्थ क्रियाविराम।
सुस्तेँ–अ० शनै:शनै:।
सुहबा–स्त्री० सधवा।
सुहिआ–संकुचितमुख ओ चओड़ा।
सूआ–पैघ सुइआ जाहिसँ बोरा आदि सिअल जाइछ।
सूआगरए–ठाठक उचितसँ अधिक उच्चता, अतिप्लवता।
सूगर–शूकर।
सूगा–उ० शुक। स्त्री० सूगी।
सूगाठोर–चारूकात लाल सूगापङ्खी (साड़ी)।
सूगापङ्खी–कातमे आन रङ्गक (साड़ी)।
सूँघ–शूक।
सूँघब–क्रि० सुँघ+अब–आघ्राण।
सूङ–शूक।
सूझब–क्रि० सुझ्+अब–दृष्टिगोचर होएब।
सूझि–विचार-शक्ति।
सूझि पड़ब–क्रि० विचारस्थ होएब।
सूँठि–शुण्ठी।
सूँड़ि–शौण्डिक, जातिविशेष।
सूँढ़–शुण्डा।
सूढ़ि–एकक्रियामे साग्रह पुन:पुन: प्रवृत्ति।
सूत–सूत्र, ताग, तन्तु।
सूत काटब–क्रि० तन्तुनिर्माण।
सूति–स्वस्तिक, ग्रीवाक भूषणविशेष।
सूती–कार्पाससूत्रनिर्मित (वस्त्र)।
सूदि–ऋणवृद्धि १। शुक्लपक्ष २।
सूधि–ज्ञान, संज्ञा, होस।
सून–शून्य।
सूनमसान–श्मशानसदृश जनशून्य (स्थान)।
सूप–शूर्प।
सूर–शूर, वीर १। स्वर, लय २।
सूरी–दण्डशूल, मृत्युदण्डविशेष।
सूर्य–सं० दिनकर।
सूर्यमुखी–पुष्पविशेष।
सूर्यास्त–सूर्यक अस्तगमन।
सूर्योदय–सं० दिनकरक उदय।
सूहा–मत्स्यविशेष।
सूही–छोट सूहा।
सृष्टि–सं० निर्माण।
से–स:, सा, तत् सं०।
सेआख–नेमटेम, नियम-निष्ठा (निन्दा मे)।
सेआखी–सेआखबाला।
सेआह–हि० स्याह, कारी।
सेउती–शतपत्री, गुलाबक प्रभेद।
सेओ–स्यो, फलविशेष।
सेखी–वि० जात्यभिमान।
सेज–शय्या।
सेजपाट–पटिआ गेडुआ प्रभृति सर्वाङ्गपूर्ण शय्या।
सेजबन्द–शय्या बन्हबाक डोरी।
सेठ–उ० धनाढ्य शौण्डिक, सूँड़िक उपाधि। स्त्री० सेठिनि।

सेड़र–किण, घर्षणजन्य दृढ़ मांस।
सेँतालिस–सप्तचत्वारिंशत्।
सेँतालिसम–सप्तचत्वारिंशत्तम।
सेद–सेदब।
सेदब–क्रि० अग्निक समीप राखि तप्त करब।
सेब–टेढ़ कएल (कोदारि)।
सेबब–क्रि० सेवन।
सेबा–सं० सेवन, दास्य, परिचर्या।
सेमार–शैवाल।
सेर–सेटक, परिमाणविशेष।
सेरपहुँ–अ० सत्य, सरिपहुँ।
सेरही–एक सेर परिमाणक (तामा प्रभृति)।
सेराएब–क्रि० सेर्+अब–उष्णतासँ हीन होएब।
सेरी–प्रति मनमे आदेय एक सेर।
सेहन्ता–सिहन्ता, मनोरथ।
सेहबाना–धान्यविशेष।
सेहला–सेआहा, स्मारक लेख।
सै–सइ, स्वरस, आन्तरिक अभिप्राय।
सैँतब–ओरिआए केँ राखब।
सैन–शमीवृक्ष १। व्रणविशेष २।
सैन्धव–सं० लवणविशेष।
सैला–सएला, व्याघ्रविशेष।
सो–सोह, पृथ्वीक अभ्यन्तरसँ जलागम।
सोअदगर–अधिक स्वादु।
सोआ–शाकविशेष।
सोआइत–आल्पमूल्यलभ्य, सस्त १। अ० अकारण नहि २।
सोआद–स्वाद, स्वादुत्व, रस।
सोएम–दोएमसँ अपकृष्ट, तृतीय कक्षाक (दही प्रभृति)।
सोख–शुष्कता १। ढीठ २।
सोग–शोक।
सोँगर / **सोङर** –कान्हबाला वंशखण्ड।
सोच–शोक।
सोचब–क्रि० शोक करब १। विचार करब २।
सोचरि नोन–लवणविशेष।
सोझ–सरल।
सोझका–सरलप्रभेदक।
सोझबारा–सरल प्रकारक।
सोझराएब–क्रि० सोझर्+अब–जटिलता वा ग्रन्थिसँहीन होएब, लटपटीक त्याग।
सोझाँ–अ० सम्मुख।
सोझाँ-सोझी–अ० परस्पर साम्मुख्यमे।
सोट–अति स्थूल बिना मकोआक यष्टि।
सोटब– चिक्कणताजनक घर्षण।
सोटा–स्थूल छोट यष्टि।
सोटा चन्द–अतिमूर्ख।
सोड़ह–षोड़श, सोलह।
सोड़हम–सोलह संख्याक पूरक।
सोड़हा–सोलह सोड़हि।
सोड़हि–षोड़शसंख्यापरिमित (बोझ इत्यादि)।
सोतपन–सद्द, सौम्य (माल)।
सोति–उ० श्रोत्रिय, ब्राह्मणविशेष। स्त्री० सोतिआइनि।
सोतिआइ–श्रोत्रियक व्यवहार।
सोतिआएब–ना० सोति+अब–श्रोत्रियत्वप्रदर्शन।
सोतिपुरा–श्रोत्रियगणक बासस्थान।
सोधब–क्रि० संशोधन।

सोन–स्वर्ण ।
सोनपत–त्योनाक वृक्ष ।
सोनही–कन्दविशेष ।
सोनहुल–पुष्पविशेष ।
सोनहुला–रङ्गक प्रभेद ।
सोनाडुब्बी–जलक्रीड़ाविशेष ।
सोनामाखी–स्वर्णमाक्षिक ।
सोनामूँग(मूङ)–मुद्गविशेष ।
सोनार–उ० स्वर्णकार जातिविशेष । स्त्री० सोनारनी ।
सोनारी–सोनारक कर्म १। ओकर वेतन २।
सोनित–शोणित, रुधिर ।
सोनी–तृणविशेष ।
सोन्ह–सुगन्धविशेषसँ युक्त १ । अड़ाँची-लवङ्गादि मसाला २ ।
सोन्हाड़–गन्धविशेष ।
सोन्हान–मालक औषध ।
सोन्हि–भूविवर ।
सो(सोँ)पब–क्रि० भार देब १। समर्पण करब २। रविव्रतादिक निस्तार ३ ।
सोपाएब–क्रि० सोप्+अब–भाँटाप्रभृतिक पाकवैगुण्यप्रयुक्त कठोरता ।
सोँफ–शतपुष्पा ।
सोबर्ना–जलपानपात्रविशेष ।
सोबर्नी–छोट सोबर्ना ।
सोम–वि० कृपण १। सं० चन्द्रदिवस २ ।
सोमबारी–सोमवती अमावास्याक व्रत ।
सोर–आह्वान ।
सरठ(ठा)–छन्दविशेष ।
सोर पारब–क्रि० आह्वान ।
सोर-पोर–अ० समस्त सीर सहित (उखड़ब) ।
सोर-सरबा–आह्वानादि ।
सोरा-सौवर्चल, लवणविशेष ।
सोरि–प्रसवगृह ।
सोलकन्ह–सोढ़स्कन्ध, शूद्र ।
सोलह -षोड़श १। वि० सन्धि, मैत्री २।
सोलहनामा–वि० सन्धिपत्र ।
सोलहम–षोड़शसंख्याक पूरक ।
सोल्ह–शोधित, मोजर कएल (ऋणादि)।
सोँस–नक्र ।
सोसनी–रङ्गविशेष ।
सोँसिआएब–ना० सोँसि+अब–सोँ सोँ शब्द करब ।
सोह–पृथ्वीक अभ्यन्तर देने जलक आगमन ।
सोहगैली–काठक सिन्दूरपात्रविशेष ।
सोहदा–वि० दुराचारी, बूड़ि ।
सोहन–शोभमान ।
सोहनि–धान आदि कमाएब ।
सोहब–क्रि० फलादिकेँ त्वचासँ मुक्त करब ।
सोहर–जन्मसम्बन्धी गीतविशेष ।
सोहरब–क्रि० बहुत कीटादिक समन्तात् सम्प्राप्ति ।
सोहाएब–क्रि० सोह्+अब–नीक लागब।
सोहाओन–शोभमान, सुन्दर ।
सौँहाग–सौभाग्य ।
सोहागा–टङ्कण ।
सोहागिनि–स्त्री० सौभाग्यवती, सधवा ।
सोहागी–चारू कात अन्य रङ्गमे रँगल (साड़ी) १ । सौभाग्याशीर्वादीमे देय २ ।
सोहागीबङ्का–भूषणविशेष ।

सोहारी–शष्कुली ।
सोहाँस–त्रपुस, खँरा ।
सौख–सौख्य ।
सौजन–सौजन्य, परस्पर भात खएबाक व्यवहार ।
सौजनिआ–परस्पर भात खएनिहार ।
सौतिनि–स्त्री० सपत्नी ।
सौतिनिआ डाह–सपत्नीक अन्योन्य असूया ।
सौँथि–सीमन्तप्रदेश ।
सौर–दू ओढ़नाक समग्र संयोजन ।
सौरबचबा–सौरा माछक बच्चा ।
सौरा–मत्स्यविशेष ।
सौराठी–छोट सौरा ।
सौँस–समग्र, अखण्ड ।
स्तुम्बुल–गुलाबक प्रभेद ।
स्थिति–सं० रहब १। परिस्थिति, थिति २ । विशेष धन ३ ।
स्थान–सं० जगह ।
स्याख–सेआख ।
स्याह–वि० कारी ।
स्यो–सेओ फलविशेष ।
स्योँती–शतपत्र, गुलाबक प्रभेद ।
स्वदेश–सं० अपन देश ।
स्वदेशी–स्वदेशभव ।
स्वभाव–सं० अपन संस्कार ।
स्वरस–अभिप्राय ।
स्वरूप–सं० आकार ।
स्वाद–सोआद, रस ।
स्वादब–क्रि० स्वाद्+अब–स्वाद बुझब, चीखब ।
स्वादिष्ट–सं० अति स्वादु ।
स्वामी–सं० पति ।

ह

हँ–अ० स्वीकार ।
ह–अ० खेद ।
हइ–अ० वारण ।
हउआ–बाल-बिभीषिका ।
हए–अ० स्त्रीकर्तृक अनतिनीच सम्बोधन १ । पुरुषकर्तृक अनतिनीच स्त्रीसम्बोधन २ ।
हओ–अ० पुरुषकर्तक अनतिनीच पुरुष-सम्बोधन ।
हक–वि० अंश, अधिकार ।
हकन्न कानब–क्रि० जोरसँ कानब ।
हकबाहिलागब–क्रि० एके बाक्य बजबा मे वारंवार प्रवृत्ति होएब ।
हक लागब–अत्यन्त प्रत्याशा जागब ।
हँकरब–क्रि० अतिक्रन्दन, रोग प्रभृतिसँ कनबाक असामर्थ्योत्तर क्लेशसूचक शब्द करब ।
हँकरा पथिया–भारक पनपथिआ ।
हक-हक करब–क्रि० श्रमसँ अधिक हकमब ।
हकहकाएब–क्रि० हकहक्+अब–हकमलजेकाँ होएब।
हकहकी–किञ्चिन्मात्र श्वासप्रश्वास ।
हकार–पूजादि देखबाक आकरण ।
हकारब–क्रि० हकार देब ।
हकासल पिआसल–अत्यन्त श्रम ओ पिपासासँ युक्त ।
हकुलाह–उ० असन्तोषी । स्त्री० हकुलाहि ।
हक्क–वि० हक, अंश ।
हगब–क्रि० पुरीषोत्सर्ग ।

हगामा–सकल-साधारण, अनेक गामक लोक ।
हजरा-दुसाधक उपाधि ।
हजाम–नापित, नौआ ।
हजार–सहस्र ।
हजारीगेना–सबसँ बड़का गेनाक फूल ।
हटब–क्रि० पृथक् होएब, स्थानत्याग ।
हँटब–क्रि० भर्त्सन, वारण ।
हट्ठा–हर बहबाक स्थान ।
हठ–सं० आग्रह ।
हड़कम्प–हाड़क कपनी ।
हड़कम्प कापब–क्रि० हाड़पर्यन्त मे कम्पयुक्त होएब ।
हड़काछु–काछुक प्रभेद ।
हड़कौड़ी–कौड़ीक प्रभेद ।
हड़गर–उ० मोट हाड़बाला । स्त्री० हड़गरि ।
हड़गोरब–क्रि० मालकेँ पाएर लगाए गरदनिमे बान्हब ।
हड़जोड़बा–तृणविशेष, अस्थिसंहारी ।
हड़जोड़ा–हड़जोड़बा ।
हड़बड़–कार्यमे शीघ्रता ।
हड़बड़ाएब–क्रि० हड़बड़+अब–हड़बड़ करब ।
हड़बड़ी–कार्यमे शीघ्रता ।
हड़मुड़हा–उ० अलच्छ । स्त्री० हड़मुड़ही ।
हड़मुड़ाह–उ० अलच्छ । स्त्री० हड़मुड़ाहि ।
हड़रो-बिड़रो लागब–क्रि० नाना उपद्रव संप्राप्त होएब ।
हड़रोगा–हाड़क रोगवत् अनिवार्य स्वभाव।
हड़ा दरिद्र नितान्त दरिद्र ।
हड़ासङ्ख–अलच्छ ।
हँड़िआ–हण्डी, पाकपात्रविशेष ।
हड़िरा–पहिरल धोतीक डाँड़मे भिँड़िआओल प्रान्त ।
हड़ुबी–तरक भूमि ।
हड़ोखरि–हाड़ फेकबाक स्थान ।
हड़ोरब–क्रि० दुहू बाँहिसँ एकत्रित करब।
हड्डी–हि० हाड़, अस्थि ।
हतब–क्रि० हत्या करब ।
हताश–सं० आशाहीन ।
हत्था–केराक हस्ताकार गुच्छ ।
हत्थाबाँही–परस्पर हाथ-बाहिँ पकड़ि मारि ।
हत्था-हत्थी–परस्पर हाथ पकड़ब ।
हथकट–थोड़ देनिहार, कृपण ।
हथकड़ी–हाथमे बद्ध शृङ्खला ।
हथगर–उ० अधिक परसनिहार, अधिक देनिहार, उदार ।
हथछुट्टू–अल्पापराधहुमे हाथसँ मारि देबाक स्वभावबाला ।
हथजौर–हाथसँ बाँटल रज्जु ।
हथधरी–विवाहस्वीकारार्थ परस्पर हस्तग्रहण।
हथना–नेनाक हाथक भूषणविशेष ।
हथनो(न्यो)त–साक्षात् निमन्त्रण, हाथ पसारि नोत देब ।
हथपैँच–बिना लेखक ओ बिना सूदिक ऋण ।
हथपेर(री)–एकसँ लए दोसराक ऋणशोधन ।
हथरस–पसएबामे उपकारक पात ।

हथरा–जाँत चकरीक उपरका हस्ताकार काष्ठ ।
हथलग्गू–अधिक काल हाथमे व्यवहार्य (छड़ीआदि) ।
हथलपक–हाथसँ लपकि लेबाक स्वभाव बाला ।
हथसङ्कड़–हाथक भूषणविशेष ।
हथहड़–भृङ्गार, द्विमुख जलपात्र-विशेष ।
हथहड़ी(री)–छोट हथहड़ ।
हथिआ–हस्तनक्षत्र ।
हथिआएब–ना० खानगी रुपैया आदि जमा करब, हस्तगत करब ।
हथिआर–अस्त्र, उपकरण ।
हथिगन–क्षुपविशेष ।
हथिनी–स्त्री० हस्तिनी ।
हथोरब–क्रि० हाथसँ समटब १ । हाथक स्पर्शसँ अन्वेषण करब २ ।
हथोरा(ड़ा)–मड़ेआ ।
हथोरिआ–अन्हार वा जलमे हस्तचालन।
हथोरिआ देब–क्रि० अन्हार वा जलमे हस्तचालन ।
हथौटी–हाथसँ कार्याभ्यास ।
हथौड़ी(री)–चोट देबाक लौह यन्त्रविशेष, मड़ेआ ।
हद–वि० अन्त, अवधि, सीमा ।
हदमदाएब–क्रि० हदमद्+अब–वमनोपस्थितिशङ्कासँ युक्त होएब ।
हदमदी–वमनोपस्थितिशङ्का ।
हदिआएब–ना० 'हाधिक्' बाजब, दैन्ययुक्त होएब ।
हद्द–हद ।
हनब–क्रि० मारब १ । डोलाएब २ ।
हनहन-पटपट करब–क्रि० मालक मारबाक चेष्टा करब ।
हनहनाएब–ना० हनहन शब्द करब ।
ह(हँ)पसब–क्रि० घास-भुस्सा आदि अधिक-अधिक लएकेँ खाएब।
हफब–क्रि० बड़दक मारबाक चेष्टा मात्र करब ।
हफाह–उ० मारबाक चेष्टा मात्र कएनिहार (बड़द आदि)। स्त्री० हफाहि ।
हफिआएब–ना० जृम्भण, हाफी करब ।
हफिमची–नित्य हफीम खएनिहार ।
हफीम–अहिफेन, मादक वस्तु विशेष ।
हबक–दाँतसँ काटब ।
हबकब–क्रि० दाँतसँ दबाएब ।
हबकाह–दँतकट्टा, दाँतसँ कटबाक स्वभावबाला (कुकुरप्रभृति) ।
हबर-हबर–अ० झट-झट ।
हबेली–अन्दर, अन्तःपुर ।
हबोडकार–अ० अश्रुधाराप्रवाहपूर्वक ।
हम–अहम् सं० ।
हमाम–वि० स्नानक जलपात्र विशेष ।
हर–हल १ । शिव २ ।
हरकठ–हरक ओ काठ जाहिमे फार ठोकल जाइछ ।
हरकब–क्रि० मालक संघ-बद्ध भए हँटब ।
हरकारब–क्रि० हरकार्+अब–मालक समूहकेँ एक दिस हटाएब ।
हरकारा–मार्गमे आगाँ-आगाँ लोककेँ हटओनिहार भृत्य ।
हरक्कति–वि० हर्ज, क्षति ।
हरखरा–वृषभरहित हर ।

हरजाइ–स्त्री० निर्लज्जा स्त्री ।
हरदम–वि० अ० सतत ।
हरदा–पक्षिविशेष ।
हरदाहरदी–क्रीड़ाविशेष ।
हरदि–हरिद्रा ।
हरदिआह–हरिद्राभागयुक्त ।
हरफा–लवली फल ।
हरफोड़–अ० हलकर्षणपूर्वक ।
हरब–क्रि० हरण ।
हरबाह–हलवाहक ।
हरबाहि–हरबाहक क्रिया, कर्षण १ । ओकर वेतन २ ।
हरमजदगी–वि० बदमासी, दुष्टता ।
हरमजादा–वि० बदमास ।
हरमाद–वि० बाधा, अपकार ।
हरमोट(ठ)–स्थूलकाय मूर्ख ।
हरलधा–हर लधबाक डोरी ।
हरहरा–सर्पविशेष १। कटिभूषणविशेष २।
हरही-सुरही–अगण्य, तुच्छ, (लोक) ।
हरान–वि० परिश्रान्त ।
हरानी–वि० श्रम ।
हरारति–वि० थाकनि ।
हराह–उ० अधिक काल पलायनशील (बड़द प्रभृति) । स्त्री० हराहि ।
हराहरी–अ० औसतन हि० ।
हरिअर–हरित ।
हरिअर-कचोर–अत्यन्त हरित ।
हरिअरका–उ० हरितप्रभेदक । स्त्री० हरिअरकी ।
हरिअरी–हरितता ।
हरिताल–सं० धातुविशेष ।
हरिताली–सं० व्रतविशेष ।
हरिन–हरिण ।
हरिनकेलि–धान्यविशेष ।
हरिना–हरिणक नर ।
हरिना-खुरी–हरिणक खुरक समानाकार बन्धनविशेष १ । मालक तादृश खुर २ ।
हरिना निन्द–हरिणवत् निद्रा, आधा आँखि मूनि सूतब ।
हरिफ–वि० बद्द ।
हरिबेचनी–स्त्री० हारी बेचनिहारि ।
हरिस–हरक ओ अङ्ग जाहिमे पालो बान्हल जाइछ, हलीषा ।
हरिसें–ह्रस्व मात्रा ।
हरिसो–एक पाबनि ।
हरी–बेड़ी, निगड़ ।
हरीक हर–वर्षमे बिना मूल्य मालिककें दातव्य हर ।
हरीड़–हरीतकी ।
हरीस–हरिस, हलीषा ।
हरुबी–पृथ्वीक अधिक तरक भूमि ।
हरुसा–फलविशेष ।
हरोत–बाँसक प्रभेद ।
हर्ज(र्जा)–वि० क्षति ।
हर्जाइ–स्त्री० निर्लज्जि, बद्द ।
हर्ष–सं० आनन्द ।
हलकारब–क्रि० हलकार्+अब–पशुक संघकें प्रेरित करब ।
हलगर–पूर्ण हालसँ युक्त (भूमि) ।
हलचल–कार्यार्थ चलप्रचल ।
हलचली–चलप्रचलता, सम्भ्रम ।
हलतलबी–शीघ्रकर्तव्यता ।
हलदिली–वि० उन्माद ।

हलबलिआ–अलि० हड़बड़ाएल कार्यकर्ता ।
हलबली–चाञ्चल्यपूर्वक कार्यकरण ।
हलसब–क्रि० हर्षयुक्त होएब ।
हलार(ल)खोर–उ० पएखाना साफ कएनिहार जातिविशेष । स्त्री० हलार(ल)खोरनी ।
हलुआ–मोहनभोग, कृतान्नविशेष ।
हलुआइ–उ० मिष्टान्नादि बनओनिहार जातिविशेष । स्त्री० हलुआइनि ।
हलुक–हल्लुक, लघु, जे भारी नहि हो ।
हलुकधना–शीघ्र पकनिहार धान (राँगी प्रभृति) ।
हलुमानी–मधुरक अगाँओ ।
हल्ला–हि० घोल ।
हल्लुक–लघु, भारीसँ भिन्न ।
हंस–सं० पक्षिविशेष ।
हसनमुह–उ० प्रसन्नमुखाकृतिबाला । स्त्री० हसनमुहि ।
ह(हँ)सब–क्रि० हसन ।
हँसमुह–उ० हसनमुह । स्त्री० हँसमुहि ।
हँसारति–जनतोपहास, लोकनिन्दा ।
हँसी–हास्य ।
हँसी-ठट्ठा–हास्यादि विनोद ।
हँसुली–भूषणविशेष ।
हँसेरिआ–हँसेरीक लोक ।
हँसेरी–लोक-संघ ।
हँसोथब–क्रि० हाथसँ समटब ।
हस्तगत्ता–सम्बद्ध मोड़ल पुस्तक रखबाक गत्ता ।
हस्ताक्षर–सं० हस्तलेख, दस्तखत ।
हहरब–क्रि० ह्रास हेएब ।
हा–अ० शोक ।
हाँ–अ० वारण ।
हाँ-हाँ–अ० सम्भ्रमपूर्वक वारण ।
हाँइ-हाँइ–अ० शीघ्रतापूर्वक ।
हाए–अ० हा, शोक ।
हाए-हाए करब–धन बढ़बाक अधिक चेष्टा करब ।
हाक–उच्चैः सम्बोधन ।
हाँकब–क्रि० हँक्+अब–पशुक प्रेरण, गाड़ीक चालन ।
हाकिम–वि० न्यायाधिकृत ।
हाँज–पक्षीक संघ ।
हाजिर–वि० उपस्थित ।
हाजिरी–वि० उपस्थिति ।
हाट–हट्ट, अस्थायी आपणविशेष ।
हाड़–अस्थि ।
हाँड़ी–हण्डी, पात्रविशेष ।
हाता–खेतक सीमापर लम्बाकार उच्च कएल माटि ।
हाथ–हस्त, कर ।
हाथर–जाँतक उपरबका हस्ताकार काष्ठ।
हाथा–हत्था, हस्ताकार कदलीफलगुच्छ।
हाथा-बाँही–झगड़ामे परस्पर हाथ बाँहि पकड़ब ।
हाथाहाथी–परस्पर जोरसँ हाथ पकड़ब ।
हाथी–उ० हस्ती, गज । स्त्री० हथिनी ।
हानब–क्रि० हन्+अब–दृढ़ करब ।
हानि–सं० क्षति ।
हापुस–तृणविशेष ।
हाफी–मुखजृम्भा ।
हाबर–मशकाकार कीटविशेष ।
हाबा–वि० बसात, वायु ।
हाबादार–वि० जाहिठाम बसात आबए ।

हाबुस–तृणविशेष ।
हार–हारि १ । मण्यादिमाला २ ।
हारब–क्रि० हार्+अब–पराजित होएब ।
हारा–हारा ममरखा, तृणविशेष ।
हाराहरी–अ० औसतन हि०, मध्यम मानक अनुसारेँ, अवयवगत विषम मान सभसँ समुदायक मान बहार कए पुन: प्रति अवयवपर ओहि मानकेँ समान रूपेँ बँटलापर ।
हारि–पराजय ।
हारी–हार बनएबाक काचक छिद्रयुक्त गुलिका ।
हाल–खेतक अभ्यन्तरसँ आर्द्रताक सम्बन्ध १ । वि० स्थिति २ ।
हाँस–पक्षिविशेष ।
हास–सं० हँसी ।
हासा–शुद्ध, एकवर्ण ।
हाँसिनी–स्त्री० सुन्दरी ।
हासिल–वि० अर्जित ।
हासिल-कर्दगी–वि० स्वोपार्जित भूमि ।
हाँसू–काता ।
हास्य–सं० हँसी ।
हाह-फूह–मेघक जलबिन्दु ।
हा-हा–अ० खेद ।
हाहाकार–सं० हाहा शब्दक उच्चारण ।
हाहाकार मचब–क्रि० समन्तात् 'हा' 'हा' शब्द होएब ।
हाहि बहब–क्रि० बसातक जोरसँ बहब।
हाहूति(ती)–असन्तोष, गृन्ध्ता ।
हाहेबेरबा–आपद्, उपद्रव ।
हिआएब–क्रि० खूब अवधानसँ देखब ।
हिआ हारब–क्रि० नाभरोस होएब ।
हिकमति–वि० भेद, कौशल, भङ ।
हिकमती–वि० हिकमतिक वेत्ता ।
हिकाहु–अक्लेश जएबा योग्य स्थान ।
हिक्का–सं० अन्तिम समयक हिचकी ।
हिँगु(हिङु)राएब–क्रि० हिँगुरब्+अब–चपरासँ रङ्ग करब ।
हिङ्ग–सं० हीँगु ।
हिचकब–क्रि० हिचकिचाएब ।
हिचकिचाएब–क्रि० हिचकिच्+अब–असामर्थ्यादिवश अप्रवृत्तिक अभिप्राय प्रकट करब ।
हिचकी–उदरस्थ वायुक साघात निर्गम, हिक्का सं० ।
हिँछब–क्रि० हिचकब ।
हिडु(डो)ला–दोला, मछकी, पालना ।
हित–सं० गुणद १ । मित्र २ ।
हितकर–वि० उपकारक ।
हिफाजति–वि० सुरक्षा ।
हिरामन–सूगाक प्रभेद ।
हिलकोर–तरङ्ग ।
हिलकोरब–क्रि० तरङ्गित करब ।
हिलब–क्रि० डोलब, कम्पन ।
हिलस–मनोरथ, आबेस ।
हिलस लागब–क्रि० मनोरथ होएब ।
हिलसा–मत्स्यविशेष ।
हिलि-मिलि–अ० परस्पर मेल कए ।
हिलोर–तरङ्ग ।
हिलोरब–क्रि० अन्नादिकेँ सूपमे लए चक्राकार तरङ्गित करब ।
हिसख–अभ्यास ।
हिसाब–वि० गणना, लेखा ।
हिसाबी–वि० लेखापटु १। मितव्ययी २ ।
हिस्सा–अंश ।
हिहिँआएब–ना० घोड़ाक 'हीँ हीँ' शब्द करब ।
हीँगु–हिङ्गु ।

हीँछब–हिँछ+अब–हिचकब ।
हीड़–प्रधानतम ।
हीत–हित ।
हीर–हीड़, प्रधानतम ।
हीरा–हीरक ।
हीराकाट–अंलङ्करणक आकार-..... विशेष।
हीलब–क्रि० हिल्+अब–डोलब ।
हुकब–क्रि० हुसब, लक्ष्यच्युति ।
हुकबुक–हुकहुक, अन्तकालक मन्द-मन्द श्वास ।
हुकरब–क्रि० अतिक्लेश जन्य ध्वनि-विशेष ।
हुकहुक–हुकबुक ।
हुकहुकाएब–क्रि० हृदयमात्रमे वायुक सञ्चार करब ।
हुकहुकी–हृदयमात्रमे वायुक सञ्चार ।
हुकारी–श्रमजन्य हु हु शब्द ।
हुकुम–वि० आज्ञा ।
हुकुम्मति–वि० आज्ञा ।
हुक्क–वातरोगविशेष, चोरा ।
हुक्का–धूमपानयन्त्रविशेष ।
हुच्ची–टहल, लगक सुकर अनेककार्य।
हुट्ठा–साढ़े तीन गुणाक पाठ ।
हुड़काह–सनकाह ।
हुड़ार–वृक, हिंस्रपशुविशेष ।
हुड्ड–कर्तत्याकर्तव्यविचारशून्य । उच्छृङ्खल ।
हुण्ड–हुड्ड ।
हुज्जति–वि० झमेल, विवाद (निन्दामे)।
हुदुक्का मारब–क्रि० ऊर्ध्वमुख आघात ।
हुमड़ब–क्रि० गम्भीर घोष ।
हुमाहुमी–मारिक उपक्रमसम्भार ।
हुड़दुङ्ग–उद्धत क्रीड़ा ।
हुड़दुङ्गी–उद्धत क्रीड़ा कएनिहार ।
हुरपेटब–क्रि० बजारिकेँ सिंहसँ मारब ।
हुरमारि–स्त्री० हूरा लेनिहारि (गाए-महिंसि) ।
हुरहुर–क्षुपविशेष ।
हुरहुरी–आतङ्क ।
हुराठ–यष्टिक मोट अग्रभाग ।
हुराठी–घूर लारबाक काठी ।
हुराड़–वृक, वन्य जन्तुविशेष ।
हुलकब–क्रि० कुकुरक आक्रमणार्थ दौड़ब ।
हुलकी–प्रच्छन्न रहि मुह नमराए देखब ।
हुलकी देब–क्रि० पूर्वोक्त क्रिया करब ।
हुलहुल करब–क्रि० वृथा इतस्तत: करब ।
हुलहुलाएब–क्रि० हुलहुल+अब–हुलहुल करब ।
हुलसब–क्रि० आनन्दित होएब ।
हुलास–आनन्द, उल्लास ।
हुल्लड़(र)–हूलि, अनेक व्यक्तिक संकुल क्रिया ।
हुल्लुक–पक्षिविशेष ।
हुहुआएब–ना० बसातक हू हू शब्द करब।
हूँ–अ० स्वीकार १ । (ध्वनिविशेष) निषेध २ ।
हूथब–क्रि० हुथ्+अब–भर्त्सना ।
हूबहू–वि० अनुरूप ।
हूर–लाठी आदिक अन्त भाग ।
हूरब–क्रि० मुसलाग्रादिक आघातसँ माटि बैसाएब ।
हूरा / **हूराहूरी**–गोक्रीड़ा, एक पाबनि जाहिमे सूगरक सङ्ग गाए-महिसि खेलाइत अछि ।
हूलब–क्रि० हुल्+अब–बलात् प्रवेश ।

हूलि–बलात् प्रवेश १ । अनेक क्रियाक युगपत् सम्पात २ ।
हूसब–क्रि० हुस्+अब–लक्ष्यच्युति ।
हे–सं० अ० सम्बोधन ।
हे अए–अ० स्त्रीक प्रति सम्बोधन ।
हे अओ–अ० पुरुषक प्रति सम्बोधन ।
हेँक–अधिक किचार ।
हेँकब–क्रि० गर्दभक भाषण ।
हेकल–भूषणविशेष ।
हेँगा–चौकी, हलि ।
हेँगा देब–क्रि० चौकीसँ समीकरण ।
हेजा–महामारी, ओबा, विसूचिका ।
हेठ–उतरल, अवतीर्ण ।
हेड़–झुण्ड, मण्डली ।
हेड़गर–उपयुक्त जनसमुदायसँ युक्त ।
हेतु–सं० कारण ।
हेबनि–अ० किछु वर्ष पूर्व ।
हेबेली–हबेली, अङ्गण ।
हेमती–कार्पासक प्रभेद ।
हेमनजिस्ता–औषधादि चुरबाक धातुक पात्रविशेष ।
हेमाल–सरि १ । अत्यन्त ठण्ढा २ ।
हेयबुद्धि–सं० तुच्छ बुझब ।
हेर-फेर–हेरी-फेरी, बदलाबदली, व्यत्यास।
हेरब–क्रि० प्रेक्षण ।
हेराएब–क्रि० हेर्+अब–अधः पतन १ । अदृश्य होएब, भेटबाक अयोग्य होएब २ ।
हेलब–क्रि० तरण ।
हेल-मेल–ऐकमत्य ।
हेला–उ० हलारखोर, पएखाना साफ कएनिहार जातिविशेष ।
हेली–हेलिनि १ । हेलाओ २ । हेलिकेँ जएबाक योग्यता,
हेलाओ–जल प्लावन ।
हेहर–उ० कतिधा बुझओलहु उत्तर दुर्वृत्ति नहि छोड़निहार । स्त्री० हेहरी ।
हेहरू–पुं० आदरणीय हेहर ।
है–अ० निषेध ।
हैँठा–वृक्षविशेष १ । ओकर पैघ फल २ ।
हैँठी–हैँठा गाछक छोट फल ।
होएनिहार–सम्भावित ।
होँकब–क्रि० उद्वीजन ।
होनिहार–होएनिहार, संभावित ।
होनी–भवितव्यता ।
होम–सं० हवन ।
होरी–होलिकोत्सवक समय १ । ओहि समयमे गएबाक गीत २ ।
होस–वि० चैतन्य ।
होसगर–वि० चैतन्ययुक्त, सचेत ।
होसिआर–उ० वि० निपुण १ । सावधान २ । स्त्री० होसिआरि ।
होसिआरी–नैपुण्य १ । सतर्कता २ ।
होहकार–हो हो शब्द ।
होहकारब–क्रि० होहो शब्द करब ।
होहकारा–हो हो शब्द ।
हौआएब–क्रि० हौ+अब–कण्डूति, कुड़िआएब ।
हौँकब–क्रि० उद्वीजन ।
हौँड़ब–क्रि० आलोड़न ।
हौदा–हाथीक पीठपर बैसबाक हेतु निर्मित पात्राकार आसनविशेष ।
हौहटि(ठि)–पामा ।

प्रकाशक : शेखर प्रकाशन, पटना-24

रु. 500/-